# СѴҔДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ

## СВЯТОЕ ЕВАНГЕЛІЕ
НА ОСЕТИНСКОМЪ
ЯЗЫКѢ

БЕРЛИНЪ
ИЗДАНІЕ БРИТАНСКАГО И ИНОСТРАННАГО
БИБЛЕЙСКАГО ОБЩЕСТВА
1923

LIBRARY OF THE

Massachusetts Bible Society

Boston University
School of Theology Library

Catalog No. A:131.5 (2)/FG1923
Family INDO-EUROPEAN
Sub-Family INDO-IRANIAN
Branch IRANIAN
Group NON-PERSIC
Language OSSETE
~~Dialect~~ Russian characters
Locality Upper courses of Aragva + Terek Rivers, Caucasus
Contents Four Gospels ] 43°N-43°E
Version Reprint of 1902 edition appr by Rt. Rev. Vladimir, Bishop of Vladikavkaz.
Translator
Published by BFBS
Place BERLIN
Date 1923
Accession No. 799
Accession Date Sept. 1, 1931
Price $0.18

# МАТФЕЈЕ

## СVЂДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

### С Æ Р 1.

1. Јесо Чvрvстii, Давідv фvртv, Авраамv фvртv мvккадѫсv чінvг.
2. Авраамæј рајгўрді Ісаак; Ісаакæј рајгўрді Іаков; Іаковæј рајгўрді Іўда æмæ јæ æфсvмæртæ;
3. Іўдаје рајгўрді Фарес æмæ Зара Тамарæј; Фаресæј рајгўрді Есром; Есромæј рајгўрді Арам;
4. Арамæј рајгўрді Амінадав; Амінадавæј рајгўрді Наасон; Наасонæј рајгўрді Салмон;
5. Салмонæј рајгўрді Вооз Рахавæј; Воозæј рајгўрді Овід Руфæј; Овідæј рајгўрді Јессе;
6. Јесеје рујгўрді Давід цатцах; Давід патцахæј рајгурді Соломон Уріај усæј;
7. Соломонæј рајгўрді Ровоам; Ровоамæј рајгўрді Авіа; Авіаје рајгўрді Асса:
8. Ассајæ рајгўрді Јосафат; Јосафатæј рајгўрді Јорам; Јорамæј рајгўрді Озіа;
9. Озіаје рајгўрді Јоафам; Јоафамæј рајгўрді Ахаз; Ахазæј рајгўрді Езекіа;
10. Езекіајæ рајгўрді Манасіа; Манасіајæ рајгўрді Амон; Амонæј рајгўрді Јосіа;
11. Јосіајæ рајгўрді Јоакім; Јоакімæј рајгўрді Јехоніа æмæ јæ æфсvмæртæ, Вавілонмæ алідзvнкæнvнv размæ.
12. Вавілонмæ алідзvнvнv фæстæ та, Јехоніајæ раігўрді Салафіл; Салафілæј раігўрді Зоровавел;
13. Зоровавелæј рајгўрді Авіуд; Авіудæј рајгўрді Еліакім; Еліакімæј рајгўрді Азор;
14. Азорæј рајгўрді Садок; Садокæј рајгўрді Ахім; Ахімæј рајгўрді Еліуд;
15. Еліудæј рајгўрді Еліазар; Еліазарæј рајгўрді Матфан; Матфанæј рајгўрді Јаков;

16. Јаковæј раігўрді Јосіф, Маріамѵ мој, кæмæј
рајгўрді Јесо, Чѵрѵсті чі хўінѵ, Уј.
17. Æмæ афтæ мѵккæгтæ æппæт Авраамæј
Давідѵ онг удѵстѵ цѵппæрдæс фæлтæрѵ; æмæ
Давідæј Вавілонмæ алідзѵнкæнѵнѵ онг цѵппæр-
дæс фæлтæрѵ; æмæ Вавілонмæ алідзѵнкæнѵнæј
Чѵрѵстіі онг цѵппæрдæс фæлтæрѵ.
18. Јесо Чѵрѵстіі рајгўрд афтæ уді: Умæн Јæ
мад Маріам кўрд уді Јосіфæн, æмæ цалѵммæ
удон јўмæ цæрѵн бајдѵдтој, ўалѵммæ сбæрæгі,
умæн јæ хўлфѵ Сѵђдæг Удæј æвзæрд кæј іс, ўј.
19. Фæлæ јæ мој Јосіф, раст ўовгæјæ, æмæ јæ
раргомкæнѵн нæ фæндгæјæ, сфæнкодта уўл
сўсæгæј раўадзѵн.
20. Æмæ ўј ацѵ фæнд кў кодта, ўæд, мæнæ,
Хуцаўѵ зæд умæ фѵнѵ раргомі, æмæ ін захта:
Јосіф, Давідѵ фѵрт! Ма тæрс дæ ус Маріамѵ
рæкæнѵнæј; цæмæјдæрідтæр умæн јæ губѵнѵ чі
свæзæрді, Уј Сѵђдæг Удæј у;
21. Аргæ та нѵккæндзæні Фѵртѵ, æмæ Іл
сæвæрдзѵнæ ном: Јесо; цæмæјдæрідтæр Ўј фер-
вæзѵнкæндзæні Јæ адæмѵ сæ тæріђæдтæј.
22. Æмæ ај æппæт æрцѵді, цæмæј сўа Хуцаўѵ
дзѵрд, пæхумпарѵ дзѵхæј кæј зæђѵ:
23. Мæнæ, чѵзг јæ хўлфмæ рајсдзæні æмæ
нѵјардзæні Фѵрт, æмæ Іл ном сæвæрдзѵстѵ: Емма-
нуіл, цæвідтон: махімæ Хуцаў. (Ісаіа 7, 14).
24. Кў сѵqалі Јосіф фѵнæјæ, ўæд бакодта
Хуцаўѵ зæд ѵн кўд бафæдзæхста автæ, æмæ раі-
ста јæ усѵ.
25. Æмæ Јæ нæ зѵдта, ўалѵндѭсѵ уј нѵјардта
јæ јўнæггўрд фѵртѵ, æмæ Іл ўј сæвæрдта ном: Јесо.

## СÆР 2.

1. Æмæ Јесо кў рајгўрді Јўдеаг Віфлемѵ, Ірод
патцахѵ бонтѵ; ўæд æрцѵдѵстѵ Јерусаліммæ
хурскæсæнæј дæснѵтæ, æмæ дзѵрдтој:

2. Кæм і Јўдеаг ноггўрд Патцах? цæмæјдæрідтæр мах федтам Умæн Јæ ст́алѵ хурскæсæнѵ, æмæ æрцѵдѵстæм Умæн бакувѵнмæ.

3, Ірод патцах ўј феqускæјæ, фæтарсті æмæ æгас Іерусалім дæр јемæ.

4. Æмæ æрæмбѵрдкодта саўдњсѵнтѵ хістæртѵ æмæ адæмæј чінѵдњсѵдæснѵтѵ æппæтѵ, æмæ сæ бафарста: кæм æмбæлѵ Чѵрѵстііл рајгўрѵн?

5. Удон ѵн захтој: Јўдеаг Віфлемѵ: цæмæјдæрідтæр пæхумпармæ фѵст у афтæ:

6 Дѵ дæр Віфлем, Јўдај бæстæ, ніцæмæј чѵсѵлдæр дæ јўдеаг хістæр сахартæј; цæмæјдæрідтæр дæўæј рацæўдзæні Фæтæг, Кæцѵ Мæ адæм Ізраілу фæхіздзæні. (Міх. 5, 2).

7. Ўæд Ірод, сусæгај æрбасідті дæснѵтæм, æмæ базѵдта удонæј ст́алѵјѵ фæзѵнѵнѵ афон.

8. Æмæ сæ арвѵстѵ Віфлеммæ, æмæ сѵн захта: ацæут, æмæ бæлвѵрдæј базонут Уцѵ Сѵвæллонѵ тѵххæј; æмæ Јæ кў ссарат, ўæд мæнæн дæр феqусѵнкæнут; цæмæј æз дæр ацæўон Умæн бакувѵнмæ.

9. Удон бајqўстој патцахмæ, æмæ ацѵдѵстѵ: æмæ мæнæ, удон хурскæсæнѵл цѵ ст́алѵј федтој, ўј цѵді удонæн сæ разæј: æмæ стæј æрбахæтцæ æмæ нѵллæўўді, Сѵвæллон кæм уді, уцѵ бѵнатѵ сæрмæ.

10. Æмæ ст́алѵј кў федтој, ўæд удон іттæг фæцін кодтој.

11. Æмæ бацѵдѵстѵ хæдзармæ, æмæ федтој Сѵвæллонѵ Јæ Мад Маріамімæ, æмæ æрхаўдѵстѵ дæлгоммæ, æмæ Ін бакувтој, æмæ рајгомкодтој сæ хæзнатæ, æмæ Ін ралæваркодтој лæвæрдтæ: сѵзђæрін, буд æмæ смірна.

12. Æмæ фѵнѵ ўацqўд кў рајстој, Іродмæ ма ўал аздæхут зæђгæ, ўæд æндæр фæндагўл ацѵдѵстѵ сæхі бæстæм.

13, Æмæ удон кў ацѵдѵстѵ, ўæд мæнæ Хуцаўѵ зæд раргомі фѵнѵ Јосіфмæ, æмæ ін захта: сѵст, акæн Сѵвæллонѵ æмæ Јæ Мадѵ, æмæ алідз Егіпетмæ, æмæ у ум, цалѵммæ дѵн зæђон: умæн — æмæ Ірод агурдзæні сѵвæллонѵ фесафѵнмæ.

14. Уј сvстаді, акодта Сvвæллонv æмæ Jæ Ма-
дv æхсæвvгон, æмæ ацvді Египетмæ.
15. Æмæ уді ум Иродv амæлvнv онг: цæмæј
сæххæст ўа Хуцаўv дзvрд, пæхумпарv дзvхæј аф-
тæ чі зæђv: Египетæј Æз Мæ Фvртмæ расідтæн.
(Осіја 11, 1).
16. Ирод кў базvдта, дæснvтæ jæ кæј фæсајд-
тој ўј, ўæд ідтæг смæст і æмæ арвvста Віфлеемv,
æмæ jæ арæнтæ сæ æппæтмæ нæлгојмаг сvвæл-
лæдтæ сæ æппæтv цæђдvнмæ, дуўæ азvггæдтv
æмæ удонæј ќадтæртv, дæснvтæј цv афон базv-
дта, умæ гæскæјæ.
17. Ўæд сæххæсті пæхумпар Jереміај дзvрд,
афтæ чі зæђv:
18. Qўсv Рамv кæун æмæ дзvназvн æмæ стvр
æрдіаг; Рахіл кæўv jæ сvвæллæдтvл, æмæ зæрдæ-
æвæрvнмæ нæ qусv; цæмæјдæрідтæр удон нал
vстv. (Jереміја 31, 15).
19. Иродv амæлvнv фæстæ та, мæнæ Хуцаўv
зæд фvнv раргомі Jосіфмæ Египетv,
20 Æмæ ін зæђv: сvст, акæн Сvвæллонv æмæ
Jæ Мадv, æмæ ацу Ізраілv бæстæм, цæмæјдæ-
рідтæр Сvвæллонv удv агурдҩсvтæ амардvстv.
21. Уј сvстаді, акодта Сvвæллонv æмæ Jæ Ма-
дv, æмæ æрцvді Ізраілv бæстæм.
22. Фæлæ кў феqўста, Архелај, Jæ фvд Иродv
бæстv, Jўдеаі патцах кæј у ўј, ўæд фæтарсті ур-
дæм бацæўvн; стæј фvнv ўацqўд рајскæјæ, ацvді
Галілеај арæнтæм.
23. Æмæ æрцvді, Назарет чі хўінv, уцv сахармæ
æмæ ум æрцарді, цæмæј сæххæстўа пæхумпартv
дзvрд: Ўј Назареј хўндзæн. (Тæрх. 13, 5).

## СÆР 3.

1. Уцv бонтv æрцvді Јоанн донæјарђаўæг,
æмæ амvдта Jўдејаг æдзæрæгбæстv,
2. Æмæ дзvрдта: фæсмон фæкæнут, цæмæјдæ-
рідтæр æрхæстæдҩсі ўæларвон патцахад.

3. Цæмæјдæрідтæр ўј Уј у, кæмæј пæхумпар
Ісаја раздæр захта: qæргæнæдњсv qæлæс æдзæрæг-
бæстv: сцæдтæ кæнут Хуцаўæн фæндаг, æмæ Ін
срасткæнут Јæ цæўæнтæ. (Ісајај 40, 3).
4. Јоанн јæхæдæг та дардта дарæс теўајv qў-
нæј, æмæ јæ астæўл баст уді гæрз рон; јæ хæ-
рінаг та уді акрідvтæ[1]) æмæ qæдтаг мvд.
5. Ўæд Јерусалім, æмæ Іўдеа æгасæј æмæ Јор-
данv алфамблајæ æппæт, цvдvстv умæ,
6. Æмæ свл арђўдта ўј Јорданv мідæг, æмæ сæ
тæріђæдтæ æргомкодтој.
7. Æмæ Јоанн кў федта бірæ фарісејтv æмæ
садукејтv јæхімæ цæўгæ, сæхіўл арђаўнv тvххæј,
ўæд свн захта: калмv цот! чі ун бацамvдта лі-
дзvн æрцæўінаг фvдæхæј?
8. Æрхæссут фæсмондзінадv аккаг дvрђ;
9. Æмæ ўæхі тvххæј æнqæл ма ут, æмæ ма
дзурут: нæ фvд Авраам у: цæмæјдæрідтæр ун
æз зæђvн: Хуцаў бафæраздзæні ацv дуртæј дæр
Авраамæн цот фестvнкæнvн.
10. Мæнæ фæрæт бæласæн јæ бvндзæфхадv цур
лæўv: алv бæлас дæр, хорз дvрђ чі нæ хæсса,
уј акалvнц, æмæ јæ артv æппæрvнц.
11. Æз ўл аргаўvн донæј, фæсмонкæнvнv тvх-
хæј; фæлæ мæ фæстæ Чі æрцæўv, Ўј мæнæј
тvхдњсvндæр у; æз аккаг нæ дæн Јæ дзабvртv
ахæссvн дæр; Ўј ўл арђаўдзæні Свђдæг Удæј
æмæ артæј.
12. Јæ фvјаг Јæ кухv: æмæ Уј ссvђдæгкæндзæ-
ні Јæ мус, æмæ æрæмбvрдкæндзæні Јæ мæнæў
хордонv, qæмпv та басудцæні æнæхускæ артv.
13. Ўæд æрцvді Јесо Галілејæ Јорданмæ Јоан-
мæ, умæј сарђаўнмæ.
14. Јоанн та Ўј урæдта, æмæ Ін дзvрдта: мæнvл
æмбæлv Дæўæј сарђаўн, афтæмæј Дv та мæммæ
æрцvдтæ?
15. Фæлæ ін Јесо захта дзуаппæн: ма Мæ уром
нvр: цæмæјдæрідтæр нvл афтæ æмбæлv алv рæст-
дзінад сæххæстæкæнvн. Ўæд Јоанн баўахта.

[1]) Мæтvхv мvккаг.

16. Æма кў сарђўдта, ўæд Јесо ўајтађд рацѵді
донæј: æмæ Ін, мæнæ, фегомстѵ æрвтæ, æмæ
федта Јоанн Хуцаўѵ Удѵ, æхсінæдџсѵ хўзæнæј
æрцæјцæўгæ æмæ æрцæјбадгæ Уўл.
17. Æмæ мæнæ, æрqўсті ўæлæрвтæј дзургæ
qæлæс: Ај у Мæ ўарзон Фѵрт, Мæ хорзфæндон
Кæмæ іс.

## С Æ Р 4.

1. Ўæд Јесојѵ акодта Уд æдзæрæгранмæ хæј-
рæгæј раќахѵнѵ тѵххæј.
2, Æмæ комдардта дујіссæдз бонѵ æмæ дујі-
ссæдз æхсæвѵ, æмæ фæстагмæ сѵстонгі.
3. Æмæ Јæм æрбæлæўўді хæјрæг, æмæ Ін захта:
кæд Дѵ Хуцаўѵ Фѵрт дæ; ўæд зæђ, цæмæј ацѵ
дуртæ фестој дзултæ.
4. Фæлæ ін Ўј та дзуаппæн захта: фѵст у:
ајдађ дзулæј нæ цæрѵ лæг; фæлæ алѵ дзѵрдæј,
Хуцаўѵ дзѵхæј чі цæўѵ. (Дѵгкагдін. 8, 3).
5. Ўј фæстæ Јæ акодта хæјрæг сѵђдæг сахармæ
æмæ Јæ нѵллæўнкодта арђўанæн јæ ўæлхæ-
дзарѵл,
6. Æмæ Ін захта: кæд Дѵ Хуцаўѵ Фѵрт дæ,
ўæд аппар Дæхі дæлæмæ: цæмæјдæрідтæр фѵст
у: Јæ зæдтæн Дæў тѵххæј бафæдзæхсцæні, æмæ
Дæ сæ ќўхтѵл ахæесцѵстѵ, цæмæј Дæ ќах дæр
дурѵл ма аќўрај. (Псал. 90, 11, 12).
7. Јесо ін захта: фѵст у афтæдæр: ма ќах дæ
Хіцаў Хуцаўѵ. (Дѵккагдін 6, 16).
8. Нодџсѵ Јæ скодта хæјрæг іттæг бæрзонд
хохмæ, æмæ Ін фенѵнкодта дунејѵ патцахæдтæ
æппæт æмæ се стѵрад;
9. Æмæ Ін захта: адон Дѵн јўўлдæр ратцѵнæн,
кў æрхаўај дæлгоммæ, æмæ мѵн кў бакувај, ўæд.
10. Ўæд ѵн Јесо захта: ацу Мæнæј, сајтан,
цæмæјдæрідтæр фѵст у: дæ Хіјцаў Хуцаўæн кув,
æмæ æрмæст Умæн кус. (Дѵккагдін. 6, 13).

11. Ўæд Æј нvўахта хæјрæг; æмæ Jæ :, мæнæ,
зæдтæ æрцvдvстv, æмæ Ін кæстæрад кодтој.
12. Æмæ кў феqўста Јесо, Јоан ахст кæј фæці
ўј, ўæд ацvді Галілеамæ.
13. Æмæ нvўахта Назаретv, æмæ æрцvді, æмæ
æрцарді дендюсvзv бvлvл сахар Капернаумv,
Завулонv æмæ Нефалімv арæнтv;
14. Цæмæј сæххæст ўа пæхумпар Јсајајv дзvрд,
афтæ чі зæӡv:
15. Завулонv зæх æмæ Нефалімv зæх, дендюсv-
зv цур фæндагўл, Іорданv фаллаг фарс, æнæдін-
тон Галілеа,
16 Талvндюсv бадæг адæм, федтој стvр рухс,
æмæ мæрдтv бæстv æмæ аўонv баддюсvтæм сæрд-
тvвта рухс. (Ісаја 9, 1, 2).
17. Уцv афонæј бајдvдта Јесо амонvн æмæ
дзурvн: фæфæсмонкæнут; цæмæјдæрідтæр ўæ-
ларвон патцахад æрхæстæдюсі.
18. Галілеајv дендюсvзv бvлvл, фæцæј-цæўгæјæ,
Уј федта дуўæ æфсvрмæрv, Сімонv, Петр чі хўнді
ўј, æмæ је æфсvмæр Андрæјv, сæ хvзтv дендюсvзv
æппаргæје, цæмæјдæрідтæр удон кæсагахсдюсvтæ
удvстv.
19. Æмæ сvн захта: Мæ фæстæ рацæут, æмæ
ўæ Æз адæмахсдюсvтæ скæндзvнæн.
20. Æмæ удон ўајтаӡд нўўахтој сæ хvзтæ, æмæ
Jæ фæдvл ацvдvстv.
21. Æмæ урдгæј кў раівӡўдта, ўæд федта Уј
æндæр дуўæ æфсvмæрv, Јаков, Зеведејv фvртv
æмæ јæ æфсvмæр Јоаннv, бæлæӡv сæ фvд Зеве-
деімæ, сæ хvзтv æмńўзгæјæ, æмæ сæм басідті.
22. Æмæ удон уцv сахатvл нўўахтој бæлæӡv
æмæ сæ фvдv, æмæ Jæ фæдvл ацvдvстv.
23. Æмæ Јесо зvлді æгас Галілејv æппæтvл,
ахуркодта сæ æмбvрдгæнæнтv, æмæ сvн амvдта
патцахадv Евангеліај, æмæ дзæбæхкодта алv ніз
æмæ алv нæфæразондзінад адæмv æхсæн.
24. Æмæ ајqўсті Jæ кој æгас Сіріајvл æмæ
Jæм кодтој æнæфæразонтv æппæтv, алv хузон
нізæј ніздюсvнтv: суртæгæндюсvтv, хæјрæгдюсvнтv,

мæjнiзд҄сѵнтѵ, æмæ ўонгмæрдтѵ, æмæ сæ Уj
дзæбæхкодта.
25. Æмæ Jæ фæдѵл цѵдѵстѵ бiрæ адæм Галi-
леаjæ, дæссахарæj, Jерусалiмæj, Jўдеаjæ, æмæ
Jорданѵ фаллаг фарсæj.

## С Æ Р 5.

1. Æмæ адæмѵ фенгæjæ Уj ссѵдi бæрзондмæ;
æмæ кў æрбадтi; ўæд Ѵл Jæ ахургæнiнæгтæ æр-
бамбѵрдѵстѵ.
2. Æмæ Уj баjгомкодта Jæ дзѵх æмæ сѵн раj-
дѵдта амонѵн, æмæ дзѵрдта:
3. Тæхудiаг стѵ удæj мæгўртæ: цæмæjдæрiдтæр
удон у ўæларвон патцахад.
4. Тæхудiаг стѵ кæўд҄сѵтæ: цæмæjдæрiдтæр
удон рæвдѵд удзѵстѵ.
5. Тæхудiаг стѵ сабѵртæ: цæмæjдæрiдтæр удон
зæхх сæхi бакæндзѵстѵ.
6. Тæхудiаг стѵ æцæгдзiнадæj стонд҄сѵтæ æмæ
доjнѵтæ: цæмæjдæрiдтæр удон бæфсæдцѵстѵ.
7. Тæхудiаг стѵ хорзæхгæнд҄сѵтæ: цæмæjдæ-
рiдтæр удон хорзæхѵл сæмбæлдзѵстѵ.
8. Тæхудiаг стѵ зæрдæjæ сѵђдæд҄сѵтæ: цæмæj-
дæрiдтæр удон Хуцаўѵ фендзѵстѵ.
9. Тæхудiаг стѵ фiдаунгæнд҄сѵтæ: цæмæjдæ-
рiдтæр удон Хуцаўѵ фѵрттæ хўндзѵстѵ.
10. Тæхудiаг стѵ, æцæгадѵ тѵххæj чi стѵ сѵрд
удон: цæмæjдæрiдтæр удон у ўæларвон патцахад.
11. Тæхудiаг стут смах, фiдiс ўн ку кæноj, æмæ
ўæ кў суроj, æмæ ун алѵхўзон æвзæр кў дзуроj
æнæ аххосæj, Мæн тѵххæj.
12. Цiнкæнут æмæ зæрдæрухс ут; цæмæjдæрiд-
тæр ун стѵр лæвар удзæнi ўæлæрвтѵ мiдæг: афтæ
сѵрдтоj смах разæj цѵ пæхумпартæ удi, удон дæр.
13. Смах стут зæххѵ цæх. Фæлæ цæх jæ тѵх кў
фесафа, ўæд ѵн jæхi цæхæj сцæхд҄сѵн кæндзѵнæ?
Уj нiцæмæн ўал аqаз удзæнi, адæмѵ ќæхтѵ бѵнмæ
æппарѵнѵ jеттæма.

14. Смах дунејѵ рухс стут. Бæрзондѵл лæўўæг
сахар æнæзѵнгæ нæ удзæн.
15. Æмæ судзгæ цѵраҕ мігæнæнѵ бѵнѵ нæ æвæ-
рѵнц, фæлæ цѵраҕдарæнѵл, æмæ хæдзарѵ æп-
пæтæн дæр рухс кæнѵ.
16. Афтæ æрттівæд ўæ рухс адæмѵ раз, цæмæј
удон унoj ўæ хорз qўдтæгтæ, æмæ каддњсѵнкæноj
ўæ ўæларвон Фѵдѵ.
17. Æнqæл ма ут смах, Æз пæхумпартѵ, кæнæ
дінѵ фехалѵнмæ æрцѵдтæн: Æз сæ фехалѵнмæ
нæ æрцѵдтæн, фæлæ сæ сæххæсткæнѵнмæ.
18. Цæмæјдæрідтæр ун æцæг зæҕѵн: таҕдтæр
арв æмæ зæх фесæфцѵстѵ, дінæј јў хах фесæ-
фѵнѵ бæстѵ, цалѵммæ јўлдæр сæххæстўoj.
19. Æмæ афтæ, ацѵ амондзінæдтæј чі фехала
јўнæг чѵсѵлдæрѵ, æмæ афтæ чі бацамона адæ-
мæн; ўј чѵсѵл хўндзæні ўæларвон патцахадѵ: фæ-
лæ чі бакæна æмæ бацамона, ўј стѵр хўндзæні
ўæларвон патцахадѵ.
20. Цæмæјдæрідтæр ун зæҕѵн: ўæ растдзінад чі-
нѵдњсѵдæснѵтѵ æмæ фарісејтѵ растæј ўолдајдæр
кў нæ фæўа, ўæд нæ бацæўдзѵстут ўæларвон пат-
цахадмæ.
21. Смах феqўстат, фѵтцагонтæн дзѵрд цѵ уді,
ўј: ма амар; чі амара, ўј тæрхонмæ лæвæрд удзæні
(Рац. 20, 13).
22. Æз та ун зæҕѵн: чідæрідтæр, јæ æфсѵмæрмæ
хумæтæдњсѵ мæстѵ кæна, ўј тæрхонмæ радтѵн æм-
бæлѵ; фæлæ јæ æфсѵмæрæн чі зæҕа: адѵлѵ [1],
умæн стѵр тæрхон удзæні, фæлæ чі зæҕа: æдзæс-
ком, уўл судзгæ геенајѵ æмбæлѵ.
23. Æмæ афтæ, дѵ кў æрхæссај дæ нѵсајнаг
кувæндонмæ, æмæ кў æрæмѵсај ум, де'фсѵмæр
дæм істæеул qѵг кæј у ўј;
24. Ўæд нѵўадз ум кувæндонѵ раз дæ нѵсајнаг,
æмæ ацу, фѵтцаг бафідаў де'фсѵмæрімæ, æмæ
стæј æрцу, æмæ æрхæсс дæ нѵсајнаг.

[1]) рака.

25 Таѕд фідаў дæ фvдгулімæ, цалvммæ ма јемæ
фæндагўл дæ ўалvммæ, цæмæј дæ фvдгул ма радта
тæрхонгæнæгмæ; тæрхонгæнæг та дæ ма радта
талvнгдонv qаqqæнæгмæ, æмæ дæ ма цæппароj
талvнгдоммæ.
26. Æцæг дvн зæѕvн: нæ рацæўдзvнæ урдvгæј,
цалvммæ нæ бафідај дæ хæс јўўлдæр.
27. Смах феqўстат фvтцæгтæн дзvрд цv уді,
уј: хæтаг ма у. (Рац. 20, 14).
28. Æз та ун зæѕvн: мондагæј усмæ чі бакæса,
ўј јæ зæрдæјv фæхатті ујімæ.
29. Æмæ дæ дæ рахіз цæст кў рæдіінкæна;
ўæд æј фелвас, æмæ јæ аппар дæхіцæј: цæмæј-
дæрідтæр хуздæр дvн у, дæ онгтæј јў фесафvн,
цæјнæфæлтаў дæ бўар æгасæј æппæрст ўа зvн-
донv артv.
30. Æмæ дæ дæ рахіс ќух кў рæдіінкæна, ўæд
æј алvгкæн, æмæ јæ аппар дæхіцæј: цæмæјдæ-
рідтæр хуздæр дvн у, дæ онгтæј јў фесафvн,
цæјнæфæлтаў дæ бўар æгасæј æппæрст ўа зvндо-
нv артv.
31. Афтæ дæр дзvрд іс; јæ усv чі аўадза, ўі ін
радтæд ўаѕдv чінvг. (Дvккагæѕдаў 24, 1).
32. Æз та ун зæѕvн: чі раўадза јæ усv хæтvн-
дзінадv аххосv јæдтæмæ, ўј јæ хæтvн кæнv, æмæ
чі ракура ўаѕдусv, ўј јæмæ хæтv.
33. Нодњсvдæр, смах феqўстат, фvдæлтæн цv
дзvрд уді уј: ард ма басæдт, фæлæ дæ ард Хуцаўv
раз æххæсткæн. (Дvккагæгдаў 23, 21. Левіт 19, 12).
34. Æз та ун зæѕvн: æппvн дæр сомv ма кæн:
нæдæр арвæј, умæн æмæ уј Хуцаўv бадæн у;
35. Нæдæр зæххæј, умæн æмæ уј Јæ ќæхтv
æнцајæн у; нæдæр Јерусалімæј, умæн æмæ уј
стvр Патцахv сахар у.
36. Мадæр дæ сæрæј, умæн æмæ сæрv qунтæј
јў æрду дæр ўрс кæнæ саў скæнvн нæ бафæ-
раздзvнæ.
37. Фæлæ ўæ дзvрд ўæд: о, о; нæ, нæ; умæј
ўæлдај та цv ўа, ўј фvдбvлvзæј у.

38. Смах феqўстат, цѵ дзѵрд уді, ўј: цæст
цæстмæ, æмæ дæндаг дæндагмæ. (Рац. 21, 24).
39. Æз та ун зæӡѵн: дæ qѵгдарæдҥсѵ нѵхмæ
ма лæў. Фæлæ дѵн дæ рахіс æхсæрфарс чі нѵц-
цæва, умæ бадар іннæ дæр.
40. Æмæ кæј бафæнда дæул qасткæнѵн, æмæ
дѵн дæ хæдон бајсѵн; умæн дæ æдтаг дæрæс
дæр радт.
41. Æмæ дæ тѵхæј чі акæна јемæ јў бонцаў,
ўјімæ дуўæ бонцаўѵ дæр ацу.
42. Чі дæ цѵ кура, ўј ін радт; æмæ дæ æфстаў
чі кура, умæј ма аздæх.
43. Смах феqўстат цѵ дзѵрд іс: ўарз дæ хæстæ-
дҥсѵ; æмæ фѵдзæрдæ дар дæ знагмæ. (Левіт 16,
17. 17).
44. Æз та ўн зæӡѵн: ўарзут ўæ знæгтѵ, арфæ
кæнут ўæ æлӡітдҥсѵтæн, хорзкæнут ўæ нæўарз-
дҥсѵтæн, æмæ кувут ўæ тѵхгæндҥсѵтѵ æмæ ўæ
сурдҥсѵтѵ тѵххæј;
45. Цæмæј ўæ ўæларвон Фѵдæн јæ фѵрттæ ўат;
цæмæјдæрідтæр Уј јæ хурæн фæдзæхсѵ налæттѵл
дæр æмæ хæрзтѵл дæр кæсѵн, æрæрвітѵ ўарѵн
рæстѵтѵл дæр æмæ зѵлѵнтѵл дæр.
46. Умæн æмæ смах ўæ ўарздҥсѵтѵ кў ўарзат,
ўæд ўн цѵ лæвар іс! Qалонісдҥсѵтæ дæр афтæ
нæ кæнѵнц цѵ?
47. Æмæ цін кў кæнат æрмаст ўæ хæлæрттѵл
ўæд цѵ ўолдај кæнут? Муртаттѵтæ дæр афтæ,
нæ кæнѵнц, нæ?
48. Æмæ афтæ, æххæст ут смах дæр, ўæ
ўæларвон Фѵд æххæст кўд у.

## СÆР 6.

1. Qусут, ўæ хæрзіўæг мæгўртæн адæмѵ раз ма
дæдтут, удон ўæ цæмæј феној ўјтѵххæј: кæднæ-
ўæд ун нæ удзæні лæвар ўæ ўæларвон Фѵдæј.
2. Æмæ афтæ хæрзіўæг кў дæдтѵс; ўæд æј
ма qæркæн, цæстмæqустæ кўд кæнѵнц кувæн-

дæдтv æмæ ўнгтv, адæм сæ цæмæј стаўој, ўјтvх-
хæј. Æцæг ун зæђvн: удон рајсvнц сæ лæвар.
3. Дv та, хæрзіўæг кў кæнæј, ўæд дæ галіў ќух
ма зонæд, дæ рахіс ќух цv кæнv ўј;
4. Цæмæј дæ хæрзіўæг сусæг ўа; æмæ дæ
Фvд, сусæгад унæг, радта дæўæн æргомæј.
5. Æмæ, кў кувvс, ўæд цæстмæqустаў ма у, ку-
вæндæдтv æмæ ўнгтv фісvнсvл лæўгæјæ кувvн
чі ўарзv, цæмæј сæ уној адæм. Æцæг ун зæђvн:
удон рајсvнц сæ мvзд.
6. Дv та јў кў кувvс, ўæд бацу дæ ўатмæ, æмæ
дæ фæстæ дорттæ сæхкæн, æмæ кув дæ Фvдæн,
сусæгкад Чі унv; æмæ дvн дæ Фvд, сусæгкад
унæг, ратцæні æргомæј.
7. Кувгæјæ та ўолдај ма дзурут, мўртатvтаў; цæ-
мæјдæрідтæр удон æнqæл vстv, сæ бірæ дзvрдтv
рўадњсv qўст удзvстv.
8. Удон хузæн ма ут; цæмæјдæрідтæр ўæ Фvд,
ўæ курvнæј раздæр зонv, qўаг цæмæј стут, ўј.
9. Кувгæ та кæнут афтæ: Мах Фvд, кæцv дæ
æрвтv мідæг! сvђдæг ўæд Дæ ном:
10. Æрцæўæд Дæ патцахад; Дæ бар ўæд арвv
кўд у, зæххvл дæр афтæ;
11. Нæ дзул нvн онvнæн радт махæн абон;
12. Æмæ нvн нvппар нæ хæстæ, мах нæ хæс-
дњсvнтæн кўд барæм, афтæ;
13. Æмæ нæ ма бакæн фvдæвзарæнv; фæлæ
нæ фервæзvнкæн фvдбvлvзæј. Цæмæјдæрідтæр
Дæў у патцахад, æмæ тvх, æмæ кадмvккагмæ. Амін.
14. Цæмæјдæрідтæр адæмæн кў барат сæ
тæріђæдтæ, ўæд ун смахæн дæр ўæ ўæларвон
Фvд нvпбардзæні,
15. Фæлæ адæмæн кў нæ барат сæ тæрі-
ђæдтæ; ўæд ун ўæ Фvд дæр нæ нvпбардзæні ўæ
тæріђæдтæ.
16. Æмæ ком кў дарат, ўæд æнќард ма ут,
цæстмæqустаў, цæмæјдæрідтæр удон сæ цæс-
кæмдтæ умæн нvттаркæнvнц, цæмæј, ком кæј
дарvнц, ўј адæмæн фенvнкæној. Æцæг ун зæђvн:
удон рајсvнц сæ мvзд.

17. Дv та комдаргæјæ бајсæрд дæ сæр, æмæ цæхс дæ цæском;
18. Цæмæј, ком кæј дарvс, ўј адæмv раз ма фенvнкæнај, фæлæ дæ Фvдv раз, сусæдџсv чі іс; æмæ дvн дæ Фvд, сусæгад унæг, радтцæні æргомæј.
19. Ма æмбvрдкæнут ўæхіцæн хæзнатæ зæххvл, рæмпæг æмæ сæ згæ кæм сафvнц, æмæ сæ ќæрнvхтæ ќахvнц, æмæ давvнц;
20. Фæлæ æмбvрдкæнут ўæхіцæн хæзнатæ ўæлæрвтv, кæм сæ нæдæр рæмпæг, нæдæр згæ сафvнц, æмæ сæ ќæрнvхтæ кæм нæ ќахvнц æмæ нæ давvнц.
21. Цæмæјдæрідтæр ўæ хæзна кæм ўа, ўæ зæрдæ дæр ум удзæні.
22. Бўарæн је рухсгæнæг цæст у. Æмæ афтæ дæ цæст свѢдæг кў ўа, ўæд дæ бўар æгасæј дæр рухс удзæні;
23. Фæлæ дæ цæст æвзæр кў ўа; ўæд дæ бўар æгасæј дæр талvнг удзæні. Æмæ афтæ, дæ мідæг цv рухс іс, ўј талvнг кў ўа, ўæд талvнг јехæдæг та цv хузæн у?
24. Нічі фæразv дуўæ хіцаўæн кусvн; цæмæј-дæрідтæр, е, јўv нæ ўарздзæні, іннæј та ўарздзæні; е, јўæн јўзæрдіон удзæні, іннæмæ та зівæг кæндзæні. Нæ бафæраздзvстут кусvн Хуцаўæн æмæ маммонæн.[1]
25. Ўјтvххæј ун зæѢvн: ўæ удv тvххæј мæт ма кæнут, цv хæрат, æмæ цv нўазат; нæ дæр ўæ бўарv тvххæј, ўæ ўæлæ цv скæнат. Хæрінагæј уд стvлдæр нæў нæ, æмæ дарæсæј бўар?
26. Скæсут ма æрвон мæрѢтæм: удон нæдæр таўнц, нæдæр кæрдvнц, нæдæр æмбvрдкæнvнц хордæдтæм; æмæ сæ ўæ ўæларвон Фvд хæссv. Смах бірæ хуздæр не стут нæ удонæј?
27. Æмæ ўæ јæ асvл мæткæнгæјæ јў æрмæрін бафтаўн чі бафæраздзæн?
28. Æмæ дарæсv тvххæј цv мæткæнут? Акæсут ма бvдvрv дідінџсvтæм, удон кўд рæзvнц; нæдæр фæллојкæнvнц, нæдæр æлвісvнц.

---

[1]) qæздvгад.

29. Фæлæ ун Æз зæђvн, Соломон дæр, јæ стvр
кадv афонv, удонæј іскæј хузæн, нæ арæста јæхі.
30. Кæд бvдvрон кæрдæдӂсv, абон чі рæзv, сом
та артv æппæрст чі удзæні, Хуцаў афтæ фæлvн-
дv, ўæд ўæлдајдæр та смах, чvсvлўрндӂсvтæ!
31. Ўæдæ мæт ма кæнут, æмæ ма дзурут: цv
хæрæм? кæнæ цv нўазæм? кæнæ нæ ўæлæ цv
скæнæм?
32. Умæн æмæ адæдтæ æппæт агурvнц муртад-
тvтæ; цæмæјдæрідтæр ўæ ўæларвон Фvд зонv,
удон æппæт ўæ кæј qæунц, ўј.
33. Фæлæ фvтцадӂсvдæр агурут Хуцаўv патца-
хад æмæ Јæ рæстдзінад; æмæ удон јўўлдæр бафт-
цvстv ўæ ќухv.
34. Æмæ ўодæ мæт ка кæнут сомбонv тvххæј.
Цæмæјдæрідтæр сомбон мæткæндзæн јæхі qўадӂсv
тvххæј. Алv бонæн дæр æђђæд у јæхі мæт.

## С Æ Р 7.

1. Фvдкој ма кæнут, æмæ ма чvндæўа ўæ фvдкој.
2. Цæмæјдæрідтæр кўд фvдкој кæнат, афтæ
фvдкојгонд удзvстут; æмæ цv барæнæј барат,
ахæмæј смæхæн дæр бардзvстv.
3. Æмæ цv кæсvс де'фсvмæрv цæстv ќаліўмæ,
дæхі цæстv та бæлæс нæ унvс?
4. Кæнæ кўд фæразvс де'фсvмæрæн зæђvн;
æрдав, æз дvн дæ цæстæј ќаліў рајсон; дæхі
цæстv та бæлас ўовгæјæ?
5. Цæстмæqус! рајс фvтцаг дæхі цæстæј бæ-
лас, æмæ ўæд фендзvнæ де'фсvмæрv цæстæј ќа-
ліў рајсvн кўд qæўv, ўј.
6. Ма дæдтут сvђдæгдзінад кўітæн; ма дæр æп-
парут ўæ налqўт хўтv размæ, цæмæј јæ удон сæ
ќæхтv бvн ма нvссæндој, æмæ ўæ фæстæмæ
фездæхкæјæ, ма нvкќўхтæкæној.
7. Курут, æмæ ун лæвæрд удзæні; агурут, æмæ
ссардзvстут; хојўт, æмæ ун бајгомкæндзvстv.

8. Цæмæјдæрідтæр алv курæг рајсv, агурæг сса-
рv, æмæ хојегæн бајгомкæнvнц.
9. Ўæ æхсæн ахæм лæг іс мірar, — јæ фvрт
дзv дзул кў ракура, ўæд vн дур чі радта?
10. Кæнæ дзv кæсаг кў ракура, ўæд vн калм
чі радта?
11. Ўæдæ кæд смах, фvдзæрдæ ўовгæјæ, ўæ
зæнæгæн хорз дæдтvн зонут; ўæд ўолдајдæр
ўæ ўоларвон Фvд ідтæгдæр ратцæні хæрзтæ, чі
Дзv кура удонæн.
12. Æмæ афтæ, ўæхіцæн ўæ адæмæј цvдæрід-
тæр кўд фæндv, афтæ смах дæр фæндæт удонæн;
цæмæјдæрідтæр уўл арæст стv дін æмæ пæ-
хумпартæ.
13. Цæут унгæг дордтvл; цæмæјдæрідтæр ўæ-
рæх дордтæ æмæ фæтæн фæндаг сæфтмæ кæ-
нvнц, æмæ бірæтæ цæўнц удонvл.
14. Умæн æмæ унгæг стv дордтæ, æмæ нарæг
у цардмæгæнæг фæндаг, æмæ сæ бірæтæ нæ арvнц.
15. Qаqqæнут ўæхі мæнг пæхумпартæј, фvсv
цармv ўæм чі æрцæўv, мідæгæј та лæбургæ
бірæϦтæ чі стv, удонæј.
16. Сæ дvрϦтæм гæскæје сæ базондзvстут удон.
Сvндзæј æмбvрдкæнvнц мірar сæнæфсір, кæнæ
æрџvqæдæј леϦві?
17. Афтæ, алv хорз бæласvл зајv хорз дvрϦ; æв-
зæр бæласvл та æвзæр дvрϦтæ зајінц.
18. Хорз бæласvл æвзæр дvрϦтæ нæ зајінц,
æмæ æвзæр бæласvл — хорз дvрϦтæ.
19. Алv бæлас, хорз дvрϦ кæул нæ зајv, ўј ака-
лvнц, æмæ јæ артv æппарvнц.
20. Æмæ афтæ, сæ дvрϦтæј базондзvстут удон.
21. Мæммæ æрмæст: Хіцаў! Хіцаў! дзурæг нæ
бацæўдзæн ўæларвон патцахадмæ; фæлæ Мæ
ўæларвон Фvдv фæндон æххæстгæнæг.
22. Бірæтæ Мvн уцv бон зæϦдзvстv: Хіцаў!
Хіцаў! мах Дæ номæј пæхумпардзінад нæ кодтам
нæ? Дæ номæј хæјрæдџvтæ нæ сvрдтам? æмæ
Дæ номæј бірæ діссæгтæ нæ кодтам?

23. Ӕмæ сvн ўæд зæƅдзvнæн: Ӕз ўæ нікў зvд-
тон; æцæут Мæнæј æнæƅдаўгæндҥсvтæ.
24. Ӕмæ афтæ, чідæрідтæр, Мæ ацv дзvртæм
чі qусv, æмæ сæ æххæст чі кæнv, ўј јæ хæдзар
ќæдзæхvл чі самадта, уцv хорз зондҥсvн лæдҥсv
хузæн удзæн.
25. Ӕмæ æрцvді ўарvн, æмæ раівvлдvстv цæў-
гæдæдтæ, æмæ радvмдтој дvмгæтæ, æмæ сæхі
нvццафтој уцv хæдзарvл, æмæ уј нæ фехæлді:
цæмæјдæрідтæр ќæдзæхvл амад уді.
26. Фæлæ чідæріттæр Мæ ацv дзvрдтæм чі qу-
сv, æмæ сæ æххæст чі нæ кæнv, уј, јæ хæдзар
змісvл чі самадта, уцv æдvлv лæдҥсv хузæн у.
27. Ӕмæ æрцvді ўарvн, æмæ раівvлдvстv цæў-
гæдæдтæ, æмæ радvмтој дvмгæтæ, æмæ сæхі нvц-
цафтој уцv хæдзарvл, æмæ æркалді æмæ јæ
хæлд уді стvр.
28. Ацv дзvрттæ кў фæці Јесо, ўæд адæм
діс кодтој Јæ амvндvл.
29. Цæмæјдæрідтæр сvн Уј амvдта чінvдҥсvдæс-
нvтаў æмæ фарісејтаў нæ, фæлæ кўд бардҥсvн.

## СӔР 8.

1. Ӕмæ Уј бæрзондæј кў æрцvді; ўæд Јæ фæдvл
ацvді бірæ адæм.
2. Ум Ӕм æрцvді qотvрдҥсvн, æмæ Ін кувгæјæ
захта: Хіцаў! кў Дæ фæнда, ўæд Дæ бон у мæн
ссvƅдæгкæнvн.
3. Јесо адарƅкодта Јæ ќух, бавнæлдта јæм,
æмæ ін захта: фæндv Мæ, ссvƅдæг у. Ӕмæ ўј
уцv сахатvл ссvƅдæгі qотvрæј.
4. Ӕмæ ін Јесо захта: qусvс, ма кæмæн зæƅ,
фæлæ ацу, дæхі фенvнкæн саўдҥсvнæн, æмæ Мосе
дінv цv нvвонд бацамvдта, ўј æрхæсс, удонæн æв-
дісæндзінадæн.
5. Ӕмæ Јесо Капернауммæ кў бацvді, ўæд Ӕм
æрбацvді фондзссæдзv хіцаў, æмæ Дзv кўрдта:

6. Хіцаў! мæ кусæг мæ хæдзарv онгмардæј
лæўv æмæ тvнг утæхсæнкæнv.
7. Јесо ін захта: Æз дæм бацæўдзvнæн, æмæ
јæ сдзæбæхкæндзvнæн.
8. Фæлæ Ін фондзссæдзv хіцаў дзуаппæн захта:
Хіцаў! Дv мæ хæдзармæ цæмæј æрбацўај, æз ўј
аккаг нæ дæн; фæлæ æрмæст зæђ дзvрд, æмæ мæ
кусæг сдзæбæхудзæн.
9. Цæмæјдæрідтæр æз мæхæдæг хіцаўv ќухv
ўовæг лæг дæн; фæлæ мæнæн мæхіцæн дæр мæ
ќухv іс æвсæдтон адæм, æмæ зæђvн јўæн: ацу,
æмæ ацæўv; іннæмæн: æрцу, æмæ æрцæўv; æмæ
мæ кусæгæн: бакæн ўј, æмæ кæнv.
10. Ај феqускæјæ Јесо, дісфæкодта, æмæ Јæ
фæдvл цæўдђсvтæн захта: æцæг ун зæђvн: Ізраілv
дæр нæ ссардтон Æз ај хузæн урнvндзнінад.
11. Æмæ ун зæђvн: хурскæсæнæј æмæ хурнv-
гўлvнæј бірæтæ кæј æрцæўдзvстv, æмæ Авраамі-
мæ, Ісаакімæ æмæ Јаковімæ ўæларвон цатцахадv
кæј æрvнцајдзvстv.
12. Патцахадv фvрттæ та сvрд кæј удзvстv
æдтæмæ талvнгмæ; ум удзæні кæўн æмæ дæн-
дæгтv qvcqvc.
13. Æмæ захта Јесо фондзссæдзv хіцаўæн:
ацу, æмæ дæ кўд баўрнvдта, афтæ дvн фод. Æмæ
јæ кусæг сдзæбæхі уцv сахатvл.
14. Æмæ Петреі хæдзармæ æрцæўгæјæ, Јесо
федта ўј усv мадv тæвднізæј сæјгæ.
15. Æмæ ін јæ ќухмæ бавнæлдта, æмæ јæ тæвдніз
нўўахта. Уј сvстаді, æмæ сvн кæстæріог кодта.
16. Кў баізæрі, ўæд Æм æркодтој бірæ хæјрæг-
дђссvнтv, æмæ Уј јæ дзvрдæј хæјрæдђсvтv ра-
сvрдта, æмæ рvнчvнтv сеппæтv сдзæбæхкодта.
17. Цæмæј сæххæстўа пæхумпар Јсајај дзvрд,
кæцv зæђv: Ўј ајста Јæхімæ нæ нæфæразондзі-
нæдтæ, æмæ нæ нізтæ ахаста. (Јсајајv 53, 4).
18. Æмæ кў федта Јесо Јæ алфамблајv ідтæг
бірæ адæм, ўæд захта (Јæ ахургæнінæгтæн) фал-
лаг фарсмæ кўд ахізој афтæ.

19. Ўæд Æм, jў чінvдњсvдæснv æрбацvді æмæ
Ін захта: Ахургæнæг! æз дæр Дæ фæстæ цæун,
Дv кæдæмдæрідтæр цæўаj урдæм.

20. Јесо ін захта: рувæстæн ормvтæ іс, æмæ
арвон мæрђтæн ахстæдтæ; фæлæ адæjмаднсv
Фvртæн, Jæ сæр кæм баќулкæна, ўjдæр нæj.

21. Jæ ахургæнінæгтæj Ін æндæр захта: Хіцаў!
бар мvн радт фvтцаг ацæун, æмæ мæ фvдv ба-
нvгæнvн.

22. Фæлæ ін Јесо захта: Мæ фæдvл рацу,
æмæ нўўадз мæрдтæн сæ мæрдтv нvгæнvн.

23. Æмæ Уj бæлæђмæ кў бахvсті; Jæ ахўргæні-
нæгтæ дæр Jæ фæдvл ацvдvстv.

24. Æмæ мæнæ, дендњсvз дvмгæjæ тvнг сvзмæ-
лvді, æмæ донv фæjлаўæнтæ бæлæђv сæртv кал-
дvстv, Уj та фvнæj ўді.

25. Ўæд Æм Jæ ахургæнінæгтæ бацvдvстv, сvqал
Æj кодтоj, æмæ Ін захтоj: Хіцаў! фервæзvн нæ
кæн, сæфæм.

26. Æмæ сvн захта: цæj тæрсаг стут, чvсvлўрн-
днсvтæ? Стæj сvстаді, банцаінкодта ўадv, æмæ
дендњсvзv, æмæ стvр æнцад ссі.

27. Адæм та дісгæнгæjæ дзvрдтоj: aj чі у, aj
ўад дæр, æмæ дендњсvз дæр Jæ коммæ Кæмæн
кæсvнц?

28. Æмæ Уj іннæ фарсмæ кў ахvсті Георгесінv
бæстæм; ўæд Vл сæмбæлдvстv дуўæ хæjрæгдњсvнv,
зæппæдзтæj чі рацvді, афтæ ађўдтæ—æмæ уцv
фæндагўл ацæун нічі ўæндvді.

29. Æмæ мæнæ, удон сqæркодтоj: о, Јесо, Хў-
цаўv Фvрт! цv Дæ qæўv махæj? Дv афонæj раз-
дæр æрцvдтæ ардæм мах qізæмарæj марvнмæ.

30. Дæрдтцæф та сæм хvсті хўтv стvр дзуг.

31. Æмæ Дзv хæjрæднсvтæ кўрдтоj: кў нæ ра-
сураj, ўæд нæ хўтv дзугмæ барвіт.

32. Ўj сvн захта: цæўгæут. Удон рацvдvстv, æмæ
хўтv дзуднсv бацvдvстv. Æмæ мæнæ, æгас хўтv
дзуг сæхі раппæрстоj дендњсvзмæ, æмæ фесæф-
тvстv донv.

33. Хўгæстæ та алvђдvстv; æмæ сахармæ æрцvдvстv æмæ радзvрдтоj ўj jўўлдæр, æмæ хæjрæгдњсvнтvл цv æрцvді, ўj дæр.
34. Æмæ мæнæ, æгас сахар рацvді Jecoi размæ; æмæ, Jæ фенгæjæ, кўрдтоj, цæмæj ацæўа сæ бæстv арæнтæj.

## СÆР 9.

1. Ўæд Уj бахvсті бæлæђмæ, æмæ фæстæмæ ахvсті, æмæ æрцvді Jæ сахармæ.
2. Æмæ Jæм сvнтvтvл æрбахастоj онгмардv. Æмæ сvн Jeco, сæ урнvн ўнгæjæ, захта онгмардæн: цæрдæг у, мæ фvрт! барст дvн стv дæ тæріђæдтæ.
3. Ум чінvдњсvдæснvтæj чідæртæ захтоj сæхінvмæрv: Уj Хуцаўv фаўv.
4. Jeco сvн, сæ зæрдæjv qудvтæ базонгæjæ захта: ўæ зæрдæтv хіндзінад цæмæн qудvкæнут?
5. Цæмæjдæрідтæр цv æнцондæр у зæђvн: барст дvн стv дæ тæріђæдтæ, æві—сvст æмæ цу?
6. Фæлæ смах цæмæj зонат, адæjмадњсv Фvртæн зæххvл jæ бон тæріђæдтæ барvн кæj у — захта онгмардæн: сvст, сіс дæ сvнт, æмæ цæўгæ дæ хæдзармæ.
7. Æмæ уj сvстаді, сіста jæ сvнт, æмæ ацvді jæ хæдзармæ.
8. Адæм та ўj кў федтоj, ўæд діскодтоj, æмæ стvдтоj Хуцаўv, адæмæн ахæм тvх чі радта.
9. Урдгæj кў фæцæjцvді, Jeco ўæд федта qалон æмбvрдгæнæнv раз бадгæ лæдњсv, jæ ном Матвеj, æмæ ін захта: рацу Мæ фæдvл. Уj сvстаді æмæ Jæ фæдvл ацvді.
10. Æмæ Jeco jў хæдзарv хæрдvл кў æрбадті, ўæд бірæ qалонісдњсvтæ æмæ тæріђæддњсvнтæ æрцvдvстv, æмæ æрбадтvстv Jемæ æмæ Jæ ахургæнінæгтімæ.

11. Фарісејтæ ўј кў федтој, ўæд Vн Јæ ахургæ-
нінæгтæн захтој: ўæ Ахургæнæг qалонісдџсvтімæ
æмæ тæріђæддџсvнтімæ цæмæн хæрv æмæ нўазv?
12. Јесо та ўј феqўста, æмæ сvн захта:
Дæснv æнæнізтæн нæ, фæлæ рvнчvнтæн qæўv.
13. Цæўгæут, æмæ базонут ај цv дзvрд у:
нvвонд мæ нæ qæўv, фæлæ хæлар зæрдæ? Цæмæј-
дæрідтæр Æз æрцvдтæн рæстvтæм нæ, фæлæ
тæріђæддџсvнтæм бахатvнмæ цæмæј æрфæсмон-
кæнoj. (Осіі 6, 6).
14. Ўæд Æм æрцvдvстv Јоаннv ахургæнінæгтæ,
æмæ Ін захтој: мах æмæ фарісејтæ бірæ ком
цæмæн дарæм, Дæ ахургæнінæгтæ та цæўлнæ
дарvнц?
15. Æмæ сvн захта Јесо: чvндзæхсæвv ўаз-
дџсvтæн цалvммæ сіахс семæ ўа, ўалvммæ qvг-
кæнvнц міјаг? Фæлæ æрцæўдзvстv ахæм бонтæ
сіахс семæ кў нæ ўал ўа, æмæ ўæд комдардзvстv.
16. Æмæ нічі æвæрv æмп́узæн ног qумацæј зæ-
ронд дарæсvл; умæн æмæ ног æмп́узæн атондзæні
зæронд дарæсæј, æмæ хæлд фvтцагæј тvнгдæр
фæўдзæні.
17. Афтæдæр æнqізгæ сæн зæронд лалvмтv нæ
кæнvнц; кæннодæ лалvмтæ асќуінц, æмæ сæн
дæр акæлv, æмæ лалvмтæ дæр фесæфvнц. Фæлæ
æнqізгæ сæн кæнvнц ног лалvмтv, æмæ јўдæр
æмæ іннæдæр æнæqæн баззајінц.
18. Удонæн афтæ кў дзvрдта, ўæд Æм хіцæў-
ттæј јў чідæр æрцvді æмæ Ін кувгæјæ захта: мæ
чvзг нvр мæлv, фæлæ æрцу, æмæ Іл Дæ ќух
æрæвæр, æмæ æгас баззајдзæні.
19. Æмæ сvстаді Јесо, ацvді јæ фæдvл, æмæ
Јæ ахургæнінæгтæ дæр Јемæ.
20. Æмæ Јæм мæнæ, дуўадæс азv тугнізæј чі
фæсаді, ахæм ус бацvді јæ чvлдvмvрдvгæј, æмæ
Ін бавнæлдта Јæ дарæсv кæронмæ.
21. Цæмæјдæрідтæр уј јæ мідзæрдæјv дзvрдта:
армæст Vн Јæ дарæсv кæронмæ кў банvдзæвон
ўæдтæр, сдзæбæх удзvнæн.

22. Ј е с о фæстæмæ фæзѵлді, федта јæ, æмæ ін
захта: ма тæрс, чѵзг, дæ урнѵн дæ фервæзѵнкодта.
Æмæ уцѵ ус сдзæбæхі уцѵ сахатæј фæстæмæ.
23. Æмæ кў æрцѵді Ј е с о уцѵ хіцаўѵ хæдзар-
мæ, æмæ кў федта ўадѵндзæј ўасњсѵтѵ æмæ
адæмѵ‿ змæстæј;
24. Ўæд сѵн захта: ацæут æдтæмæ; цæмæјдæ-
рідтæр чѵзг нæ амарді, фæлæ фѵнæј у. Æмæ Іл
худтѵстѵ.
25. Адæм та æдтæмæ кў рарвѵста; ўæд Уј ба-
цѵді, рахæцѵді ін јæ ќухѵл, æмæ чѵзг сѵстаді.
26. Æмæ ајqўсті ацѵ діссадњсѵ кој уцѵ бæстæ
æппæтѵл.
27. Урдгæј кў фæцæјцѵді Ј е с о, ўæд дуўæ
кўрмѵ, Јæ фæстæ цæўгæјæ, qæркодтој: тæріђæд
нѵн бакæн, Ј е с о, Давідѵ Фѵрт!
28. Æмæ хæдзармæ кў бацѵді; ўæд Æм æрба-
цѵдѵстѵ кўрмѵтæ Æмæ сѵн Ј е с о захта: Æз ўј
скæнѵн кæј бафæраздзѵнæн, ўј ўæ урнѵ? Удон Ѵн
захтој:‿ тæккæ, Хіцаў!
29. Ўæд сѵн сæ цæстѵтæм бавнæлдта, æмæ зах-
та: ўæ урнѵнмæ гæскæје ун фод смахæн.
30. Æмæ ракастѵстѵ сæ цæстѵтæ; æмæ сѵн
Ј е с о тѵнг бафæдзæхста: qусут, ма чі базонæд.
31. Удон та кў рацѵдѵстѵ, ўæд Ѵн Јæ кој уцѵ
зæххѵл кæрæј кæронмæ ајqусѵнкодтој.
32. Æмæ удон та кў рацæјцѵдѵстѵ; ўæд Æм
æркодтој æгомѵг хæјрæгдњсѵн лæдњсѵ.
33. Æмæ, хæјрæдњсѵ кў асѵрдта, ўæд æгомѵг
дзурѵн бајдѵдта. Æмæ адæм дісгæнгæјæ дзѵрдтој:
нікў уді ахæм qўдтаг Ізраілѵ.
34. Фарісејтæ та дзѵрдтој: Уј хæјрæдњсѵтѵ сурѵ
хæјрæдњсѵтѵ æлдарѵ тѵхæј.
35. Æме зѵлді Ј е с о сахартæ æмæ qæўтæ
æппæтѵл, ахур сæ кодта æмбѵрдгæнæнтѵ, æмæ
амѵдта патцахадѵ Евангеліе, æмæ дзæбæхкодта
алѵ ніз æмæ алѵ нæфæразондзінад адæмѵ æхсæн.
36. Æмæ кў федта адæмѵ æмбѵрдтæ, ўæд сѵн
фæтæріђæдкодта, удон, æнæфіјаў фѵстаў, фæл-
лад æмæ хæліў, кæј удѵстѵ, јўтѵххæј.

37. Ўæд захта Јæ ахургæнінæгтæн: кæрдінаг хўмтæ бірæ іс, хумгæрдҗсѵтæ та чѵсѵл ѵстѵ.
38. Æмæ афтæ, лæхстæкæнут хўмѵ Хіцаўæн, цæмæј Уј рарвіта хўмгæрдҗсѵтѵ Јæ хўм кæрдѵнмæ.

## СÆР. 10.

1. Æмæ басідті Јæ дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ сѵн радта бар æнæзæђінаг удтѵл, цæмæј сæ суроі, æмæ цæмæј дзæбæхкæноі алѵ ніз,æмæ алѵ нæфæразондзінад.
2. Уцѵ дуўадæс Апостолтæн сæ нæмдтæ адон стѵ: фѵтцаг Сімон, Петр чі хўінѵ ўј, æмæ је'фсѵмæр Андреј, Зеведејѵ фѵрт Јаков, æмæ је'фсѵмæр Јоанн.
3. Філіпп æмæ Варфоломеј, Фома æмæ qалонісæг Матфеј, Јаков Алфејѵ фѵрт, æмæ Леввеј, Фаддеј чі хўінѵ, ўј.
4. Канаг Сімон æмæ Јуда Јскаріот, чі Јæ радта ўј.
5. Уцѵ дуўадæсѵ арвѵста Јесо, æмæ сѵн бафæдзæхста, æмæ захта: муртадтæм фæндагўл ма цæут, æмæ Самаріаг сахармæ ма бацæут.
6. Фæлæ цæўгæут æрмæст Ізраілѵ хæдзајраг сæфт фѵстæм.
7. Æмæ цæўгæјæ амонут, ўæларвон патцахад кæј æрхæстæдҗсі ўј.
8. Рѵнчѵнтѵ дзæбæхкæнут, qотѵрдҗсѵнтѵ сѵђдæгкæнут, мæрдтѵ æгаскæнут, хæјрæдҗсѵтѵ сурут. Лæвараæј рајстат, æмæ лæвараæј дæдтут.
9. Ма хæссут ўемæ мадæр сѵзђæрін, мадæр æвзіст, мадæр саўæхца ўæ рæдтѵ.
10. Мадæр хордзентæ фæндагмæ, мадæр дѵгај дарæстæ, мадæр дзабѵртæ, мадæр лæдзæг. Цæмæјдæрідтæр фæллојгæнæг мѵздѵ аккаг у.
11. Цѵдæрідтæр сахармæ, кæнæ qæўмæ бацæўат, ўæд базонут, ум аккаг чі у, ўј; æмæ ум ут цалѵммæ рацæўат.

12. Хæдзармæ бацæўгæјæ та арфæкæнут: Фарн
ацѵ хæдзарѵ — зæѣгæ.
13. Æмæ хæдзар аккаг кў ўа; ўæд ѵл ўæ арфæ
æрцæўдзæні; фæлæ аккаг кў нæ ўа, ўæд ўæ ар-
фæ ўæхімæ раздæхцæні.
14. Æмæ ўæ ісчі јæхімæ кў нæ баўадза, æмæ ўæ
дзѵрдтæм кў нæ бајqуса; ўæд уцѵ хæдзарæј, кæнæ
уцѵ сахарæј рацæўгæјæ, æцæѣдут ўæ ќæхтѵ рѵг.
15. Æцæг ун зæѣѵн: Содом æмæ Гомморѵ бæ-
стæн qајмæтѵ бонѵ уцѵ сахарæј æнцондæр удзæні.
16. Мæнæ ўæ Æз æрвітѵн, кўд фѵстѵ біраæѣтѵ
æхсæнмæ: æмæ афтæ, калмаў, зонддѣсѵн ут, æмæ
бæлонаў æнæ аіб.
17. Qаqqæнут ўæхі адæмæј: цæмæјдæрідтæр ўæ
удон дæтцѵстѵ тæрхондæдтæм, æмæ ўæ сæ нѵ-
хæстѵ нæмдзѵстѵ.
18. Æме ўæ кæндзѵстѵ хіцæўдтæм æмæ пат-
цахтæм Мæн тѵххæј, цæмæј удон æмæ муртад-
тѵтѵ раз æвдісæн лæўўат.
19. Æмæ ўæ кў дæдтој, ўæд ма мæткæнут, кўд,
кæнæ цѵ зæѣат, уўл; цæмæјдæрідтæр ун уцѵ са-
хат лæвæрд удзæні цѵ зæѣѵн qæўа, ўј.
20. Цæмæјдæрідтæр смах нæ, фæлæ смах дзѵхæј
ўæ Фѵдѵ Уд дзурдзæні.
21. Æмæ ратцæні æфсѵмæр æфсѵмæрѵ, æмæ
фѵд фѵртѵ марѵнмæ; æмæ сѵстцѵстѵ зæнæг сæ
нѵјардѣсѵтѵл, æмæ сæ амардѵстѵ.
22. Æмæ ўæм хæрам удзѵстѵ æппæт Мæ
номѵ тѵххæј; фæлæ кæронмæ, чі бафæраза, ўј
фервæздзæні.
23. Æмæ ўæ јў сахарѵ кў суроj, ўæд іннæмæ
лідзут. Цæмæјдæрідтæр ун æцæг зæѣѵн: зѵлд нæ
ма фæўдзѵстут Ізраілтѵ сахартѵл, афтæ æрцæў-
дзæні адæјмадѣсѵ Фѵрт.
24. Ахургæнінаг хістæр нæ у јæ ахургæнæгæј,
æмæ кусæг хістæр нæў јæ хіцаўæј.
25. Æѣѣæд у ахургæнінагæн јæ ахургæнæдѣсѵ
хузæн кў ўа ўæд, æмæ кусæгæн јæ хіцаўѵ хузæн
кў ўа, ўæд. Кæд хæдзарѵ хіцаўѵ худтој велзевул;
ўæд јæ хæдзаронтѵ та ўæлдајдæр?

26. Ӕмӕ афтӕ ма тӕрсуђ удонӕј: цӕмӕјдӕрідтӕр цѵ нӕ раргом ўа, ахӕм ӕмбӕхст ніцѵ іс, ӕмӕ цѵ нӕ базѵнд ўа, ахӕм сусӕгдзінад нӕј.

27. Ӕз ўн талѵндњсѵ цѵ зӕђѵн, ўј дзурут рухсѵ цур; ӕмӕ ўн ўӕ qусѵ цѵ зађдӕўа, уј дзурут ўӕлхӕдзӕрдтѵ.

28. Ма тӕрсут бўарѵ амарѵн чі фӕразѵ, фӕлӕ, удѵ амарѵн та чі нӕ фӕразѵ, удонӕј; фӕлӕ фѵлдӕр тӕрсут, удѵ дӕр ӕмӕ бўарѵ дӕр геенаі фесафѵн чі фӕразѵ, умӕј.

29. Дуўӕ ціўѵ нӕ ўӕјкӕнѵнц нӕ јў ассарііл (1) ? Ӕмӕ удонӕј јўдӕр нӕ ӕрхаўдзӕні зӕхмӕ ўӕ Фѵдѵ ӕвастӕј.

30. Смӕхӕн та ўӕ сӕрѵ qўнтӕ дӕр јўўлдӕр хѵђд ѵстѵ.

31. Ӕмӕ ма тӕрсут: смах бірӕ ціўтӕј хуздӕр стут.

32. Ӕмӕ афтӕ ӕргомӕј чі дзура Мӕнѵл адӕмѵ раз, уўл Ӕз дӕр Мӕ ўӕларвон Фѵдѵ раз ӕргом дзўрдзѵнӕн.

33. Фӕлӕ Мѵл ӕвдісӕн чі бакӕна адӕмѵ раз; уўл Ӕз дӕр ӕвдісӕн бакӕндзѵнӕн Мӕ ўӕларвон Фѵдѵ раз.

34. Афтӕ ӕнqӕл ма ут, Ӕз ӕрцѵдтӕн зӕхмӕ ӕнцојад ӕрхӕссѵнӕн; Ӕз нӕ ӕрцѵдтӕн ӕнцојад ӕрхӕссѵнӕн, фӕлӕ ӕхсар ӕрхӕссѵнӕн.

35. Цӕмӕјдӕрідтӕр Ӕз ӕрцѵдтӕн лӕдњсѵ јӕ фѵдӕј, ӕмӕ чѵздњсѵ јӕ мадӕј, ӕмӕ чѵндзѵ јӕ ӕфсінӕј бајўарѵнӕн.

36. Ӕмӕ адӕјмагӕн јӕ знӕгтӕ јӕ хӕдзаронтӕ стѵ.

37. Јӕ фѵдѵ кӕнӕ јӕ мадѵ Мӕнӕј фѵлдӕр чі ўарзѵ, ўј Мӕн аккаг нӕ у; ӕмӕ јӕ фѵртѵ кӕнӕ јӕ чѵздњсѵ Мӕнӕј фѵлдӕр чі ўарзѵ, ўј Мӕн аккаг нӕ у.

38. Ӕмӕ јӕ дзўар, чі нӕ рајса ӕмӕ Мӕ фӕдѵл чі нӕ цўа; ўј Мӕн аккаг нӕ у.

1) лѵстӕг ӕхца

39 Jæ удѵ чi бададдæна, ўj jæ фесафцæнi; фæлæ
jæ удѵ чi фесафа Мæн тѵххæj, ўj jе бададдæндзæнi.
40. Смах чi iсѵ, ўj Мæн iсѵ; æмæ Мæн чi iсѵ,
ўj iсѵ Мæ рарвiтæдњсѵ.
41. Пæхумпарѵ чi iсѵ, пæхумпарѵ номѵ тѵххæj,
ўj раjсцæнi пæхўмпарѵ лæвар: æмæ рæстѵ чi
iсѵ, растгæнæдњсѵ номѵ тѵххæj, ўj раjсцæнi рæст-
гæнæдњсѵ лæвар.
42. Æмæ ацѵ чѵсѵлтæj jўæн чi баназѵнкæна
æрмæст ўазал донѵ ќус, ахўргæнæдњсѵ номѵ тѵххæj:
ўj, ацæг ўн зæђѵн, нæ фесафцæнi jæ мѵзд.

## СÆР 11.

1. Æмæ Jесо Jæ амонѵндзiнæдтæ кў фæцi Jæ
дуўадæс ахургæнiнæгтæн; ўæд урдгæj ацѵдi удон
сахартæм амонѵн æмæ ахуркæнѵнмæ.
2. Jоанн та кў феqўста талѵнг ахæстдонѵ
Чѵрѵстii qўдтæгтѵ тѵххæj, ўæд рарвѵста jæ
ахургæнiнæгтæj дуўæi,
3. Умæн зæђѵнмæ: æрцæўiнаг Чi у ўj Дѵ дæ,
æвi æндæрмæ æнqæлмæ кæсæм?
4. Æмæ сѵн Jесо захта дзуаппæн: цæўгæут,
зæђут Jоаннæн цѵ qусут, æмæ цѵ унут, ўj.
5. Кўрмѵтæ унѵнц æмæ ќўлѵхтæ цæўнц, qотѵр-
дњсѵнтæ сѵђдæгкæнѵнц æмæ ќўрматæ qусѵнц,
мæрдтæ æгаскæнѵнц æмæ мæгўртæ хорзўацqўд
qусѵн кæнѵнц.
6. Æмæ тæхудiаг у, Мæн тѵххæj чi нæ фæрæ-
дijа, ўj.
7. Æмæ удон кў ацѵдѵстѵ; ўæд Jесо баjдѵдта
адæмæн дзурѵн Jоаннѵ тѵххæj: цѵ унѵнмæ цѵ-
дѵстут смах æдзæрæгранмæ? дѵмгæjæ æнќўскæ
qæзѵ мѵjаг?
8. Ўæдæ цѵ унѵнмæ цѵдѵстут смах? Фæлмæн
дарæстѵ арæст лæдњсѵ унѵнмæ мѵjаг? фæлмæн
дарæс дардњсѵтæ патцахтѵ хæдзæрдтѵ вæjiнц.

9. Ўæдæ цv унvнмæ цvдvстут? пæхумпарv? hај-
hај, зæђvн смахæн, пæхўмпарæј дæр стvлдæрv.
10. Цæмæјдæрідтæр ўј у, фvст кæј тvххæј іс:
мæнæ, Æз æрвітvн Мæ Зæдv Дæ цæскомv размæ,
кæцv Дvн сцæдтæкæндзæн Дæ фæндаг Дæ разv.
(Малак. 3, 1).
11. Æцæг ун зæђvн: усæј гўрдтæј Арђаўæг Јоан-
нæј стvлдæр нæ ўді: фæлæ ўæларвон патцахадv
ќадтæр кæј хонvнц, ўј умæј стvлдæр у.
12. Арђаўæг Іоаннv бонтæј нvрмæ ўæларвон
патцахад тvхæј іскæ у, æмæ јæ сæ тvх чі qара,
удонісvнц.
13. Цæмæјдæрідтæр пæхумпартæ сеппæт æмæ
дін Јоаннv онг сæ дзvрд фестv.
14. Æмæ ўæ кæд зонvн фæндv, ўæд ўј Іліа у,
æрцæун кæўл æмбæлv.
15. Qусvнæн qустæ кæмæн іс, ўј qусæд!
16. Фæлæ кæј хузæн скæнон ацv мvгкадњсv? Ўј
свæллæдтv хузæн у, ўнгтv чі бадvнц, æмæ сæ
æмбæлдтæм сідгæјæ,
17. Чі дзурvнц: мах ўн ўадvндзæј ўасvдvстæм,
æмæ смах нæ кафvдvстут; мах ўн зарvдvстæм
ўнгæдњсv зардњсvтæ, æмæ смах нæ дзvнæзстат.
18. Цæмæјдæрідтæр æрцvді Јоанн æмæ нæдæр
хæрv, нæдæр нўазv; æмæ дзурvнц: ўј хæјрæгдњсvн у.
19. Æрцvді адæјмадњсv Фvрт, хæргæ дæр кæнv
æмæ нўазгæ дæр кæнv; æмæ дзурvнц: мæнæ,
лæг, хæрvн æмæ нўазvн чі ўарзv, qалонісдњсvтv
æмæ тæріђæддњсvнтv лvмæн. Æмæ зондзінад
сбæрæг јæ зæнæгæј.
20. Ўæд Уј, Јæ тvхтæ ідтæгдæр кæм разvндvстv,
уцv сахартæн ўајдзæфтæкæнvн бајдvдта, кæј нæ
фæфæсмонкодтој ўјтvххæј.
21. Мæгўр дæ бон, Хоразін! мæгўр дæ бон,
Віфсаід! цæмæјдæрідтæр Тірv æмæ Сідонv кў
фæзvндајккој смах æхсæн цv тvхтæ фæзvндvстv;
ўæд удон хæррæђтv æмæ фæнvчv фæфæсмон-
кодтајккој радњсv.
22. Фæлæ ун зæђvн: Тіræн æмæ Сідонæн
qајмæтv бонv смахæј æнцондæр удзæні.

23. Дv дæр, Капернаум, æрвтv онг чі сбæрзонд
дæ, зvндонv онг нvххаўдзvнæ; цæмæјдæрідтæр
Содомv кў фæзvндајккој, дæ мідæг цv тvхтæ фæ-
зvндvстv удон; ўæд ўј баззадаід ацv бонv онг.
24. Фæлæ ўн зæƀvн: Содомv бæстæн дæўæј
æнцондæр удзæні qајмæтv бонv.
25. Ўæд Јесо нvхасгæнгæјæ захта: стаўн
Дæў, Мæ Фvд, арвv æмæ зæххv Хіјцаў! дæснvтæј
æмæ зонддҥсvнтæј Дv ај кæј бамбæхстај, æмæ
јæ свæллæдтæн кæј сæргомкодтај.
26. О, Мæ Фvд! цæмæјдæрідтæр афтæ уді Дæ
хорзфæндон.
27. Мæнæн æппæт лæвæрд у Мæ Фvдæј, æмæ
нічі зонv Фvртv, Фvдv једтæмæ; æмæ Фvдv дæр
нічі зонv, Фvртv једтæмæ, æмæ Фvртv раргом-
кæнvн кæмæн бафæнда ўј једтæмæ.
28. Æрцæут Мæм фæллојгæндҥсvтæ æмæ
ўæззаўўарƀдҥсvнтæ æппæт, æмæ ўæ Æз æрvн-
цаінкæнон.
29. Сæвæрут Мæ æфсондз ўæхіул, æмæ сахўрут
Мæнæј: цæмæјдæрідтæр Æз сабvр æмæ зæр-
дæфæлмæн дæн; æмæ ссардзvстут ўæ удтæн
æнцојад.
30. Цæмæјдæрідтæр Мæ æфсондз хорз у, мæ
ўарƀ та рог у.

## СÆР 12.

1. Ўцv афонv фæцæјцvді Јесо зад хўмтvл
сабатбонv; æмæ Јæ ахўргæнінæгтæ сvстонгvстv,
æмæ æфсіртæ тонvн бајдvдтој æмæ сæ хордтој.
2. Фарісејтæ, ўј фенгæјæ, захтој Умæн: мæнæ,
Дæ ахўргæнінæгтæ, сабатбонv кæнvн цv нæ
фæтдҥсv, ўј кæнvнц.
3. Фæлæ сvн Ўј захта: нæ бакастvстут цv,
Давід цv бакодта ўј, кў сvстондҥсі јæмæ чі уді
удонімæ, ўæд?

4. Ўј Хуцаўѵ хæдзармæ кўд бацѵді, æмæ кўд
бахордта кувæндонѵ дзултæ, хæрѵн кæј нæ æм-
бæлді нæдæр уўл, нæдæр јæмæ ўовдџсѵтѵл,
æрмæст јўнæг саўдџсѵнтѵ једтæмæ?
5. Кæнæ нæ бакастѵстут цѵ дінѵ, арђўанѵ
саўдџсѵнтæ сабатбонтѵ сабат кæј халѵнц ўј,
фæлæ ўæдтæр зѵлѵн кæј не стѵ?
6. Фæлæ ўн зæђѵн: ам іс, арђўанæј стѵлдæр чі
у, Ўј.
7. Æмæ смах кў зоніккат цѵ амонѵнц ацѵ дзѵрд-
тæ: нѵвонд нæ, фæлæ Мæ хæлар зæрдæ qæўѵ,
ўæд нæ æфхæріккат æнæаххосдџсѵнтѵ. (Осіаі 6, 6).
8. Цæмæјдæріџтæр адæјмадџсѵ Фѵрт сабатѵ
Хіјцаў дæр у.
9. Æмæ ўрдгæј ацæўгæјæ, бацѵді сæ нѵхасмæ
(æмбѵрдгæнæнмæ).
10. Æмæ мæнæ, ум ўді јў ахæм лæг, јæ ќух
хўсќ кæмæн уді, æмæ цæмæј Јæсоі фæзѵлѵнкæноі
ўјтѵххæј Јæ бафарстој: сабат бонѵ дзæбæхкæнѵн
æмбæлѵ?
11. Ўј та сѵн захта: смахæј іскæмæ јў фѵс кў
ўа, æмæ ін сабат бонѵ ормѵ кў нѵххаўа: ўæд æј
цѵмæ нæ сісцæні æмæ јæ нæ сласцæні?
12. Ўæд лæг та цас хуздæр у фѵсæј! афтæ
ўодæ сабат бонѵ дæр хорзкæнѵн æмбæлѵ.
13. Ўæд уцѵ лæгæн захта: ајваз дæ ќух; æмæ
јæ ўј аівæста; æмæ ўј сдзæбæхі јæ іннæ ќухаў.
14. Фарісејтæ та рацѵдѵстѵ æмæ Іл сафѵнѵ
фæнд скодтој. Фæлæ Јесо базѵдта ўј, æмæ
ацѵді урдгæј.
15. Æмæ Умæн Јæ фæдѵл ацѵді бірæ адæм,
æмæ Ўј сеппæтѵ дæр сдзæбæхкодта.
16. Æмæ сѵн бафæдзæхста, кўд нæ јæ сqæр-
кæној афтæ.
17. Цæмæј æрцæўа пæхумпар Јсајаі дзѵрд,
афтæ чі зæђѵ.
18. Мæнæ, Мæ Тæрѵн, Æз кæј сæвзæрстон,
Ўј, Мæ ўарзон, Мæ Уд хæлар кæмæ у, Уј. Сæ-
вæрдзѵнæн Уўл Мæ Уд, æмæ феqусѵнкæндзæні
адæмæн растдзінад.

19. Ўæлдај нæ зæђдзæн, нæдæр сqæркæндзæн, æмæ Ін нічі феqусцæн Јæ qæлæс ўнгтv.

20. Ц́æл qæзv нæ асæтцæні, æмæ судзгæ гæн нæ бахўссvнкæндзені, цалvммæ Јæ растдзінад нæ фæўæлахіз ўа ўалvнмæ.

21. Æмæ Јæ номæј нvфсдњсvн удзvстv адæмтæ. (Јсајај 42, 1, 2, 3).

22. Ўæд Æм æркодтој хæјрæгдњсvн кўрмv æмæ æгомvдњсv; æмæ јæ сдзæбæхкодта, афтæ æмæ кўрм æгомvг дзурvн дæр æмæ ўнvн дæр бајдvдта.

23. Адæм æппæт діс кодтој æмæ дзvрдтој: Ај, Давідv фvрт, Чvрvсті нæў нæ?

24. Фарісејтæ та ўј кў феqўстој, ўæд захтој: Ўј хæјрæдњсvтv сурv æрмæст хæјрæдњсvтv æлдар веелзевулv тvхæј.

25. Фæлæ Јесо удонæн сæ зæрдæі фæндтæ зvдта æмæ сvн захта: алv патцахад јæхæдæг јæхі мідæг кў фæдіх ўа, ўæд федзæрæг удзæні; æмæ алv сахар, кæнæ хæдзар јæхæдæг јæхі мідæг кў фæдіх ўа, ўæд нæ фæлæўдзæні.

26. Æмæ кæд сајтан сајтанv сурv; ўæд ўј јæхæдæг јæхіімæ фæдіх: афтæмæј ма кўд нvллæўдзæні умæн јæ патцахад?

27. Æмæ кæд Æз веелзевулv тvхæј сурvн хæјрæдњсvтv; ўæд ўæ фvрттæ та кæј тvхæј сурvнц? æмæ ўн ўјтvххæј удон удзvстv тæрхонгæндњсvтæ.

28. Нæ мæ кæд Æз Хуцаўv Удæј сурvн хæјрæдњсvтv; ўæд бæлвvрдæј æрхæтцæ смах онг Хуцаўv патцахад.

29. Кæнæ кўд бафæраздзæні ісчі тvхдњсvнv хæдзармæ бацæўн, æмæ ін јæ дзаўматæ рахæссvн, раздæр тvхдњсvнv кў нæ сбæдта ўæд? æмæ ін ўæд јæ хæдзар фæхæліўкæндзæні.

30. Мемæ чі нæ іс, ўј Мæ нvхмæ лæўv; æмæ Мемæ чі нæ æмбvрдкæнv, ўј дзæђæл сафv.

31. Ајтvххæј ун зæђvн: алv тæріђæд æмæ фаундзінад барст удзvстv адæмæн, фæлæ Удv фаундзінад барст нæ удзæні адæмæн.

32. Æмæ ісчі кў рафаўа адæјмадњсѵ Фѵртѵ,
ўæд ѵн барст ўдзæні: фæлæ ісчі Сѵҕдæг Удѵ кў
рафаўа, ўæд ѵн барст нæ удзæні нæдæр ацѵ
афонѵ, нæдæр сўјнаг афонѵ.

33. Кæнæ бæлас хорз хонуҕ æмæ јæ дѵрҕ дæр
хорз: кæнæ јæ æвзæр хонут æмæ ін јæ дѵрҕ
дæр æвзæр: цæмæјдæрідтæр бæлас бæрæг у јæ
дѵрҕæј.

34. Калмѵ зæнæг! хорз дзурѵн кўд фæразут,
æвзæр ўовҕæјæ? цæмæјдæрідтæр зæрдæ æгæр
дзагæј дзурѵ дзѵх.

35. Хорз лæг хорз хæзнадонæј рахæссѵ хорз;
фѵдлæг та, фѵтдонæј рахæссѵ фѵдбѵлѵз.

36. Смахæн та зæҕѵн, кўд алѵ дзæҕæл дзѵрдѵ
тѵххæј, адæм кæј зæҕој, ратцѵстѵ дзўап qајмæтѵ
бонѵ.

37. Цæмæјдæрідтæр дæ дзѵрдтæј сраст удзѵнæ,
æмæ дæ дзѵрдтæј фæзѵлѵн удзѵнæ.

38. Ўæд чінѵдњсѵдæснѵтæј æмæ фарісејтæј јўæј-
јўтæ захтој: Ахургæнæг! фæндѵ нæ Дæўæј істѵ
нѵсан фенѵн.

39. Фæлæ сѵн Ўј дзуаппæн захта: хінæјдзаг æмæ
хæтæг мѵккаг агурѵ нѵсан, æмæ ін нѵсан лæвæрд
нæ удзæні, пæхумпар Јонаі нѵсанѵ једтæмæ.

40. Цæмæјдæрідтæр Јона кіт-кæфѵ губѵнѵ æртæ
бонѵ æмæ æртæ æхсæвѵ кўд уді, афтæ адæјмадњсѵ
Фѵрт дæр æртæ бонѵ æмæ æртæ æхсæвѵ удзæні
зæххѵ мідæг.

41. Ніневіегтæ нѵллæўдзѵстѵ тæрхонѵл ацѵ
мѵккадњсімæ, æмæ јæ базѵлѵнкæндзѵстѵ: цæмæј-
дæрідтæр удон Јонаі амонѵнæј фæфæсмонкодтој;
æмæ, мæнæ, ам та Јонајæ стѵлдæр іс.

42. Хурварсѵрдѵгон ус-патцах нѵллæўдзæні тæр-
хонѵл ацѵ мѵккадњсімæ, æмæ јæ базѵлѵнкæндзæ-
ні; цæмæјдæрідтæр ўј æрцѵді бæстѵ кæронæј Со-
ломонѵ зондмзінадмæ бајqусѵнмæ; æмæ мæнæ,
ам та Соломонæј стѵлдæр іс.

43. Æнæзæҕінаг уд лæгæј кў рацæўѵ, ўæд зілѵ
сур рæдтѵ, анцојад агурѵ, æмæ јæ нæ арѵ.

44. Ўæд зæӡѵ: баздæхон мæ хæдзармæ, кæцæј
рацѵдтæн, урдæм. Æмæ æрцæўѵ, æмæ јæ ссарѵ
афтідæј, марстæј æмæ æфснајдæј.
45. Ўæд ацæўѵ æмæ æркæнѵ јæмæ æндæр авд
хæјрæдџсѵ, јæхіцæј фѵдтæртѵ, æмæ јæм бацæунц,
æмæ дзѵ цæрѵнц: æмæ вæјѵ уцѵ лæгæн фæстагон
фѵтцагонæј фѵдтæр. Афтæ удзæні ацѵ хінæјдзаг
мѵккадџсімæ лæр.
46. Æмæ ма Уј адæмæн кў нѵхаскодта, ўæд Јæ
мад æмæ Јæ æфсѵмæртæ лæўўдѵстѵ адтіје, æмæ
сæ фæндѵді Ујімæ дзурѵн.
47. Æмæ Ін чідæр захта: мæнæ, Дæ мад æмæ
Дæ æфсѵмæртæ æдтіје лæўўнц æмæ сæ Демæ
дзурѵн фæндѵ.
48. Ўј та дзурæгæн дзуаппæн захта: чі у Мæ
мад? æмæ чі стѵ Мæ æфсѵмæртæ?
49. Æмæ, Јæ ќухæј Јæ ахургæнінæгтѵ бацамон-
гæјæ, захта: мæнæ, Мæ мад æмæ Мæ æфсѵмæртæ.
50. Цæмæјдæрідтæр Мæ ўæларвон Фѵдѵ фæндон
æххæст чі кæна; ўј у Мæ æфсѵмæр дæр, Мæ хо
дæр, æмæ Мæ мад дæр.

## СÆР 13.

1. Æмæ уцѵ бон хæдзарæј кў рацѵді Јесо,
ўæд æрбадті дендџсѵзѵ бѵлѵл.

2. Æмæ Јæм афтæ бірæ адæм æрæмбѵрді, æмæ
Уј бахѵсті бæлæӡмæ, æмæ дзѵ æрбадті; адæм та
сеппæт лæўўдѵстѵ бѵлѵл.

3. Æмæ сѵн бірæ амѵдта фæсномѵгнѵхæстæј,
æмæ сѵн дзѵрдта: мæнæ рацѵді таўæг таунмæ.

4. Æмæ уј кў тѵдта; ўæд јўæј-јў нæмгўтæ æрхаў-
дѵстѵ фæндаггæрон; æмæ мæрӡтæ æртахтѵстѵ,
æмæ сæ сўіхтој.

5. Јўæј-јўтæ æрхаўдѵстѵ дурдџсѵн бѵнатѵл,
сѵдџсѵт бірæ кæм нæ уді, æмæ ўајтаӡд равзæр-
дѵстѵ, умæн-æмæ зæхх арф нæ уді.

6. Æмæ хур кў ссvді, ўæд басvђдvстv, æмæ сvн ўідаг кæj нæ уді, ўjтvххæj бахусvстv.

7. Jўæj-jўтæ æрхаўдvстv сvндзvтv æхсæн, æмæ сзадvстv сvндзvтæ, æмæ сæ не сўахтоj.

8. Jўæj-jўтæ та æрхаўдvстv хорз зæххvл, æмæ хорз æфсір рафтvдтоj: jўæj-jў фондзссæдз нæмvдюсv, jўæ-jў æртіссæдз, jўæ-jў та дæсæмæссæдз.

9. Qусvнæн qустæ кæмæн іс, уj qусæд.

10. Æмæ Jæм æрбацvдvстv Jæ ахургæнінæгтæ æмæ Ін захтоj: цæjтvххæj сvн фæсномvгнvхæстæj дзурvс?

11. Ўj сvн захта дзуаппæн: ўjтvххæj, æмæ смахæн лæвæрд у ўæларвон патцахадv сусæгдзінæдтv зонvн, фæлæ удонæн лæвæрд нæў.

12. Цæмæjдæрідтæр кæмæ іс, умæн лæвæрд удзæні, æмæ ін фæфvлдæр удзæні; фæлæ кæмæ нæj, умæj іст удзæн, цv jæм іс ўj дæр.

13. Ўjтvххæj сvн дзурvн фæсномvгнvхæстæj, æмæ удон унгæjæ нæ унvнц, æмæ qускæjæ нæ qусvнц, æмæ нæ æмбарvнц.

14. Æмæ сvл цæўv пехумпар Ісаіаі раздæрдзvрд, афтæ чі зæђv: ўæ qустæj феqусцvстут, æмæ нæ бамбардзvстут; æмæ ўæ цæстvтæj кæсцvстут, æмæ нæ фендзvстут.

15. Цæмæjдæрідтæр нvлдурі уцv адæмæн сæ зæрдæ, æмæ сæ qустæj зvнæj qусvнц, æмæ сæ цæстvтæ баўvндкодтоj, цæмæj сæ цæстvтæj ма феноj, æмæ сæ qустæj мæ феqусоj, æмæ сæ зæрдæjæ ма бамбароj, æмæ ма раздæхоj, цæмæj сæ Æз сдзæбæхкæнон. (Jcaiai 6, 9, 10).

16. Фæлæ смахæн та тæхудіаг стv ўæ цæстvтæ, кæj унvнц ўjтvххæj, æмæ ўæ qустæ, кæj qусvнц ўjтvххæj!

17. Цæмæjдæрідтæр ўн æцæг зæђvн: бірæ пæхумпартv æмæ рæстvтv фæндvді, смах кæj унут, ўj фенvн, æмæ нæ федтоj, æмæ, смах кæj qусут, уj qусvн, æмæ нæ феqўстоj.

18. Смах та бајqусут таўæдюсv фæсномvгнvхас цv у, умæ.

19. Алкæмæ, патцахадѵ дзѵрд qусæгмæ, æмæ
jæ нæ æмбаргæмæ, хінæjдзаг æрцæўѵ, æмæ
аскæфѵ jæ зæрдæіл тѵд цѵ вæjѵ, уj: мæнæ,
фæндаггæрон тѵд чі уді, ўj аj у.
20. Дурдꙗсѵн ран тѵд чі уді, ўj та уj нѵсан у:
дзѵрдмæ чі qусѵ, æмæ jæ уцѵ сахатѵл цінгæн-
гæjæ чі ісѵ;
21. Фæлæ jæ мідæг нæj ўідаг æмæ jўзæрдѵгон
нæў: Æмæ іл унгæгдзінад, кæнæ афхæрд кў
æмбæлѵ дзѵрдѵ тѵххæj, ўæд уцѵ сахатѵл дæр
афæлівѵ.
22. Æмæ сѵндзѵтѵ æхсæн тѵд чі у, ўj та уj
нѵсан у, дзѵрдмæ чі qусѵ, фæлæ ацѵ афонѵ мæт
æмæ qæздѵгадѵ саjæндзінад бакўрмакæнѵ дзѵрдѵ,
æмæ ўj æнæдѵрҕ баззаji.
23. Хорз зæххѵл тѵд та ўj нѵсан у дзѵрдмæ чі
qусѵ æмæ jæ чі æмбарѵ,уj æфсірдꙗсѵн вæji, афтæ-
æмæ, — чі фондзссæдз æфсірѵ рафтаўѵ, чі æрті-
ссæдзѵ, чі та дæсæмæссæдз.
24. Æндæр фæсномѵгнѵхас захта Уj удонæн:
ўæларвон патцахад, хорз мѵккаг чі баjтѵдта jæ
хўмѵ, уцѵ лæдꙗсѵ хузæн у.
25. Æмæ jæ лæгтæ кў хуссѵдѵстѵ, ўæд æрцѵді
jæ знаг, æмæ баjтѵдта мæҕæлда мæнæўѵ æхсæн,
æмæ ацѵді.
26. Мæнæў кў равзæрді, æмæ æфсіртæ æвтаун
кў баjдѵдта; ўæд фæзѵндѵстѵ мæҕæлдатæ дæр.
27. Æмæ кусдꙗсѵтæ кў æрцѵдѵстѵ, ўæд захтоj
хæдзарѵ хіцаўæн: хіцаў! дæ зæххѵ хорз мѵккаг
нæ баjтѵдтаj нæ? ўæдæ дзѵ мæҕæлдатæ кæцæj
фестѵ?
28. Уj сѵн захта: знаглæг бакодта ўj. Кусдꙗсѵтæ
ін захтоj: кæд дæ фæндѵ, ўæд мах ацæўдзѵстæм
æмæ сæ барувдзѵстæм?
29. Фæлæ сѵн уj захта: нæ! мæҕæлда рувгæjæ
мæнæў дæр æртондзѵстут мѵjаг.
30. Нѵўадзут, срæзæнт сæ дуўæ дæр jўмæ кæр-
дѵнѵ онг! æмæ кæрдѵнѵ афонѵ æз зæҕдзѵнæн
хумгæрддꙗсѵтæн: фѵтцаг æрæмбѵрдкæнут мæҕæл-

датæ, æмæ сæ сбæдтут кўрістæ басудзvнæн;
фæлæ мæнæў та æрæмбvрдкæнут мæ хордонv.
31. Æндæр фæсномvгнvхас захта Уј удонæн:
ўæларвон патцахад qvц́vі нæмvдњсv хузæн у, лæг
кæј рајста, æмæ јæ бајтvдта јæ зæххvл.
32. Уј мvккæгтæ æппæтæј кæд чvсvлдæр у,
ўæдтæр кў æрзаји, ўæд халсæртæ сеппæтæј
стvлдæр вæји, æмæ свæји бæлас, афтæ-æмæ
арвон мæрђтæ æртæхvнц, æмæ јæ ќабузтv бvн
сæхі æмбæхсvнц.
33. Æндæр фæсномvгнvхас захта Уј удонæн:
ўæларвон патцахад æнqізæнv хузæн у, ус кæј ра-
јста, æмæ ссадv æртæ барæнv кæј цæвæрдта,
цалvммæ јўўлдæр сæнqvстаід ўалvммæ.
34. Адон јўўлдæр дзvрдта Јесо адæмæн фæ-
сномvгнvхæстæј; æмæ сvн æнæ фæсномvгнv-
хæстæј ніцv дзvрдта;
35. Цæмæј æрцæўа пæхумпарv дзvрд, кæцv
зæђv: бајгомкæндзvнæн мæ дзvх фæсномvгнv-
хæстv; æмæ зæђдзvнæн дунеі сфæлдісæнæј нvрмæ
нvмæхст qудтæгтæ. (Псал. 77, 2).
36. Ўæд Јесо аўахта адæмv, æмæ бацvді
хæдзармæ. Æмæ Јæм бацvдvстv Јæ ахургæні-
нæгтæ, æмæ Ін захтој: бамбарvн нvн кæн уцv
зæххvл тvд мæђæлдатv фæсномvгнvхас.
37. Уј сvн дзуап захта: хорз мvккаг таўæг
адæјмадњсv Фvрт у.
38. Бvдvр у дуне; хорз мvккаг патцахадv
фvрттæ стv; мæђæлдатæ та хінæјдзадњсv фvрттæ.
39. Удон бајтаўæг знаг хæјрæг у; кæрдvн афон
дунеі фæун у, кæрдднсvтæ та зæдтæ стv.
40. Æмæ мæђæлдатv кўд æрæмбvрдкæнvнц
æмæ сæ артv кўд басудзvнц; афтæ ўдзæні ацv
дунеі фæўнv дæр.
41. Рарвітцæні адæјмадњсv Фvрт Јæ зæдтv,
æмæ æрæмбvрдкæндзvстv Јæ патцахадæј сајæн-
дзінæдтæ æппæтv, æмæ æнææђдаўгæндњсvтv.
42. Æмæ сæ баппардзvстv судзгæ пецv; ум
удзæні кæун æмæ дæндæгтv qvсqvс.

43. Ўæд рæствтæ сæрдтівдзвств хураў, сæ Фвдв
патцахадв. Qусвнæн qустæ кæмæн іс, уј qусæд!
44. Нодњсв: ўæларвон патцахад бвдврв æмбæхст
хæзнаі хузæн у, лæг кæј ссарв æмæ кæј банв-
мæхсв, æмæ уўл цінгæнгæјæ ацæўв æмæ ін цв
іс, удон јўўлдæр аўæјкæнв, æмæ балхæнв уцв
бвдвр.
45. Нодњсв: ўæларвон патцахад хорз налqўт
агурæг сæўдæдњсерв хузæн у.
46. Кæцв јў звнарђ налqўт кў ссардта, ўæд
ацвді, æмæ аўæјкодта, цв јæм уді, удон јўўлдæр,
æмæ јæ балхæдта.
47. Нодњсв: ўæларвон патцахад дендњсвзв æп-
пæрст, æмæ алв мвккаг кæфтæ æрцахсæг хвзв
хузæн у.
48. Æмæ уј кў бајдзадњсі, ўæд æј раластој
бвлмæ, æмæ æрбадтвств, æмæ хæрзтв равзæрстој
мігæнæнтæм, æвзæртв та æдтæмæ аппæрстој.
49. Афтæ удзæні дунеі фæунв дæр: æрцæўдзв-
ств зæдтæ æмæ ахіцæнкæндзвств тæрігæддњсвнтв
рæствтв æхсæнæј.
50. Æмæ сæ баппардзвств судзгæ пецв: ум
удзæні кæун æмæ дæндæгтв qвсqвс.
51. Æмæ сæ бафарста Јесо: бамбæрстат, цв,
адон јўўлдæр? Удон Вн захтој: о, Хіјцаў.
52. Уј та свн захта: Ајтвххæј алв чінвдњсвдæснв,
ўæларвон патцахадвл ахургонд чі у, уј уцв хæ-
дзарв хіцаўв хузæн у, јæ хæзнадонæј ног дæр
æмæ зæронд дæр чі рахæссв.
53 Æмæ Јесо уцв фæсномвгнвхæстæ кў
фæці, ўæд ацвді урдвгæј.
54. Æмæ æрцвді јæ фвдвбæстæм, æмæ свн
амвдта сæ нвхæств, афтæ—æмæ удонмæ діс
касті, æмæ дзврдтој: кæцæј Јæм іс ахæм бірæ-
зонддзінад æмæ твхтæ?
55. Qæдгарзгæнæдњсв фврт нæў нæ Уј? Јæ мад
Маріам нæ хўінв нæ, æмæ Јæ æфсвмæртæ Јаков,
æмæ Јосіа, æмæ Сімон, æмæ Јуда?
56. Æмæ Јæ хотæ сеппæт нæ æхсæн не ств
нæ? Ўæдæ Јæм кæцæј ств адон æппæт?

57. Æмæ рæдvдvстv Уј тvххæј. Јесо та сvн
захта: нæ вæјі пæхумпар æгад кæд æрмæст јæ
фvдvбæстv æмæ јæ хæдзарv, ўјједтæмæ.
58. Æмæ дзv бірæ діссæгтæ нæ скодта ум сæ
æнæурнvнv тvххæј.

## СÆР 14.

1. Ўцv афонv Ірод цvппарбæстv хіцаў феqуста
Јесоі тvххæј ўацqўд.
2. Æмæ захта јæ разv кусдњсvтæн: Уј Арђаўæг
Јоанн у; уј мæрдтæј рајгасі, æмæ ўјтvххæј умæј
діссæгтæ вæјінц.
3. Цæмæјдæрідтæр Ірод æрцахста Јоаннv, сба-
ста јæ, æмæ јæ талvнгахæстдонv бакодта, јæ
æфсvмæр Філіппv усv, Іродіадаі тvххæј;
4. Јоанн ін кæј дзvрдта: нæ æмбæлv дæўл уј
усæн дарvн.
5. Æмæ јæ уј амарvн фæндvді, фæлæ адæмæј
тарсті, пæхумпарvл æј кæј хvхтој, ўјтvххæј.
6. Æмæ Іродæн јæ гўрæнбон кувдv, Іродіадајv
чvзг кафvд æмбvрдv раз, æмæ Іродмæ хорз
фæкасті.
7. Ујтvххæј ін уј æрдæј нvпбаста, цvдæрідтæр,
цv дзv ракура, ўј радтvн.
8. Уј та, јæ мадv ардvдæј, захта: радт мvн ам
тæбæђvл Арђаўæг Јоаннv сæр.
9. Патцах сўнгæдњсі, фæлæ јæ ардv тvххæј æмæ
јæмæ мінасгæндњсvтv тvххæј ін æј радтvн кодта.
10. Æмæ арвvста талvнгахæстдонмæ Јоаннv
сæр ралvгкæнvнмæ.
11. Æмæ æрхастој тæбæђvл јæ сæр, æмæ јæ
радтој уцv чvзгæн; ўј та јæ јæ мадмæ бахаста.
12. Æмæ јæ ахургæнінæгтæ æрцvдvстv, ахастој
ін јæ бўар, æмæ јæ банvгæдтој, æмæ ацvдvстv
æмæ феqусvнкодтој Јесојæн.
13. Æмæ Јесо ај кў феqўста, ўæд ацvді
ўрдvгæј бæлæђvл æдзæрæгбæстæм јўнæгæј; æмæ

ўј кў феqўстој, ўæд ацvдvстv Уј фæдvл сахартæј
фістæгæј.
14. Æмæ Јесо кў рахvсті, ўæд федта бірæ
адæмv, æмæ сvн тæріƀæд фæкодта, æмæ сvн
сдзæбæхкодта сæ рvнчvнтv.
15. Æмæ кў баізæрі, ўæд Æм Јæ ахургæнінæгтæ
æрбацvдvстv, æмæ Ін захтој: ам афтід ран у,
æмæ афондæр баірæдђсv, аўадз адæмv, цæмæј
ацæўој qæўтæм, æмæ сæхіцæн хæрінаг балхæној.
16. Фæлæ сvн Јесо захта: цæун сæ нæ qæўv;
смах сvн радтут хæрінаг.
17. Удон та Ін захтој: махмæ іс ам æрмæст
фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv.
18. Уј сvн захта: æрхæссут Мæм сæ ардæм.
19. Æмæ адæмv кæрдæгўл æрбадvнкодта æмæ
рајста фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv, скасті
ўæларвмæ, арфæракодта, æмæ сæ асаста æмæ
радта дзултæ ахургæнінæгтæн, ахургæнінæгтæ
та сæ радтој адæмæн.
20. Æмæ бахордтој сеппæт, æмæ бафсæстvстv;
æмæ æрæмбvрдкодтој, цv кæбæртæ баззадvстv
удонæј, дуўадæс чvрвазv дзаг.
21. Чі хордта, удон та удvстv фондз мін лæдђсv
бæрц, устvтv æмæ сvвæллæдтv једтæмæ.
22. Æмæ ўцv сахатvл Јесо унаффæбакодта
Јæ ахургæнінæгтæн бæлæƀv бахізvн æмæ Јæ
фvтцаг ацæўн іннæ фарсмæ, цалvммæ Уј адæмv
аўадза.
23. Æмæ адæмv кў аўахта, ўæд Уј ссvді хохмæ
јўнæгæј кувvнмæ; æмæ ізæрv дæр ум јўнæгæј
баззаді.
24. Бæлæƀ та дендђсvзv астæў уді, æмæ јæ
фæјлаўæнтæ хостој, цæмæјдæрідтæр ўад кодта
комкоммæ.
25. Ахсæвæн јæ цvппæрæм qaqqæнvнv афонv
бацvді удонмæ Јесо, дендђсvзvл цæўгæјæ.
26. Æмæ Јæ ахургæнінæгтæ кў федтој ден-
дђсvзvл æрбацæјцæўгæ, ўæд фæтарстvстv, æмæ
дзvрдтој: ај цæстvлўајæн у, æмæ тæрскæјæ
сqæркодтој.

27. Фæлæ сæм Јесо уцѵ сахатѵл сдзѵрдта, æмæ
сѵн захта: цæрдæг ут; aj Æз дæн, ма тæрсут.
28. Æмæ Ін Петр захта дзўап: Хіцаў! кæд ўј
Дѵ дæ, ўæд мæ Дæхімæ донѵл бацæўнкæ.
29. Уј та ін захта: рацу! Петр рахѵсті бæлæђæј
æмæ ацѵді донѵл, цæмæј Јесомæ бацæўа.
30. Фæлæ тѵхдѩсѵн ўад кў федта, ўæд фæтарсті,
æмæ донѵ нѵђўлѵн кў бајдѵдта, ўæд фæqæркодта:
Хіцаў, фервæзѵн мæ кæн!
31. Јесо уцѵ сахатѵл Јæ ќух адарђкодта, нѵх-
хæцѵді уўл, æмæ ін захта: гæзæмæурнæг! цæмæн
фæдѵзæрдѵг дæ?
32. Æмæ удон бæлæђмæ кў бацѵдѵстѵ, ўæд ўад
банцаді.
33. Æмæ бæлæђѵ чі удѵстѵ, удон Æм бацѵ-
дѵстѵ, бакўвтој Ін, æмæ захтој: бæлвѵрд Дѵ
Хуцаўѵ Фѵрт дæ.
34. Æмæ кў ахѵстѵстѵ, ўæд æрцѵдѵстѵ Геніса-
ретѵ бæстæм.
35. Æмæ Јæ ўцѵ ранѵ цæрдѩсѵтæ кў базѵдтој,
ўæд арвѵстој сæ бæстѵ алѵфарсѵрдæм, æмæ
æрхастој Умæ рѵнчѵнтæ æппæтѵ.
36. Æмæ Дзѵ кўрдтој, цæмæј сæ баўадза
æрмæст Јæ дарæсѵ кæронмæ бавналѵн, æмæ
Јæм чі æвнæлдта, удон дзæбæхкодтој.

## СÆР 15.

1. Ўæд Јерусалімаг чінѵдѩсѵдæснѵтæ æмæ фа-
рісејтæ æрцѵдѵстѵ Јесомæ æмæ Ін захтој:
2. Дæ ахургæнінæгтæ цæј тѵххæј халѵнц
фѵдæлтѵ фæдзæхст? цæмæјдæрідтæр нæ æхсѵнц
сæ ќухтæ, дзул кў хæрѵнц, ўæд.
3. Æмæ сѵн Уј захта дзуап: смах та цæј тѵххæј
халут Хуцаўѵ амѵндзінад ўæ фѵдæлтѵ фæдзæхстѵ
тѵххæј?
4. Цæмæјдæрідтæр Хуцаў бафæдзæхста: цѵт-
дѩсѵн дар дæ фѵдѵ æмæ дæ мадѵ; æмæ јæ фѵдæн,

кæнæ jæ мадæн фvтдзурæг мæлæтæj амæлæд.
(Рац. 20, 12. Дvкгагдiн. 21, 18, 19, 20, 21).
5. Смах та зæђут: iсчi кў зæђа jæ фvдæн, кæнæ
jæ мадæн: мæнæj дvл цv æвтiаг æмбæлv, ўj
фæўæд Хуцаўæн лæвар.
6. Ўæд умæн jæ бон у, каддњсvн нæ дарvн jæ
фvдv, кæнæ jæ мадv. Афтæмæj смах аппæрстат
Хуцаўv амvнддзiнад ўæ Фvдæлтv фæдзæхстv
тvххæj.
7. Цæстмæqустæ! смах тvххæj Iсаjа раздæр
хорз захта:
8. Æрæввахс вæjiнц Мæммæ ацv адæм сæ
дзvхтæj, æмæ Мæ сæ æвзагæj каддњсvн дарvнц;
сæ зæрдæ та дард у Мæнæj.
9. Фæлæ хумæтæдњсv каддњсvн дарvнц Мæн,
адæjмадњсv ахуркæнvнvл æмæ амvнддзiнадvл
ахургæнгæjæ. (Iсаjаi 29, 13).
10. Æмæ басiдтi адæммæ, æмæ сvн захта:
баjqусут æмæ бамбарут!
11. Дзvхv цv цæўv, ўj нæ æвзæркæнv адæjма-
дњсv, фæлæ дзvхæj цv рацæўv, ўj æвзæркæнv
адæjмадњсv.
12. Ўæд Æм æрбацvдvстv Jæ ахургæнiнæгтæ,
æмæ Iн захтоj: фарiсеjтæ, ацv дзvрд феqускæjæ,
кæj фæќўлvмпvстv, ўj зонvс цv?
13. Уj та сvн захта дзуап: алv халсар, Мæ
ўæларвон Фvд кæj нæ нvссахта, ўj jæ бvндзарæj
схаўдзæнi;
14. Нvўадзут сæ: удон кўрмvтv кўрм фæтдњсvтæ
стv, æмæ кўрм кўрмv кў акæна, ўæд сæ дуўæ
дæр ормv нvххаўдзvстv.
15. Петр та Iн захта дзуап: бамбарvн нvн кæн
ацv фæсномvгнvхас.
16. Jесо сvн захта: смах дæр нæ ма æмба-
рут нæ?
17. Æмæ нæ ма зонут нæ, кўд цvдæрiдтæр,
дзvхv цv цæўv, ўj губvнмæ нvццæўv, æмæ æд-
тæмæ æппæрст вæjи?
18. Фæлæ дзvхæj цv рацæўv, уj зæрдæjæ
рацæўv, æмæ ўj æвзæркæнv адæjмадњсv.

19. Цæмæјдæрідтæр зæрдæјæ рацæунц фvд-
вæндтæ, марvндзінæдтæ, хæтvндзінæдтæ, qахбај-
дзінæдтæ, хўснæгдзінæдтæ, мæнгæвдісæндзінæд-
тæ æмæ фаундзінæдтæ:
20. Удæдтæ сæвзæркæнvнц адæјмадџсv; фæлæ
æнæхсад ќухтæј хæрvн нæ æвзæркæнv адæјмадџсv.
21. Æмæ урдvгæј кў рацvді Јесо, ўæд ацvді
Тірv æмæ Сідонv бæстæм.
22. Æмæ мæнæ, Хананеаг ус, ўцv бæстæј ра-
цæўгæјæ, qæркодта Умæ: тæріђæд мvн бакæн,
Хіцаў, Давідv Фvрт! мæ чvзг ідтæг хæјрæгдџсvн у.
23. Фæлæ ін Уј дзvрд дæр нæ захта. Æмæ Јæм
æрбацvдvстv Јæ ахургæнінæгтæ, кўрдтој Дзv,
æмæ дзvрдтој: аўадз æј, нæ фæстæ кæј qæркæнv,
ўјтvххтæј.
24. Фæлæ Уј дзуап захта: Æз æрвvст дæн
рајсvн æрмæст Ізраілv хæдзарv сæфт фvстæм.
25. Уј та æрбацvді Умæ æмæ Ін кувгæјæ захта:
Хіцаў! аqаз мvн бакæн.
26. Фæлæ ін Уј захта дзуап: сvвæллæдтæј дзул
рајсvн æмæ јæ кўітæн аппарvн хорз нæў.
27. Уј захта: афтæ у, Хіцаў, фæлæ кўітæ дæр
хæрvнц, сæ хіцаўтv фvнгтæј цv муртæ хаўнц, удон.
28. Ўæд vн Јесо дзуап захта: О, усај! стvр у
дæ урнvндзінад; фæўæд дvн дæ фæндонvл. Æмæ
сдзæбæхі јæ чvзг тæккæ уцv сахатvл.
29. Урдгæј æцæўгæјæ æрцvді Јесо Галілеі
дендџсvзмæ; æмæ ссvді хохмæ, æмæ ум æрбадті.
30. Æмæ æрбацvдvстv Умæ бірæ адæм, æмæ
æркодтој ќўлvхтv, кўрмvтv, æгомvгтv, хўсчvтv
æмæ æндæр бірæтv; æмæ сæ цæвæрдтој Јесоі
ќæхтæм; æмæ сæ Уј сдзæбæхкодта;
31. Адæм та діскодтој, кў фæдтој æгомvгтv
дзургæјæ, хўсчvтv дзæбæхæј, ќўлvхтv цæўгæјæ
æмæ кўрмvгv унгæјæ, ўæд; æмæ кадџсvнкодтој
Ізраілv Хуцаўv.
32. Јесо та æрбасідті Јæ ахургæнінæгтæм,
æмæ сvн захта: тæріђæдкæнvн ацv адæмæн,
артæ бонv Мемæ кæј стv, æмæ сvн хæрінаг кæј

ніцѵ іс, ўјтѵххæј; стонгæј сæ аўадзѵн та Мæ нæ
фæндѵ, цæмæј ма бастајој фæндагўл.
33. Јæ ахургæнінæгтæ Ін захтој: кæцæј æрхæс-
сæм æдзæрæг бæстѵ ўјбæрц дзултæ, ајјас адæмѵ
цæмæј бафсадæм?
34. Амæ сѵн Јесо захта: цал дзулѵ ўæм іс?
Удон Ўн захтој: авд, æмæ јўчѵсѵл кæсæгтæ.
35. Ўæд адæмѵ æрбадѵн кодта зæххѵл.
36. Æмæ рајста авд дзулѵ æмæ кæсæгтѵ,
арфæракæнгæјæ сæ асаста, æмæ сæ радта Јæ
ахургæнінæгтæм, ахургæнінæгтæ та адæмæн
бајўæрстој.
37. Æмæ сеппæтдæр хордтој, æмæ бафсæстѵ-
стѵ; æмæ æрæмбѵрдкодтој сæ ўæлдæјдтæј авд
тæсчѵ дзадҗсѵ.
38. Чі хордта, удон та удѵстѵ цѵппар мін лæдҗсѵ,
устѵтѵ æмæ сѵвæллæдтѵ једтæмæ.
39. Æмæ кў аўахта адæмѵ, ўæд Уј бацѵді бæ-
лæӈмæ, æмæ æрцѵді Магдалінѵ бæстѵ арæнтæм.

## СÆР 16

1. Æмæ Јæм æрбацѵдѵстѵ фарісетæ æмæ са-
дукетæ, æмæ дзѵ, ќахгæјæ, кўрдој, удонæн арвæј
діссаг фенѵнкæнѵн.
2. Фæлæ сѵн Уј дзуап захта: ізæрæј смах фæ-
зæӈут: хорз бон удзæні; арв сѵрх кæј у, ўјтѵххæј;
3. Æмæ рајсомæј та: ќæвда удзæні абон, арв
сѵрх кæј у, ўјтѵххæј. Цæстмæqустæ! арвæн јæ
цæскомѵ æвзарѵн зонут, афонѵ нѵсæндтæ æм-
барѵн та нæ фæразут?
4. Хінæјдзаг æмæ хæтаг мѵккаг діссæгтæ агурѵ;
æмæ ін діссаг лæвæрд нæ удзæні, пæхумпар Јо-
нæјі діссадҗсѵ једтæмæ. Æмæ сæ нѵўахта, æмæ
ацѵді урдгæј.
5. Æмæ іннæ фарсмæ ахізгæјæ, Јæ ахургæні-
нæгтѵ семæ дзул ахæссѵн ферохі.

6. Jесо сvн захта: кæсут, ўæхі qаqqæнут фарі-
сетv æммæ саддукетv æнqізæнæj.
7. Æмæ удон сæхінvмæрv qўдvкодтоj, æмæ
дзvрдтоj: аj бæрæгкæнv, мах дзул кæj нæ раха-
стам, ўj.
8. Бамбæрста Jесо ўj, æмæ сvн захта: цv qўдv-
кæнут ўæ зæрдæjі мідæг, гæзæмæўрнд̆сvтæ, дзул
кæj нæ рахастат, ўjтvххæj?
9. Æмæ ма нод̆сv смах нæма æмбарут æмæ
нал qудvкæнут фондз дзулv тvххæj, фондз мін
лæгæн, æмæ цал чvрвазv дзад̆сv æрæмбvрдкод-
тат смах?
10. Нæдæр авд дзулv тvххæj, цvппар мін лæ-
гæн, æмæ цал тæсчv æрæмбvрдкодтат смах?
11. Кўд нæ æмбарут, Æз ун дзулv тvххæj кæj
нæ захтон: ўæхі qаqqæнут фарісетv æмæ садду-
кетv æнqізæнæj, зæђгæ, ўj?
12. Ўæд удон бамбæрстоj Уj сvн кæj дзvрдта,
цæмæj сæхі qаqqæноj дзулv æнqізæнæj нæ, фæлæ
фарісеjтv æмæ саддукетv амондзінадæj.
13. Æмæ кў æрцvді Філіппv Кесаріаі бæстæм,
ўæд Jесо бафарста Jæ ахургæнінæгтv: адæм,
Мæн, адæjмад̆сv Фvртv, кæул хvнцvнц?
14. Удон Vн захтоj: jўæj-jўтæ Арђаўæг Jоаннvл,
іннæтæ Іліаіл; æндæртæ та Jереміаіл, кæнæ іннæ
пæхумпартæj іскæул.
15. Уj сvн захта: смах та Мæ кæул хvнцут?
16. Сімон Петр та Ін дзуап захта: Дv Чvрvсті
дæ, цæргæ Хуцаўv Фvрт.
17. Ўæд vн Jесо захта дзуап: тæхудіаг дæ дv,
Сімон, Jонаі фvрт; ўjтvххæj æмæ дvн бўар æмæ
туг нæ базонvнкодтоj ўj, фæлæ Мæ Фvд, ўæлæрв-
тv Чі іс, Ўj
18. Æмæ Æз дæр зæђvн дæўæн: дv Петр [1]
дæ, æмæ ацv дурvл Æз самаjдзvнæн Мæ арђўан,
æмæ jæ зvндонv дордтæ дæр нæ басæтцvстv.
19. Æмæ дvн ратцvнæн ўæларвон патцахадv
дæђæлтæ; æмæ цv бабæдтаj зæххvл, ўj баст

[1]) дур.

удзæні ўæлæрвтv; фæлæ цv сvхалај зæххvл, ўј
хæлд удзæні ўæлæрвтv.
20. Ўæд Јесо бафæдзæхста Јæ ахургæнінæгтæн,
цæмæј ма кæмæн зæƃој, Уј (Јесо) Чvрvсті кæј у, ўј.
21. Уцv афонæј фæстæмæ Јесо бајдvдта æр-
гомкæнvн Јæ ахургæнінæгтæн, Умæн Јерусаліммæ
цæун кæј qæўv, æмæ бірæ фvдæбон фæкæнvн
зæрæдтæј, æмæ хістæрсаўдҥсvнтæј, æмæ чінvдҥсv-
зондҥсvтæј, æмæ амæлvн, æмæ æртvккæгæм бон
рајгасўн, ўј.
22. Æмæ Јæм асідті Петр, æмæ бајдvдта Умæн
æвастæј дзурvн: Хуцаў бахізæд, Дæўл ўј нæ æр-
цæўдзæні, Хіјцаў!
23. Фæлæ Уј раздæхті Петрмæ, æмæ ін захта:
ацу Мæнæј, сајтан; дv Мæ ќўлvмпvгæнæг дæ;
умæн-æмæ дv qўдvкæнvс, Хуцаўv qўдтаг цv
у, ўј нæ, фæлæ лæдҥсv qўдтаг цv у, ўј.
24. Ўæд Јесо захта Јæ ахургæнінæгтæн: кæј
фæндv Мæ фæстæ цæун, ўј јæхіул æвдісæн ба-
кæнæд, æмæ сісæд јæ дзўар æмæ Мæ фæсте
цæўæд.
25. Цæмæјдæрідтæр кæј фæндv јæ удv [1] ба-
вæрvн; ўј јæ фесафцæні: фæлæ чі фесафа јæ
удv Мæн тvххæј; ўј јæ ссардзæні.
26. Цv пајда у лæгæн, ўј æгас дунеі јæхі кў
бакæна; фæлæ јæ удæн зіан кў ракæна, ўæд?
кæна цv арƃ ратцæні лæг јæ удv тvххæј?
27. Цæмæјдæрідтæр æрцæўдзæні адæјмадҥсv
Фvрт Јæ Фvдv стvрадv Јæ Зæдтімæ; æмæ ўæд
ратцæні алкæмæндæр јæ qўдтæгтæм гæскæјæ.
28. Æцæг ун зæƃvн: ам чі лæўўнц, удонæј јўæј-
јўтæ мæлæт нæ фендзvстv, цалvммæ адæјмадҥсv
Фvртv Јæ патцахдзінадімæ æрцæўгæ феној, ўа-
лvммæ.

## С Æ Р 17.

1. Æхсæз бонv аівƃўінv фæстæ, Јесо акодта
Петрv, æмæ Јаковv, æмæ јæ æфсvмæр Јоаннv
æмæ сæ скодта бæрзонд хохмæ јўнæгæј.

[1]) Цард

2. Æмæ сæ разv Јæ хўз аівта, æмæ Јæ цæском
срухсі хурv хўзæн, Јæ дарæстæ та рухсv хўзæн
сўрсvстv.
3. Æмæ сæм, мæнæ, разvндvстv Мојсеј æмæ
Іліа Ујімæ дзургæјæ.
4. Ўæд Петр захта Јесојен: Хіцаў! хорз у ма-
хæн ам; кæд Дæ фæндv, ўæд ам æртæ мусондџсv
скæнæм, јў Дæўæн, јў Мојсејæн æмæ јў Іліајæн.
5. Æмæ ма ўј афтæ кў дзvрдта, ўæд рухс æв-
рађ æрбадті удонvл: æмæ мæнæ, æврађæј qўсті
дзургæ qæлæс: Ај у Мæ ўарзон Фvрт, Мæ хорз-
фæндон Кæмæ іс; Умæ qусут.
6. Æмæ јæ кў феqўстој ахургæнінæгтæ, ўæд
æрхаўдvстv дæлгоммæ, æмæ ідтæт фæтарстvстv.
7. Фæлæ сæм Јесо æрбаввахсі, бавнæлдта сæм,
æмæ сvн захта: сvстут, æмæ ма тæрсут.
8. Æмæ удон кў скастvстv сæ цæстvтæј, ўæд
нікæј ўал федтој, Јесоі једтæмæ.
9. Æмæ удон хохæј кў æрцæјцvдvстv, ўæд сvн
Јесо бафæдзæхста æмæ захта: ма кæмæн зæђут
смах, цv федтат ўј, цалvммæ адæјмадџсv Фvрт
мæрдтæј рајгас ўа, ўалvммæ.
10. Æмæ Јæ бафарстој Јæ ахургæнінæгтæ:
ўæдæ чінvдџсvдæснvтæ Іліаіл фvтцаг æрцæўн
æмбæлv кў зæђvнц?
11. Јесо сvн захта дзуап: æцæг, Іліаіл фvтцаг
æрцæўн æмбæлv, æмæ æппæт сцæдтæкæнvн.
12. Фæлæ ун Æз зæђvн, кўд Іліа æрцvді, æмæ
јæ нæ базvдтој, æмæ ін бакодтој, кўд сæ фæн-
дvді афтæ, адæјмадџсv Фvрт дæр афтæ фvдæ-
бонтæ фæкæндзæні удонæј.
13. Ўæд Јæ ахургæнінæгтæ бамбæрстој, Уј сvн
Арђаўæг Јоаннv тvххæј кæј дзvрдта, ўј.
14. Æмæ удон адæммæ кў æрцvдvстv, уæд Æм
æрбацvді јў лæг, æрхаўді јæ зонгўтvл Умæн Јæ
разv,
15. Æмæ Ін захта: Хіјцаў! тæріђæд бакæн мæ
фvртæн; ўј мæјінодџсv сæрра вæјі, æмæ ідтæг
фvдæбонкæнv; цæмæјдæрідтæр арæх јæхі æппарv
артмæ, æмæ арæх донмæ.

16. Æз æј æркодтон Дæ ахўргæнінæгтæм;
фæлæ јæ удон сдзæбæхкæнѵн нæ бафæрæзтој.
17. Јесо дзуап радта: О, æнæурнæг æмæ æнæ-
ўаг мѵккаг! кæдмæ ўемæ удзѵнæн? кæдмæ ўн
бардзѵнæн? æркæнут æј ардæм Мæммæ.
18. Æмæ ін qодібакодта Јесо; æмæ хæјрæг
рацѵді умæј; æмæ уцѵ тæрѵн сдзæбæхі уцѵ са-
хатѵл.
19. Ўæд ахургæнінæгтæ æрбацѵдѵстѵ Јесомæ
јўнæгæј, æмæ Ін захтој: мах цæўлнæ бафæрæ-
стам ўј расурѵн?
20. Јесо та сѵн захта: ўæ æнæурнѵнѵ тѵххæј:
цæмæјдæрідтæр ўн æцæг зæђѵн: смахмæ qѵџ́ѵі
нæмѵдѩсѵ ас урнѵндзінад кў ўа, æмæ кў зæђат
ацѵ хохæн: ахіз ардѵдæј урдæм, ўæд ўј ахіздзæні;
æмæ ун æнæбафæразгæ ніцѵ удзæні.
21. Адон мѵккаг та сѵрдæўѵ æрмæст кувѵнæј
æмæ комдарѵнæј.
22. Удон Галілеаі кў удѵстѵ; ўæд сѵн Јесо
захта: адæјмадѩсѵ Фѵрт лæвæрд удзæні лæгтѵ
ќухтæм;
23, Æмæ Јæ амардзѵстѵ, æмæ æртѵккæгæм
бон рајгас удзæні. Æмæ удон ідтæг фенќардѵстѵ.
24. Æмæ удон кў æрцѵдѵстѵ Капернауммæ;
ўæд арђўанѵ тѵххæј qалон æмбѵрдгæндѩсѵтæ æр-
бацѵдѵстѵ Петрмæ, æмæ Ін захтој: ўæ Ахургæ-
нæг нæ ратцæні дуўæ драхмаі?
25. Ўј сѵн захта: ратцæні. Æмæ уј хæдзармæ
кў бацѵді, ўæд ѵн Јесо раздæр захта: дæўмæ кўд
кæсѵ, Сімон? зæххон патцæхтæ кæмæј ісѵнц
æхца, кæнæ qалон? сæхі фѵрттæј, æві іннæтæј?
26. Петр Ін захта: іннæтæј. Јесо ін захта:
æмæ афтæ, фѵрттæ сæрібар стѵ.
27. Фæлæ сæ цæмæј нæ фæрæдіінкæнæм, ўј-
тѵххæј ацу дендѩсѵзмæ, баппар æнгўр, æмæ фѵтцаг
цѵ кæсаг æрцахсај, ўј рајс, æмæ ін бајгомкæн
јæ дзѵх, æмæ дзѵ ссардзѵнæ статір, сіс æј, æмæ
јæ удонæн радт Мæн тѵххæј æмæ дæхі тѵххæј
дæр.

## СÆР 18.

1. Уцv афон ахургæнiнæгтæ Jесомæ æрбацv-
дvстv, æмæ Ін захтој: хiстæр чi у ўæларвон
патцахадv.
2. Æмæ Jесо свæллонмæ басiдтi, æмæ jæ
нvллæўўнкодта сæ астæў,
3. Æмæ свн захта: æцæг ун зæђvн: кў нæ
раздæхат, æмæ свæллæдтаў кў нæ ўат; ўæд нæ
бацæўдзvстут ўæларвон патцахадмæ.
4. Æмæ афтæ, jæхi кæстæр чi кæна ацv свæл-
лонаў ўј хiстæр у ўæларвон патцахадv.
5. Æмæ jў ахæм свæллонv чi рајса Мæ номv
тvххæј, ўј Мæн iсv.
6. Фæлæ чi фæрæдiiнкæна ацv чvсvлтæј, Мæнvл
урнднсvтæј, jўv; умæн хўздæр удаiд фæлтаў vн
jæ бæрзæiл кў æрцаўђд удаiд кўројv дур, æмæ jæ
кў баппæрст удаiд дендњсvзv арфv.
7. Додој дунејæн рæдiiндзiнæдтæј; цæмæјдæрiд-
тæр рæдiiндзiнæдтæн дæр æрцæун qæўv: фæлæ
додој уцv лæгæн, рæдiiндзiнад кæј фæрцv æрцæўv.
8. Дæ ќух, кæнæ дæ дæ ќах кў рæдiiнкæна,
ўæд сæ алvгкæн, æмæ сæ аппар дæхiцæј: хўздæр
у дæўæн цардмæ бацæун æнæ ќухæј, кæнæ æнæ
ќахæј, цæјнæфæлтау дуўæ ќухiмæ, кæнæ дуўæ
ќахiмæ æнæфæўæвгæ артv æппæрст ўај.
9. Æмæ дæ дæ цæст кў рæдiiнкæна, ўæд æј
сќах, æмæ jæ аппар дæхiцæј; хўздæр у дæўæн
jў цæстiмæ цардмæ бацæун, цæјнæфæлтаў дуўæ
цæстiмæ геенiаi артv æппæрст ўај.
10. Кæсут, ацv чvсvлтæј æгад макæј кæнут;
цæмæјдæрiдтæр ун зæђvн: удонæн сæ Зæдтæ
ўæлæрвтv мiдæг алvхадт Мæ ўæларвон Фvдv
цæском кæј унvнц, уј.
11. Цæмæјдæрiдтæр адæјмаднсv Фvрт æрцvдi
сæфтv агурvнмæ æмæ фервæзvнкæнvнмæ.
12. Кўд ўæм кæсv? Іскæмæ фондзссæдз фvсv
кў ўаiд, æмæ удонæј jў кў фæдзæђæлўаiд, ўæд
ўј нæ нvўадздзæнi jæ нудæс æмæ цvппарссæдз

фvсv хæхтv сæр, æмæ нæ ацæўдзæні уцv сæфт фvсv агурvнмæ?
13. Æмæ jæ кў ссара; ўæд ўj, ацæг зæђvн смахæн, нудæс æмæ цvппарссæдз æнæсæфт фvстæj уўл тvнгдæр фæцінкæндзæні.
14. Афтæ ўæ ўæларвон Фvдv дæр ацv чvсvлтæj jўv фесафvн дæр нæ фæндv.
15. Æмæ дæ æфсvмæр дæўæн істv зvлvн кў ракæна, ўæд ацу, æмæ jæ бадом, дv æмæ уj jунæгæj кў ўат, ўæд: æмæ дæм кў баjqуса, ўæд ссардтаj дæ æфсvмæрv.
16. Кў нæ дæм баjqуса, ўæд та демæ акæн jў, кæнæ дуўæj, цæмæj дуўæ, кæнæ æртæ æвдісæнv дзvхæj алv дзvрд сææцæг ўа.
17. Удонмæ дæр кў нæ баjqуса, ўæд зæђ арђўанæн; æмæ арђўанмæ дæр кў нæ баjqуса, ўæд ўj ўæд дæўæн муртаттаў æмæ qалонісæгаў.
18. Æцæг ун зæђvн: цv бабæдтат смах зæххvл, ўj баст удзæні ўæларвv; æмæ цv схалат зæххvл, ўj хæлд удзæні ўæларвv дæр.
19. Афтæдæр ун æцæг зæђvн: смахæj дуўæ кў сфæндкæноj зæххvл курvн цvдæрідтæр qўдтадњсv тvххæj, ўæд удон, цvдæрідтæр кўроj, ўj сvн лæвæрд удзæні Мæ ўæларвон Фvдæj.
20. Цæмæjдæрідтæр дуўæ, кæнæ æртæ, кæм æрæмбvрд ўоj Мæ номv тvххæj, ум Æз дæр сехсæнv дæн.
21. Ўæд Æм æрбацvді Петр, æмæ Ін захта: Хіцаў! мæ æфсvмæрæн мvл цал хадтv нvппарvн æмбæлv, ўj мæнæj зvлvн кў ўа, ўæд? авд хадтv онг?
22. Јесо ін захта: авд хадтv онг дvн нæ зæђvн: фæлæ дæс æмæ æртіссæдзгæjдтæj авд хадтv онг.
23. Аj тvххæj ўæларвон патцахад уцv патцахv хузæн у, jæ цађартімæ хvђдскæнvн кæj бафæндvді.
24. Æмæ ўj хvнцvн кў баjдvдта ўæд æм æркодтоj jўкæjдæрv, дæс мін талантv дзv чі дардта.
25. Æмæ jæм кў нæ уді, цæмæj бафvстаід ўj, ўæд æj патцах ўојкæнvнкодта ўj, æмæ jæ усv

дæр, æмæ jæ сvвæллæдтv дæр, æмæ iн цv удi, ўj
jўўлдæр, хæс бафiдvнv тvххæj.
26. Ўæд уцv цађар jæ размæ æрхаўдi, æмæ iн
кувгæjæ захта: патцах! фæлæў æмæ дvн jўўл-
дæр бафiдцvнæн.
27. Патцахмæ тæрiђæд фæкастi уцv цађар,
аўахта jæ, æмæ iн jæ хæс дæр нvўахта.
28. Æмæ уцv цађар рацvдi, æмæ кў ссардта
jæ æмбæлдтæj jўv, фондзссæдз дiнарv дзv чi
дардта, ўj, ўæд æj æрцахста, æмæ iн jæ хурхvл
нvххæцvдi, æмæ iн дзvрдта: радт мvн, цv мæ
дарvс, ўj.
29. Ўæд jæ æмбал æрхаўдi jæ ќæхтæм, æмæ iн
лæхстæгæнгæjæ захта: фæлæў, æмæ дvн jўўл-
дæр бафiдцvнæн.
30. Фæлæ ўj нæ бакўмдта, æмæ ацvдi, æмæ jæ
бакодта талvнгахæстдонv, цалvммæ iн бафvстаiд
jæ хæс.
31. Jæ æмбæлдтæ кў федтоj, цv æрцvдi ўj, ўæд
сvн iттæг qvг удi, æмæ æрцvдvстv сæ патцахмæ,
æмæ iн радзvрдтоj, цv федтоj, удон jўўлдæр.
32. Ўæд æм патцах басiдтi, æмæ iн захта: фvд
цађар! уцv хæс jўўлдæр æз нvўахтон дæўæн, дæ
курvнv тvххæj.
33. Æмæ дvл нæ æмбæлдi нæ дæўл дæр дæ
æмбалæн тæрiђæдбакæнvн, æз дæўæн тæрiђæд
кўд бакодтон афтæ?
34. Æмæ смæстi jæ патцах, æмæ jæ радта
qiамæткæнvнгæнджсvтæм, цалvммæ jўўлдæр ба-
фiда, цv хæс дзv дардта умæj, ўалvммæ.
35. Мæ ўæларвон Фvд дæр афтæ бакæндзæн
смахæн, алчi ўæ jæ зæрдæjæ кў нæ нvпбара jæ
æфсvмæрæн jæ тæрiђæдтæ, ўæд.

## СÆР 19.

1. Кў фæцi Jесо уцv дзvрдтæ; ўæд ацvдi Га-
лiлеаjæ, æмæ æрцvдi Jўдеjтv арæнтæм, Jорданv
iннæ фарсмæ.

2. Јæ фæдѵл цѵді бірæ адæм, æмæ сæ Ўј
сдзæбæхкодта ум.
3. Æмæ Јæм æрбацѵдѵстѵ фарісејтæ, æмæ Ін,
ќахкæјæ дзѵрдтој: алѵ азѵмѵ тѵххæј дæр бар у
лæгæн јæ усѵ раўадзѵн?
4. Ўј сѵн захта дзуаппæн: нæ бакастѵстут цѵ
смах, фѵтцаг лæдџсѵ Чі сфæлдѵста, Ўј сæ мој
æмæ усǽн кæј сфæлдѵста ўј? (Сфæлд. 1, 27).
5. Æмæ захта: ајтѵххæј нѵўадзæд лæг јæ фѵдѵ
æмæ јæ мадѵ, æмæ баіјўўдзæн јæ усімæ, æмæ сў-
дзѵстѵ дуўæ јў бўар; (Сфæлд. 2, 24).
6. Афтæ-æмæ удон дуўæ нал, фæлæ јў бўар
удзѵстѵ. Æмæ афтæ, Хуцаў кæј сјўкодта, ўј лæг
ма ахіцæнкæнæд.
7. Удон Ін захтој: ўæдæ Мојсеј кўд нѵффæдзæх-
ста ўаʒдѵ чінѵг дæдтѵн, æмæ јæ раўадзѵн?
8. Ўј сѵн захта: Мојсеј ўæ фѵдзæрдæдзінадѵ
тѵххæј бар радта смахæн ўæ устѵтѵ ўадзѵн;
фѵтцаг та афтæ нæ уді.
9. Æз та ўн зæʒѵн: чі раўадза јæ усѵ, хæтѵн
аххосæј једдтæмæ, æмæ æндæр ус чі скæна, ўј
хæтѵ, æмæ ўаʒд усѵ чі скæна, ўј дæр хæтѵ.
10. Јæ ахургæнінæгтæ Ін захтој: кæд ахæм хæс
іс лæгæн јæ усімæ; ўæд фæлтаў ус нæ ракурѵн
хўздæр у.
11. Æмæ сѵн Ўј захта: Ацѵ дзѵрд æппæт нæ
фæразѵнц сæххæсткæнѵн; фæлæ лæвæрд кæмæн
у, удон.
12. Цæмæјдæрідтæр іс ахæм æрдѵстѵтæ, сæ
мадѵ гўбѵнæј афтæмæј чі рајгўрдѵстѵ; æмæ іс
адæмæј æрдѵст чі стѵ, æмæ ахæм æрдѵстѵтæ
дæр іс, сæхі æрдѵстаў чі скодта ўæларвон пат-
дзахадѵ тѵххæј. Чі фæразѵ æххæсткæнѵн, ўј јæ
æххæсткæнæд.
13. Ўæд Æм æркодтој свæллæдтѵ, цæмæј сѵл
Ўј Јæ ќухтæ æрæвæра, æмæ скува; фæлæ сæ
ахургæнінæгтæ нæ ўахтој ўдон.
14. Фæлæ сѵн Јесо захта: æрбаўадзут свæл-
лæдтѵ, æмæ сæ ма qѵгдарут Мæммæ æрбацæўн;

цæмæјдæрідтæр удон хўзæдтv у ўæларвон пат-
цахад.
15. Æмæ свл æрæвæрдта Јæ ќухтæ, æмæ ацvді
урдгæј,
16. Æмæ Јæм, мæнæ, чідæр æрбацvді, æмæ Ін
захта: хорз Ахургæнæг! цv хорз ракæнон, цæмæј
мvн æнæфæўовгæ цард ўа?
17. Уј ін захта: цæмæн мæ хонvс хорз? Хорз
нічі у, æрмæст јў Хуцаўv једтæмæ. Фæлæ дæ
кæд фæндv æнæфæўовгæ цардмæ бацæўн, ўæд
сæххæсткæн амvнддзінæдтv.
18. Ўј Ін захта: кæцvтv? Јесо та ін захта: ма
амар; хæтæг ма у; ма радав; мæнг æвдісæн ма
нvллæў.
19. Цvтдѩсvн дар дæ фvдv æмæ дæ мадv, æмæ
ўарз дæ хæстæдѩсv, дæхі хўзæн. (Рац. 20, 13, 14,
15, 16. Лев. 19, 18).
20. Уцv тæрvн Vн захта: адон јўўдæр бавæрд-
тон æз мæ свæллонæј нvрмæ, нодѩсv ма цæмæј
qатдѩсvн дæн æз?
21. Јесо ін захта: кæд дæ фæндv æххæст сv-
ўн, ўæд ацу, аўојкæн дæ іс, æмæ јæ бајўар мæ-
гўртæн; æмæ дvн удзæні хæзна ўæлæрвтv мідæг;
æмæ æрцу, æмæ цу Мæ фæдvл.
22. Уцv дзvрд кў феqўста уцv тæрvн, ўæд qvг-
гæнгæјæ, ацvді; бірæ іс vн кæј уді, ўјтvххæј.
23. Јесо та захта Јæ ахургæнінæгтæн; æцæг
ўн зvђvн: зvн у qæздvгæн ўæларвон патцахадмæ
бацæўvн.
24. Æмæ ўн нодѩсvдæр зæђvн: теўајæн æнцон-
дæр у судзінбvнv ацæўн, qæздvгæн Хуцаўv пат-
цахадмæ бацæўнæј.
25. Ај кў феqўстој Јæ ахургæнінæгтæ, ўæд сæм
ідтæг діс фæкасті, æмæ дзvрдтој: чі ма фервæз-
дзæні ўодæ?
26. Јесо бакасті удонмæ, æмæ свн аахта: æдæ-
мæн ај æнæбафæразон у, фæлæ Хуцаў æппæт-
дæр фæразv.

27. Ўæд Петр дзуап захта Умæн: мæнæ, мах
цvдæрідтæр нvўахтам, æмæ дæ фæдvл рацvдvс-
тæм; æмæ цv удзæні махæн?
28. Јесо та сvн захта: æцæг ўн зæђvн: смах,
Мæ фæдvл чі рацvдvстут, удон, ног цардv, адæј-
мадџсv Фvрт Јæ стvрадv бæрзонд бандонvл кў
æрбада, ўæд æрбаддзvстут смах дæр дуўадæс бан-
дæдтvл Ізраілтv дуўадæс мvккæгæн тæрхон-
кæнvнæн.
29. Æмæ чідæрідтæр, чі нvўадза јæ хæдзарv,
кæнæ јæ æфсvмæртv, кæнæ јæ хотv, кæнæ јæ
фvдv, кæнæ јæ мадv, кæнæ јæ усv, кæнæ јæ
свæллæдтv, кæнæ јæ зæххv, Ма номv тvххæј, ўј
рајсцæні фондзссæдз хадтv фvлдæрæј, æмæ ін
æнæфўовгæ цард дæр удзæні.
30. Æмæ фvтцæгтæј бірæтæ удзvстv фæстæг-
тæ, фæстæгтæј та фvтцæгтæ.

## СÆР 20.

1. Цæмæјдæрідтæр ўæларвон патцахад уцv хæ-
дзарv хіцаўv хўзæн у, рајсом раджсv чі рацvді кус-
джсvтæ æххўрсvнмæ јæ сæндонмæ.
2, Æмæ кў бафідvдта кусджсvтімæ бон фæјнæ
дінарііл, ўæд сæ арвvста јæ сæндонмæ.
3, Æмæ æртvккæгæм сахатv рацvді, æмæ федта
æндæртv, ўнджсv хўмæтæджсv лæўгæ.
4. Æмæ удонæн дæр захта: ацæут смах дæр
мæ сæндонмæ, æмæ ўæм цv цæўа, ўј ўн æз ба-
фідцvнæн. Удон ацvдvстv.
5. Ноджсv рацvді æхсæзæм æмæ фарастæм са-
хатмæ æвваxс, æмæ та афтæ бакодта.
6. Ўј фæстæ рацvді јўæндæсæм сахатмæ æв-
вахс, æмæ та федта æндæртv дæр хўмæтæджсv
лæўгæ, æмæ сvн захта: хўмæтæджсv цv лæўут
ам æгас бон?
7. Удон vн захтој: нічі нæ баххўрста. Уј сvн
захта: ацæут смах дæр мæ сæндонмæ, æмæ ўæм
цv цæўа, ўј ајсцvстут.

8. Ӕмӕ кў баізӕрі; ўӕд захта сӕндонѵ хіцаў
јӕ хӕдзармӕ кӕсӕгӕн: басід кусдꙉсѵтӕм, ӕмӕ
сѵн радт мѵзд, фӕстӕгтӕј фѵтцӕгтӕм рајдајгӕјӕ.
9. Ӕмӕ ӕрцѵдѵстѵ, јўӕндӕсӕм сахатѵл ӕх-
хўрст чі уді, удон, ӕмӕ рајстој фӕјнӕ дінаріі.
10. Ӕмӕ фѵтцаг чі ӕрцѵдѵстѵ, удон ӕнqӕл
удѵстѵ фѵлдӕр рајсѵн; фӕлӕ рајстој удон дӕр
фӕјнӕ дінаріі;
11. Ӕмӕ кў рајстој, ўӕд хӕдзарѵ хінцаўл бустӕ
кӕнѵн бајдѵдтој.
12. Ӕмӕ дзѵрдтој: ацѵ фӕстӕгтӕ бакўстој јў
сӕхат, ӕмӕ сӕ дѵ скодтај немхўзон, ӕгасбон
фӕллој чі фӕкодтам, ӕмӕ ӕнтӕф чі бавзӕрстам.
13. Ўј та дзуап захта удонӕј јўӕн: мӕ лѵмӕн!
ӕз дѵн тѵх нӕ кӕнѵн; дінаріл нӕ бафідѵдтај
нӕ мемӕ?
14. Ајс дӕхіўон, ӕмӕ ацу; мӕн та ацѵ фӕста-
гӕн дӕр, дӕўӕн цас радтон, ўјас радтѵн фӕндѵ.
15. Аҕӕца, мӕхіонімӕ мӕ цѵ кӕнѵн фӕнда, ўј
мӕ бар нӕў нӕ? Аві дӕ цӕст нӕ ўарзѵ, ӕз
хорз кӕј дӕн, ўј.
16. Афтӕ фӕстӕгтӕ фѵтцӕгтӕ удзѵстѵ, фѵт-
цӕгтӕ та фӕстӕгтӕ; цӕмӕјдӕрідтӕр хўндтӕ
бірӕ стѵ, фӕлӕ ӕвзӕрстѵтӕ чѵсѵл стѵ.
17. Ӕмӕ кў ӕрбаввахсі Јерусаліммӕ, ўӕд Јесо
фӕндагўл асідті Јӕ дуўадӕс ахургӕнінӕгтӕм
јўнӕгӕј, ӕмӕ сѵн захта:
18. Мӕнӕ, мах ссӕўдзѵстӕм Јерусаліммӕ, ӕмӕ
адӕјмадꙉсѵ Фѵрт лӕвӕрд удзӕні саўдꙉсѵнтѵхі-
стӕртӕм ӕмӕ чінвдꙉсѵдӕснѵтӕм, ӕмӕ Ін марѵнѵ
тӕрхон скӕндзѵстѵ;
19. Ӕмӕ Јӕ ратцѵстѵ муртадтѵтӕм ӕлҕітѵн-
мӕ, ӕмӕ нӕмѵнмӕ, ӕмӕ бајтѵндзѵнмӕ, ӕмӕ
ӕртѵккӕгӕм бон рајгас удзӕні.
20. Ўӕд Ӕм ӕрбацѵді Зеведеі фѵрттѵ мад јӕ
фѵрттімӕ, кўвта Ін, ӕмӕ Дзѵ цѵдӕр кўрдта.
21 Јесо ін захта: цѵ дӕ qӕўѵ? Ўј Ін захта:
зӕҕ, цӕмӕј мӕ ацѵ дуўӕ фѵртѵ сбадој јў дӕ
рахісфарсѵрдѵгӕј, іннӕ та дӕ галіў фарсѵрдѵгӕј
Дӕ патцахадѵ.

22. Јесо дзуап захта: нæ зонут, цv курут, ўј.
Бафæраздзvстут мiјаг Æз цv нўазæн баназдзv-
нæн, ўј баназvн, кæнæ Æз цv арђўдæј арђўд
удзvнæн, умæј сарђаўн? Ўдон Vн захтој: бафæ-
раздзvстæм.
23. Æмæ сvн захта: Мæ нўазæн баназдзvстут,
æмæ Æз цv арђўдæј арђўд удзvнæн, умæј арђўд
удзvстут; фæлæ цæмæј Мæ рахiсфарсvрдvгæј
æмæ Мæ галiўфарсvрдvгæј сбадат, ўј дæдтvн
Мæ ќухv нæј, фæлæ Мæ Фvдæј кæмæн цæдтæ
у удонæн.
24. Ај кў феqўстој iннæ дæс ахургæнiнæдџсv,
ўæд смæстvстv уцv дуўæ æфсvмæрмæ.
25. Фæлæ сæм Јесо æрбасiдтi, æмæ сvн захта:
смах зонут, адæмv æлдæрдтæ удонvл хiцаўад кæј
кæнvнц, ўј, æмæ сvл хiстæртæ бардџсvн кæј
стv, ўј.
26. Ўæ æхсæн та афтæ ма ўæд; фæлæ ўæ
јæхi стvлдæр кæј фæнда, ўј ўн кусæг ўæд.
27. Æмæ ўæ хiстæр кæј фæнда, ўј ўн цађар
ўæд.
28. Цæмæјдæрiдтæр адæјмадџсv фvрт ўјтvххæј
нæ æрцvдi, цæмæј Iн кусој, фæлæ цæмæј бакуса,
æмæ Јæ уд радта бiрæтv балхæнvнv тvххæј.
29 Æмæ Јерiхонæј кў рацæјцvдvстv, ўæд Јæ
фæдvл цvдi бiрæ адæм.
30. Æмæ мæнæ, дуўæ кўрмv, фæндагўл бадгæјæ,
кў феqўстој, Јесо сæ цуртv кæј фæцæјцvдi ўј,
ўæд бајдvдтој qæркæнvн: тæрiђæд нvн бакæн,
Хiјцаў, Давiдv фvрт!
31. Адæм та сæ qæркæнvн нæ ўахтој; фæлæ
удон тvнгдæр qæркæнvн бајдvдтој: тæрiђæд нvн
бакæн, Хiјцаў, Давiдv фvрт!
32. Јесо нvллæўўдi, басiдтi сæм, æмæ сvн зах-
та: цv ўæ qæўv Мæнæј?
33. Удон Vн захтој: Хiјцаў! цæмæј нæ цæстv-
тæј ракæсæм, ўј.
34. Јесо сvн фæтæрiђæдкодта, æмæ сvн бав-
нæлта сæ цæстvтæм, æмæ удон уцv сахатvл сæ
цæстvтæј ракастvстv, æмæ Јæ фæдvл ацvдvстv.

## СÆР 21.

1. Æмæ кў æрæввахсѵстѵ Јерусаліммæ, æмæ
æрцѵдѵстѵ Віффагіамæ, Зетіі дѵрҕтѵ хохмæ, ўæд
Јесо арвѵста дуўæ ахургæнінаджсѵ,
2. Æмæ сѵн захта: ацæут раст ўæ разѵ цѵ
ԛæў іс урдæм; æмæ ўцѵ сахатѵл ссардзѵстут, ум
баст хæссæн, æмæ јæмæ ќæлæў, сўадзут сæ,
æмæ сæ æркæнут Мæммæ.
3. Æмæ ўн ісчі істѵ кў зæҕа, ўæд ѵн зæҕуг:
адон Хіјцаўѵ ԛæўнц; æмæ сæ ўј уцѵ сахатѵл
раўатцæні удон.
4. Ај јўўлдæр афтæ ссі, цæмæј сæххæст ўој
пæхумпарѵ дзрдтæ, афтæ чі дзурѵ:
5. Зæҕут Сіонѵ чѵзгæн: мæнæ, дæ сабѵр Пат-
цах æрцæўѵ дæўмæ, ўарҕ хæссæг хæссæнѵ ног-
гўрд ќæлæўл бадгæ. (Ісајаі 62, 11. Зах 9, 9).
6. Ахургæнінæгтæ ацѵдѵстѵ, æмæ сѵн Јесо кўд
захта, афтæ бакодтој.
7. Æркодтој хæссæнѵ æмæ ќæлæўѵ, æмæ сѵл
сæвæрдтој сæ дарæстæ, æмæ Уј сбадті удонѵл.
8. Æмæ бірæ адæм сæ дарæстæ тѵдтој фæн-
дагўл; јўæј-јўтæ та лѵгкодтој бæлæстѵ ќабузтæ,
æмæ сæ калдтој фæндагўл.
9. Јæ разæј æмæ Јæ фæстæ цѵ адæм цѵді,
удон ԛæркодтој: Осанна Давідѵ фѵртæн! ар-
фæгонд у Хіјцаўѵ номæј цæўæг! Осанна ўолла-
гонтѵ æхсæн!
10. Æмæ кў бацѵді Јерусаліммæ, ўæд æгас са-
хар сѵзмæлѵді æмæ дзѵрдтој: Ај чі у?
11. Адæм та дзѵрдтој; Ај у Јесо пæхумпар
Галілејаг Назаретæј.
12. Æмæ бацѵді Јесо Хуцаўѵ арҕўанмæ æмæ
расѵрдта арҕўанѵ мідæгæј ўојгæнджсѵтѵ æмæ æл-
хæнджсѵтѵ æппæтѵ, æмæ æхцаівджсѵтæн афæлдæх-
та сæ фѵнгтæ, æмæ бæлæдтѵ ўојгæнджсѵтæн сæ
бандæдтæ.

13. Æмæ свн дзврдта: фвст у: Мæ хæдзар ку-
вæндонв хæдзар хўіндзæні; фæлæ јæ смах скод-
тат æвзæргæндюсвтв лæгæт. (Ісајаі 56, 7. Јерем.
7, 11).
14. Æмæ Јæм æрбацвдвств арђўанв кўрмвтæ
æмæ ќўлвхтæ, æмæ сæ Ўј сдзæбæхкодта.
15. Саўдюсвнтвхістæртæ та æмæ чінвдюсвдæс-
нвтæ кў федтој, Ўј цв діссæгтæ скодта, удон,
æмæ свæллæдтв арђўанв заргæ æмæ дзургæ:
Осанна Давідв Фвртæн! ўæд смæствств.
16. Æмæ Ін захтој; qусвс, удон цв дзурвнц, ўј?
Јесо свн захта; ўо! нікў бакаствтут цв: чвсвл
æмæ дзідзідај свæллæдтв дзвхæј сæххæсткодтај
Дв стаўндзінад? (Псал 8, 3).
17. Æмæ сæ нвўахта, æмæ рацвді сахарæј æд-
тæмæ Віфаніамæ, æмæ æхсæв ум фæці.
18. Рајсом та кў раздзæхті сахармæ, ўæд Вн свс-
тондюсі.
19. Æмæ федта фæндагмæ хæстæг јў легвіі ба-
лас, бацвді јæм, æмæ іл кў ніцв ссардта, æрмæст
свфтæртв једтæмæ, ўæд вн захта: амæј фæстæ-
мæ ма ўæд дæўæј дврђ мвккагмæ. Æмæ легвіі
бæлас уцв сахатвл бахўсчі.
20. Ај кў федтој ахургæнінæгтæ, ўæд сæм діс-
фæкасті, æмæ дзврдтој: леђвіі бæлас авіпајдв кўд
бахўсчі?
21. Јесо та свн захта дзуап: æцæг ўн зæђвн:
урнвндзінад ўæм кў ўа, æмæ гўрвсхо кў нæ кæнат,
ўæд скæндзвстут, легвіі бæласімæ цв конд уді,
æрмæст ўј нæ фæлæ ацв хохæн дæр кў зæђат:
схаў æмæ дендюсвзв бахаў; ўæд сўдзæні.
22. Æмæ цвдæрідтæр ракурат кувнв ўрнгæјæ,
ўј раісцвстут.
23. Æмæ Ўј арђўанмæ кў æрцвді, æмæ кў амв-
дта, ўæд Æм æрбацвдвств саўдюсвнтвхістæртæ
æмæ адæмв зæрæдтæ, æмæ Ін захтој: цв бардзі-
надæј кæнвс Дв адæдтæ? Æмæ Двн чі радта
ахæм бар?
24. Јесо свн захта дзуап: Æз дæр ўæ бафæрс-
цвнæн смах јў qўдтагæј, æмæ Мвн умæн дзуап

кў радтат, ўæд ўн Æз дæр зæӡдзvнæн, адæдтæ
цv бардзінадæј кæнvн ўј.

25. Јоанv арӡўд кæцæј уді: ўæларвæј, æві адæ-
мæј? Æмæ удон qўдvкодтој сæхўдтæг сæхі мідæг
æмæ дзvрдтој: ўæларвæј уді, зæӡгæ, кў зæӡæм:
ўæд нvн Уј зæӡдзæні: ўæдæ іл цæјтvххæј нæ ба-
ўондvдvстут?

26. Кæд та афтæ зæӡæм: адæмæј уді, ўæд
адæмæј тæрсæм, цæмæјдæрідтæр јўўлдæр Јоаннv
пæхўмпарvл хvнцvнц.

27. Æмæ захтој дзуап Јесојæн: нæ зонæм. Æмæ
сvн Уј дæр захта: ўæдæ ўн Æз дæр нæ зæӡдзv-
нæн, цv бардзінадæј кæнvн адæдтæ, ўј.

28. Æмæ ўæм кўд кæсv? Јў лæгæн уді дуўæ
фvртv: æмæ ўј æрбацvді хістæрмæ, æмæ ін захта:
мæ фvрт! ацу, бакус абон мæ сæндонv.

29. Фæлæ ін ўј захта дзуап: нæ мæ фæндv,
фæлæ стæј æрфæсмонкодта æмæ ацvді.

30. Æмæ æрбацvді іннæмæ дæр, æмæ умæн
дæр захта афтæ. Ўј ін захта дзуап: цæўн, мæ
æлдар, фæлæ нæ ацvді.

31. Уцv дуўæјæ кæцv сæххæсткодта јæ фvдv
фæндон? Удон Vн захтој: хістæр. Јесо сvн
захта: æцæг ўн зæӡvн, qалонісдӊсvтæ æмæ хæт-
дӊсvтæ ўæ фvтцаг цæўнц Хуцаўv патцахадмæ.

32. Цæмæјдæрідтæр ўæм æрцvді Іоанн, æмæ ўн
амvдта раст фæндаг, æмæ іл смах нæ баўондv-
дvстут; qалонісдӊсvтæ та æмæ хæтдӊсvтæ баўон-
дvдvстv ўўл; смах та федтат ўј, æмæ ўјфæстæ
дæр нæ æрфæсмонкодтат, цæмæј ўæ баўрна, ўј.

33. Бајqусут æндæр фæсномvгнvхасмæ: Уді јў
чідæр хіцаў, ўј нvццарæста сæндон, æмæ ін јæ
алфамблај сбvдта каў, æмæ дзv скодта сæндуцæн,
æмæ самадта мæсvг, æмæ јæ радта сæндонгæн-
дӊсvтæм, æмæ ацvді.

34. Æмæ кў æрæввахсі дvрӡ æмбvрдкæнvнv
афон, ўæд јæ цаӡартv арвvста сæндонгæндӊсv-
тæм, јæ дvрӡтv æрхæссvнv тvххæј.

35. Сæндонгæнднсvтæ æрцахстој ўј цађартv,
æмæ сæ кæј фæнадтој, кæј амардтој, кæј та
дуртæј нvммардтој.
36. Нодњсvдæр арвvста æндæр цађартv, фvтцæг-
тæј фvлдæр, æмæ ўдонæн дæр афтæ бакодтој.
37. Фæстагмæ сæм арвvста јæ фvртv, æмæ
захта: мæ фvртæј ўодтæр фефсæрмv удзvстv.
38. Фæлæ сæндонгæнднсvтæ кў федтој јæ фvртv,
ўæд захтој сæкæрæдзiјæн; ўј јæ бvндарæђ у; цом,
амарæм æј, æмæ iн јæ бvн нæхi бакæнæм.
39. Æмæ јæ æрцахстој, ракодтој јæ сæндонæј
æдтæмæ, æмæ јæ амардтој.
40. Æмæ афтæ, сæндонv хiцаў кў æрцæўа, ўæд
цv бакæндзæн уцv сæндонгæстæн?
41. Удон Vн захтој: ўцv æвзæргæнднсvтv фvд-
мардæј амардзæнi, æмæ јæ сæндон ратцæнi
æндæр сæндонгæнднсvтæм, јæ афонv iн дvрђ чi
дæдта, ахæмтæм.
42. Јесо сvн захта: смах æппvн нiкў бакастv-
стут мiјаг фvстvтv: амајднсvтæ цv дур аппæрстој,
ўј јæхæдæг фiсvнæн јæ сæр ссi; ўј Хiјцаўæј у,
æмæ нæ цæстvтv раз дiссаг у. (Псал. 117, 22, 23).
43. Ўјтvххæј ўн зæђvн: смахæј iст удзæнi
Хуцаўv патцахад, æмæ лæвæрд удзæнi, јæ дvрђ
чi хæсса, ахæм адæмæн.
44. Æмæ уцv дурvл чi æрхаўа, ўј нvммурўдзæнi,
фæлæ ўј та кæўл æрхаўа, ўј нvццæлкæндзæнi.
45. Саўднсvнтvхiстæртæ æмæ фарiсејтæ Јæ
фæсномvгнvхæстæ кў феqўстој ўæд бамбæрстој,
Ўј удон тvххæј кæј дзvрдта, ўј.
46. Æмæ Јæ агўрдтој æрцахсvнмæ; фæлæ
адæмæј тарстvстv, умæн æмæ Јæ пехумпарvл
хvхтој.

## СÆР 22.

1. Јесо, фæсномvгнvхæстæ кæнгæјæ, захта
нодњсудæрма удонæн:
2. Ўæлæрвон патцахад, Јæ фvртv тvххæј чvн-
дзæхсав чi скодта, ахæм лæг-патцахv хўзæн у.

3. Ӕмæ арвvста јæ цаҕартv сідтvтv хонvнмæ
чvндзæхсæвмæ; æмæ удон арцæўн нæ бафæндvді.
4. Нодѥсv арвvста æндæр цаҕартv æмæ сvн
захта: сідтvтæн зæҕут: мæнæ æз сіхор сцæдтæ-
кодтон, мæ кусæрдтæ, æмæ тоqўлтæ æргæвст
стv, цvдæрідтæр цæдтæ у, æрцæут чvндзæхсæвv
мінасмæ.
5. Фæлæ удон нæ бакўмдтој, æмæ ацvдvстv,
чі јæ бvдvрмæ, чі та базаркæнvнмæ.
6. Іннæтæ та ін æрцахстој јæ цаҕартv, баф-
хæрдтој сæ, æмæ сæ амардтој.
7. Патцах ўј кў феqўста, ўæд смæсті; æмæ
арвvста јæ æвсæдтæ, фæцæҕдvнкодта уцv лæг-
мардѥсvтv, æмæ сvн сæ сахар басудзvнкодта.
8. Ўæд захта јæ цаҕартæн: чvндзæхсæвv фvнг
цæдтæ у, фæлæ уцv сідтvтæ аккаг нæ удvстv.
9. Ӕмæ афтæ ацæут фæндæгтv јўкæнæнтæм,
æмæ кæј ссарат, удон сеппæтvдæр æрбакæнут
чvндзæхсæвмæ.
10. Ӕмæ рацvдvстv уцv цаҕæртæ фæндæгтæм,
æрæмбvрдкодтој, кæј ссардтој удон æппæтv,
æвзæртv дæр æмæ хæрзтv дæр; æмæ чvндзæхсæвv
фvнг бајдзадѥсі баддѥсvтæј.
11. Патцах кў бацvді баддѥсvтv фенvнмæ, ўæд
дзv федта чvндзæхсæв дарæс кæўл нæ уд, ахæм
лæдѥсv.
12. Ӕмæ ін захта: мæ лvмæн! кўд æрбацvдтæ
дv ардæм æнæ чvндѥсæхсæвv дарæстv? Фæлæ ўј
нvqqусі.
13. Ўæд патцах захта јæ кўсдѥсvтæн: сбæттут
умæн јæ ќухтæ æмæ јæ ќæхтæ, æкæнут æј, æмæ
јæ баппарўт æттагон талvнгдонмæ: ум удзæні
дзvназvн æмæ дæндæгтv qvcqvc.
14. Цæмæјдæрідтæр сідтvтæ бірæ стv, фæлæ
æвзæрстvтæ чvсvл.
15. Ўæд фарісејтæ ацvдvстv, æмæ сфæндкодтој,
цæмæј Јæ дзvрдтæј æрцахсој.
16. Ӕмæ Јæм æрбарвvстој сæ ахургæнінæгтv
іродіантімæ, æмæ Ін удон захтој: Ахургæнæг!
мах зонæм, Дv раст кæј дæ, æмæ æцæг Хуцаўv

фæндаг кæј амонvс, æмæ зæрдæлхæнæн кæј
нікæмæн кæнvс ўј, цæмæјдæрідтæр лæгмæгæскæ
нæ дæ.
17. Æмæ афтæ, зæђ нvн: кўд Дæм кæсv?
Кесарæн qалон фідvн æмбæлv, æві нæ?
18. Фæлæ сvн Јесо базvдта удонæн сæ хіндзі-
над, æмæ сvн захта: цv Мæ ќахут цæстмæqустæ?
19. Равдісут Мæм сом, qалон цæмæј фідvнц, ўј.
Удон æрхастој Умæ дінарі.
20. Æмæ сvн захта: кæј нvв у ај, æмæ јæ ўолæ
кæј ном іс фvст?
21. Удон Vн, захтој: Кесарv. Ўæд сvн захта:
ўæдæ дæдтут Кесарон Кесарæн, æмæ Хуцаўон
Хуцаўæн.
22. Ўј кў феqўстој, ўæд сæм дісфæкасті, æмæ
Јæ нvўахтој, æмæ ацvдvстv.
23. Уцv бонv Јæм æрбацvдvстv саддукејтæ,
мæрдтv рајгас нæ удзæн, чі зæђvнц, удон, æмæ
Јæ бафарстој:
24. Ахургæнæг! Мојсеј захта: ісчі æнæзæнæгæј
кў амæла, ўæд јæ æфсvмæр ўј ус јæхіцæн ус скæ-
нæд, јæ æфсvмæрæн цотскæнvнv тvххæј.
25. Махмæ авд æфсvмæрv уді: æмæ хістæр
æрхаста ус, æмæ анæзæнæгæј амарді, æмæ јæ
ус нvўахта јæ æфсvмæрæн.
26. Афтæ дvккаг дæр æмæ æртvккагдæр, сўанг
æвдæмv онг.
27. Стæј æппæтv фæстæ ус дæр амарді.
28. Æмæ афтæ, уцv авд æфсvмæрæј кæј ус
удзæні ўј, мæрдтæ кў рајгасој, ўæд? Цæмæјдæ-
рідтæр сеппæтдæр æј усæн дардтој.
29. Јесо сvн захта дзуап: рæдіут, нæдæр чі-
нvдњсv фvст, нæдæр Хуцаўv тvх зонгæјæ.
30. Цæмæјдæрідтæр мæрдтæ кў рајгасўој, ўæд
нæдæр ус курдзvстv, нæдæр мојмæ цæўдзvстv,
фæлæ цæрдзvстv, Хуцаўv Зæдтæ ўæларвv кўд
цæрvнц, афтæ.
31. Æмæ мæрдтæ кæј рајгасудзvстv, ўјтvххæј
та нæ бакастvстут, Хуцаў смахæн цv дзурv ўј:

32. Æз дæн Авраамѵ Хуцаў, æмæ Ісаакѵ Хуцаў,
æмæ Јаковѵ Хуцаў? Хуцаў мæрдтѵ Хуцаў нæ,
фæлæ æгæстѵ Хуцаў у. (Рац. 3, 6).
33. Адæм ўј кў феԛўстој, ўæд діскодтој Јæ
амѵнддзінадѵл.
34. Фарісејтæ кў та феԛўстој, Јесо садукетѵ
дзѵрдæј кæј басаста, ўј, ўæд јўмæ æрæмбѵрдстѵ.
35. Æмæ удонæј јў, дінамонæг, ќахта Уј, æмæ
Јæ бафарста:
36. Ахургæнæг! кæцѵ амѵнддзінад стѵлдæр у
дінѵ?
37. Јесо ін захта: баўарз дæ Хіјцаў Хуцаўѵ
дæ зæрдæ æгасæј, æмæ дæ уд аппæтæј æмæ дæ
ԛўдѵдзінад æгасæј.
38. Ај у фѵтцаг æмæ стѵлдæр амѵнддзінад.
39. Дѵккаг дæр ўј хўзæн у: баўарз дæ хæстæ-
дњсѵ дæхі хўзæн.
40. Ацѵ дуўæ амѵндзінадѵл лæўунц дін јўўлдæр
æмæ пехумпартæ.
41. Æмæ фарісетæ ќў æрæмбѵрдстѵ, ўæд сæ
бафарста Јесо:
42. Кўд æнԛæлстут смах Чѵрѵстіі тѵххæј? кæј
Фѵрт у Уј? Удон Ѵн захтој: Давідѵ.
43. Уј сѵн захта: ўæдæ Јæ Давід, Удæј, Хіцаў
кўд хонѵ, афтæ дзургæјæ:
44. Захта Хіјцаў Мæ Хіјцаўæн: æрбад Мæ ра-
хісфарсѵрдѵгæј, цæлѵммæ Дѵн фæкæнон Дæ знæг-
тѵ Дæ ќæхтѵ бѵн? (Псал. 109, 1).
45. Æмæ афтæ, кæ дæј Давід Хіјцаў хонѵ, ўæд
умæн јæ фѵрт кўд у?
46. Æмæ Ін јў дзѵрд дæр дзуаппæн радтѵн нічі
бафæрæста; æмæ Јæ уцѵ бонæј фæстæмæ нічі
ўал ўæндѵді фæрсѵн.

## СÆР 23.

1. Ўæд Јесо бајдѵдта дзурѵн адæмæн æмæ Јæ
ахургæнінæгтæн,
2. Æмæ захта: Мојсеји бадæнѵл æрбадтѵстѵ
чінѵдњсѵдæснѵтæ æмæ фарісетæ;

3. Æмæ афтæ, цѵ ӯн дарѵн кæној, удон јӯӯл-
дæр дарут æмæ кæнуг; фæлæ сѵн сæ qӯдтæгтѵ
ма фæзмут: цæмæјдæрідтæр удон дзурѵнц, фæлæ
нæ кæнѵнц.
4. Бæттѵнц ўæззау æмæ зѵнхæссæн æрђæмтæ,
æмæ сæ æвæрѵнц адæмæн сæ æккæјтѵ, фæлæ
сæм сæхӯдтæг сæ ќухтѵ æнгӯлдзтæј дæр нæ
æвналѵнц.
5. Сæ qӯдтæгтæ јӯӯлдæр ўјтѵххæј кæннѵц, цæ-
мæј сæ феној адæм; ўорæхкæнѵц сæ æвæрæн-
дæдтæ, æмæ стѵлдæркæнѵц сæ дарæсѵ кæрæдтæ.
6. Афтæ дæр ўарзѵнц хістæрѵ бѵнат мінасѵ
фѵнгӯл, æмæ разæј бадѵн æмо́ѵрдгæнæнтѵ.
7. Æмæ саламдзінæдтæ нѵхæстѵ, цæмæј сæ
адæм хоној: ахургæнæг! ахургæнæг!
8. Фæлæ смах ўæхі ма хонут: ахургæндӂсѵтæ,
цæмæјдæрідтæр смахæн іс јӯ Ахургæнæг, Чѵрѵсті;
смах та ўеппæт æфсѵмæртæ стут;
9. Æмæ зæххѵл ўæ фѵд дæр ма кæј хонут:
цæмæјдæрідтæр ӯн іс јӯ Фѵд, ўæлæрвтѵ Чі іс, Ўј.
10. Æмæ смах ўæхі амондӂсѵтæ ма хонут: цæ-
мæјдæрідтæр ӯн іс јӯ Амонæг, Чѵрѵсті.
11. Смахæј хістæр чі у, ўј ӯн кæстæріўæггæнæг
ўæд.
12. Цæмæјдæрідтæр јехі бæрзонд чі кæнѵ, ўј
æрнѵллæг удзæні, æмæ јехі нѵллæг чі кæнѵ, ўј
сбæрзонд удзæні.
13. Мæгӯр ўæ бон, чінѵдӂсѵдæснѵтæ æмæ фа-
рісетæ, цæстмæqустæ, ўæларвон патцахад адæ-
мæн кæј æхкæнут, ўјтѵххæј; цæмæјдæрідтæр æм
ўæхӯдтæт дæр нæ цæут, æмæ јæм бацæӯн кæј
фæндѵ, удон дæр нæ ўадзут.
14. Мæгӯр ўæ бон, чінѵдӂсѵдæнѵстæ æмæ фарі-
сетæ, цæстмæqустæ, смах ідæдзтæн сæ хæдзæртæ
кæј хæрут, æмæ цæстмæ бірæ кæј кувут, ўјтѵххæј:
смах ўјтѵххæј ўоззаў æфхæрд рајсцѵстут.
15. Мæгӯр ўæ бон, чінѵдӂсѵдæснѵгæ æмæ фа-
рісетæ, цæстмæqустæ ўјтѵххæј æмæ смах æр-
зілут дендӂсѵзѵл æмæ сурзæххѵл, цæмæј јӯѵ ўæд-
тæр раздæхѵнкæнат, æмæ јæ кӯ раздæхѵнкæнут,

ўæд æј геенiаi фѵрт кæнут, ўæхiцæј дуўæ хадтѵ
фѵдтæр.
16. Мæгўр ўæ бон, кўрм фæтдѥсѵтæ, афтæ чi
зæҕѵ: iсчi аргўанæј кў басомѵкæна, ўæд ўј нiцѵ
у; фæлæ iсчi арҕўанѵ сѵзҕæрiнæј кў басомѵкæ-
на, ўæд ўј зѵлѵн у.
17. О, æдѵлѵтæ æмæ кўрмѵтæ! стѵлдæр цѵ у,
сѵзҕæрiн, æвi арҕўан, сѵзҕæрiнѵ сѵҕдæггæнæг?
18. Афтæцæр: кувæндонæј iсчi кў басомѵкæна,
ўæд ўј нiцѵ у; фæлæ iсчi кў басомѵкæна ўўл цѵ
нѵсаjнаг ўа умæј, ўæд ўј зѵлѵн у.
19. О, æдѵлѵтæ æмæ кўрмѵтæ! стѵлдæр цѵ у,
нѵсаjнаг, æвi кувæндон, нѵсаjнадѥсѵ сѵҕдæггæнæг?
20. Æмæ афтæ, кувæндонæј чi сомѵкæнѵ, ўј
сомѵкæнѵ умæј æмæ уул цѵ æвæрд вæјi удон
æппæтæј дæр.
21. Æмæ арҕўанæј чi сомѵкæнѵ, ўј сомѵкæнѵ
умæј æмæ ўј мiдæг чi цæрѵ умæј дæр.
22. Æмæ арвæј чi сомѵкæнѵ, ўј сомѵкæнѵ Хуцаўѵ
бæрзонд бадæнæј, æмæ, iл Чi бадѵ, умæј дæр.
23. Мæгўр ўæ бон, чiнѵдѥсѵдæснѵтæ æмæ фа-
рiсетæ, цæстмæqустæ, бiťнајæ, æнiсæј, æмæ
зiрајæ дæсæм хај кæј дæдтут, æмæ дiнæн јæ
аqазæгтæ, расттæрхондзiнад, хорзæхдзiнад æмæ
ўрнѵн кæј нѵўахтат ўјтѵххæј, ај кæнѵн æмбæлдi,
æмæ ўј нуўадзѵн дæр нæ æмбæлдi.
24. Кўрм фæтдѥсѵтæ, дзѵнгаjи фæрсўддѥсѵтæ,
æмæ теўајѵ нѵqўрдѥсѵтæ!
25. Мæгўр ўæ бон, чiнѵдѥсѵдæснѵтæ æмæ фа-
рiсетæ, цæстмæqустæ, ќусѵ æмæ тæбæҕѵ аттiје
кæј сѵҕдæгкæнут, фæлæ мiдæгæј та дзаг кæј стѵ
стiҕѵндзѵнадæј æмæ хæрамдзiнадæј ўјтѵххæј.
26. Кўрм фарiсе! нѵссѵҕдæгкæн фѵтцаг ќусѵ
æмæ тæбæҕѵ мiдæгæј, цæмæј удон æттiје дæр
сѵҕдæг ўој.
27. Мæҕўр ўæ бон, чiнѵдѥсѵдæснѵтæ æмæ фа-
рiсетæ, цæстмæqустæ, смах ўрссæрст зæппæдзтѵ
хўзæн кæј стут, кæцѵтæ æттiје рæссуҕд зѵнѵнц,
фæлæ мiдæгæј та дзаг стѵ мæрдтѵ стдѥсѵтæј,
æмæ алѵ æнæсѵҕдæгадæј.

28. Смах дæр афтæ æттіје адæммæ зѵнут рас-
таў; фæлæ мідæгæј дзаг стуг фæлівѵндзінадæј
æмæ æнæђдаўдзінадæј.

29. Мæгўр ўæ бон, чінѵꚉсѵдæснѵтæ æмæ фа-
рісетæ, цæстмæqустæ, пæхумпартæн інгæнтæ кæј
амајўт æмæ рæстѵтæн цѵртѵтæ кæј аразут,
ўјтѵххæј,

30. Æмæ дзурут: нæ фѵдæлтѵ бонтѵ кў удајк-
кам ўæд удонімæ амвæнд пæхумпартѵ тугкалѵнѵ
нæ удајккам.

31. Афтæмæј смах ўæхўдтæг ўæхі тѵххæј æвді-
сæнлæўут, смах пæхумпартѵ чі фацахтој, удон
фѵрттæ кæј стут, уўл.

32. Æххæст сæххæсткæнут ўæ фѵдæлтѵ qўдтаг.

33. Кæлмѵтæ, æмæ кæлмѵтѵ зæнæг! кўд фер-
вæздзѵстут смах геенімæ бакæнѵнѵ тæрхонæј?

34. Ўјтѵххæј ўæм, мæнæ, Æз æрвітѵн пæхум-
партѵ, æмæ зонꚉѵнтѵ, æмæ чінѵꚉсѵдæснѵтѵ;
æмæ смах удонæј кæј амардзѵстут æмæ бајтѵн-
дзѵстут, кæј та нæмдзѵстут ўæ нѵхæстѵ, æмæ
сурдзѵстут сахарæј сахармæ;

35. Æмæ ўæ æрѵјафæнт растгæнæг Авелѵ ту-
гæј Захарі Вараxіінѵ фѵртѵ, арђўанæј кувæндонѵ
астæўѵ кæј амардтат, ўј тудꚉѵ онг, зæххѵл раст
тугæј цѵ акалді, удон æппæт.

36. Æцæг ўн зæђѵн: адон јўўлдæр æрцæўдзѵ-
стѵ ацѵ мѵккагѵл.

37, Јерусалім, Јерусалім, пæхумпартѵ цæђдæг,
æмæ дуртæј дæўмæ рарвѵстѵтѵ марæг! цалхадтѵ
Мæ фæндѵді æрæмбѵрдкæнѵн дæ фѵрттѵ, марђ
јæ лæппѵнтѵ кўд æрæмбѵрдкæнѵ јæ базѵртѵ бѵнѵ,
афтæ, æмæ ўæ нæ бафæндѵді!

38. Мæнæ, зајі смахæн ўæ хæдзар автідæј.

39. Цæмæјдæрідтæр ўн зæђѵн: нал Мæ фен-
дзѵстут нѵрæј фæстæмæ, цалѵммæ сзарат: арфæ-
гонд у Хіцаўѵ номæј æрцæўæг.

## СÆР 24.

1. Æмæ Јесо арђўанæј рацæўгæје цvді æмæ
Јæм æрбамбvрдстv Јæ ахургæнінæгтæ, цæмæј Ін
арђўанv амадтvтæ фенvнкæноj.
2. Јесо та сvн захта: адон æппæт унут? Ацæг
ўн зæђvн: адон јўўлдæр хæлд удзvстv, дур дурvл
кўд нæ ўал баззаја, афтæ.
3. Æмæ Зетіі-хохvл кў бадті, ўæд Æм æрбацv-
дvстv Јæ ахургæнінæгтæ хібарæј, æмæ Јæ ба-
фарстоj: зæђ нvн, кæд ўдзæні ўј, æмæ цv нvсан
у Дæ æрцæўнæн æмæ афонv фæўнæн?
4. Јесо сvн дзуаппæн захта: ўæхі qaqqæнут,
цæмæј ўæ мачі фæсаја.
5. Цæмæјдæрідтæр бірæтæ æрцæўдзvстv Мæ
номæј, æмæ дзурдзvстv: æз Чvрvсті дæн; æмæ
бірæтv фæсаjдзvстv.
6. Афтæдæр феqусцvстут æвсæдтv æмæ хæстv-
тv ўацqўд. Кæсут, мæ тæрсут: цæмæјдæрідтæр
удон æппæтvл сæххæст ўн æмбæлv: фæлæ ўј
кæрон нæма у.
7. Цæмæјдæрідтæр сvстцvстv адæм адæмvл,
æмæ патцахад патцахадvл, æмæ удзvстv фvдæз-
тæ, æмæ ранæј рæдтv зæхрізvн.
8. Адон æппæт ўнгæгдзінæдтæн æрмæст сæ
рајдајен стv.
9. Ўæд ўæ дæтцvстv фvдæбонкæнvнмæ, æмæ
ўæ мардзvстv: æмæ æнæўарзон удзvстут адæм
æппæтæн Мæ номv тvххæј.
10. Æмæ ўæд бірæтæ фæрæдіјдзvстv; æмæ
сæкæрæдзіј дæтцvстv, æмæ сæкæрæдзімæ фæ-
хæрам удзvстv.
11. Æмæ бірæ мæнг пæхумпартæ сvстцvстv
æмæ бірæтv фæфæлівдзvстv.
12. Æмæ, æнæдіндзінадv сарæхv тvххæј, бірæ-
тæн сæ ўарзондзінад сўазал удзæні.
13. Фæлæ кæронмæ чі нvгæдзæкæна, ўј фер-
вæздзæні.

14. Æмæ амvнд удзæні ацv патцахадv Евангеліе
æгас дунеjі, адæм сеппæтæн æвдісæнv тvххæj;
æмæ ўæд æрхæтцæудзæні кæрон.
15. Æмæ афтæ, кў фенат сvђдæг бvнатvл
лæўгæ гæнvстонv æвзæрдзінад, пæхумпар Данііл
раздæр кæj захта (чі кæса, ўj æмбарæд):
16. Ўæд, Jўдæаj чі ўоj, удон хæхтæм лідзæнт;
17. Æмæ ўæлхæдзæрдтv чі ўа, удон дæлæмæ
ма æрцæўæнт, jæ хæдзарæj істv ахæссvнv тvххæj.
18. Æмæ бvдvрv чі ўа, ўj фæстæмæ ма раздæ-
хæд jæ дзаўматv раjсvнv тvххæj.
19. Ўцv бонтv мæгўр сvвæрдњсvнтv æмæ дзідзі-
дардњсvтv бон.
20. Кувут, цæмæj ўæ лідзvн зvмæгон ræстæ-
дњсv, кæнæ сабатv ма æрцæўа.
21. Цæмæjдæрідтæр ўæд удзæні стvр ўнгæгдзі-
над, дунæj раjдаjнæj нvрмæ чі нæ уді æмæ чі
нæдæр удзæні, ахæм.
22. Æмæ кў нæ сцvбvр ўаіккоj ўцv бонтæ, ўæд
jў удгоjмаг дæр нæ фервæстаід; фæлæ æвзæр-
стvтv тvххæj ўцv бонтæ сцvбvр удзvстv.
23. Ўæд ўн ісчі кў зæђа: мæнæ, ам іс Чvрvсті,
кæнæ ум;—ма ўæ урнæд.
24. Цæмæjдæрідтæр сvстцvстv мæнгчvрvстітæ,
æмæ мæнгпехумпартæ, æмæ равдісцvстv стvр
нvсæнттæ æмæ діссæгтæ, цæмæj фæфæливоj
æвзæрстvтv дæр, кў бафæразоj ўæд.
25. Мæнæ ўн Æз раздæр захтон.
26. Æмæ ўн кў зæђоj: Уj æдзæрæг ранv іс;
ма рацæут; мæнæ, Ўj æмбæхст хæдзæртv мідæг
іс, ўæд ўæ ма баурнæд.
27. Цæмæjдæрідтæр арвv ферттvвд хурскæсæ-
нvрдvгæj цæўгæjе кўд зvнv сўанг хурнvгўлæнмæ,
адæjмадњсv Фvртv æрцvд дæр афтæ удзæні.
28. Цæмæjдæрідтæр холv кæм ўа, ўм цæргæстæ
дæр æрæмбvрд удзvстv.
29. Æмæ ўаjтађд, уцv ўнгæгдзінадv бонтv
фæстæ, хур баталvнг удзæні, æмæ мæj нæ ратцæні
jæ рухс, æмæ сталvтæ æрхаўдзvстv арвæj, æмæ
ўæларвон тvхтæ фенќўсдзvстv.

30. Ўæд фæзѵндзæні адæјмадњсѵ Фѵртѵ нѵсан
арвѵл; æмæ ўæд сдзѵназдзѵстѵ зæххон мѵккæгтæ
æппæт, æмæ фендзѵстѵ адæјмадњсѵ Фѵртѵ, ўæлар-
вон æврæҕтѵл цæўгæјæ тѵхімæ æмæ стѵр кадімæ.
31. Æмæ рарвітцæні Јæ Зæдтѵ qæрæјўасæг
ўадѵндзімæ, æмæ æрæмбѵрдкæндзѵстѵ Јæ æвзæр-
стѵтѵ цѵппар дѵмгæјæ, арвæн јæ јў кæронæј јæ
іннæ кæронмæ.
32. Леҕвіј бæласæј рајсут бæрæг: умæн јæ ќа-
бузтæ кў сфæлмæн ўој æмæ сѵфтæртæ кў раўа-
дзој, ўæд зонут, сæрд хæстæг кæј у, ўј.
33. Афтæ, смах дæр удон јўўлдæр кў фенат,
ўæд зонут, хæстæг æмæ дўарѵ цур кæј і, ўј.
34. Ацæг ўн зæҕѵн: ацѵ мѵккаг нæмæ аівҕўј-
дзæні, цалѵммæ адон æппæт сæххæстој ўалѵммæ.
35. Арв æмæ зæхх аівҕўјдзѵстѵ, фæлæ Мæ дзѵрд-
тæ нæ аівҕўјдзѵстѵ.
36. Ўцѵ бонѵ æмæ ўцѵ сахатѵ нічі зонѵ, нæдæр
ўæларвон Зæдтæ, фæлæ æрмаст јўнæг Мæ Фѵд.
37. Фæлæ Нојѵ бонтѵ кўд уді, адæјмадњсѵ Фѵр-
тѵ æрцæўнѵ дæр афтæ ўдзæні.
38. Цæмæјдæрідтæр донѵqајмæтѵ бонтѵ размæ
кўд хордтој, ностој, устѵтæ хастој æмæ мојмæ
кўд цѵдѵстѵ, Нoj наўмæ кў бацѵді, ўцѵ бонѵ онг;
39. Æмæ æнqæл нæ удѵстѵ, цалѵммæ донѵqај-
мæт æрцѵді æмæ сеппæтѵ фесæфта, — лæдњсѵ
Фѵртѵ æрцæўн дæр афтæ удзæні.
40. Ўæд дуўæ удзѵстѵ бѵдѵрѵ, јў іст удзæні,
фæлæ іннæ та баззајдзæні.
41. Дуўæ, æмгўројісдњсѵтæј кўрој фѵдтæј јў іст
удзæні, іннæ та баззајдзæні.
42. Æмæ, афтæ, qæлдзæг ут, цæмæјдæрідтæр,
ўæ Хіјцаў кæцѵ сахатѵл æрцæўдзæні, ўј нæ зонут.
43. Фæлæ ўј зонут, хæдзарѵ хіцаў кў зѵдтаід,
кæцѵ сахатѵл æрцæўдзæні хуснæг, ўæд qæлдзæг
удаід, æмæ нæ баўахтаід јæ хæдзарѵ фæќахѵн.
44. Ўјтѵххæј смах дæр цæдтæ ут; цæмæјдæрід-
тæр, кæцѵ сахатѵл нæ æнqæлўат, æрцæўдзæні
адæјмадњсѵ Фѵрт.

45. Чі у æўæнкджсѵн æмæ хорззонджсѵн цађар,
јæ хіцаў кæј нѵллæўнкодта јæ кусджсѵтæн хістæ-
рæн, цæмæј сѵн афонѵ хæрінаг дæдта?
46. Тæхудіаг у ўцѵ цађар, јæ хіцаў æрцæўгæјæ
кæј æрјафа афтæ кæнгæ.
47. Æцæг ун зæђѵн: јæ іс æппæтѵ хіцаў æј
нѵллæўѵн кæндзæні.
48. Фæлæ ўцѵ цађар, æвзæр кў ўа, æмæ кў за-
ђа јæ зæрдæјі: тађд нæ æрцæўдзæні мæ хіцаў;
49. Æмæ бајдаја јæ æмбæлдтѵ нæмѵн, хæрѵн
æмæ нўазѵн расѵггæнджсѵтімæ,
50. Ўæд æрцæўдзæні уцѵ цађарæн јæ хіцаў, ўј
æнqæл кæд нæ ўа, ўцѵ бонѵ, æмæ јæ зæрдæј цѵ
нæ лæўўа, ўцѵ сахатѵ;
51. Æмæ јæ дуўæ діхѵ акæндзæні, æмæ јæ æм-
хај скæндзæні цæстмæqустімæ; ум удзæні кæўн
æмæ дæндæгтѵ qѵсqѵс.

## СÆР 25.

1. Ўæд ўæларвон патцахад дæс чѵзджсѵ хўзæн
удзæні, сæ рухсгæнæнтæ чі рајстој, æмæ сіахсѵ
размæ чі рацѵдѵстѵ.
2. Удонæј фондз зонджсѵн удѵстѵ, фондз та
æдѵлѵтæ.
3. Æдѵлѵтæ сістој сæ рухсгæнæнтæ, фæлæ зе-
ті нæ ахастој.
4. Зонджсѵнтæ та рухсгæнæнтімæ ахастој мігæ-
нæнтѵ мідæг зеті.
5. Æмæ сіахс кў фæфæстіаті, ўæд сæ хуссæг
æрцахста, æмæ сеппæтдæр бафѵнæјстѵ.
6. Фæлæ æмбісæхсæвѵ феqўсті qæр: мæнæ, сі-
ахс æрбацæўѵ, рацæут ѵн јæ размæ.
7. Ўæд уцѵ чѵзджсѵтæ сеппæтдæр сѵстадѵстѵ,
æмæ сæ рухсгæнæнтæ сцæдтæ кодтој.
8. Æмæ æдѵлѵтæ зонджсѵнтæн захтој: радтут
нѵн ўæ зетіје, кæннæўæд нæ рухсгæнæнтæ хўс-
сѵнц.

9. Фæлæ сvн зондџсvнтæ захтој дзуап: цæмæј
мах дæр æмæ смах дæр qўаг ма сўæм, хўздæр у,
ацæут ўојгæндџсvтæм, æмæ балхæнут ўæхiцæн.
10. Æмæ удон æлхæнvнмæ кў ацvдvстv, ўæд
æрцvдi сiахс, æмæ цæдтæ чi удvстv, удон бацv-
дvстv ўјiмæ чvндзæхсæвмæ, æмæ дорттæ сæхкæдтој
11. Стæј æрцvдvстv iннæ чvздџсvтæ дæр, æмæ
дзvрдтој! Хiјцаў! Хiјцаў! дўар нvн бакæн.
12. Фæлæ сvн ўј захта дзуап: æцæг ўн зæђvн:
нæ ўæ зонvн.
13. Æмæ афтæ qæлдзæг ут, умæн-æмæ нæ зо-
нут нæдæр бон, нæдæр сахат, адæјмаджсv Фvрт
кæд æрцæўдзæнi.
14. Цæмæјдæрiдтæр ўј бакæндзæн ўцv лæгаў, æн-
дæр бæстæм цæўгæјæ, јæ цађартæм чi басiдтi,
æмæ сvл јæ iс чi бафæдзæхста.
15. Æмæ јўæн радта фондз талантv, iннæмæн
дуўæ, æртvккагæн јў, алкæмæндæр јæ тvхмæ
гæскæјæ: æмæ ўцv сахатvл ацvдi.
16. Æмæ фондз талантv чi рајста, ўј ацvдi æмæ
сæ qўдтагўл бафтvдта, æмæ сæ пајда рајста æн-
дæр фондз талантv.
17. Афтæ дуўæ талантv чi рајста, ўј дæр пај-
да скодта æндæр дуўæјi.
18. Фæлæ јў талант чi рајста, ўј ацvдi, æмæ
зæхх скахта, æмæ јæ хiцаўv æвзiст бамбæхста.
19. Бiрæ афонv фæстæ раздæхтi ўцv цађартv
хiцаў, æмæ сæ кўрдта дзуап.
20. Æмæ фондз талантv чi рајста, ўј бацvдi,
æмæ бахаста iннæ фондз талантv дæр, æмæ iн
захта: Хiцаў! дv мvн радтај фондз талантv, мæнæ
сvл æз бафтvдтон æндæр фонд талантv.
21. Јæ хiцаў iн захта: Хорз, мæ јўзæрдiон хорз
цађар! чvсvлvл æўæнкдџсvн удтæ бiрæ дvн рат-
цvнæн дæ ќўхv; бацу дæ хiцаўv цiндзiнадмæ.
22. Афтæ дæр æрцvдi дуўæ талантv чi рајста
ўј, æмæ iн захта: Хiцаў! дv мvн радтај дуўæ та-
лантv, мæнæ æз удонvл бафтvдтон æндæр дуўæ
талантv.

[1]) Талант у дæс мiн сомv.

23. Jæ хіцаў vн захта: Хорз, мæ jўзæрдіон хорз цађар, чvсvлvл æўæнкдњсvн удтæ, бірæ дvн ратцvнæн дæ ќухv, бацу дæ хіцаўv ціндзінадмæ.

24. Æмæ jў талант чі раjста, ўjдæр æрбацvді, æмæ ін захта: Хіцаў! æз звдтон, дv мæствгæр лæг кæj дæ, ўj; кæрдvс ум, кæм нæ баjтvдтаj, æмæ æмбvрдкæнvс ум, кæм нæ акалдтаj;

25. Æмæ фæтæрскæjæ ацvдтæн, æмæ дæ талант бамбæхстон зæххv: мæнæ дvн дæхіон.

26. Jæ хіцаў та ін захта дзуаппæн: хінæjдзаг æмæ зівæггæнæг цађар! дv, æз кæм нæ баjтvдтон, ум кæj кæрдvн, æмæ кæм нæ акалдтон, ум кæj æмбvрдкæнvн, кæд ўj звдтаj;

27. Ўæд дvл æмбæлді радтvн мæ æвзіст сæўдæдњсертæм, æмæ æз æрцæўгæjæ раjстаін мæхіон паjдаімæ.

28. Æмæ афтæ, раjсут умæj талант, æмæ jæ радтут дæс талантv кæмæ іс, умæн.

29. Цæмæjдæрідтæр кæмæ іс, умæн лæвæрд удзæні, æмæ іл бафтцæні; фæлæ кæмæ нæj, умæ цv іс, ўj дæр умæj іст удзæні;

30. Фæлæ ўцv æбæззон цађарv баппарут æдтагон талvнгмæ; ум удзæні кæўн æмæ дæндæгтv qvсqvс. (Аj зæђгæjæ сqæркодта: qусvнæн qустæ кæмæн іс, ўj феqусæд!).

31. Æмæ адæjмаддњсv Фvрт кў æрцæўа, Jæ ствраду, Jæ свђдæг Зæдтæ æппæтімæ, ўæд æрбатцæні Jæ стvраду бандонvл.

32. Æмæ Jæ разv æрæмбvрдўдзvстv адæм æппæтv; æмæ сæ ахіцæнкæндзæні кæрæдзіjе, фæjаў jæ фvстv кўд ахіцæнкæнv сæђтæj, афтæ.

33. Æмæ нvллæўўн кæндзæні фvстv Jæ рахісфарсvрдvгæj, сæђтv та Jæ галіўфарсvрдvгæj.

34. Ўæд зæђдзæні Патцах Jæ рахісфарсvрдvгæj лæўдњсvтæн: æрцæут Мæ Фvдv арфæгондтæ! ўæхі бакæнут, дунеjі рафæлдісvнæj ўн цæдтæгонд цv патцахад у, ўj.

35. Цæмæjдæрідтæр Мvн стондњсv уді, æмæ Мvн смах радтат хæрінаг; доjнv Мvн уді, æмæ Мvн

смах баназvн кодтат; бæлтцон удтæн, æмæ Мæ
ўæхiмæ бакодтат.

36. Бæђнæг удтæн, æмæ Мvн смах дарæс скод-
тат; рvнчvн удтæн, æмæ мæ смах баскæрстат;
талvнгахæстонv удтæн, æмæ Мæм смах арцv-
дvстут.

37. Ўæд V'н рæстvтæ дзуап зæђдзvстv: Хiјцаў!
кæд Дæ федтам мах стонгæј, æмæ Дvн кæд ба-
хæрvн кодтам? кæнæ дојнiје, æмæ Дvн кæд бана-
зvнкодтам?

38. Кæд Дæ федтам бæлтцонæј, æмæ Дæ кæд
бакодтам нæхiмæ, кæнæ бæђнæг кæд удтæ, æмæ
Дvн дарæс кæд скодтам?

39. Кæд Дæ федтам рvнчvнæј, кæнæ талvнг-
ахæстонv, æмæ Дæ кæд баскæрстам?

40. Амæ сvн Патцах зæђдзæнi дзуап: æцæг ўн
зæђvн: кæд смах ај бакўстат Мæ ацv кæстæр
æфсмæртæј јўæн, ўæд æј Мæнæн бакўстат.

41. Ўæд Јæ галiўфарсvрдvгæј лæўдџсvтæн дæр
зæђдзæнi: ацæут Мæнæј, æлђvстvтæ, æнусон
артмæ, хæјрæгæн æмæ јæ зæдтæн цæдтæђондмæ!

42. Цæмæјдæрiдтæр Мvн стондџсv удi, æмæ
Мvн смах нæ радтат хæрiнаг; дојнv Мvн удi,
æмæ Мvн смах нæ баназvнкодтат;

43. Бæлтцон удтæн, æмæ Мæ ўæхiмæ нæ ба-
кодтат; бæђнæг удтæн, æмæ Мvн дарæс не
скодтат; рvнчvн æмæ талvнгахæстонv удтæн,
æмæ Мæ смах нæ баскæрстат.

44. Ўæд V'н удон дæр зæђдзvстv дзуап: Хiцаў!
кæд Дæ федтам стонгæј, кæнæ дојнiје, кæнæ
бæлтцонæј, кæнæ бæђнæгæј, кæнæ рvнчvнæј,
кæнæ талvнгахæстонv, æмæ Дvн нæ бакўстам?

45. Ўæд сvн зæђдзæнi дзуап: æцæг ўн зæђvн:
кæд смах нæ бакўстат ај ацv чvсvлтæј јўæн, ўæд
Мæнæн дæр нæ бакўстат.

46. Æмæ удон ацæўдзvстv анусон qајмæтмæ,
фæлæ рæстvтæ та анусон цардмæ.

## CÆР 26.

1. Æмæ Јесо ацѵ дзѵрдтæ јўўлдæр кў фæці,
ўæд Јæ ахургæнінæгтæн захта:
2. Смах зонут, дуўæ бонѵ фæстæ Пасха[1]) кæј
удзæні, æмæ адæјмаџсѵ Фѵрт бајтѵндзѵнæн рард
кæј удзæні, ўј.
3. Ўæд æрæмбѵрдстѵ саўџсѵнтѵхістæртæ, æмæ
чінѵџсѵдæснѵтæ, æмæ адæмѵ зæрæдтæ саўџсѵн-
тѵхістæр Кајафаі кæртмæ.
4. Æмæ сфæндкодтој, цæмæј æрцахсој Јесоі
сајдæј, æмæ Јæ амарој.
5. Фæлæ дзѵрдтој: æрмæст бæрæгбонѵ нæ,
цæмæј адæм ма сѵзмæстўој.
6. Æмæ Јесо Віфаніі кў ўді, qотѵрџсѵн Сімо-
нѵ хæдзарѵ;
7. Ўæд Æм æрбацѵді јў ус, зѵнарђ міронæј
дзаг алавастѵрѵ мігæнæнімæ, æмæ Ін æј, Ўј кў
бадті, ўæд Јæ сæрѵл аўахта.
8. Ўј кў федтој Јæ ахургæгінæгтæ, ўæд сæ
qўрqўр ссѵді, æмæ захтој: ацѵ дзæђæл сæфт
цæмæн у?
9. Цæмæјдæрідтæр ацѵ міронѵ бірæ арђѵл
аўојчѵндæўудаід, æмæ јæ бајўæрстудаід мæгўртæн.
10. Фæлæ Јесо ўј бамбæрста, æмæ сѵн захта:
цæмæн ќўлѵмпѵкæнут усѵ? ўј хорз qўдтаг ба-
кодта Мæн тѵххæј.
11. Цæмæјдæрідтæр мæгўртæ кæдтæрідтæр
смахімæ стѵ, фæлæ Æз кæдтæрідтæр смахімæ
нæ дæн.
12. Ацѵ міронѵ Мæ бўарѵл аўадзгæје, ўј Мæн
сцæдтæкодта нѵгæнѵнмæ.
13. Æцæг ўн зæђѵн: кæмдæрідтæр амѵнд ўа
ацѵ Евангеліе æгас дунеі, ўј кој удзæні, æмæ цѵ
бакодта, ўјдæр.
14. Ўæд умæн јæ дуўæдæс ахургæнінæгтæј јў,
Іскаріотаг Јўда чі хўнді, ўј, ацѵді саўџсѵнтѵхіс-
тæртæм.

[1]) Кўадзæн.

15. Æмæ сѵн захта: цѵ мѵн ратцѵстут, æз ўн
Æј кў радтон, ўæд? удон ѵн нѵпоастој дæс-æмæ-
ссæдз æвзістѵ.
16. Æмæ ўцѵ афонæј фæстæмæ ўј агўрдта
æнцон фадат, цæмæј сѵн Æј радта.
17. Æнæнԛѵст дзулхæрæн фѵтцаг бонѵ ба-
цѵдѵстѵ Јесомæ Јæ ахургæнінæгтæ, æмæ Ін
захтој: кæм нѵн амонѵс Дæўæн пасха сцæдтæ-
кæнѵн?
18. Ўј захта: цæўгæут сахармæ ахæм-ахæммæ,
æмæ ін зæӡут: Ахургæнæг зæӡѵ: Мæ афон æрæв-
вахсі; дæўмæ сæххæсткæндзѵнæн пасха Мæ
ахургæнінæгтімæ.
19. Ахургæнінæгтæ бакодтој, кўд сѵн захта
Јесо, афтæ æмæ сцæдтæкодтој пасха.
20. Æмæ кў баізæрі, ўæд Ўј æрбадті јæ дуўа-
дæс ахургæнінæгтімæ.
21. Æмæ удон кў хордтој, ўæд захта: æцæг ўн
зæӡѵн: смахæј јў ратцæн Мæн.
22. Удон ідтæг æрæнќардѵстѵ, æмæ бајдѵдтој
дзурѵн Умæн јўгај: Хіјцаў! æз мијаг дæн?
23. Ўј сѵн захта дзуап: јæ ќух Мемæ чі аўадза
цæхдарæнѵ, ўј Мæ ратцæні.
24. Фæлæ адæјмаджсѵ Фѵрт цæўѵ Ўј тѵххæј кўд
фѵст у, афтæ: фæлæ мæгўр јæ бон ўцѵ лæгæн,
адæјмаджсѵ Фѵртѵ чі ратцæні; хуздæр удаід ўцѵ
лæгæн, кў нæ рајгўрдаід.
25. Ўæд Јўда дæр захта: Равві! æз мијаг дæн?
Јесо ін захта: дѵ захтај.
26. Æ æ удон кў хордтој, ўæд Јесо сіста дзул
æмæ арфæракодта, æмæ јæ асаста, æмæ јæ Јæ
ахургæнінæгтæн дæдткæјæ захта: ајсут, æмæ
хæрут; ај у Мæ бўар.
27. Æмæ рајста нўазæн, æмæ бузнѵг зæӡгæјæ,
радта удонæн, æмæ сѵн захта: нўазут амæј ўæ
æппæт;
28. Цæмæјдæрідтæр ај у Мæ туг ног æвдѵстѵ,
бірæтæн сæ тæріӡæдтѵ нѵппарѵнѵ тѵххæј калд.
29. Фæлæ ўн зæӡѵн, кўд нѵрæј фæстæмæ нал
баназдзѵнæн ацѵ сæнæвсірѵ дѵрӡѵ донæј, ўцѵ

бонv онг, цалvнмæ нўазон смахімæ ног сæн Мæ
Фvдv патцахадv.

30. Æмæ сзаргæјæ ацvдvстv Зетіі дvрђv хохмæ.

31. Ўæд сvн Јесо захта: ўæ æппæт фæрæдіј-
дзvстут Мæн тvххæј ацv æхсæв, цæмæјдæрідтæр
фvст у: нvббvрсцvнæн фæјаўv, æмæ нvххæліў-
удзvстv дзудњсv фvстæ. (Захарі 13, 7).

32. Мæ рајгасv фæстæ та ўл сæмбæлдзvнæн
Галілæі.

33. Петр Vн захта дзуап: сеппæтдæр кў фæрæ-
діој Дæў тvххæј, ўæдтæр æз нікў фæрæдіјдзvнæн.

34. Јесо Ін захта: æцæг дvн зæђvн: ацv æх-
сæв, цалvнмæ ўасæг нvўаса, ўалvнмæ Мvл æртæ
хаттv бавдісæнкæндзvнæ.

35. Петр Ін захта: Демæ мæн амæлvн кў qæўа,
ўæдтæр Дvл æвдісæн нæ бакæндзvнæн. Афтæ
дзvрдтој ахургæнінæгтæ сеппæтдæр.

36. Ўј фæстæ æрцvді удонімæ Јесо Гефсіма-
ніа чі хўінv, уцv бvнатмæ, æмæ захта Јæ ахур-
гæнінæгтæн: абадут ам, цалvнмæ Æз ацæўон, æмæ
ум скувон, ўалvнмæ.

37. Æмæ Јæмæ акодта Петрv æмæ Зеведеі
дуўæ фvртv, æмæ бајдvдта qvнцvмкæнvн æмæ
ўнгæгкæнvн.

38. Ўæд сvн захта Јесо: мæ уд мæлæтvўнгæг-
кæнv; фæлæўут ам, æмæ qæлдзæгут Мемæ.

39. Æмæ јўчvсvл ахіцæні, æрхаўдта дæлгоммæ,
æмæ кувгæјæ дзvрдта: О, Мæ Фvд! кæд сўдзæні,
ўæд аіртæсæд Мæнæј ацv нўазæн; æрмæст Мæн
кўд фæндv афтæ нæ, фæлæ Дæў кўд фæндv, афтæ.

40. Æмæ æрцvді Јæ ахургæнінæгтæм æмæ сæ
хўскæјæ ссардта, æмæ захта Петрæн: афтæ нæ
бафæрæстат смах qæлдзæг фæўн Мемæ јў сахат
дæр?

41. Qæлдзæгут æмæ кувут, цæмæј ма бахаўат
фvдæвзарæнv: Уд цæрдæг у, фæлæ бўар та æнæ-
qару у.

42, Нодњсv дvккаг хат ацvді, æмæ кувгæјæ,
дзvрдта: О, Мæ Фvд! кæд ацv нўазæн Мæнæј нæ

аіртæсцæні, Æз æј цæмæј нæ баназон; ўæд Дæў кўд фæндv, афтæ фод.
43. Æмæ сæм æрцvді, æмæ та сæ нодњсvдæр
хўскæјæ ссардта; умæн-æмæ сæ цæстvтæ хўссæгæј æрўоззаўvстv.
44. Æмæ сæ нvўахта. æмæ ацvді нодњсv, æмæ æртvккаг хат кўвдта, ўцv дзvрдтæ та дзургæјæ.
45. Ўæд æрцvді Јæ ахургæнінæгтæм æмæ сvн
захта: смах нодњсv хўссут æмæ æнцадvстут; мæнæ, æрхæтцæ сахат, æмæ адæјмадњсv Фvрт лæвæрд удзæні тæріђæддњсvнтv ќухтæм.
46. Сvстут, цæўом, мæнæ æрхæтцæ іс Мæ
дæдтæг.
47. Æмæ ма ўј кўд дзvрдта, афтæ æрхæтцæ
Јўда, Јæ дуўадæс ахургæнінæгтæј јў, æмæ ўјімæ бірæ адæм цvрђæгтімæ æмæ міхтімæ саўдњсvнтvхістæртæј æмæ адæмv хістæртæј.
48. Умæн јæ дæдтæг радта удонæн нvсан, æмæ
сvн захта: æз кæмæн апакæнон, Ўј у, æмæ јў Æј æрцахсут.
49. Æмæ ўцv сахатvл бацvді Јесомæ, æмæ Ін
захта: дзæбæх дæ, Равві! æмæ Ін апакодта.
50. Јесо та ін захта: мæ лvмæн! цæј тvххæј
дæ ам? Ўæд бацvдvстv Јесомæ, æмæ Јæм бавнæлдтој æмæ Јæ ракодтој.
51. Æмæ мæнæ, Јесоімæ чі удvстv, удонæј јў
февнæлдта, æмæ фелвæста јæ кард, æмæ раўолæкодта, æмæ дзv нvтцафта саўдњсvнтvхістæрv цађарv, æмæ ін јæ qус ахаўнкодта.
52. Ўæд vн Јесо захта: нvттvс дæ кард јæ бvнатv, цæмæјдæрідтæр цvрђаг сісдњсvтæ æппæт цvрђагæј фесæфцvстv.
53. Æві афтæ æнqæл дæ міјаг, Æз нvр мæ
Фvдæј кў ракурін, ўæд Мvн Ўј дуўадæс леђіонæј фvлдæрдæр зæдтæ нæ æрæрвітід?
54. Ўæд кўд сæххæст удзvстv чінvдњсvфvст
дзvрдтæ, афтæ кæј æмбæлv, ўј?
55. Ўцv сахатvл Јесо захта адæмæн: цvма æвзæргæнæгмæ рацvдvстут смах цvрђæгтімæ æмæ міхтімæ, Мæн æрцахсvнмæ; алæбон смахімæ бад-

таен Æз, æмæ ўн амvдтон арђўанv мідæг, фæлæ
Мæ смах нæ ахстат.
56. Адон јўўлдæр афтæ æрцvдvстv, цæмæј сæх-
хастўој пæхумпартv фvстvтæ. Ўæд Æј Јæ ахўр-
гæнінæгтæ нvўахтој, æмæ фæлvђдvстv.
57. Æмæ Јесоі Јæ æрцахсдѩсvтæ акодтој саў-
дѩсvнтvхістæр Каіафмæ, кæдæм æрæмбvрдстv
чінvдѩсvдæснvтæ æмæ зæрæдтæ.
58. Петр та цvді Умæн Јæ фæдvл дæрдцæф
саўдѩсvнтvхістæрv кæртv онг; æмæ кæртмæ ба-
цvді, æмæ æрбадті кусдѩсvтімæ, цæмæј фена цv
фæўдзæні, ўј.
59. Саўдѩсvнтvхістæртæ æмæ зæрæдтæ æмæ
Сінедріон (1) æппæт агўрдтој мæнгæвдісæндзі-
нæдтæ Јесоіл, цæмæј Јæ радтој мæлæтмæ.
60. Фæлæ нæ ардтој; æмæ кæд бірæ мæнг-
æвдісæнтæ æрцvдvстv, ўæдтæр не ссардтој. Фæлæ
фæстагмæ, æрцvдvстv дуўæ мæнгæвдісæнv,
61. Æмæ захтој: Уј дзvрдта: мæнæн Мæ бон у
Хуцаўv арђўан фехалvн, æмæ Јæ æртæ бонмæ
самаін.
62. Æмæ саўдѩсvнтvхістæр сvстаді, æмæ Ін
захта: цæўлнæ істv дзуап дæдтvс? Удон Дvл
комдзог цæмæј цæўнц, уўл?
63. Јесо ніцv дзvрдта. Æмæ ін саўдѩсvнтvхі-
стæр захта: сомv Дvн кæнvнкæнvн агас Хуцаўæј,
зæђ мvн: Дv міјаг дæ Чvрvсті, Хуцаўv Фvрт!
64. Јесо ін захта: дv захтај; фæлæ ма ўн зæђvн:
нvрæј фæстæмæ фендзvстут адæјмадѩсv Фvртv
тvхv рахісфарсvрдvгæј бадгæ, æмæ æрвтv
æврађўл æрцæўгæ.
65. Ўæд саўдѩсvнтvхістæр аскўдтæкодта јæ да-
рæстæ, æмæ захта: Ај Хуцаўv фаўv! цæмæн ма
нæ qæўv æвдісæнтæ? мæнæ нvр смах феqўстат
Хуцаўv кæј фаўv, ўј.
66. Кўд ўæм кæсv ај? Удон vн захтој дзуап:
мæлæтv аккаг у.

[1]) Сæрон тæрхондон

67. Ўæд Vн јæ цæскомvл тутæкодтој, æмæ Ін
Jæ qустæ івæстој, јўæј-јўтæ та Ін Jæ æхсæр-
фæрстæ џvтдџсvтæкодтој,
68. Æмæ Ін дзvрдтој: базон, Чvрvсті, чі дæ
нvццафта?
69. Петр та бадті æдтеје кæртv; æмæ јæм æр-
баўаді јў фæсцæўін, æмæ ін захта: дv дæр удтæ
Галілејаг Јесоімæ.
70. Фæлæ іл ўј æвдісæнбакодта æппæтv раз,
æмæ захта: нæ зонvн, дv цv дзурvс, ўј.
71. Æмæ ўј дўарv æдтеје кў рацæјцvді, ўæд æј
æндæр федта, æмæ захта, ум чі удvстv удонæн:
ај дæр Назарејаг Јесоімæ уді.
72. Æмæ іл Ўј нодџсvдæр æвдісæнбакодта
сомvгæнгæјæ, уцv лæдџсv кæј нæ зонv, ўјтvххæј.
73. Јўчvсvл фæстæдæр ум чі лæўўді, удон
æрбацvдvстv, æмæ захтој Петрæн: дv дæр бæл-
вvрд удонæј дæ, дæ нvхасæј дæр бæрæг дæ.
74. Ўæд ўј сомvкæнvн æмæ ардхæрvн бајдvдта,
уцv лæдџсv кæј нæ зонv, ўјтvххæј. Æмæ ўајтађд
ўасæг нvўасvді.
75. Æмæ æрæмvсvді Петр, Јесо ін цv дзvрд
захта, ўј: цалvнмæ ўасæг нvўаса, ўалvммæ Мvл
æртæ хаттv æвдісæнбкæндзvнæ. Æмæ рацvді
æдтæмæ, æмæ дзvназгæје кўдта.

## СÆР 27.

1. Æмæ кў сбоні, ўæд саўдџсvнтvхістæртæ æмæ
адæмv зæрæдтæ сеппæт фæндскодтој Јесоі тvх-
хæј, цæмæј Jæ радтој марvнмæ.
2. Æмæ Jæ сбастој, æмæ Jæ акодтој, æмæ Jæ
радтој бæстvхіцаў Понтv Пілатмæ.
3. Ўæд, Jæ радтæг, Јўда, тæрхонгонд кæј фæці,
ўј фенгæјæ, æрфæсмонкодта, æмæ фæстæме æр-
хаста дæс-æмæ-ссæдз æвзістv саўдџсvнтvхістæр-
тæм æмæ зæрæдтæм,

4. Зæђгæјæ: æз тæріђæд ракодтон, æнæазvм
туг кæј радтон, умæј. Фæлæ ін удон захтој: ма-
хæн умæј цv у? дæхæдæг кæс.
5. Æмæ аппæрста æвзістæхца арђўанv, рацvді
æмæ ацvді, æмæ јæхі æрцаўхта.
6. Саўдњсvнтvхістæртæ сістој ўцv æвзістvтæ,
æмæ захтој: арђўанv хæзнадонv сæ цæвæрvн нæ
æмбæлv, умæн-æмæ тудњсv арђ стv.
7. Фæлæ сфæндкодтој, æмæ сæ балхæдтој
дурvнгæнæгæј зæхх, бæлтцæдтv нvгæнvнv тvххæј.
8. Æмæ ўјтvххæј ўцv зæхх тудњсv зæхх хўінv
абонv онг.
9. Ўæд сæххæсті пæхумпар Јереміаі дзvрд, афтæ
чі зæђv: æмæ рајстој дæс-æмæ-ссæдз æвзістv
арђгондv арђ, кæцvјæн арђ скодтој Ізрајлv фvрттæ,
10. Æмæ сæ радтој дурvнгæнæдњсv зæххvл, кўд
мvн ўј ссæргомкодта Хіјцаў.
11. Јесо та нvллæўўді бæстvхіцаўv раз. Æмæ
Јæ бафарста бæстvхіцаў: Дv Јўдеаг патцах дæ?
Јесо ін захта: дv зæђvс.
12. Æмæ Јæ зvлvн кў кодтој саўдњсvнтvхістæр-
тæ æмæ адæмv зæрæдтæ; ўæд Уј ніцv дзуап
лæвæрдта.
13. Ўæд Vн Пілат захта: нæ qусvс, цас Дæ
зvлvн кæнvнц?
14. Æмæ ін дзуап нæ радта јў дзvрдvл дæр,
бæстvхіцаў ідтæг діс кўд кодта, афтæ.
15. Æмæ бæрæгбон Пасхаі тvххæј бæстvхіцаў-
мæ æђдаў уді аўадзvн ахæстvтæј јўv, адæмv кæ-
цvі бафæндvдаід, ўј.
16. Ўæд уді удонмæ бæрæг ахæст, јæ ном Ва-
равва.
17. Æмæ удон кў æрæмбvрдvстv, ўæд сæ Пілат
бафарста: кўд ўæ фæндv, ацv дуўæјæ ўн æз кæј
аўадзон: Вараввæј, æві Јесоі, Чvрvсті чі
хўјнv, Ўј?
18. Цæмæјдæрідтæр звдта, хæлæгæј Јæ кæј
радтој, ўј.
19. Æмæ уј тæрхонv бvнатvл кў бадті, ўæд Æм
јæ ус арвvста зæђvнмæ: ма цv ракæн уцv растæн;

цæмæјдæрідтæр æз нvр фvнv бірæ фæqіамæткодтон Уј тvххæј.
20. Фæлæ саўдıcvнтvхістæртæ æмæ зæрæдтæ
сардvдтој адæмv, Вараввæј ракурvн, Јесоі та
фесафvн.
21. Ўæд сæ бæстvхіцаў бафарста: ацv дуўæје
ўæ кацvі раўадзvн фæндv? Удон vн захтој: Вараввæі.
22. Пілат сvн захта: æмæ ўæдæ Јесо, Чvрvсті
чі хўінv, Ујімæ цv кæнон? Удон vн сеппæт захтој: дзўарvл тvђд фæўæд.
23. Бæстvхіцаў захта: цv æвзæр ракодта Уј?
Фæлæ удон ідтæгдæр qæркодтој: дзўарvл тvђд
фæўæд!
24. Пілат кў федта, кæј ніцv аqаз у, фæлæ
qæлæба стvлдæр кæј кæнv ўј, ўæд рајста дон,
цæхсадта јæ ќухтæ адæмv раз, æмæ захта: æз
аххосдıcvн нæ дæн ацv растv тудıcv, ўæхўдтæг
фендзvстут.
25. Æмæ адæм æппæт захтој умæн дзуап: Јæ
туг махvл æмæ нæ зæнæгўл æрцæўæд.
26. Ўæд сvн аўахта Вараввæі, Јесоі та фæнадта, æмæ јæ радта удонæн дзўарvл бајтvндзvнмæ.
27. Ўæд бæстvхіцаўv æвсæдтæ акодтој Јесоі
преторіаі тæрхондонмæ, æмæ Іл æрæмбvрдкодтој
æгас æвсад.
28. Æмæ Јæ сбæђнæгкодтој, æмæ Іл сvрх дарæс скодтој.
29. Æмæ сбvдтој сvндзvтæј худ, æмæ Ін ўј Јæ
сæрvл нvккодтој, æмæ Ін Јæ рахіс ќухv радтој
лæдзæг, æмæ Јæ разv сæ зонгўтvл лæўгæје,
æлђvстој Уј, дзургæје: цінкæн Јўдеаг патцах!
30. Æмæ Іл тутæгæнгæјæ, лæдзæг рајстој, æмæ
Ін Јæ сæр надтој.
31. Æмæ Јæ кў фелђvстој, ўæд Vн раластој Јæ
сvрх дарæс, æмæ Іл скодтој Јæхі дарæстæ, æмæ
Јæ акодтој бајтvндзvнмæ.
32. Æмæ кў рацvдvстv, ўæд сæмбæлдvстv јў
Кірінеагўл, јæ ном Сімон кæмæн хўнді, ўўл; умæн
ахæссvнкодтој Уј дзўар.

33. Æмæ кў æрцvдvстv, јў бvнатмæ, кæцv хўінv
Голгофа, ома Нvхv бvнат,
34. Уæд Vн радтој нўазvнæн мастімæ хæтцæ-
гонд дзмарі, æмæ јæ фенгæје, нæ бакўмдта
нўазvн.
35. Јæ тvндзднсvтæ та хæлдтæ æппаргæјæ,
ўæрстој Јæ дарæстæ;
36. Æмæ ум бадгæјæ, qaqqæдтој Уј.
37. Æмæ Ін Јæ сæрмæ сæвæрдтој Јæ аххосv
фvст: Ај у Јесо, Јўдеаг Патцах.
38. Ўæд Ујімæ дзўарvл бајтvхтој дуўæ æвзæр-
гæнæднсv, јўv Јæ рахісфарсvрдvгæј, іннæі та Јæ
галіўфарсvрдvгæј.
39. Æмæ Јæ цуртv цæўднсvтæ æлђvстој Уј, сæ
сæртæ тілгæјæ,
40. Æмæ дзургæјæ: арђўан халæг æмæ Јæ æртæ
бонмæ амајег! Дæхæдæг Дæхі фервæзvнкæн.
Кæд Дv Хуцаўv фvрт дæ, ўæд дзўарæј рахіз.
41. Афтæдæр саўднсvнтvхістæртæ чінvднсvдæс-
нvтімæ æмæ зæрæдтімæ, худгæје дзvрдтој:
42. Іннæтv ірвæзvнкодта, фæлæ Јæхі фервæ-
зvнкæнvн нæ фæразv. Кæд Уј Ізраілæгтv Пат-
цах у, ўæд нvр рахізæд дзўарæј, æмæ нæ баўрн-
дзæні Уј.
43. Хуцаўæј нvфсднсvн уді, ўæдæ Јæ нvр фер-
вæзvнкæнæд, кæд Vн ўарзон у, ўæд. Цæмæјдæ-
рідтæр Уј захта: Æз Хуцаўv Фvрт дæн.
44. Јæмæ тvђд цv æвзæргæнднсvтæ уді, удон
дæр Vн æвзæр дзvрдтој.
45. Æмæ æхсæзæм сахатæј талvнг ссі зæхх
аппæтvл фарæстæм сахатмæ.
46. Фарæстæм сахатмæ æвваxс та сqæркодта
Јесо тvнг qæлæсæј: Ілі, Ілі! лама савахфæні?
цæвідтон: О, Мæ Хуцаў! цæмæн Мæ нvўахтај Дv?
47. Ум чі лæўўді, удонæј јўæј-јўтæ, ўј феqускæје
дзvрдтој: Уј Іліамæ сідv.
48. Æмæ ўцv сахатvл удонæј јў азђордта, рајста
скæлладсæрфæн, æмæ јæ бајдзагкодта дзмаріје,
æмæ јæ лæдзæгvл бакодта, æмæ Ін æј лæвæрдта
нўазvнæн.

49. Фæлæ іннæтæ дзvрдтој: фæлæў; фенæм,
кæдтæра Јем Іліа фервæзvнкæнvнмæ æрцæўдзæн.
50. Фæлæ Јесо нодњсvдæр сqæркодта тvнг
qæрæј æмæ Јæ уд сіста.
51. Æмæ мæнæ, арђўанv мідæгæмбæрзæн дуўæ-
діхv фæці јæ сæрæј јæ бvнмæ; æмæ зæхх сæн-
ќўсті; æмæ ќæдзæхтæ фехæлдvстv.
52. Æмæ інгæнтæ бајгомстv; æмæ бірæ свђдæг
мæрдтv бўæрттæ рајгасvстv.
53. Æмæ інгæнтæј рацæўгæје, Уј рајгасv фæс-
тæ, бацvдvстv свђдæг сахармæ, æмæ бірæтæм
раргомvстv.
54. Фондзссæдзv хіцаў та, æмæ ўјімæ чі qаq-
qæдтој Јесоі, зæххv æнќўст æмæ цv æрцvді,
ўј јўўлдæр фенгæје, ідтæг фæтарстvстv, æмæ
дзvрдтој: бæлвvрд уді Уј Хуцаўv Фvрт.
55. Ум удvстv афтæдæр, æмæ дæрдцæфæј ка-
стvстv бірæ устvтæ, Гæлілеаје Јсојен Јæ фæ-
дvл чі рацvдvстv, æмæ Ін чі кўстој.
56. Удон æхсæнv уді Магдалінаг Маріа, Јаковv
æмæ Јосіаі мад Маріа, æмæ Зеведеі фvрттv мад.
57. Æмæ кў æрvзæрі, ўæд æрцvді јў qæздvг
лæг Арімафеје, јæ ном Јосіф, Јесом æ чі ахўр-
кодта ахæм.
58. Уј Пілатмæ бацvді, æмæ дзv кўрдта Јесоі
бўар. Ўæд vн Пілат радтvнкодта бўарv.
59. Јосіф рајста бўар, æмæ јæ батvхта ног
кæдтагæј.
60. Æмæ јæ цæвæрдта јæхі ног зæппадзv,
кæдзæхv мідæг кæј сќахта, ум; æмæ ўцv зæп-
падзv дўармæ стvр дур æрбатулгæје, ацvді.
61. Ум удvстv Магдалінаг Маріа æмæ іннæ
Маріа дæр æмæ зæппадзv комкоммæ бадтvстv.
62. Іннæбон, мајрæнбонv фæстæ чі вæјv, æрæм-
бvрдvстv саўдњсvнтvхістæртæ æмæ фарісетæ
Пілатмæ.
63. Æмæ ін захтој: нæ хіцаў! мах æрæмvсvдv-
стæм, ўцv фæлівæг æгас кў уді, ўæд захта; æртæ
бонv фæстæ рајгасудзvнæн.

64. Æмæ афтæ, бададдæнvнкæн зæппадз æр-
тvккаг бонмæ, цæмæј Умæн Је ахургæнінæгтæ
æхсæвvгон ма арцæўој æмæ Је ма адавој, æмæ
ма зæђој адæмæн: мæрдтæј рајгасі. Æмæ фæстаг
сајд фvтцагонæј фvдтæр фæўдзæні.
65. Пілат сvн захта: даддæндњсvтæ ўæм іс,
цæўгæут æмæ Је кўд зонут, афтæ даддæнут.
66. Удон ацvдvстv, æмæ зæппадзv цур нvллæў-
ўнкодтој даддæндњсvтv, æмæ дурvл мvхўр сæ-
вæрдтој.

## СÆР 28.

1. Сабатбон кў аівђўдта, ўæд кўріјен јæ фvтцаг-
бон бонvвајенv æрцvді Магдалінаг Маріа æмæ
іннæ Маріа зæппадзv унvнмæ.
2. Æмæ мæнæ, зæхх тvнг нvррvсті; цæмæјдæ-
рідтæр Хіјцаўv Зæд, ўæларвæј æрцæўгæјæ, æр-
бацvді æмæ афæлдæхта дур зæппадзv дўарæј,
æмæ іл бадті.
3. Јæ хўз уді æрдтівvнаў, æмæ јæ дарæс уді
мітаў ўрс.
4. Умæј фæтæрскæје, срvстvстv даддæндњсvтæ,
æмæ мардаў фестv.
5. Зæд та рајдvдта дзурvн устvтæн, æмæ сvн
захта: ма тæрсут, цæмæјдæрідтæр Æз зонvн,
смах дзўарvл тvђд Јесоі кæј агурут, ўј.
6. Уј ам нæј, Уј рајгасі, кўд захта, афтæ. Æрба-
цæут, æмæ фенут, Хіјцаў кæм æвæрд уді, ўцv
бvнат.
7. Æмæ ацæут тађд, æмæ зæђут Јæ ахургæні-
нæгтæн, Уј мæрдтæј кæј раігасі æмæ ўл Галілеаі
кæј сæмбæлдзæн, ўј; ум Æј фендзvстут. Мæнæ
ўн, æз захтон.
8. Удон. зæппадзæј тађд рацæўгæје, тæрскæје
æмæ ідтæг цінгæнгæје, азђордтој Јæ ахургæні-
нæгтæн федусvнкæнvнмæ.
9. Æмæ удон кў фæцæјцvдvстv Јæ ахўргæні-
нæгтæн федусvнкæнvнмæ, ўæд сvл, мæнæ Јесо

6*

сæмбæлді, æмæ сvн захта: цінкæнут! Удон Æм
æрбацvдvстv, æмæ Ін Јæ ќæхтvл нvххæцvдvстv,
æмæ Ін бакўвтој.
10. Ўæд сvн Јесо захта: ма тæрсут; ацæут,
æмæ мæ афсvмæртæн феqусvнкæнут, цæмæј
удон Галілеамæ ацæўој, æмæ Мæ ум фендзvстv.
11. Æмæ удон кў фæцæјцvдvстv, ўæд qaqqæн-
дџсvтæј јўæј-јўтæ бацvдvстv сахармæ, æмæ зах-
тој саўдџсvнтvхістæртæн, цv æрцvді удон јўўлдæр.
12. Æмæ удон æрæмбvрдvстv зæрæдтімæ,
сфæндкодтој, æмæ дзæвгар æхца радтој æвсæд-
тонтæн.
13. Æмæ сvн захтој: зæђут, Јæ ахургæнінæгтæ
æхсæвvгон æрцvдvстv, æмæ Јæ адавтој, мах кў
бафvнæјстæм, ўæд.
14. Æмæ ацv ўацqўд бæстvхіцаўмæ кў бајqўса,
ўæд vн мах бæлæхстæкæндзvстæм, æмæ ўæ зіа-
нæј фæрвæзvнкæндзvстæм.
15. Удон рајстој æхца, æмæ сvн кўд бацамдтој,
афтæ бакодтој. Æмæ ајqўсті ацv дзvрд Јўдетv
æхсæн абонv онг дæр.
16. Јўæндæс ахургæнінæдџсv та ацvдvстv Га-
лілеамæ, цv хохмæ сvн захта Јесо, урдæм.
17. Æмæ Јæ кў федтој, ўæд Vн бакўвтој; јўæј-
јўтæ та сæ сгўрvсхостv.
18. Æмæ сæм Јесо ќў баввахсі, ўæд сvн захта:
лæвæрд Мvн у алv бар ўæларвvл æмæ зæххvл.
19. Æмæ афтæ, æцæут, æмæ бацамонут алv
адæмæн, æмæ сvл арђаут Фvдv, æмæ Фvртv, æмæ
Сvђдæг Удv номæј.
20. Æмæ сvн бацамонут, Æз ўн цv баунаффæ-
кодтон удон јўўлдæр æвæрvн; æмæ мæнæ, Æз
смахімæ дæн алvбон дунеј фæўнмæ. Амін.

# МАРКÆЈ

## СVЂДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

### CÆP 1.

1. Јесо Чvрvстіі, Хуцаўv Фvртv, Еванге-
ліјен јæ рајдајен,
2. Пæхумпартæм фvст кўд у мæнæ: Æз æр-
вітvн Мæ Зæдv Дæ цæскомv размæ, кæцv Дvн
сцæдтæкæндзæні Дæ фæндаг Дæ размæ. (Ма-
лахіа 3, 1.)
3. Qæргæнæдҥсv qæлæс æдзæрæгранv: сцæдтæ-
кæнут Хіцаўæн фæндæг, Јæ цæўæнтæ Ін сраст-
кæнут. (Ісаіаі 40, 3.)
4. Æрцvді Јоанн, донæј арђўдта æдзæрæгранv,
æмæ амvдта фæсмондзінадv арђўд, тæріђæдтv
нvпбарvнv тvххæј.
5. Æмæ јæм цvдvстv Јўдеаг бæстæ æппæтæј
æмæ Јерусалімæгтæ, æмæ арђўдтој умæј сеппæт
Јорданv цæўгæдонv, сæ тæріђæдтæ æргомгæн-
гæјæ.
6. Æмæ Јоанн дардта дарæс теўаі qўнæј æмæ
јæ астæўл гæрзрон, æмæ хордта акрідітæ æмæ
æттагон мvд.
7. Æмæ амонгæјæ дзvрдта: Мæ фæдvл цæўv
мæнæј тvхдҥсvндæр, æз аккаг Кæмæн нæ дæн,
æргўбvргæнгæјæ Јæ дзабvртv бос сvхалvн.
8. Æз ўл арђўдтон донæј, Уј та ўл арђаўдзæні
Сvђдæг Удæј.
9. Æмæ ўцv бонтv æрцvді Јесо Галілеаг На-
заретæј, æмæ сарђўдта Јоаннæј Јорданv.
10. Æмæ донæј кў сцæјсхvсті, ўæд Јоанн федта
арв гомæј æмæ Удv, æхсінæдҥсv хўзæнæј, Уўл
æрцæўгæјæ.

11. Æмæ qæлæс удi ўоларвæj: Дv Мæ ўарзон
Фvрт дæ, Мæ хорзфæндон кæмæ ic, Уj.
12. Ўj фæстæ Jæ ўajтађд Уд акодта æдзæрæг-
ранмæ.
13. Æмæ удi ум æдзæрæгранv дуўjссæдз бонv,
æмæ Jæ ќахта сajтан, æмæ удi сvрдтiмæ. Æмæ
Iн Зæдтæ кæстæрjўогкодтоj.
14. Ўj фæстæ, Joаннv кў бакодтоj ахæстонv,
ўæд æрцvдi Jесо Галiлеамæ, æмæ амонvн баj-
дvдта Хуцаўv патцахадv Евангелiе.
15. Æмæ дзvрта: афон сæххæстi, æмæ Хуцаўv
патцахад æрхæстæдњсi: æрфæсмонкæнут, æмæ
ўæ урнæд Евангелiе.
16. Æмæ Галiлеаг дендњсvзv бvлvл кў фæцæj-
цvдi, ўæд федта Сiмонv æмæ jæ æфсvмæр Ан-
дреi, сæ хvзтæ дендњсvзмæ æппаргæjе, цæмæj-
дæрiдтæр кæфахсдњсvтæ удvстv.
17. Æмæ сvн захта Jесо: рацæут Мæ фæ-
дvл, æмæ ўæ Æз адæмv ахсдњсvтæ скæндзvнæн.
18. Æмæ удон ўцv сахатv нvўахтоj сæ хvзтæ,
æмæ ацvдvстv Jæ фæдvл.
19. Æмæ урдvгæj jўчvсvл кў ajвђўдта, ўæд
федта Зеведеj-фvрт Jаковv, æмæ jæ æфсvмæр
Joаннv, удонv дæр бæлæђv сæ хvзтæ æмńузгæjæ;
20. Æмæ сæм уцv сахат басiдтi. Æмæ удон
нvўахтоj сæ фvд Зеведеji бæлæђv кусдњсvтiмæ
æмæ ацvдvстv Jæ фæдvл.
21. Æмæ æрцvдvстv Капернауммæ; æмæ ўaj-
тађд сабатv бацvдi Уj æмбvрдгæнæнмæ, æмæ
ахуркодта.
22. Æмæ дiскодтоj Jæ амvндзiнадvл, цæмæj-
дæрiдтæр сvн Уj чiнvдњсvдæснvтаў нæ, фæлæ
бардњсvнаў амvдта.
23. Æмæ сæ æмбvрдгæнæнv удi æнæзæђiнаг
удæj ахст лæг, æмæ сqæрдкодта:
24. Нvўадз, цv Дæ qæўv махæj, Назареаг Jесо?
Дv нæ фесафvнмæ æрцvдтæ! Зонvн Дæ, Дv чi
дæ, Хуцаўv Сvђдæг.
25. Фæлæ jæ Jесо банцаiнкодта, æмæ iн зах-
та: банцаj, æмæ рацу умæj.

26. Ўæд æнæзæђінаг уд іттæг нvрізvнкодта ўj,
æмæ тvнг qæрæj сqæргæнгæjæ, рацvді умæj.
27. Æмæ сеппæтдæр фæтарстvстv, афтæ æмæ
сæ кæрæдзіj фарстоj: аj цv у? æмæ цv ног
амvнддзінад у, Уj хæjрæдџсvтæн дæр Jæ тvхæj
кў унаффæкæнv, æмæ удон Jæ коммæ кў кæсvнц?
28. Æмæ ўаjтађд аqæрі Jæ коj Галілеаі ал-
фамблаj æппæтvл.
29. Æмæ æмбvрдгæнæнæj кў рацvдvстv, ўæд
тађд бацvдvстv Сімонv æмæ Андреі хæдзармæ,
Jаковімæ æмæ Jоаннімæ.
30. Æмæ Сімонv усvмад саді тæвднізæj; æмæ
Ін ўцv сахатvл захтоj ўj тvххæj.
31. Уj æрбацvді умæ, нvххæцvді ін jæ ќухvл,
æмæ jæ сvстvнкодта; æмæ jæ уцv сахатvл
нvўахта тæвдніз, æмæ сvн баjдvдта кæстæріўог-
кæнvн.
32. Ізæрv, хурнvгўлvнv афонv, хастоj Умæ рvн-
чvнтv æмæ хæjрæгдџсvнтv æппæтv.
33. Æмæ æгас сахар æрæмбvрді дордтv размæ.
34. Æмæ Уj сдзæбæхкодта бірæтv алvхўзæн
нізтæj фvдæбонгæнддсvтv; бірæ хæjрæдџсvтv ра-
сvрдта; æмæ хæjрæдџсvтv нæ ўахта, ўj Чvрvсті
кæj у, ўj кæj зонvнц, ўj дзурvн.
35. Раjсом та іттæг радџсv сvстаді, æмæ рацvді,
æмæ ацvді æдзæрæгранмæ, æмæ ум кўвта.
36. Сімон æмæ jæмæ чі удvстv удон ацvдvстv
Jæ фæдvл.
37. Æмæ Jæ кў ссардтоj, ўæд Vн захтоj: jўўл-
дæр Дæў агурvнц.
38. Уj сvн захта: цæўæм хæстæг qæўтæм æмæ
сахартæм, цæмæj Æз ум дæр амонон, цæмæjдæ-
рідтæр Æз ўjтvххæj æрцvдтæн.
39. Æмæ æгас Галілеаі амvдта сæ нvхæстv,
æмæ хæjрæдџсvтv сvрдта.
40. Æрцvді Умæ jў qотvрдџсvн, æмæ Ін лæх-
стæгæнгæjæ Jæ разv jæ зонгўтvл нvллæўўді æмæ
Ін захта: кў Дæ фæнда, ўæд мæ фæразvс ссvђ-
дæгкæнvн.

41. Jесо ін фæтæріҕæдкодта, радарҕкодта Jæ
ḱух, бавнæлдта jæм, æмæ ін захта: фæндv Мæ,
ссvҕдæг у.
42. Ацv дзvрдv фæстæ ўаjтаҕд qотvр нvўахта
ўj, æмæ ссvҕдæдҥсі.
43. Æмæ jæ уцv сахатvл арвvста, æмæ ін тvнг
бафæдзæхста,
44. Æмæ ін захта: кæс, макæмæн мацv зæҕ;
фæлæ цæўгæ, дæхі фенvнкæн саўдҥсvнæн, æмæ
æрхæсс, дæ ссvҕдæгкæнvнv тvххæj, Моjсеj цv
баўнаффæкодта, ўj, удонæн æвдісæнадv тvххæj.
45. Фæлæ ўj рацvді, æмæ баjдvдта qæркæнvн
æмæ дзурvн, цv іл æрцvді ўjтvххæj, афтæ æмæ
Jесо æргомæj сахармæ нал цvді, фæлæ уді æт-
тіjе æдзæрæгрæдтv. Æмæ Jæм цvдvстv алvрдvгæj.

## СÆР 2.

1. Jў ḱорд бонтv фæстæ нодҥсvдæр æрцvді Уj
Капернауммæ; æмæ аjqўсті, Уj хæдзарv кæj іс, ўj.
2. Уцv сахатvл æрæмбvрдvстv бірæтæ, афтæ-
æмæ дордтv раз дæр бvнат нал уді; æмæ сvн Уj
дзvрдта дзvрд.
3. Æмæ Jæм æрцvдvстv онгмардімæ, кæцvj
хастоj цvппарæj.
4. Æмæ Jæм æввахс бацæўн кў нæ бафæрæ-
стоj бірæ адæмæj, ўæд сvгомкодтоj, Уj кæм уді,
ўj ўолхæдзар; æмæ jæ нvссастоj, æмæ аўахтоj
онгмард цv сvнтvл æвæрд уді, ўj.
5. Jесо сvн федта сæ урнvндзінад, æмæ захта
онгмардæн: Мæ фvрт! барст дvн ўонт дæ тæрі-
ҕæдтæ.
6. Ум чінvдҥсvдæснvтæj чідæртæ бадтvстv, æмæ
qўдvкодтоj сæ зæрдæтv.
7. Уj цæмæн афтæ фаўv Хуцаўv? Тæріҕæдтæ
нvппарvн чі фæразv, jў Хуцаўv jеттæмæ?
8. Jесо уцv сахатvл бамбæрста Jæ удæj удон
сæхі мідæг афтæ кæj qўдvкодтоj, уj, æмæ сvн
захта: ўæ зæрдæтv афтæ цæjтvххæj qўдvкæнут?

9. Æнцондæр цѵ у? зæђѵн онгмардæн: барст
дѵн ўонт дæ тæріђæдтæ? кæнæ зæђѵн: сѵст, сіс
дæ сѵнт, æмæ цæўгæ?
10. Фæлæ смах цæмæј зонат, адæјмадҗсѵ Фѵрт
зæххѵл бардҗсѵн кæј у тæріђæдтæ барѵн, (захта
уцѵ онгмардæн)
11. Дæўæн зæђѵн: сѵст, сіс дæ сѵнт, æмæ
цæўгæ дæ хæдзармæ.
12. Ўј уцѵ сахатѵл сѵстаді, сіста јæ сѵнт, æмæ
сеппæтѵ цур рацѵді, сеппæтмæ діс кўд фæкасті
афтæ, æмæ стѵдтој Хуцаўѵ, дзургæјæ: мах ахæм
нікў ніцѵ федтам.
13. Јесо нодҗсѵ ацѵді дендҗсѵзмæ; æмæ адæм
æппæт цѵдѵстѵ Умæ, æмæ сѵн Ўј амѵдта.
14. Фæцæјцæўгæјæ, Ўј федта Алфеј-фѵрт Левіј,
ɋалон æмбѵрдгæнæнѵ ранѵ бадгæ, æмæ ін захта:
рацу Мæ фæдѵл. Æмæ ўј сѵстаді æмæ ацѵді
Јæ фæдѵл.
15. Æмæ Јесо умæн јæ хæдзарѵ кў бадті,
ўæд Јæмæ бадтѵстѵ јæ ахургæнінæгтæ, бірæ ɋа-
лонісдҗсѵтæ æмæ тæріђæддҗсѵнтæ; цæмæјдæрід-
тæр бірæ удѵстѵ, æмæ Јæ фæдѵл цѵдѵстѵ.
16. Чінѵдҗсѵдæснѵтæ, æмæ фарісетæ Ўј, ɋало-
нісдҗсітѵмæ æмæ тæріђæдҗсѵнтімæ хæргæјæ, кў
федтој, ўæд дзѵрдтој Јæ ахургæнінæгтæн: Ўј ɋа-
лонісдҗсѵтімæ æмæ тæріђæддҗсѵнтімæ кўд хæрѵ
æмæ нўазѵ?
17. Јесо ўј кў феɋўста, ўæд сѵн захта: дзæ-
бæхтæн дæснѵ нæ ɋæўѵ, фæлæ рѵнчѵнтæн ɋæўѵ.
Æз æрцѵдтæн рæстѵтæм нæ, фæлæ тæріђæд-
дҗсѵнтæм фæзмонкæнѵнмæ сідѵнмæ.
18. Јоаннѵ æмæ фарісетѵ ахургæнінæгтæ ком-
дардтој. Æрцѵдѵстѵ Јæм, æмæ Ін захтој: Јоаннѵ
æмæ фарісетѵ ахургæнінæгтæ ком кў дарѵнц,
ўæд Дæ ахургæнінæгтæ цæўлнæ дарѵнц?
19. Æмæ сѵн Јесо захта: кўд дардзѵстѵ чѵндз-
хæсдҗсѵтæ ком, сіахс семæ ўовгæјæ? цалѵнмæ
семæ сіахс ўа, ўалѵнмæ удон комдарѵн нæ фæ-
разѵнц.

20. Фæлæ ахæм бонтæ æрцæўдзvстv, æмæ сvн
сiахсv бајсцvстv, æмæ ўæд комдардзvстv ўцv
бонтv.
21. Нiчi æмпузv ног æмпузæн зæронд дарæсvл:
кæннæўæд ног æмпузæн аскўндзæнi зæронд да-
рæсæј, æмæ дзv æвзæрдæр хунк фæўдзæнi.
22. Нiчi кæнv æнqiзгæ сæн зæронд лалvмтv;
кæннæўæд æнqiзгæ сæн зæронд лалvмтv аскўн-
дзæнi, æмæ сæн дæр акæлдзæнi, æмæ лалvмтæ
дæр фесæфцvстv. Фæлæ æнqiзгæ сæн нvккæнvн
qæўv ног лалvмтv.
23. Æмæ фæцæјцvдi сабатбонv зад хўмтvл,
æмæ Јæ ахургæнiнæгтæ фæндагўл бајдvдтој то-
нvн æфсiртæ.
24. Æмæ Iн фарiсетæ захтој: кæс ма, удон са-
батбонv цv нæ фæтдњсv, ўј цv кæнvнц?
25. Уј сvн захта: смах нiкў бакастvстут мiјаг,
Давiд цv бакодта, qўаг кў удi, æмæ јæхæдæг дæр
æмæ јæмæ ўовдњсvтæ дæр кў сvстонгvстv ўæд?
26. Кўд бацvдi ўј Хуцаўv хæдзармæ, саўдњсvн-
тvхiстæр Авiафарv рæстæдњсv, æмæ кувæндонv
дзултæ кўд бахордта, хæрvн кæј нiкæул æмбæлдi,
саўдњсvнтv једтæмæ, æмæ кўд радта јæмæ ўов-
дњсvтæн дæр?
27. Æмæ сvн захта: сабат у адæјмадњсv тvххæј,
фæлæ адæјмаг сабатv тvххæј нæў.
28. Æмæ ўјтvххæј адæјмадњсv Фvрт сабатv
хiцаў дæр у.

## СÆР 3.

1. Æмæ та æрцvдi æмбvрдгæнæнмæ; ўм удi
кўхæј цæнкўл лæг.
2. Æмæ Јæ qаqqæдтој, нæ јæ сдзæбæхкæнiд
цvма сабатv, цæмæј Јæ фæзvлvнкæној.
3. Фæлæ Уј захта, јæ кух цæнкўл кæмæн удi,
уцv лæгæн: нvллæў астæўæј.
4. Удонæн та захта: сабатбонv цv кæнvн фæт-
дњсv, хорз æвi æвзæр? удv фервæзvнкæнvн, æвi
јæ фесафvн? Фæлæ удон нvqqусvстv.

5. Æмæ сæм бакасті тvзмæгæj, æмæ сæ зæрдæ кæj нvддурі, ўjтvххæj qvггæнгæjæ, захта ўцv лæгæн: аівaз дæ ќух. Уj jæ аівæста, æмæ jæ ќух сдзæбæхі, іннæ ќухv хўзæн.

6. Фарісетæ рацvдvстv, æмæ Іродіантімæ ўajтaђд Уўл фæндскодтоj, цæмæj Jæ фесафоj.

7. Фæлæ Jесо Jæ æхургæнінæгтімæ ацvді дендњсvзмæ, æмæ Jæ фæдvл бірæ адæм ацvдvстv Галілеаjе,

8. Jерусалімæj, Ідумеаjе æмæ Jорданv фаллаг фарсæj. Æмæ Тірv æмæ Сідонv алфамблаj цæрдњсvтæ кў феqустоj, Уj цvтæ кодта, удон, ўæд Æм іттæг бірæjе цvдvстv.

9. Æмæ захта Jæ ахургæнінæгтæн, цæмæj Ін бæлæђ цæдтæ ўа, бірæ адæм Æj ўнгæг кўд нæ кæноj, афтæ.

10. Цæмæjдæрідтæр Уj бірæтv дзæбæхкодта, афтæ-æмæ Jæм ніздњсvнтæ сæхі калдтоj, цæмæj Іл сæхі анvдзæвоj.

11. Æмæ Jæ æнæзæђінаг удтæ кў удтоj, ўæд хаўдvстv Jæ разv, æмæ qæркодтоj: Дv Хуцаўv Фvрт дæ.

12. Фæлæ сæм Уj тvнг дзvрдта, æргом Æj кўд нæ кæноj, афтæ.

13. Ўj фæстæ ссvді хохмæ, æмæ басідті Jехімæ, кæj jæ фæндvді, удонмæ; æмæ Jæм æрцvдvстv.

14. Æмæ удонæj дуўадæсv сæвзæрста, цæмæj удон Jæмæ ўоj, æмæ сæ æрвіта амонvнмæ,

15. Æмæ сæм тvх цæмæj ўа, ністæj дæбæхкæнvнæн æмæ хæjрæдњсvтv сурvнæн.

16. Сæвзæрста Сімонv, æмæ іл сæвæрдта ном Петр.

17. Зеведеj-фvртv Jаковv, æмæ Jоаннv, Jаковv æвсvмæрv, æмæ сvл сæвæрдта нæмттæ: Воанергес, ома арвнæрvнv фvрттæ.

18. Андреі, Філіппv, Варфломеі, Матфеjі, Фомаj, Алфеj-фvрт Jаковv, Фаддеjі, Канаг Сімонv.

19. Æмæ Іскаріотаг Jўдаj, чі Jе радта, ўj,

20. Æмæ æрцvдvстv хæдзармæ, æмæ нодњсv-
дæр æрæмбvрдvстv адæм, афтæ-æмæ сvн дзул
бахæрvнv фадат дæр нæ удi.
21. Æмæ Jæ хæстæдњсvтæ кў феqўстој, ўæд
Æм æрцvдvстv ракæнvнмæ, цæмæјдæрiдтæр
дзvрдтој: Умæн Jæ зонд фæцvдi.
22. Jерусалiмæј æрцæўæг чiнvдњсvдæснvтæ та
дзvрдтој: Уј мiдæг iс веелзевул, æмæ Уј хæјрæ-
дњсvтv сурv хæјрæдњсvтv æлдарv тvхæј.
23. Æмæ сæм басiдтi, æмæ сvн дзvрдта фæс-
номvгнvхæстæј: сајтан сајтанv расурvн кўд ба-
фæраздзæнi?
24. Патцахад јехi мiдæг кў фæдiхўа, ўæд уцv
патцахад нал удзæнi.
25. Æмæ хæдзар јехæдæг јехiмiдæг кў фæдiх-
ўа, ўæд ўцv хæдзар дæр нал удзæнi.
26. Æмæ кæд сајтан јехæдæг јехiўл схадтi
æмæ фæдiхi, ўæд нал удзæнi; фæлæ јæ кæрон
æрхæтцæ.
27. Нiчi бафæраздзæнi тvхдњсvнv хæдзармæ ба-
цæўгæјæ, умæн јæ дзаўматæ бајсvн, раздæр тvх-
дњсvнv кў нæ сбæдта ўæд, æмæ iн ўæд јæ хæдзар
фæхæлiўкæндзæнi.
28. Æцæг ўн зæђvн: адæмv фvрттæн барст
удзvстv алv æппæт тæрiђæдтæ æмæ фаундзi-
нæдтæ, цæмæјдæр фаўој:
29. Сvђдæг Удv чi фаўа, умæн та барст нæ
удзæнi мvккагмæ дæр, фæлæ ўј æнусон qiамæт-
мæ тæрхонгонд удзæнi.
30. Афтæ захта уј, Jæ мiдæг æнæзæђiнаг уд iс,
зæђгæ кæј дзvрдтој, ўјтvххæј.
31. Æмæ æрцvдvстv Jæ мад, æмæ Jæ æфсv-
мæртæ, æмæ хæдзарv æдтiје лæўгæјæ, барвvстој
Умæ расiдvнv тvххæј.
32. Jæ алфамблај бадтvстv адæм. Æмæ Iн зах-
тој: мæнæ, Дæ мад æмæ Дæ æфсvмæртæ, æмæ
Дæ хотæ, хæдзарv æдтiје лæўгæје, Дæў агурvнц.
33. Æмæ сvн захта дзуап: чi у Мæ мад, æмæ
чi стv Мæ æфсvмæртæ?

34. Æмæ бакасті Јæ алфамблај баддҗсvтæм æмæ
захта: мæнæ, Мæ мад æмæ Мæ æфсvмæртæ.
35. Цæмæјдæрідтæр Хуцаўv фæндон чі æххæст
кæна, ўј у Мæ æфсvмæр, æмæ Мæ хо, æмæ Мæ
мад.

## С Æ Р 4.

1. Æмæ та нодҗсv бајдvдта амонvн дендҗсvзv
бvлvл; æмæ Јæм æрæмбvрдстv афтæ бірæ
адæм, æмæ Уј бæлæҕмæ бахvсті, æмæ дендҗсv
бадті, адæм æппæт та удvстv дендҗсvзv бvл
зæххvл.
2. Æмæ сvн бірæ амvдта фæсномvгнvхæстæј,
æмæ сvн амонгæје дзvрдта:
3. Qусут: мæнæ, рацvді таўæг таўнмæ.
4. Æмæ кў тvдта, ўæд јўæј-јў нæмгўтæ æрхаў-
дvстv фæндаггæрон, æмæ мæрҕтæ æртахтvстv
æмæ сæ сўіхтој.
5. Јўæј-јўтæ æрхаўдvстv дурдҗсvн бvнатvл, сv-
дҗсvт бірæ кæм нæ уді; æмæ ўајтаҕд равзæрдv-
стv, зæхх арф кæј нæ уді, ўјтvххæј.
6. Æмæ хур кў ссvді, ўæд басvҕдvстv, æмæ,
сvн ўідаг кæј нæ уді, ўјтvххæј бахўсvстv.
7. Јўæј-јўтæ æрхаўдvстv сvндзvтv æхсæн, æмæ
сзадvстv сvндзvтæ, æмæ нæ сўахтој мvккадҗсv,
æмæ не скодта æфсір.
8. Јўæј-јўтæ æрхаўдvстv хорз зæххvл, æмæ
рафтvдтој æфсір, ўј сзаді, æмæ сvстvрі, æмæ
радтој јўæј јўтæ дæс-æмæ-ссæдз, јўæј-јўтæ æр-
тіссæдзv, јўæј-јўтæ та фондз-ссæдзv.
9. Æмæ сvн захта: qусvнæн qустæ кæмæн іс,
ўј qусæд!
10. Æмæ Уј јўнæгæј кў баззаді, ўæд Јæ алфам-
блај чі удvстv, удон Æј, Јæ дуўадæс ахургæні-
нæгтімæ, бафарстој ўцv фæсномvгнvхасv тvххæј.
11. Уј сvн захта: смахæн лæвæрд у Хуцаўv пат-
цахадv сусæгдзінæдтv зонvн, фæлæ ўцv æт-
тагонтæн та јўўлдæр фæсномvгнvхæстæј вæјі;

12. Афтæ-æмæ удон сæ цæстvтæј кæсvнц, æмæ нæ унvнц; сæ qустæј qусvнц æмæ нæ æмбарvнц, цæмæј ма раздæхој, æмæ сvн барст ма ўој сæ тæрiђæдтæ.

13. Æмæ сvн захта: ацv фæсномvгнvхас нæ æмбарут? Ўæдæ ма кўд бамбардзvстут фæсномvгнvхæстæ æппæт?

14. Таўæг дзvрд таўv.

15. Фæндаггæрон тvд чi фæцi, ўј удон стv, дзvрд кæј мiдæг вæјi тvд, фæлæ ķæцvтæм, кў јæ феqўсvнц, ўæд ўајтађд æрцаўv сајтан, æмæ аскæфv сæ зæрдæтv тvд дзvрд.

16. Афтæдæр, дурдҗсvн бvнатvл тvд чi фæцi, ўј удон стv, дзvрд чi феqусvнц æмæ јæ уцv сахатvл цiнгæнгæјæ, чi iсvнц;

17. Фæлæ сæхi мiдæг ўiдаг кæмæн нæј, æмæ јўзæрдvгон чi не стv; ўј фæстæ унгæгдзiнад æмæ сурvн дзvрдv тvххæј кў ўа, ўæд ўцv сахатvл фæрадiiнц.

18. Сvндзvтv æхсæн тvд удон нvсан у, дзvрд чi феqусvнц;

19. Фæлæ ацv афонv мæт, qæздvгадv саiндзiнад æмæ æндæр фvдбæллvндзiнæдтæ сæ мiдæг бацæўгæјæ, сæ бvнv кæмæн фæкæнvнц дзvрдv, æмæ ўј æфсiр нæ кæнv.

20. Фæлæ хорз зæххvл тvд та удон нvсан у, дзvрдмæ чi qусvнц æмæ јæ чi iсvнц, æмæ æфсiр чi æрхæссvнц, чi дæс-æмæ-ссæдз, чi æртiссæдзv, чi та фондз-ссæдзv.

21. Æмæ сvн захта: цvрађ ўјтvххæј мiјаг æрхæссvнц, цæмæј јæ мiгæнæнv, кæнæ сvнтæдҗсv бvн цæвæрој? цvрађдарæнv нvссадзvнæн тvххæј јæ нæ æрхæссvнц нæ?

22. Ахæм сусæг нiцv i, цv нæ раргом ўа; æмæ ахæм æмбæхст нiцv вæјi, цv нæ разvна.

23. Кæд iскæмæн qустæ qусvнæн iс, ўæд qусæд!

24. Æмæ сvн захта: цv qусут, ўј ўæ зæрдæiл дарут; цавæр барæнæј барат, смахæн дæр ахæмæј

барст удзæні, æмæ ма ун æфтvд удзæні смахæн
qусдњсvтæн.
25. Цæмæјдæрідтæр кæмæн іс, умæн лæвæрд
удзæні фæлæ кæмæн нæј, умæј та іст удзæні,
цv ін іс, ўј дæр.
26. Æмæ захта: ўæларвон патцахад уцv мvк-
кадњсv хўзæн у, лæг зæххv кæј аппарv;
27. Æмæ хўссv, æмæ сvстv æхсæвæј бонæј,
æмæ уцv мvккаг кўд ссæўv æмæ срæзv, ўј
нæ зонv.
28. Цæмæјдæрідтæр зæхх јехæдæг јехіцæј сзаін-
кæнv фvтцаг æвзæр, стæј æфсір, ўј фæстæ та
дзаг нæмvг æфсірv.
29. Æмæ æфсір кў сцæдтæ вæјі, ўæд ўајтађд
æрвітv æхсvрф, умæн æмæ кæрдvн афон æрцvді.
30. Æмæ захта: цæј æмхўзæн скæнæм Хуцаўv
патцахад? кæнæ јæ цавæр фæсномvгнvхасæј
снvвкæнæм?
31. Уј уцv qvџvі нæмvдњсv хузæн у, кæј, зæххv
кў бајтаўнц, ўæд зæххон мvккæгтv сеппæтæј
чvсvлдæр вæјі;
32. Фæлæ твд кў фæвæјі, ўæд сзаі, æмæ хал-
сæрдтv сеппæтæј стvлдæр свæјі, æмæ раўадзv
стvр ќабузтæ, афтæ-æмæ јæ аўонv æрвон мæрђ-
тæ сæхі æмбæхсvн фæразvнц.
33. Æмæ ахæм бірæ фæсномvгнvхæстæј амvдта
удонæн дзvрд, цасдæр удон qусvн фæрæстој.
34. Æмæ сvн æнæфæсномvгнvхасæј нæ дзvрд-
та, фæлæ Јæ ахургæнінæгтæн хібарæј æмбарvн-
кодта јўўлдæр.
35. Ўцv бонv ізæрv сvн захта: ахізæм ўцv
фарсмæ.
36. Æмæ удон аўахтој адæмv, æмæ Јæ акодтој
семæ, кўд уді бæлæђv афтæ; јемæ æндæр бæ-
лæђтæ дæр удvстv:
37. Æмæ сvстаді стvр ўад; æмæ донv фæјлаўæн-
тæ цафтој бæлæђv афтæ, æмæ ўј донæј дзаг-
кæнvн бајдvдта.
38. Ўј та бæлæђv фæстæрдvгæј фvнæј уді нv-
вæрзæнvл. Æмæ Јæ qалкæнvнц, æмæ Ін дзурvнц:

Ахургæнæг! цæўл нæ мæт кæнvс Дv, мах кў сæ-
фæм, ўæд?
39. Æмæ ўј кў сvстаді, ўæд банцаінкодта ўадv,
æмæ захта дендџсvзæн: банцај, æрсабvр у. Æмæ
банцаді ўад, æмæ хæрзæнцад ссі.
40. Æмæ сvн захта: цæмæн афтæ тæрсаг стут?
Урнvн ўæм кўд нæј?
41. Æмæ фæтарстvстv стvр тасæј, æмæ сæ
кæрæдзіјен дзvрдтој: Ај чі у чі,—ўад дæр æмæ
дендџсvз дæр Је коммæ Кæмæн кæсvнц?

## СÆР 5.

1. Æмæ æрцvдvстv дендџсvзv іннæ бvлмæ, Га-
дарінаг бæстæм.
2. Æмæ Ўј бæлæгæј кў рацvді, ўæд Vл уцv
зæппæдзтæј рацæўгæ хæјрæгдџсvн лæг сæмбæлді.
3. Умæн јæ цæрæнбvнат уді зæппæдзтv, æмæ
јæ рæхvстæј бæдтvн дæр нічі фæрæста.
4. Цæмæјдæрідтæр ўј бірæ хæдтvтv баст уді
qадамантæј æмæ рæхvстæј, фæлæ-јў аскўдтæ-
кодта рæхvстv, æмæ нvммуртæкодта qадамантv,
æмæ јæ æрсабvркæнvн нічі фæрæста.
5. Кæдтæрідтæр, æхсæвæј бонæј, зæппæдзтv
æмæ хæхтvл qæркодта, æмæ јехі дуртvл хоста.
6. Æмæ дæрдцæфæј кў федта Ј е с о і, ўæд Æм
æрбазџордта, æмæ Ін бакўвта.
7. Æмæ, сqæргæнгæјæ, qæрæј захта: цv дæ
qўдтаг іс мемæ, ўо, Ј е с о, бæрзонд Хуцаўv Фvрт?
Сомv Дvн кæнvнкæнvн Хуцаўæј, qіамæт мvн ма
кæнvн кæн!
8. Цæмæјдæрідтæр vн Ј е с о захта: æнæзæџі-
наг уд! рацу ацv лæгæј.
9. Æмæ јæ бафарста: дæ ном цv у? уј Ін захта
дзуап: мæ ном—легіон, умæн-æмæ мах бірæ стæм.
10. Æмæ Ін тvнг лæхстæкодтој, цæмæј сæ ма
асура уцv бæстæје.
11. Æмæ ум хохv бvн хvсті хўтv стvр дзуг.

12. Æмæ Ін лæхстæкодтој хæјрæдӈсѵтæ æппæт,
æмæ Ін захтој: арвіт нæ хўтæм, цæмæј удон мі-
дæг бацæўæм.
13. Јесо сѵн ўајтађд бар аўахта. Æмæ хæј-
рæдӈсѵтæ рацѵдѵстѵ, æмæ бацѵдѵстѵ хўтѵ мідæг,
æмæ ўцѵ дзуг ќардіўæј јехі бакалдта денд̇ӈсѵзѵ,
(удаід јў дуўæ мінѵ онг); æмæ дендӈсѵзѵ фесæфті.
14. Хўгæстæ та азђордтој, æмæ феԛусѵнкодтој
сахарѵ æмæ ԛæўтѵ. Æмæ ўмцæрдӈсѵтæ рацѵдѵ-
стѵ, цѵ æрцѵді, ўј фенѵнмæ.
15. Æрцѵдѵстѵ Јесомæ, æмæ ўцѵ хæјрæгдӈсѵнѵ,
легіон кæм уді, ўј федтој æддарæс, æмæ æдзонд,
бадгæ æмæ фæтарстѵстѵ.
16. Хæјрæгдӈсѵнѵл æмæ хўтѵл цѵ æрцѵді, ўј чі
федта, удон сѵн захтој ўј тѵххæј.
17. Æмæ Ін лæхстæкæнѵн бајдѵдтој, цæмæј сæ
арæнтæј ацæўа.
18. Æмæ Уј бæлæђмæ кў бацѵді, ўæд Ѵн хæј-
рæгдӈсѵн чі уді, ўј лæхстæкодта, цæмæј Јемæ ўа.
19. Æмæ ін Јесо бар нæ радта, фæлæ ін зах-
та: ацу дæ хæдзармæ дæхіонтæм, æмæ сѵн фе-
ԛусѵнкæн, цѵ дѵн ракодта Хуцаў, æмæ дѵн кўд
батæеріђæдкодта.
20. Æмæ ацѵді, æмæ бајдѵдта æргомæј дзурѵн
Дæссахартѵ, цѵ ін бакодта Јесо, ўј. Æмæ јўўл-
дæр діскодтој.
21. Јесо нодӈсѵ кў ахѵсті бæлæђѵл ўцѵ фарс-
мæ, ўæд Æм æрæмбѵрдѵстѵ бірæ адæм. Æмæ
Уј уді дендӈсѵзѵ бѵлѵл.
22. Ум Æм æрцѵді æмбѵрдгæнæнѵ хіцаўттæј јў,
је ном Іаір кæмæн хўнді, æмæ Је кў федта, ўæд
Је ќæхтæм æрхаўді,
23. Æмæ зæрдіагæј кўрдта æмæ ін дзѵрдта:
мæ чѵзг мæлæтцаг у, æрцу, æмæ іл æрæвæр Дæ
ќухтæ, цæмæј ўј сдзæбæхўа, æмæ æгас баззаја.
24. Јесо ацѵді ўјімæ. Је фæдѵл цѵд бірæ
адæм, æмæ Је ўнгæгкодтој.
25. Јў ус, дуўадæс азѵ тугнізæј рѵнчѵн чі уді,

26. Æмæ бірæ лечѵртæј бірæ чі бавзæрста,
æмæ бахардзкодта јæ іс јўўлдæр, фæлæ ін аqаз
ніцѵ фестѵ, æмæ фѵдтæр чі фæці.
27. Ўј кў феqўста J е с о і тѵххæј, ўæд æрба-
цѵді адæмѵ æхсæнтѵ фæстæрдѵгæј, æмæ бав-
нæлдта Ўј дарæсмæ.
28. Цæмæјдæрідтæр дзѵрдта: æрмæст Ѵн Jе
дарæсмæ кў бавналон, ўæдтæр сдзæбæх удзѵнæн.
29. Æмæ ўајтаӷд банцаді јæ тугніз, æмæ ўј јæ
бўарæј базѵдта, ўцѵ нізæј кæј сдзæбæхі, ўј.
30. J е с о дæр ўцѵ сахатѵл кў базѵдта Jехæ-
дæг Jехі мідæг, тѵх Дзѵ кæј рацѵді ўј, ўæд аз-
дæхті адæммæ, æмæ захта: чі бавнæлдта Мæ
дарæсмæ?
31. Jе ахургæнінæгтæ Ін захтој: Дѵ кў унѵс,
адæм Дæ кæј ўнгæгкæнѵнц, ўј, ўæдма кўд фæрсѵс:
чі бавнæлдта Мæммæ?
32. Фæлæ Ўј Jæ алфамблајмæ касті, чі Jем
бавнæлдта, ўј фенѵмæ.
33. Ўцѵ ус тæрскæ різгæје цѵ іл æрцѵді ўўл,
ўј зонгæје, бацѵді æмæ æрхаўді Ўј разѵ, æмæ Ін
захта јўўлдæр растæј.
34. Ўј та ін захта: чѵзгај! дæ урнѵн дæ фер-
вæзѵнкодта; ацу фарнімæ, æмæ дзæбæх у дæ
нізæј.
35. Æмæ ма Ўј ај кў дзѵрдта, ўæд æрцѵдѵстѵ
æмбѵрдгæнæнѵ хіцаўæј, æмæ ін захтој: дæ чѵзг
амарді, цæмæн ма фæллојкæнѵнкæнѵс Ахургæнæ-
гæн?
36. Фæлæ J е с о кў феqўста уцѵ дзѵрдтæ, ўæд
уцѵ сахатѵ захта æмбѵрдгæнæнѵ хіцаўæн: ма
тæрс, æрмæст дæ урнæд.
37. Æмæ нікæј аўахта Jе фæдѵл цæўн, Петрѵ,
Jаковѵ æмæ Jоаннѵ Jаковѵ æфсѵмæрѵ, једтæмæ.
38. Æрцѵді амбѵрдгæнæнѵ хіцаўѵ хæдзармæ,
æмæ федта змæст, æмæ кæўдѫсѵтѵ æмæ qæрæј
дзѵназдѫсѵтѵ.
39. Æмæ бацѵді мідæмæ, æмæ сѵн захта: цæј
змæстстут, æмæ цæўл кæут? чѵзг нæ амарді,
фæлæ бафѵнæјі.

40. Æмæ Іл худтvстv. Фæлæ Уј рарвvста сеппæтv, æмæ акодта Јемæ чvздњсv фvдv æмæ
мадv, æмæ Јемæ чі удvстv удон, æмæ бацvді,
чvзг кæм æвæрд уді, урдæм.
41. Æмæ рајста чvзгæн је ќух, æмæ ін захта:
таліфа кумі, ома: чvзгај, дæўæн зæђvн, сvст.
42. Ўцv сахатvл чvзг сvстаді, æмæ цæўн бајдvдта, цæмæјдæрідтæр ўј дуўадæс азvккон уді.
Уј фендњсvтæ ідтæг діскодтој.
43. Æмæ сvн Уј тvнг бафæдзæхста, цæмæј ўј
тvххæј мачі базона, æмæ захта: радтут vн хæрінаг.

## С Æ Р 6.

1. Ўрдvгæј рацvді Уј, æмæ æрцvд Је фvдvбæстæм; Је фæдvл цvдvстv Је ахургæнінæгтæ
дæр.
2. Æмæ сабатбон кў нvллæўўді, ўæд Уј бајдvдта амонvн æмбvрдгæнæнv; æмæ бірæ qусдњсvтæ дісгæнгæје дзvрдтој: кæцæј Јем іс ај? цæј
бірæзонддзінад лæвæрд у Умæн, æмæ ахæм діссæгтæ кўд вæјінц Је ќухтæј?
3. Qæддзаўмагæнæг нæ у нæ, Маріамv фvрт,
Јаковv, Јосіаі, Јўдаі æмæ Сімонv æфсvмæр?
Æмæ Је хотæ ам, нæ æхсæнv не стv нæ? Æмæ
рæдvдvстv Уј тvххæј.
4. Јесо та сvн захта: нæ вæјі пæхумпар
æгад, кæд æрмæст јæ фvдvбæстv, æмæ је хæстæдњсvтv æхсæн, æмæ је хæдзарv, ўј једтæмæ.
5. Æмæ ум ніцv діссаг скодта, æрмæст Је ќухтæ æрæвæрдта јў ќорд рvнчvнтvл, æмæ сæ сдзæбæхкодта.
6. Æмæ діскодта сæ æнæурнvнvл. Ўј фæстæ
зvлді алфамблај qæўтvл, æмæ амvдта.
7. Æмæ æрсідті Је дуўадæс ахургæнінæгтæм,
æмæ сæ æрвітvн бајдvдта дvгæјдтæј, æмæ сvн
тvх радта хæјрæдњсvтvл.

8. Æмæ сvн бафæдзæхста, цæмæј фæндагмæ
мацv хæссој, јў лæдзæдҥсv једтæмæ, нæдæр хор-
дзен, нæдæр дзул, нæдæр саўæхца сæ ронv.

9. Фæлæ цæмæј дарој хўмæтæдҥсv ќахдзаўма,
æмæ дvгај дарæс ма дарој.

10. Æмæ сvн захта: кæд іскў бацæўат хæдзар-
мæ, ўæд јў ум ут, цалvнмæ нæ рацæўат ўцv
ранæј.

12. Æмæ ўæісчі кў нæ рајса, æмæ ўæм кў
нæ qуса, ўæд, урдvгæј рацæўгæјæ, ацæҕдут ўæ
ќæхтv рvг удонvл æвдісæнадv тvххæј. Æцæг ун
зæҕvн: Содомæн æмæ Гоморрæн qајмæтv бонv
ўцv сахарæј æнцондæр удзæні.

12. Удон ацvдvстv, æмæ амvдтој фæсмондзінад;

13. Бірæ хæјрæдҥсvтv сvрдтој, æмæ сæрстој
бірæ рvнчvнтv зетіје, æмæ сæ дзæбæхкодтој.

14. Патцах Ірод феqўста Јесоі тvххæј, (цæ-
мæјдæрідтæр Је ном раqæрі), æмæ захта: Уј Ар-
ҕаўæг Јоанн рајгасі мæрдтæј, æмæ ўј тvххæј
діссæгтæ вæјінц умæј.

15. Іннæтæ дзvрдтој: Уј Іліа у; јўæј-јўтæ та
дзvрдтој: Уј пæхумпар у, кæнæ пæхумпартæј јўv
хўзæн.

16. Ірод та кў феqўста, ўæд захта: ўј Јоанн у,
æз је сæр кæмæн ракодтон, ўј; уј рајгасі мæрд-
тæј.

17. Цæмæјдæрідтæр уцv Ірод арвvста, æмæ
æрцахсvнкодта Јоаннv, æмæ јæ бакодта талvнг-
ахæстдонv, је æфсvмæр Філіппv ус Іродіадаі
тvххæј, умæн-æмæ је јехіцæн ус скодта.

18. Цæмæјдæрідтæр Јоанн дзvрдта Іродæн: дæ
æфсvмæрv ус дарvн дvл нæ æмбæлv.

19. Іродіада та, мæстvгæнгæје, агўрдта ўј ама-
рvн; фæлæ нæ фæрæста.

20. Цæмæјдæрідтæр Ірод тарсті Јоаннæј, ўј
раст æмæ сvҕдæг лæг кæј у, ўј зонгæје, æмæ
је qаqqæдта: бірæ qудтæгтæ кодта, ўј коммæ-
гæскæјæ, æмæ јем æхсvзгонæј qўста.

21. Ахæм бон æрцvді, Ірод, је гўрæнбонv, је
стvр лæгтæн, æмæ мінтvхіцæўттæн æмæ Галілеаі
хістæртæн кўвд кў кодта.
22. Іродіадv чvзг бацvді, æмæ кафvді, æмæ
æхсvзгон уді Іродæн, æмæ јемæ баддѭсvтæн дæр.
Патцах захта чvзгæн: ракур мæнæј, цv дæ фæн-
дv, ўј, æмæ дvн радтон.
23. Æмæ ін сомvкодта: цvдæрідтæр мæ раку-
рај, ўј дvн радтцvнæн, мæ патцахадv æрдæдѭсv
онг дæр.
24. Уј рацvді, æмæ је мадv бафарста: цv ра-
курон? Уј ін захта: Арҕаўæг Јоаннv сæр.
25. Æмæ ўј тæккæ ўцv сахатvл таҕд бацvді
патцахмæ, æмæ ракўрдта, зæҕгæје: фæндv мæ,
цæмæј мvн радтај нvртæккæ тæбæҕvл Арҕаўæг
Јоаннv сæр.
26. Патцах æрæнќарді; фæлæ је, је сомv æмæ
јемæ баддѭсvтv тvххæј, нæ бафæндvді је дзvрд
аівvн.
27. Æмæ патцах ўцv сахатvл арвvста æфсæд-
тонv, æмæ захта, цæмæј ін æрхæсса је сæр.
28. Уј ацvді, ракодта ін је сæр талvнгахæст-
донv, æмæ је æрхаста тæбæҕvл, æмæ је радта
чvзгæн, чvзг та је радта је мадмæ.
29. Је ахургæнінæгтæ кў феqўстој ўј, ўæд æр-
цvдvстv, æмæ ін ахастој је бўар, æмæ је цæ-
вæрдтој інгæнv.
30. Апостолтæ æрæмбvрдvстv Јесомæ, æмæ
Ін радзvрдтој, цv бакодтој, æмæ цv амvдтој удон
јўўлдæр.
31. Уј сvн захта: ацæут смах јўнæгæј адзæ-
рæгранмæ, æмæ јў чvсvл æрvнцајут; цæмæјдæ-
рідтæр бірæ удvстv æрцæўдѭсvтæ æмæ ацæўдѭсv-
тæ, афтæ-æмæ сæ хæрvнмæ дæр нæ æвдæлді.
32. Æмæ ацvдvстv æдзæрæгранмæ бæлæҕv
јўнæгæј.
33. Адæм сæ ацæўгæје федтој, æмæ сæ бірæ-
тæ базvдтој; æмæ фістæгæј сахартæ æппæтæј
ўадvстv урдæм, æмæ сæ фvтцаг æрцvдvстv, æмæ
æрæмбvрдvстv Умæ.

34. Jесо рацvді, æмæ федта бірæ адæмv, æмæ сvн тæріђæдфæкодта, умæн-æмæ удон æнæ фæjaў фvстаў удvстv; æмæ сvн бірæ фæцамvдта.
35. Æмæ бірæ афон кў ajвђудта, ўæд Je ахургæнінæгтæ æрбацvдvстv Умæ, æмæ Ін захтоj: ам афтід ран у, бон та æгæр сівђудта;
36. Аўадз сæ, цæмæj ацæўоj алфамблаj бæстæтæм æмæ qæўтæм, æмæ балхæноj сæхіцæн хæрінаг; цæмæjдæрідтæр сvн хæрvнæн ніцv іс.
37. Уj сvн захта дзуап: смах сvн радтут хæрінаг. Æмæ Ін захтоj: ўæдæ мах ацæўæм, æмæ дуўæ фондзссæдз дінарv арђ балхæнæм дзул, æмæ сvн радтæм хæрvнæн?
38. Фæлæ сæ Уj бафарста: цал дзулv ўæм іс? ацæут æмæ сæ фенут. Удон сæ федтоj, æмæ захтоj: фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv.
39. Уæд сæ æрбадvнкæнvнкодта сеппæтv ќордгæjдтæj, ќæх кæрдæгўл.
40. Æмæ сбадтvстv рæнqvтæj фондзссæдзгæjдтæj, æмæ дæс-æмæ-дўўjссæдзгæjдтæj.
41. Уj раjста фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv, скасті ўоларвмæ, арфæракодта æмæ æрсаста дзултv, æмæ сæ радта Je ахургæнінæгтæм, цæмæj сvн сæ баjўароj; æмæ дуўæ кæфv баjўæрста сеппæтvл.
42. Æмæ хордтоj сеппæтдæр, æмæ бафсæстvстv.
43. Æмæ æрæмбvрдкодтоj дзулv ќæбæртæj æмæ кæфтæj, цv ўæлдаj баззадvстv, удонæj дуўадæс тæсчv дзаг.
44. Дзул чі хордта, удон та удvстv фондз мін лæдњсv jac.
45. Æмæ уцv сахатvл Je ахургæнінæгтv бацæўнкодта бæлæђмæ, цæмæj раздæр ацvдаjгкоj іннæ фарсмæ Віфсаідамæ, цæлvнмæ Уj адæмv аўадза
46. Æмæ сæ удон аўахта, æмæ ссvді хохмæ кувvнмæ.
47. Ізæрvгон бæлæђ уді дендњсvзv æстæў, Уj та jўнæгæj сурvл.
48. Æмæ сæ федта фvдæбæдтімæ ленкгæнгæjæ, цæмæjдæрідтæр сæ комкоммæ уді ўад; æмæ æхсæ-

вæн је цvппæрæм qаqqæнvнv афонv сæм бав-
вахсі, дендюсvзvл цæўгæјæ, æмæ Је фæндvді удо-
нv аівђўін.
49. Удон Уј дендюсvзvл æрбацæјцæўгæ кў фед-
тој, ўæд æј цæстvлўајег æнqæлдтој æмæ сqæр-
кодтој.
50. Цæмæјдæрідтæр Æј сеппæтдæр федтој, æмæ
фæтарстvстv. Æмæ уцv сахатvл дзурvн бајдvдта
удонімæ, æмæ сvн захта: цæрдæг ут; Ај Æз дæн,
ма тæрсут.
51. Æмæ сæм бацvді бæлæђмæ, æмæ ўад бан-
цаді, æмæ удон ідтæг фæтарстvстv сæхі мідæг
æмæ діскодтој.
52. Цæмæјдæрідтæр нæ бамбæрстој дзултvл
діссагконд, умæн-æмæ сæ зæрдæ дураў уді.
53. Æмæ кў ахvстvстv, ўæд æрцvдvстv Геніса-
ретv зæххмæ æмæ нvллæўўдvстv бvлvл.
54. Æмæ удон бæлæђæј кў рахvстvстv, ўæд ум
цæрдюсvтæ ўцv сахат базvдтој Уј.
55. Æмæ фæзvлдvстv уцv бæстæ æппæтvл,
æмæ бајдvдтој хæссvн сvнттvл сæ рvнчvнтv, Уј
кæм уді урдæм, кўд qўстој, афтæ.
56. Æмæ цvдæрідтæр qæўтæм, æві сахартæм,
æві бæстæм æрцvдаід Уј, сæ рvнчvнтv æвæрдтој
æргом рантvл, æмæ Ін лæхстæкодтој, цæмæј удон
Је дарæсv кæронмæ ўæдтæр бавналој; æмæ Јем
чі æвнæлдта, удон сеппæтдæр дзæбæхкодтој.

## С Æ Р 7.

1. Æрæмбvрдvстv Умæ фарісетæј æмæ чінv-
дюсvдæснvтæј чідæртæ, Јерусалімæј æрцæўдюсvтæ.
2. Æмæ кў федтој Је ахургæнінæгтæј јўæј-јўтv
дзул хæргæјæ æнæсvђдæг, ома æнææхсад ќухтæј,
ўæд сvн ўајдзæфтæ кодтој.
3. Цæмæјдæрідтæр фарісетæ æма јўдетæ јўўл-
дæр, зæрæдтv фæдзæхст сæ зæрдvл даргæје,
нæ хæрvнц анæ хæрзæхсад ќухтæј;

4. Æмæ базарæј æрцæўгæјæ нæ хæрvнц æнæ-
æхсадæј. Амæ æндæр æђдæўтæ дæр бірæ дарvнц:
æхсvнц ќустæ, дурvнтæ, æгтæ æмæ бандæдтæ.
5. Стæј Је бафарстој фæрісетæ æмæ чінv-
дњсvдæснvтæ: цæјтvххæј нæ qусvнц дæ ахўргæ-
нінæгтæ зæрæдтv фæдзæхстмæ, æмæ æнææхсад
ќухтæј цæмæн хæрvнц дзул?
6. Уј сvн захта дзўап: Ісаја раздæр хорз захта
смах тvххæј, цæстмæqустæ, кўд фvст у: ацv
адæм каддњсvндарvнц Мæн сæ дзvхтæј, фæлæ
сæ зæрдæ дард лæўv Мæнæј.
7. Фæлæ Мæ хўмæтæдњсv каддњсvндарvнц, адæј-
мадњсv ахўркæнvнтvл æмæ амvнддзінæдтvл ахур-
гæнгæјæ. (Ісајаі 29, 13.)
8. Цæмæјдæрідтæр смах, Хуцаўv амvнддзінад
нvўадзгæјæ, дарут адæмv æђдæўдтæ; æхсут ќустæ
æмæ дурvнтæ, æмæ бірæ æндæр ўјхўзæн цvдæр-
тæ кæнут.
9. Æмæ сvн захта: хорз у цv, Хуцаўv амvнд-
дзінад кæј аівтат ўæхі æђдаў бавæрvнv тvххæј?
10. Цæмæјдæрідтæр Мојсеј захта: цvтдњсvн дар
дæ фvдv æмæ дæ мадv: æмæ је фvдæн, кæнæ
је мадæн, фvддзурæг мæлæтæј амæлæд. (Рац. 20,
12. Дvкгагдінv 21, 18, 19, 20, 21.)
11. Смах та афтæ дзурут: ісчі кў зæђа је фvдæн,
кæнæ је мадæн: корван, цæвідтон, мæнæј дvл
цv æвтіаг æмбæлv, ўј Хуцаўæн лæвар фæўæд;
12. Ўæд æј смах ніцv кæнvн ўадзут је фvдv,
кæнæ је мадv тvххæј.
13. Баівтат Хуцаўv дзvрдv ўæхі æђдаўæј, ўæхўд-
тæг кæј сæвæрдтат, æмæ бірæ ўјхўзæн цvдæртæ
кæнут.
14. Æмæ æрбасідті адæм æппæтмæ, æмæ сvн
захта: бајqусут Мæм ўæ æппæт, æмæ бамбарут.
15. Адæјмагæн јæ хўлфмæ цv цæўv, ўј јæ
нæ æвзæркæнv; фæлæ дзvўолæмæ цv ссæўv, ўј
јæ æвзæркæнv.
16. Кæд іскæмæн qустæ qусvнæн іс, ўæд qусæд!

17. Æмæ Уј адæмæј хæдзармæ кў бацvдi, ўæд
æј Je ахургæнiнæгтæ бафарстој ацv фæсномvг-
нvхасv тvххæј.

18. Уј сvн захта: смах дæр афтæ æнææмбар-
гæ стут? æмæ нæ æмбарут, адæјмагæн jæ хўлф-
мæ цv цæўv, ўј jæ æвзæр кæј не скæндзæнi ўј?

19. Ўјтvххæј-æмæ jæ зæрдæмæ нæ бацæўv,
фæлæ jæ гўбvнмæ, æмæ та ўрдvгæј рацæўv
æдтæмæ, æмæ умæј асvђдæгвæјi алv хæрiнаг.

20. Ўј фæстæ захта: адæјмагæј ўолæмæ цv
ссæўv, ўј jæ æвзæркæнv.

21. Цæмæјдæрiдтæр адæјмагæн jæ хўлфæј, æмæ
jæ зæрдæјæ рацæўнц фvдвæндтæ, хæтvндзiнæд-
тæ, qахбајдзiнæдтæ, марvнтæ,

22. Хўснæгдзiнæдтæ, гæртамхæрvндзiнад, хæ-
рамдзiнад, фæлiвvндзiнад, æнаккакдзiнад, хæлæгкæ-
нæг цæст, хуцаўvфаўндзiнæдтæ, qалдзiнад, æнæ-
зонддзiнад.

23. Ацv æвзæрдзiнæдтæ jўўлдæр хўлфæј ра-
цæўнц, æмæ æвзæркæнvнц адæјмадњсv.

24. Æмæ ўрдvгæј ацæўгæјæ, æрцvдi Тiрv æмæ
Сiдонv арæнтæм; æмæ кў бацvдi хæдзармæ, ўæд
Æј фæндvдi, цæмæј Je нiчi базvдтаiд: фæлæ
Jexi бамбæхсvн нæ бафарæста.

25. Цæмæјдæрiдтæр Уј тvххæј феqўста jў ўс,
jе чvзг хæјрæгдњсvн кæмæн удi, æмæ æрцvдi,
æмæ æрхаўдта Je ќæхтæм.

26. Ўцv ус та удi муртат, Сiрофiнiкiаг, æмæ Ін
лæхстæкодта, цæмæј iн jæ чvзгæј хæјрæдњсv асура.

27. Фæлæ iн Jесо захта: фæлæў, фvтцаг
сvвæллæдтæ бавсæдој: цæмæјдæрiдтæр хорз нæ
у сvвæллæдтæј дзул рајсvн, æмæ jæ кўiтæн
аппарvн.

28. Ўј та Ін захта дзуап: афтæ, Хiјцаў! фæлæ
кўiтæ дæр хæрvнц, сvвæллæдтæн сæ фvнгæј цv
муртæ хаўv удон.

29. Æмæ iн захта: ацv дзvрдv тvххæј, ацу;
хæјрæг рацvдi дæ чvзгæј.

30. Æмæ, jæ хæдзармæ æрцæўгæjæ, ўj федта
хæjрæг кæj ацvді, æмæ jæ чvзг хўссæнv кæj
хўссvді, ўj.
31. Jесо кў рацvді Тірv æмæ Сідонv æрæнтæj,
ўæд та нодњсv ацvді Галілеаг дендњсvзмæ, Дæсса-
харv арæнтvл.
32. Æмæ Jeм æркодтоj ќўрма гўлæвзадњсv, æмæ
Ін лæхстæкодтоj, цæмæj іл Jе ќух æрæвæра.
33. Jесо jæ акодта адæмæj хіцæнранмæ, ба-
кодта ін Jæ ќухтæ jæ qустv, æмæ атукæнгæjæ
ін jæ æвзагмæ бавнæлдта;
34. Æмæ скасті ўоларвмæ, нvулæфvді, æмæ
ін захта: еффафа, ома, баjгом у.
35. Æмæ ўцv сахатvл баjгомvстv умæн jæ qустæ
æмæ схæлдvстv jæ æвзадњсv бæдтæнтæ, æмæ
сvђдæг дзурvн баjдvдта.
36. Æмæ сvн бафæдзæхста, цæмæj макæмæн
мацv зæђоj. Фæлæ сvн цас фvлдæр фæдзæхста,
ўjас фvлдæрæj удон qусvнкодтоj.
37. Æмæ, ідтæг діскæнгæjæ дзvрдтоj: Уj æппæт-
дæр хорзкæнv; ќурматv qусагкæнv, æгомvгтv
дзурvнкæнv.

## СÆР 8.

1. Ўцv бонтv, бірæ адæм кў æрæмбvрдvстv,
æмæ сvн хæрінаг кў ніцv уді, ўæд Jесо басідті
Jе ахургæнінæгтæм, æмæ сvн захта:
2. Тæріђæд Мæм кæсvнц ацv адæм, умæн-æмæ
нvр æртæ бонv æдзух Мемæ стv, æмæ сvн цv
бахæроj, ўj нæj.
3. Æххормагæj сæ сæ хæдзæрдтæм кў аўадзон,
ўæд фæндагўл бастаjдзvстv, цæмæjдæрідтæр
удонæj jўæj-jўтæ дардæj æрцvдvстv.
4. Jе ахургæнінæгтæ Ін захтоj: чі кæцæj æр-
хæсцæні ацv æдзæрæгранv дзултæ, цæмæj сæ
бафсадæм?
5. Æмæ сæ бафарста: цал дзулv ўæм іс|?
Удон Vн захтоj: авд.

6. Ўæд æрбадѵнкодта адæмѵ зæххѵл, æмæ
рајста ўцѵ авд дзулѵ, æмæ сæ, скувгæjæ, асаста,
æмæ сæ радта Jе ахургæнінæгтæм, цæмæj сæ
удон бајўарој; æмæ сæ удон бајўæрстој адæмæн.
7. Æмæ сæм уді jў чѵсѵл кæсæгтæ дæр; æмæ
удонæн дæр арфæ ракодта, æмæ са бајўарѵнкодта.
8. Æмæ хордтој, æмæ бафсæстѵстѵ; æмæ цѵ
ќæбæртæ баззадѵстѵ, удонæj авд тæсчѵ дзаг
æрæмбѵрдкодтој.
9. Чі хордта, удон та удѵстѵ цѵппар мінѵ jас;
æмæ сæ аўахта.
10. Æмæ ўцѵ сахатѵл бацѵді бæлæŋмæ Jе
ахўргæнінæгтімæ, æмæ æрцѵді Далмануфаг арæн-
тæм.
11. Рацѵдѵстѵ фарісетæ, æмæ бајдѵдтој Ујімæ
бѵцæўкæнѵн, æмæ Дзѵ, ќахгæjæ, кўрдтој нѵсан
ўоларвæj.
12. Фæлæ Ўj, тѵнг нѵулæфкæjæ, захта: ацѵ
мѵккаг нѵсан цæмæн агурѵ? Æцæг ўн зæŋѵн:
ацѵ мѵккагæн нѵсан лæвæрд нæ удзæні.
13. Æмæ сæ нѵўахта, нодѵсѵ бацѵді бæлæŋмæ,
æмæ ацѵді іннæ фарсмæ.
14. Ўæд Jæ ахургæнінæгтæ ферохкодтој дзул-
тæ рахæссѵн, æмæ бæлæŋѵ jў дзулѵ jедтæмæ
нæ ўді семæ.
15. Æмæ сѵн Уj, амонгæjæ, захта: Кæсут, ўæхі
qaqqæнут фарісетѵ æнqізæнæj æмæ Іродѵ æнqі-
зæнæj.
16. Æмæ сæ кæрæдзімæ qўдѵгæнгæjæ, дзѵрдтој:
аj бæрæгкæнѵ, мах дзултæ кæj нæ рахастам, ўj.
17. Jесо базѵдта ўj, æмæ сѵн захта: дзултæ
ўæм кæj нæj, ўjтѵххæj цæмæн qўдѵкæнут? Нѵр-
дæрма нæ зонут нæ, æмæ нæ æмбарут? Нѵр-
дæрма ўæ зæрдæ дураў у?
18. Цæстѵтæ ўн ўовгæjæ, нæ унут? æмæ ўн
qустæ ўовгæjæ, нæ qусут? æмæ нал qўдѵкæнут?
19. Æз фондз дзулѵ кў асастон фондз мін лæ-
гæн, ўæд цал тæсќѵ бајдзагкодтат смах ќæбæр-
тæj? Удон Ѵн захтој: дуўадæс.

20. Авд дзулѵ кў асастон цѵппар мінæн; ўæд
та цал тæсчѵ бајдзагкодтат смах ўолдај ќæбæр-
тæј? Удон захтој: авд.
21. Æмæ сѵн захта: ўæдæ кўд нæ æмбарут?
22. Æрцѵді Віфсаідмæ; æмæ Јем æркодтој
кўрмѵ, æмæ Дзѵ кўрдтој, цæмæј јæм бавнала.
23. Уј нѵххæцѵді кўрмæн јæ ќухѵл, ракодта јæ
ԛæўæј, æмæ ін јæ цæстѵтѵл батукодта, сæвæрд-
та іл Је ќухтæ, æмæ јæ бафарста: унѵс істѵ?
24. Уј скасті, æмæ захта: унѵн адæмѵ цæўгæ,
бæлæстаў.
25. Ўј фæстæ та ін нодѩсѵ сæвæрдта јæ цæстѵ-
тѵл Јæ ќухтæ, æмæ ін захта: акæс. Æмæ ўј
сдзæбæхіс, æмæ алцѵдæр æргом унѵн бајдѵдта.
26. Æмæ јæ арвѵста јæ хæдзармæ, æмæ ін
захта: ма бацу ԛæўмæ, æмæ ԛæўѵ макæмæн зæҕ.
27. Æмæ ацѵді Јесо Је ахургæнінæгтімæ Фі-
ліппѵ Кесаріі ԛæўтæм. Фæндагўл Уј фарста Је
ахўргæнінæгтѵ: кæўл Мæ хѵнцѵнц адæм?
28. Удон Ѵн захтој дзуап: Јоаннѵл Арҕаўæг,
іннæтæ Іліаіл; фæлæ јўæј-јўтæ та пæхумпартæј
іскæул.
29. Уј сæ бафарста: смах та Мæ кæул хѵнцут?
Петр Ін захта дзуап: Дѵ дæ Чѵрѵсті.
30. Æмæ сѵн бафæдзæхста, цæмæј Уј тѵххæј
макæмæн дзурој.
31. Æмæ сѵн бајдѵдта амонѵн, дзургæје: адæј-
мадѩсѵ Фѵрт бірæ фѵдæбон фæкæндзæні, адæмѵ
хістæртæј, æмæ саўдѩсѵнтѵхістæртæј æмæ чінѵ-
дѩсѵдæснѵтæј æвдісæнгонд удзæні, мард удзæні
æмæ æртѵккæгæм бон рајгас удзæні.
32. Æмæ ўјтѵххæј дзѵрдта æргомæј. Фæлæ
Јем Петр асідті, æмæ бајдѵдта умæн æвастæј
дзурѵн.
33. Уј та фездæхті, бакасті Је ахургæнінæгтæм,
банцаінкодта æмæ захта Петрејен: ацу Мæнæј,
сајтан, умæн-æмæ дѵ ԛўдѵкæнѵс, Хуцаўѵ ԛўдтаг
цѵ у, ўј нæ, фæлæ адæјмадѩсѵ ԛўдтаг цѵ у, ўј.
34. Æмæ басідті адæммæ Је ахургæнінæгтімæ,
æмæ сѵн захта: Мæ фæдѵл цæўн кæј фæндѵ, ўј

jехiўл æвдiсæнбакæнæд, æмæ je дзўар рajсæд,
æмæ Мæ фæдvл цæўæд.
35. Цæмæjдæрiдтæр je удv qaqqæнvн кæj
фæндv, ўj je фесафцæнi; фæлæ je удv Мæн
тvкхæj æмæ Евангелiаi тvххæj чi фесафа, ўj je
баqaqqæндзæнi.
36. Цæмæjдæрiдтæр цv пajда у адæjмагæн, ўj
æгас дунеi jехi кў бакæна, je удv та кў фесафа,
ўæд?
37. Кæнæ цv арђ ратцæнi адæjмаг je удv тvххæj?
38. Цæмæjдæрiдтæр ацv хæтаг æмæ тæрiђæд-
дњсvн мvккадњсv Мæнvл æмæ Мæ дзvрдтvл чi
бавдiсæнкæна, уўл адæjмадњсv Фvрт дæр бавдiсæн-
кæндзæнi, Je сvђдæг Зæдтiмæ Je Фvдv стvрадv
кў æрцæўа, ўæд.

## СÆР 9.

1. Æмæ сvн захта: æцæг ун зæђvн: iс ам
лæўдњсvтæj ахæмтæ, кæцvтæ мæлæт нæ фен-
дзvстv, цалvнмæ фенoj Хуцаўv патцахад, тvхдњсv-
нæj æрцæўгæ.
2. Æмæ æхæз бонv фæстæ Jесо акодта
Петрv, Jаковv æмæ Iоаннv, æмæ æрмæст удон
jўнæгæj бæрзонд хохмæ скодта; æмæ сæ разv
Je хўз аiвта.
3. Je дарæстæ æрдтiвгæ сvстv, ўрсўрсiд, мiтv
хўзæн, афтæ-æмæ зæххvл ўрсахорæг дæр афтæ
ўрскæнvн нæ бафæраздзæн.
4. Æмæ сæм фæзvндi Iлiа Мojсеiмæ; æмæ
нvхаскодтoj Jесоiмæ.
5. Ўæд Петр захта Jесojен: Раввi! ам хорз у
махæн; скæнæм æртæ халађудv: jў Дæуæн, jў
Мojсеjен, æмæ jў Iлiаjен.
6. Цæмæjдæрiдтæр нæ зvдта, цv захтаiд ўj;
тасv кæj удvстv ўjтvххæj.
7. Æмæ фæзvндi æврађ, æмæ сvл æраўон-
кодта, æмæ æврађæj qæр рajqўстi: Аj у Мæ
ўарзон Фvрт, Умæ qусут.

8. Æмæ æвiппаjдæj аqаqqæдтоj сæ алфамблаj
æмæ нiкæj ўал федтоj, jўнæг Jecoi jедтæмæ.
9. Æмæ удон хохæj кў æрцæjцvдvстv, ўæд
сvн Уj бафæдзæхста, кæj федтоj ўj кўд нiкæмæн
зæђоj, цалvнмæ адæjмадњсv Фvрт мæрдтæj раj-
гас ўа, ўалvнмæ.
10. Æмæ удон ацv дзvрд сæ зæрдvл бадардтоj,
сæкæрæдзij фæрскæjæ: мæрдтæj раjгас та цvмæ
цv у?
11. Æмæ Jе бафарстоj: ўæдæ чiнvдњсvдæснvтæ
цæмæн зæђvнц, Iлiаiл раздæр æрцæўн æмбæлv?
12. Уj сvн захта дзуаппæн: бæлвvрд Iлiа æр-
цæўа qўамæ раздæр, æмæ æппæт сараза; æмæ
адæjмадњсv Фvртvл, Уj тvххæj фvст кўд у, æмбæлv
бiрæ фæфvдæбонкæнvн, æмæ æгад фæун.
13. Фæлæ ўн зæђvн: Iлiа цæўгæ дæр ма æр-
кодта, æмæ iн бакодтоj, кўд сæ фæндvдi афтæ,
ўj тvххæj фvст кўд у, афтæ.
14. Æрцvдi Jе ахургæнiнæгтæм, æмæ федта
бiрæ адæм сæ алфамблаj, æмæ чiнvдњсvдæснvтæ,
удонiмæ бvцæўгæнгæ.
15. Ўаjтађд Æj адæм кў федтоj Уj, ўæд сæм
дiсфæкастi, æмæ Jем ўадvстv, æмæ Iн салам-
тæ дзvрдтоj.
16. Уj бафарста чiнvдњсvдæснvтv: цæўл бvцæў-
кæнут удонiмæ?
17. Адæмæj Iн jў дзуап захта: Ахургæнæг! æз
æркодтон Дæўмæ мæ фvртv, æгомvг хæjрæгæj
ахстv.
18. Кæмдæрiдтæр æj æрцахсv, ум æj зæххvл
нvццæвv, æмæ комv фvнк скалv, æмæ jе дæн-
дæгтæj qvcqvскæнv, æмæ баўадзvг вæji. Æз Дæ
ахургæнiнæгтæн захтон, цæмæj iн jæ хæjрадњсv
асуроj, фæлæ удон нæ бафæрæстоj.
19. Jeco iн дзўапдæдткæjæ захта: ўо, æнæур-
нæг мvккаг! кæдмæ ўон смахiмæ? Кæдмæ ун
барон? æркæнут æj Мæммæ.
20. Æмæ jе æркодтоj Умæ. Хæjрæгдњсvн Jе
кўдтæр федта, афтæ jе хæjраг срiзvнкодта; ўj

æрхаўді зæххvл æмæ ратулбатулкодта, је комv фvнк калгæјæ.
21. Æмæ ін Јесо бафарста је фvдv: рагæјнvр-
мæ у афтæ? Уј Ін захта: је сvвæллонæј нvрмæ.
22. Æмæ је хæјрæг бірæ хæдтvтv æппæрста
артv дæр æмæ донv дæр, цæмæј је фесафа:
фæлæ кæд істv фæразvс, ўæд мvн фæтæріђæд-
кæн, æмæ мvн бааqазкæн.
23. Јесо ін захта: кæд урнvнæн істv фæразvс,
ўæд урнæгæн æппæтдæр сўдзæні.
24. Æмæ ўајтађд лæппуј фvд, јæ цæстvсvгтæ
калгæје, сqæркодта: урнv мæ, Хіјцаў! бааqазкæн
мæ æнæурнvнæн.
25. Јесо кў федта бірæ адæмv ўрдæм зђор-
гæјæ, ўæд нvпбаста хæјрæдҗсv, æмæ ін захта:
æгомvг æмæ ќурма уд! Æз дvн зæђvн, рацу
умæј, æмæ јем макў ўал бацу.
26. Æмæ сqæркодта, æмæ је тvнг сцахта; æмæ
дзv рацvді, æмæ ўј мардаў фæці, афтæ-æмæ бірæ-
тæ дзvрдтој: ўј амарді зæђгæ.
27. Фæлæ ін Јесо јæ ќухvл схæцvді, рабадvн
æј кодта; æмæ ўј сvстаді.
28. Æмæ Јесо хæдзармæ кў бацvдј, ўæд Æј
Је ахургæнінæгтæ фарстој јўнæгæј: мах цæўлнæ
бафæрæстам ўј асурvн?
29. Уј сvн захта: ацv мvккаг, комдарvн æмæ
кўвдv једтæмæ, ніцæмæј рацæўдзæні.
30. Урдvгæј рацvдvстv, æмæ цvдvстv Галіле-
јаіл: æмæ Је ісчі цæмæј базvдтаід, ўј Је нæ
фæндvді.
31. Цæмæјдæрідтæр амvдта Је ахургæнінæг-
тæн, æмæ сvн дзvрдта: Адæјмадҗсv Фvрт адæмv
ќухтæм лæвæрд ўдзæні, æмæ Је амардзvстv,
æмæ Уј, Је амæлvнv фæстæ, æртvккæгæм бонv
рајгас удзæні.
32. Фæлæ удон нæ æмбæрстој ўцv дзvрдтv,
фæрсvн та Је нæ ўæндvдvстv.
33. Æрцvді Капернауммæ, æмæ хæдзарv кў уді,
ўæд сæ бафарста: фæндагўл цæул дзvрдтат ўæ
кæрæдзіімæ?

34. Удон нvqqусvстv, ўмæн-æмæ фæндагўл сæ
кæрæдзiiмæ дзvрдтој, чi сæ стvрдæр у, уўл.
35. Æмæ æрбадтi, басiдтi Је дуўадæс ахургæ-
нiнæгтæм, æмæ сvн захта: хiстæр ўvн кæј фæндv,
ўј æппæтæј кæстæр æмæ æппæтæн кусæг ўæд.
36. Æмæ рајста сvвæллонv, нvллæўvн æј кодта
сæ æхсæнv, æмæ је Је qæбvсмæ бакодта, æмæ
сvн захта:
37. Ахæм сvвæллæдтæј јўv, Мæ номv тvххæј,
чi ајса, ўј Мvн Мæхi iсv; æмæ Мæн чi iсv, ўј
Мvн Мæхi нæ, фæлæ Мæ рарвiтæдђсv iсv.
38. Ўæд Vн Јоанн захта: Ахургæнæг! мах фед-
там, Дæ номæј хæјрæдђсvтv чi сурv, æмæ нæ
фæдvл чi нæ цæўv ахæм лæдђсv; æмæ је нал
баўахтам, нæ фæдvл кæј нæ цæўv, ўјтvххæј.
39. Јесо захта: ўадзут æј, цæмæјдæрiдтæр
Мæ номæј дiссаг чi скæна, ўј Мæ тађд нæ рат-
цæн зvлvнæј.
40. Цæмæјдæрiдтæр смахiмæ бvцæў чi нæ у,
ўј смах фарс у.
41. Æмæ ўн чi баназvнкæна донv ќус Мæ
номv тvххæј, смах Чvрvстii кæј стут, ўјтvххæј;
умæн, æцæг ўн зæђvн, је лæвар нæ фесæфцæнi.
42. Фæлæ чi фæрæдiiнкæна ацv чvсvлтæј,
Мæнvл ўрндђсvтæј, јўv, умæн хўздæр удајд, је
бæрзæiл vн кўроjі фvд кў бабастајккој, æмæ је
дендђсvзv кў баппæрстајккој, ўæд.
43. Æмæ дæ дæ ќух кў рæдiiнкæна, ўæд æј
алvгкæн; хўздæр дvн у æнæ ќухæј цардмæ ба-
цæўн, цæј нæ фæлтаў дуўæ ќухiмæ бацæўај геен-
намæ, æнæхўскæ артмæ,
44. Сæ ќўдvр калм кæм нæ мæлv, æмæ арт
кæм нæ хўссv.
45. Æмæ дæ дæ ќах кў рæдiiнкæна, ўæд æј
алvгкæн: хўздæр дvн у ќўлvхæј цардмæ бацæўн,
цæј нæ фæлтаў дуўæ ќахiмæ æппæрст ўај геен-
наi, æнæхўскæ артv,
46. Сæ ќўдvр калм кæм нæ мæлv, æмæ арт
кæм нæ хўссv.

47. Æмæ дæ дæ цæст кў рæдiiнкæна, ўæд æј фелвас: хўздæр дvн у, јў цæстiмæ Хуцаўv патцахадмæ бацæўн, цæј нæ фæлтаў дуўæ цæстiмæ æппæрст ўај гееннаi артмæ,

48. Сæ ќўдvр калм кæм нæ мæлv, æмæ сæ арт кæм нæ хўссv.

49. Цæмæјдæрiдтæр чiдæрiдтæр артæј сцæхдњсvн удзæнi, — æмæ алv нvвонд цæххæј сцæхдњсvн удзæнi.

50. Цæх хорз у; фæлæ цæх цæхдњсvн кў нæ ўа, ўæд æј смах цæмæј сцæхдњсvнкæндзvстут? Дарут цæх ўæхi мiдæг, æмæ фарн дарут ўæ кæрæдзiiмæ.

## СÆР 10.

1. Ацvдi ўрдгæј, æмæ æрцvдј Јўдетv арæнтæм, Јорданv iннæ фарсæј. Нодњсv Јем æрæмбvрдvстv адæм; æмæ свн Уј, Је æђдаў кўд ўдi, афтæмæј, нодњсv амvдта.

2. Æрцvдvстv Јем фарiсетæ, æмæ Је, ќахкæјæ, фарстој: лæгæн је усv раўадзvн æмбæлv?

3. Уј свн захта дзуаппæн: цv ўн бафæдзæхста Мојсеј?

4. Удон Vн захтој: Мојсеј бар радта ўађдv чiнvг нvффvсvн, æмæ аўадзvн.

5. Jесо свн захта дзуаппæн: ўæ фvдзæрдæi тvххæј ун нvффvста ўј ацv амvнддзiнад.

6. Фæлæ сæ рајдајенv Хуцаў лæг æмæ усæн сфæлдvста. (Сфæл. 1, 27.)

7. Ўјтvххæј нvўадцæнi лæг је фvдv æмæ је мадv,

8. Æмæ је усvл бафтдзæнi, æмæ сўдзvстv дуўæдæр јў бўар; афтæ-æмæ дуўæ нал, фæлæ јў бўар удзvстv.

9. Æмæ афтæ, Хуцаў кæј сјўкодта, ўј лæг ма ахiцæн кæнæд.

10. Нодњсv та Је ўј тvххæј бафарстој Је ахургæнiнæгтæ хæдзарv.

11. Уj сvн захта: чі раўадза jе усv, æмæ æн-
дæр ус чі скæна, ўj умæj хæтv;
12. Æмæ ус jæ моjі кў нvўадза, æмæ æндæр-
мæ кў ацæўа, ўæд ўj дæр хæтv.
13. Хастоj Jем сvвæллæдтv, цæмæj бавнала
удонмæ; Jæ ахургæнінæгтæ та нæ ўахтоj æр-
хæсдӂсvтv.
14. Уj фенгæjæ сæм Jесо фæтvзмæдӂсі, æмæ
сvн захта: ўадзут сvвæллæдтv Мæммæ цæўн,
æмæ сæ ма уромут; цæмæjдæрідтæр ахæмтv у
Хуцаўv патцахад.
15. Æцæг ўн зæӡvн, Хуцаўv патцахад сvвæлло-
наў чі нæ раjса, ўj jæм нæ бацæўдзæн.
16. Æмæ сæ Jе qæбvсv бакодта, æмæ сvл Jе
ќухтæ æрæвæрдта, æмæ сvн арфæракодта.
17. Уj фæндагўл кў рацæjцvді, ўæд Æм чідæр
æрбазӡордта, æрхаўді Умæн Jе ќæхтæм jæ зон-
гўтvл, æмæ Jе бафарста: хорз Ахургæнæг! цv
кæнон æз, цæмæj æнусон цард ссарон?
18. Jесо Ін захта: цæj тvххæj Мæ хонvс
хорз? Хорз нічі у, æрмæст jўнæг Хуцаўv jед-
тæмæ.
19. Амvнддзінæдтæ зонvс: хæтаг ма у; ма амар;
ма рацав; мæнгæвдісæн ма нvллæў; тvх макæ-
мæн кæн, цvтдӂсvн дар дæ фvдv æмæ дæ мадv.
(Рац. 20, 12—17.)
20. Ўj та Ін захта дзуаппæн: Ахургæнæг! адон
jўулдæр сæххæсткодтон мæ сvвæллонæj нvрмæ.
21. Jесо jæм бакасті, баўарста jе æмæ ін
захта: jў qатдӂсvн ма дæ; ацу, дæ іс jўўлдæр
аўоjкæн, æмæ jæ баjўар мæгўртæн, æмæ дvн
удзæні хæзнатæ ўолæрвтv; æмæ æрцу, æмæ Мæ
фæдvл рацу, дзўар раjскæjе.
22. Æмæ ўj ўцv дзvрдæj сўнгæдӂсі, æмæ qvгкæн-
гæjæ ацvді; цæмæjдæрідтæр vн уді бірæ іс.
23. Æмæ Jе алфамблаjмæ акасті Jесо, æмæ
захта Jе ахургæнінæгтæн: цæj зvн у qæздзvгад
кæмæ іс, удонæн Хуцаўv патцахадмæ бацæўн!
24. Ахургæнінæгтæ фæтарстvстv Ўj дзvрдтæj.
Фæлæ сvн Jесо нодӂсvдæр захта дзуаппæн: Мæ

фvрттæ! цæј зvн у qæздvгадæј нvфс кæмæн іс,
умæн Хуцаўv патцахадмæ бацæўн!
25. Теўајен судзінv бvнv ацæўн æнцондæр у,
qæздvгæн Хуцаўv патцахадмæ бацæўнæј!
26. Удонмæ ідтæг діссаг фæкасті, æмæ сæ кæ-
рæдзіімæ дзvрдтој; ўæдæ ма фервvзvн чі бафæ-
раздзæні?
27. Јесо сæм бакасті, æмæ сvн захта: ўј
адæмæн бафæразінаг нæў, фæлæ Хуцаўæн у;
цæмæјдæрідтæр Хуцаў æппæт фæразæг у.
28. Æмæ Ін Петр бајдvдта дзурvн: мæнæ мах
јўўлдæр нvўахтам, æмæ Дæ фæдvл рацvдvстæм.
29. Јесо захта дзуаппæн: ацæг ўн зæђvн:
ахæм лæг нæј, чі нvўадза је хæдзар, кæнæ је
æфсvмæртv, кæнæ је хотv, кæнæ је фvдv, кæнæ
је мадv, кæнæ је усv, кæнæ је свæллæдтv, кæнæ
је зæххv, Мæн тvххæј æмæ Евангеліаі тvххæј,
30. Æмæ нvр, ацv сурvн афонv, не ссара
фондзссæдз хадтv фvлдæр је хæдзæрдтæј, æмæ
је æфсvмартæј, æмæ је фvдтæј, æмæ је мæдтæј,
æмæ је сvвæллæдтæј, æмæ је зæххvтæј, æр-
цæўінаг афонv та æнусон цард.
31. Æмæ фvтцæгтæј бірæтæ фæстæгтæ фæў-
дзvстv, фæстæгтæј та фvтцæгтæ.
32. Удон фæндагўл кў удvстv, Јерусаліммæ
цæўгæјæ, ўæд Јесо цvді сæ разæј; удон та
тарстvстv, æмæ фæдvл цæўгæјæ рvстvстv. Ба-
сідті Је дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ та сvн
нодњсvдæр дзурvн бајдvдта, уўл цv æрцæўдзæні,
ўј тvххæј:
33. Мæнæ, мах цæўæм Јерусаліммæ, æмæ адæј-
мадњсv Фvрт рард удзæні саўдњсvнтvхістæртæм
æмæ чінvдњсvдæснvтæм, æмæ Ін амарvнv тæр-
хон скæндзvстv, æмæ Је муртадтvтæм ратцvстv.
34. Æмæ Је фелђітцvстv, æмæ Је нæмдзvстv,
æмæ Іл тутæкæндзvстv, æмæ Је амардзvстv;
æмæ æртvккæгæм бон рајгас ўдзæні.
35. Ўæд Æм бацvдvстv Зеведеі фvрттæ, Јаков
æмæ Јоанн æмæ Ін захтој: Ахургæнæг! мах фæндv,
цæмæј нvн Дv, цv дæ ракурæм, ўј радтај.

36. Уj свн захта: цв ўæ qæўв, æмæ ўн цв
бакæнон?
37. Удон Вн захтоj: сбадвн нæ кæн мах, jўв
дæ рахiс фарсврдвгæj, iннæi та Дæ галiў фарсв-
рдвгæj, Дæ ствраду.
38. Фæлæ свн Jесо захта: нæ зонут, цв
курут, ўj. Æз цв нўазæн нўазвн, ўj нўазвн, æмæ
Æз цв арҕўдæj аргаўн, умæj ўæхiул сарҕаўн ба-
фæраздзвстут?
39. Удон Вн захтоj дзуап: бафæраздзвстæм.
Jесо та свн захта: Æз цв нўазæн нўазвн, ўj
нвўаздзвстут, æмæ Æз цв арҕўдæj арҕаўон, умæj
сарҕаўдзвстут;
40. Фæлæ ўæ Мæ рахiс фарсврдвгæj, æмæ Мæ
галiў фарсврдвгæj сбадвнкæнвн Мæ ќухв нæj,
фæлæ цæдтæ кæмæн у, умæн.
41. Æмæ дæс ўj кў феqўстоj, ўæд баjдвдтоj
бустæкæнвн Jаковвл æмæ Jоаннвл.
42. Фæлæ сæм Jесо басiдтi, æмæ свн захта:
смах зонут, сæхi адæмв æлдæрдтæ чi хонв, удон
свл хiцаўад дæр кæj кæнвнц, ўj, æмæ се ствр
лæгтæ бардњсвн ств удонвл.
43. Фæлæ ўæ æхсæн афтæ ма ўæд; æмæ ўæ
кæj фæнда ствр ўвн, уj ун кусæг фæўæд;
44. Æмæ jехi ствpдæр кæj фæнда, ўj ўæ æппæ-
тæн цаҕар ўæд.
45. Цæмæjдæрiдтæр адæjмадњсв Фврт дæр ўj
твххæj нæ æрцвдi, цæмæj Iн кусоj, фæлæ цæмæj
куса, æмæ Jæ уд радта бiрæтв фервæзвнв твххæj.
46. Бацвдвств Jерiхонмæ. Æмæ Уj Jерiхонæj
кў рацæjцвдi Je ахургæнiнæгтiмæ æмæ бiрæ
адæмiмæ, ўæд кўрм Вартiме Тiмеi фврт бадтi
фæндадњсв бвлвл, хорзæх кургæjæ.
47. Æмæ кў феqўста, ўj Назареаг Jесо кæj
у, ўj, ўæд баjдвдта qæркæнвн æмæ дзурвн: Jесо,
Давiдв фврт! тæрiҕæд мвн бакæн.
48. Бiрæтæ jæ æнцаiнкодтоj, фæлæ ўj нодњсв
твнгдæр qæркодта: Давiдв фврт! тæрiҕæд мвн
бакæн.

49. Jесо фæлæўўді, æмæ jем бадзурvнкодта.
Бадзvрдтоj кўрммæ, æмæ ін захтоj: ма тæрс,
свст, сідv дæм.
50. Уj феппæрста jехіцæj je æдтаг дарæс,
свстаді, æмæ æрцvді Jесомæ.
51. Æмæ je Jесо бафарста: цv дæ qæўv
Мæнæj? кўрм vн захта: Ахургæнæг! цæмæj æз
ракæсон, ўj.
52. Jесо ін захта: ацу, дæ урнvн дæ фер-
вæзvнкодта. Æмæ ўj уцv сахатvл ракасті, æмæ
ацvді фæндагўл Jесоі фæдvл.

## СÆР 11.

1. Æмæ кў баввахсvстv Jерусаліммæ Віффа-
гіамæ æмæ Віфаніамæ, Зетіі-хохмæ, ўæд Jесо
арвvста Jæ ахургæнінæгтæj дуўæі,
2. Æмæ свн захта: цæўгæут, ўæ тæккæ ком-
коммæ цv qæў іс, умæ, æмæ кў бацæўат умæ, ўæд
ссардзvстут баст ќæлæў, адæмæj кæўл нічі ма
сбадті ахæм; сўадзут æj, æмæ je æркæнут.
3. Æмæ ўæ ісчі кў бафæрса: цv мі кæнут ўj?
ўæд vн дзуап зæђут: ўj Хіjцаўv qæўv; æмæ je
ўцv сахатvл ардæм раўатдзæн.
4. Удон ацvдvстv, æмæ ссардтоj ўндюсv, дўар-
мæ баст ќæлæўv, æмæ je сўахтоj.
5. Æмæ ум чі лæўўдvстv, удонæj свн чідæртæ
захтоj: цv мі кæнут? ќæлæўv цæмæн ўођдкæнут?
6. Удон свн захтоj, Jесо свн кўд захта афтæ;
æмæ сæ удон аўахтоj.
7. Æмæ æркодтоj ќæлæўv Jесомæ, æмæ
сæвæрдтоj ўўл сæ дарæстæ; æмæ іл Jесо
сбадті.
8. Æмæ бірæтæ баjтvдтоj сæ дарæстæ фæн-
дагўл; іннæтæ та лvгкодтоj бæлæстæj ќабузтæ,
æмæ сæ фæндагўл твдтоj.
9. Æмæ Je разæj æмæ Je фæстæ чі цvдvстv,
удон зарvдvстv: Осанна! арфæгонд у, Хіjцаўv
номæj æрцæўæг!

10. Арфæгонд у, Хіjцаўv номæj æрцæўæг, нæ
фvд Давідv патцахад! Осанна ўæлæўонтv æхсæн!
11. Æмæ бацvді Јесо Јерусаліммæ, æмæ ар-
ҕўанмæ; æмæ кў федта jўўлдæр, æмæ æрæдҥсv
кæj баці, ўj, ўæд рацvді Віфаніамæ Је дуўадæс
ахургæнінæгтімæ.
12. Дvккаг бон, удон Віфаніаjæ кў рацvдvстv,
ўæд Vн сvстондҥсv.
13. Æмæ дæрдцæфæj федта æдсvфтæр легвіі
бæлас æмæ jем æрцvді, кæд vл істv мijаг ссарід;
фæлæ jем кў бацvді, ўæд vл ніцv ссардта сvф-
тæртv jедтæмæ: цæмæjдæрідтæр легві æмбvрд-
кæнvнv афон нæ ма уді.
14. Æмæ ін захта Јесо: нvрæj фæстæмæ мачі
ўал бахæрæд дæўæj дvрҕ мvккагмæ! Æмæ ўj
феqўстоj Јæ ахургæнінæгтæ.
15. Æрцvдvстv Јерусаліммæ. Јесо бацvді ар-
ҕўанмæ, æмæ баjдvдта сурvн арҕўанv мідæг ўоj-
гæндҥсvтv æмæ æлхæндҥсvтv, æмæ æхцаівдҥсv-
тæн сæ фvнгтæ æмæ бæлæдтv ўоjгæндҥсvтæн
сæ бvнæдтæ афæлдæхта;
16. Æмæ нæ ўахта арҕўанv астæўтv істv мі-
гæнæн хæссvн.
17. Æмæ амvдта удонæн, æмæ сvн дзvрдта:
фvст нæў цv: Мæ хæдзар æппæт адæмæн ку-
вæндон хæдзар хўjнæд, фæлæ jе смах та абvр-
дҥсvтv лæгæт скодтат. (Ісаіаі 56, 7.)
18. Ўj чінvдҥсvдæснvтæ æмæ саўдҥсvнтvхістæр-
тæ кў феqўстоj, ўæд Æj агўрдтоj фесафvнмæ,
цæмæjдæрідтæр тарстvстv Умæj, умæн-æмæ
адæм æппæт Је амvнддзінадvл діскодтоj.
19. Æмæ кў баізæрі, ўæд Уj рацvді сахарæj
æдтæмæ.
20. Æмæ раjсом је цуртv фæцæjцæўгæjæ,
федтоj ўцv легвіі бæлас је ўідадҥсv онг кæj ба-
хўсчі, ўj.
21. Æмæ æрæмvсvді Петр, æмæ захта Умæн:
Равві! акæс ма, Дv кæj ралҕvстаj, уцv легвіі
бæлас бахўсчі.

22. Ўæд сvн Jесо захта:

23. Хуцаўv урнvндзінад ўæм ўæд. Цæмæjдæрідтæр ун æцæг зæђvн: ісчі кў зæђа ацv хохæн: сvст æмæ дендњсvзv дæхі баппар; æмæ je зæрдæ кў нæ фæгўрvсхо ўа, фæлæ je кў урна, je дзvрдмæ кæсгæjæ кæj сўдзæні ўj, ўæд vн сўдзæні, цvдæрідтæр зæђа, ўj.

24. Ўjтvххæj ўн зæђvн: цvдæрідтæр ракурат кувгæjæ, баурнæд ўæ, кæj je раjсцvстут, æмæ ўн кæj удзæні.

25. Æмæ кувvнvл кў лæўўат, ўæд jў нvпбарут ўæ зæрдæ іскæмæ хæрам кў ўа, ўæд, ўæ ўоларвон Фvд дæр ўн кўд нvпбара ўæ тæріђæдтæ, афтæ.

26. Фæлæ смах кў нæ нvпбарат, ўæд смахæн дæр ўæ ўоларвон Фvд нæ нvпбардзæн ўæ тæріђæдтæ.

27. Æрцvдvстv нодњсvдæр Jерусаліммæ. Æмæ Уj арђўанv кў рацубацукодта, ўæд Æм æрбацvдvстv саўдњсvнтvхістæртæ, æмæ чінvдњсvдæснvтæ æмæ зæрæдтæ,

28. Æмæ Ін дзvрдтоj: цv бардзінадæj кæнvс адон? æмæ Дvн афтæ кæнvнv бар чі радта?

29. Jесо сvн захта дзуаппæн: Æз дæр ўæ бафæрсон jў qўдтагæj, дзуап Мvн зæђут, æмæ ўн ўæд Æз дæр зæђдзvнæн, адон Æз цv барæj кæнvн, ўj.

30. Jоаннv арђўд ўоларвæj уді, æві адæмæj? дзуап Мvн зæђут.

31. Æмæ удон сæхі мідæг qўдvкодтоj æмæ захтоj: ўоларвæj кў зæђæм; ўæд Уj зæђдзæні: ўæдæ іл цæjтvххæj нæ баўæндvдvстут?

32. Фæлæ адæмæj у, зæђvн та, адæмæj тарстvстv; цæмæjдæрідтæр jўўлдæр зvдтоj Jоанн æцæг пехумпар кæj уді, ўj.

33. Æмæ захтоj дзуап Jесоjен: нæ зонæм. Ўæд сvн Уj дæр захта дзуап: ўæдæ ўн Æз дæр нæ зæђдзvнæн, аj цv барæj кæнvн, ўj.

## CÆР 12.

1. Æмæ сvн бајдvдта дзурvн фæсномvгнvхæстæj: jў лæг нvццарæста сæндон, æмæ ін je алфамблај галўан скодта, æмæ сќахта сæндуцæн, æмæ самадта мæсvг, æмæ je радта сæндонгæстæм æмæ ацvді.
2. Æмæ je афонv арвvста сæндонгæстæм je кусæдђсv, цæмæj рајса сæндонгæстæj сæндонv дvрђтæ.
3. Фæлæ je удон æрцахстој, фæнадтој je, æмæ je афтідæj арвvстој.
4, Нодђсv сæм арвvста æндæр кусæдђсv æмæ умæн дæр je сæр дуртæj асастој, æмæ je æгадæj арвvстој.
5. Æмæ сæм нодђсv æндæрv арвvста: æмæ ўj дæр амардтој; æмæ æндæртæj біpæтv, кæj фæнадтој, кæj амардтој.
6. Æмæ ін уді æрмæст jўнæг ўарзон фvрт, æппæтv фæстæ сæм ўj дæр арвvста, мæ фvртæj ўæдтæр февсæрмv удзvстv, æнqæлгæjæ.
7. Фæлæ сæндонгæстæ захтој сæкæрæдзіjæн: ўj je бvндар у; цæўæм, амарæм æj, æмæ je бvн мах баўдзæні.
8. Æмæ je æрцахстој, амардтој je, æмæ je сæндонæj æдтæмæ раппæрстој.
9. Æмæ сæндонv хіjцаў цv бакæндзæн нvр? æрцæўдзæн æмæ амарvнкæндзæн сæндонгæстv, æмæ je сæндон ратцæн æндæртæм.
10. Æмæ нæ бакастvстут міjаг смах фvстv: амајдђсvтæ цv дур аппæрстој, ўj jехæдæг фісvнæн je сæр ссі.
11. Ўj у хіjцаўæj, æмæ нæ цæстv діссаг у. (Псалом. 117, 22, 23.)
12. Æмæ зvлдvстv Уj æрцахсvнvл; фæлæ адæмæj тарстvстv; цæмæjдæрідтæр ўцv фæсномvгнvхас удон тvххæj кæj захта, ўj бамбæрстој. Нvўахтој Je æмæ ацvдvстv.

13. Æмæ Јем арвvстој фарісетæј æмæ Іродіантæј кæјдæртv, цæмæј Је дзvрдæј æрцахсој.
14. Удон Æм æрцæўгæјæ захтој: Ахургæнæг! Мах зонæм Дv раст кæј дæ ўј, æмæ зæрдæ æлхæнæнv тvххæј ніцv кæнvс, qадњсvдæр нікæј кæнvс; фæлæ Хуцаўv раст фæндаг амонvс. Кесарæн qалон дæдтvн æмбæлv, æві нæ? дæдтæм vн, æві ма дæдтæм?
15. Фæлæ Уј зvдта удонæн сæ хіндзінад æмæ сvн захта: цæмæн Мæ ќахут? æрхæссут Мæм дінарі æмæ јæ Æз фенон.
16. Удон æрхастој. Уæд сvн захта: кæј нvв у ај æмæ іл цv фvст і? удон Vн захтој: Кесарv.
17. Јесо сvн захта дзўаппæн; дæдтут Кесæрон Кесæрæн, Хуцаўон та Хуцаўæн. Æмæ Іл діскодтој.
18. Ўј фæстæ Јем æрцvдvстv садўкетæ, мæрдтæ нæ рајгасўдзvстv чі зæђvнц удон, æмæ Је бафарстој афтæ:
19. Ахургæнæг! Мојсеј нvн нvффvста; іскæмæн је æфсvмæр кў амæла, је ус кў баззаја, фæлæ ін зæнæг кў нæ ўа, ўæд æј је æфсvмæр скæнæд усæн, æмæ је æфсvмæрæн цот скæнæд. (Дvккдін 25, 5.)
20. Авд æфсvмæрv уді: хістæр æрхаста ус, æмæ æнæзæнæгæј амарді.
21. Дvккаг æј скодта æмæ амарді, æмæ умæн дæр зæнæг нæ баззаді; æртvккаг дæр афтæ.
22. Æмæ ўцv ус авдæн дæр уді, фæлæ сæ зæнæг нікæмæн баззаді. Æмæ удон сеппæтv фæстæ амарді ус дæр.
23. Æмæ афтæ, qајмæтv бонv кў рајгасој, ўæд сæ кæцvі ус удзæні удонæј? цæмæјдæрідтæр ўј авдv ус дæр уді.
24. Јесо сvн захта дзўаппæн: фvстvтv дæр æмæ Хуцаўv тvх дæр кæј нæ зонут, умæј нæ рæдіут нæ?
25. Цæмæјдæрідтæр мæрдтæј кў рајгасој, ўæд нæдæр ус хæсцvстv, нæдæр мојмæ цæўдзvстv; фæлæ ўоларвv зæдтаў удзvстv.

26. Мæрдтѵ тѵххæј та, удон кæј рајгасўдзѵстѵ,
нæ бакастѵстут цѵ смах Мојсеі чінѵдњсѵ, Хуцаў
ѵн ќутæрѵ цур кўд захта, ўј: Æз дæн Авраамѵ
Хуцаў, æмæ Ісаакѵ Хуцаў, æмæ Јаковѵ Хуцаў?
(Рац. 3, 6.)
27. Хуцаў мæрдтѵ Хуцаў нæ у, фæлæ æгæстѵ
Хуцаў у. Æмæ афтæ, смах ідтæг рæдіут.
28. Ўцѵ чінѵдњсѵдæснѵтæј јў кў феqўста сæ
бѵцæў, æмæ кў базѵдта Јесо сѵн хорз дзўап
кæј лæвæрдта ўј, ўæд бацѵді Умæ æмæ Је ба-
фарста: амѵнддзінæдтæј стѵлдæр кæцѵ у?
29. Јесо ін захта дзўап: амѵнддзінæдтæј сеппæ-
тæј стѵлдæр у ај: бајqус Ізраіл! Нæ Хіјцаў Хуцаў
јўнæг Хіјцаў у;
30. Æмæ баўарз дæ Хіјцаў Хуцаўѵ дæ зæрдæ
æппæтæј, æмæ дæ уд æгасæј, æмæ дæ зонд
æгасæј, æмæ дæ тѵх æппæтæј: мæнæ, ўј у стѵлдæр
амѵнддзінад. (Дѵккаг. 6, 4, 5.)
31. Дѵккаг дæр ўј хўзæн: баўарз дæ хæстæдњсѵ,
дæхæдæг дæхі кўд ўарзѵс, афтæ. Адонæј æндæр
стѵлдæр амѵнддзінад нæј! (Лев. 19, 18.)
32. Чінѵдњсѵдæснѵ Ін захта: хорз, Ахургæнæг!
бæлвѵрд захтај Дѵ, Хуцаў јўнæг кæј у, ўј, æмæ
Ўј једтæмæ æндæр кæј нæј, ўј;
33. Æмæ Уј ўарзѵн æппæт зæрдæјæ, æмæ æгас
зондæј, æмæ æгас удæј, æмæ тѵх æппæтæј,
æмæ хæстæдњсѵ дæр ўарзѵн, хіј хўзæн, стѵлдæр
у јўулбасудзінæгтæ æмæ нѵвæндтæ аппæтæј.
34. Јесо кў федта, ўј зонддњсѵн дзўап кæј
захта ўј, ўæд ѵн захта: Хуцаўѵ патцахадæј дард
нæ дæ дѵ. Æмæ Је ўј фæстæ бафæрсѵн нічі
ўал ўæндѵді.
35. Амѵдта нодњсѵдæр арҕўанѵ Јесо æмæ зах-
та: чінѵдњсѵдæснѵтæ кўд зæҕѵнц Чѵрѵстіје, Давідѵ
фѵрт у зæҕгæ?
36. Цæмæјдæрідтæр Давід јехæдæг захта Сѵҕдæг
Удæј: захта Хіјцаў Мæ Хіјцаўæн: бад Мæ рахіс
фарсѵрдѵгæј, цалѵнмæ Дѵн дæ знæгтѵ дæ ќæхтѵ
бѵн фæкæнон. (Псал. 109, 1.)

37. Æмæ афтæ, Давід jехæдæг хонv Уj Хіjцаў: ўæдæма je фvрт кўд у? Æмæ Jем бірæ адæм qўста аддњсvнæj.
38. Æмæ сvн Je амvнддзінадv дзvрдта: ўæхі хізут чінvдњсvдæснvтæj, дарђ дарæс дарvн æмæ адæмv нvхæстv кад агурvн,
39. Æмæ æмбvрдv æмæ хæрдv фvтцаг бvнатv бацахсvн ўарздњсvтæj.
40. Удон, ідæдзтv хæдзæрдтæ чі хæрv, æмæ цæстмæ бірæ чі кувv, раjсцvстv ўоззаў æфхæрд.
41. Æмæ æрбадті Jeco хæзнадонv комкоммæ, æмæ адæм хазнадонv мідæг æхца кўд æвæрдтоj, умæ касті. Qæздvдњсvтæj бірæтæ æвæрдтоj бірæ.
42. Æрцvді jў мæгўр ідæдз, æмæ цæвæрдта дуўæ лептv, ома кодрант. [1])
43. Jeco басідті Je ахургæнінæгтæм, æмæ сvн захта: æцæг ўн зæђvн, ацv мæгур ідæдз ус хæзнадонv цæвæрдта сеппæтæj фvлдæрдæр.
44. Цæмæjдæрідтæр сеппæт æвæрдтоj сæ ўолдаjе, ўj та je мæђўрдзінадæj, цv jeм уді æмæ цæмæj царді, ўj æппæт цæвæрдта.

## CÆP 13.

1. Æмæ Уj арђўанæj ку рацæjцvді, ўæд Vн Je ахургæнінæгтæj jў захта: Ахургæнæг! акæс ма, цv хўзæн дуртæ æмæ цv хўзæн ађўстvтæ стv!
2. Jeco ін захта дзўаппæн: унvс ацv стvр ађўстvтæ? Адон jўўлдæр хæлд æрцæўдзvстv, афтæ-æмæ дзv дур дурvл нал баззаjдзæні.
3. Æмæ Уj Зетіі-хохvл кў бадті, арђўанv комкоммæ, ўæд Æj фарстоj jўнæгæj Петр, æмæ Jаков, æмæ Joанн, æмæ Андреj:
4. Зæђ нvн, кæд удзæні ўj, æмæ удон æппæт сæххæстўнv нvсан цў у?
5. Jeco сvн дзуаппæн баjдvдта дзурvн: ўæхі хізут, цæмæj ўæ мачі фæсаjа.

[1]) Кодрант — ома капеччv æрдæг.

6. Цæмæjдæрідтæр бірæтæ æрцæўдзvстv Мæ номæj, æмæ дзурдзvстv: чvрvсті Æз дæн, æмæ бірæтv фæсаjдзvстv.

7. Æмæ кў феqусат æфсæдтv тvххæj æмæ хæстv ўацqўдтv тvххæj, ўæд ма фæтæрсут, цæмæjдæрідтæр удонvл ссўн æмбæлv, фæлæ ўj кæрон нæма у.

8. Цæмæjдæрідтæр сvстцvстv адæм адæмvл, æмæ патцахад патцахадvл, æмæ ранæjрæдтv зæхх дæр нvррiздзæнi, æмæ удзæнi стонг, æмæ змæстvтæ. Ўj фvдæбонтæн сæ раjдаjен удзæнi.

9. Фæлæ смах ўæхiмæ кæсут; цæмæjдæрідтæр ўæ кæндзvстv тæрхонгæнæнтæм, æмæ ўæ æмбvрдгæнæнтv нæмдзvстv, æмæ ўæ кæндзvстv хiцæўдтv æмæ патцæхтv размæ Мæн тvххæj, цæмæj æвдiсæн лæўат удон раз.

10. Æппæтv фvтцаг алv адæмæн Евангелiе qўамæ амvнд ўа.

11. Æмæ ўæ фvдæвзарæнмæ кў акæноj, ўæд раздæр мæт ма кæнут, цv зæђат ўj тvххæj, æмæ qўдv дæр ма кæнут; фæлæ ўн ўцv сахатvл лæвæрд цv ўа, ўj jў дзурут; цæмæjдæрідтæр смах нæ дзурдзvстут, фæлæ Сvђдæг Уд.

12. Æмæ ратцæнi æфсvмæр æфсvмæрv æмæ фvд фvртv марvнмæ, æмæ сvстцvстv зæнæг сæ нvjардѫсvтvл, æмæ сæ амардзvстv.

13. Æмæ нæўарзон ўдзvстут æппæтæj Мæ номv тvххæj: фæлæ кæронмæ чi нvггæдзæкæна, ўj фервæздзæнi.

14. Æмæ лæўўн кæм нæ æмбæлv, ум кў фенат гæнvстонv æвзæрдзiнад, пехумпар Данiiл раздæр кæj захта (чi кæса æмбарæд), ўæд Jўдеi чi ўа, удон хæхтæм лiдзæнт.

15. Æмæ ўæлхæдзарvл чi ўа, ўj хæдзармæ ма æрцæўæд, æмæ ма бацæўæд, jе хæдзарæj iстv рахæссvнмæ;

16. Æмæ бvдvрv чi ўа, ўj фæстæмæ ма раздæхæд, jе дарæс рахæссvнмæ.

17. Мæгўр сæ бон сvвæрдњсvнтæн æмæ дзідзі-
дардњсvтæн ўцv бонтv.
18. Кувут, цæмæј ўæ лідзvн змæдњсv ма æр-
цæўа.
19. Цæмæјдæрідтæр ўцv бонтv ахæм ўнгæгдзі-
над удзæні, дунеі рајдіанæј, (Хуцаў кæј сфæлдv-
ста), нvрмæдæр цv хўзæн нæ уді, æмæ нæдæр
удзæні.
20. Æмæ Хіјцаў кў нæ сцvбvркодтаід ўцv бон-
тv, ўæд јў удгојмаг дæр нæ фервастаід; фæлæ
æвзæрстvтv тvххæј, Уј кæј сæвзæрста, фæцv-
бvркодта ўцv бонтv.
21. Ўæд ўн ісчі кў зæђа: мæнæ, Чvрvсті ам іс,
кæнæ: мæнæ, ум іс; ма ўæ урнæд.
22. Цæмæјдæрідтæр сvстцvстv мæнгчvрvстітæ,
æмæ мæнгпæхумпартæ, æмæ равдісцvстv нv-
сæндтæ æмæ діссæгтæ, цæмæј фæсајој, кў ба-
фæразој ўæд, æвзæрстvтv дæр.
23. Фæлæ смах ўæхі qaqqæнут. Мæнæ, ўн Æз
јўўлдæр раздæр захтон.
24. Фæлæ ўцv бонтv, ахæм ўнгæгдзінадv фæ-
стæ, хур баталvнг удзæні, æмæ мæј дæр нæ
ратцæн је рухс;
25. Æмæ сталvтæ æрхаўдзvстv ўоларвæј, æмæ
ўоларвон тvхтæ сvзмæлдзvстv.
26. Ўæд фендзvстv адæјмадњсv Фvртv, æвраæђ-
тvл цæўгæјæ стvр тvхімæ æмæ кадімæ.
27. Æмæ ўæд Ўј рарвітцæні Је Зæдтv, æмæ
æрæмбvрдкæндзæні Је æвзæрстvтv цvппар дvм-
гæтæј, заххv кæронæј арвv кæронмæ.
28. Легвіі бæласæј рајсут бæрæг: умæн јæ ќа-
бўзтæ кў сфæлмæнвæјінц, æмæ сvфтæртæ кў
раўадзvнц; ўæд зонут, сæрд хæстæг кæј у, ўј.
29. Смах дæр афтæ, кў фенат удон сўовгæјæ,
ўæд зонут кæј æрхæстæдњсі æмæ дўарv цур кæј
іс, ўј.
30. Æцæг ўн зæђvн: ацv мvккаг нæма аівђўј-
дзæні, адон æппæт цалvнмæ сæххастој, ўалvнмæ.
31. Арв æмæ зæхх аівђўјдзvстv; фæлæ Мæ
дзvрдтæ нæ аівђўјдзvстv.

32. Æмæ ўцѵ бонѵ, кæнæ ўцѵ сахатѵ тѵххæј нічі зонѵ, нæдæр ўоларвон Зæдтæ, нæдæр Фѵрт, фæлæ æрмæст Фѵд.

33. Цѵрд лæўут, qæлдзæгут, æмæ кувут; цæмæјдæрідтæр нæ зонут, ўцѵ афон: ўј кæд нѵллæўдзæні.

34. Ўјаў, ісчі, балцѵ ацæўгæјæ, æмæ је хæдзар нѵўадзгајæ, је кусдҥсѵтæн бар радта, æмæ алкæмæн дæр бæрæг qўдтаг, æмæ дўаргæсæн qæлдзæг у, зæђгæ, захта.

35. Ўјтѵххæј qæлдзæг ут; цæмæјдæрідтæр нæ зонут, кæд æрцæўдзæні хæдзарѵ хіцаў, ізæрѵгон, кæнæ æмбісæхсæв, кæнæ кæркўасæнѵ, кæнæ рајсом;

36. Цæмæј, æвіппајдѵ æрцæўгæјæ, ма ссара смах хўскæјæ.

37. Фæлæ ўн цѵ зæђѵн, ўј æппæтæн зæђѵн: qæлдзæг ут.

## СÆР 14.

1. Дуўæ бонѵ фæстæ Пасха æмæ æнææнqізæндҥсѵн бæрæгбон нѵллæўѵн æмбæлді. Æмæ саўдҥсѵнтѵхістæртæ æмæ чінѵдҥсѵдæснѵтæ агўрдтој, цæмæј Је хінæј æрцахстајккој, æмæ Је амардтајккој;

2. Фæлæ дзѵрдтој: бæрæгбонѵ нæ, цæмæј адæмѵ æхсæн змæст ма æрцўа.

3. Æмæ Уј Віфаніаі кў уді, qотѵрдҥсѵн Сімонѵ хæдзарѵ, æмæ хæрдѵл кў бадті; ўæд æрцѵді јў ус, сѵђдæг нардѵ æмæ зѵнарђ міронæј дзаг алабастѵрѵ мігæнæн хæскæјæ, æмæ асаста мігæнæн, æмæ Ін æј Је сæрѵл аўахта.

4. Јўæј-јўтæ та, qўрqўргæнгæјæ, сæкæрæдзіјен дзѵрдтој: цæмæн у ацѵ міронѵ сæфт?

5. Цæмæјдæрідтæр ўј артæ-фондзссæдз дінарæј фvлдæрvл аўојчvндæўдаід, æмæ сæ бæјўæрстæўдаід мæгўртæн. Æмæ сæ qўрqўр цvді ўўл.
6. Фæлæ сvн Ј е с о захта: нvўадзут æј; цæмæн æј ўнгæгкæнут? ўј Мvн хорз qўдтаг бакодта.

7. Цæмæјдæрідтæр мæгўртæ кæдтæрідтæр смахімæ стv, æмæ ўæ кў фенда, ўæд сvн бафæраздзvстут хорзкæнvн; фæлæ Æз јўўлдæр смахімæ нæ дæн.

8. Уј цv фæрæста, ўј бакодта: раздæр бајсæрста Мæ бўарv банvгæнvнv тvххæј.

9. Æцæг ўн зæђvн: кæмдæрідтæр амvнд ўа ацv Евангеліе, æгас дунеі, ум, ўцv ус цv бакодта, ўј тvххæј дзvрд удзæні, је æрæмvсvнv тvххæј.

10. Æмæ Іскаріотаг Јуда, дуўадæс ахургæнінæгтæј јў, ацvді саўдюсvнтvхістæртæм, цæмæј Је радта удонæн.

11. Æмæ ўј кў феqўстој удон, ўæд фæцінкодтој, æмæ ін нvпбастој æвзіст æхца. Æмæ ўј агўрдта ахæм фадат, цæмæј Је радта удонæн.

12. Æмæ æнææнqізæндюсvн бæрæгбонv фvтцаг бонv, кў æргæвстој пасхаі ўæрvччv, ўæд Vн Је ахургæнінæгтæ захтој: кæм Дæ фæндv пасха хæрvн? мах ацæўдзvстæм æмæ је сцæдтæкæндзvстæм.

13. Æмæ арвvста Је ахургæнінæгтæј дуўæі æмæ сvн захта ацæут сахармæ; æмæ ўл сæмбæлдзæні лæг, донæј дзаг дурvнімæ; æмæ умæн је фæдvл бацæут.

14. Æмæ ўј кæдæм бацæўа, ўцv хæдзарv хіцаўæн зæђут: Ахургæнæг захта: кæм і ўцv ўат, Мæ ахургæнінæгтімæ пасха кæм бахæрон?

15. Æмæ ўн уј фенvнкæндзæні стvр арæст æмæ цæдтæ ўат; ум нvн сцæдтæкæнут махæн.

16. Је ахургæнінæгтæ ацvдvстv, æмæ бацvдvстv сахармæ, æмæ сvн Уј кўд захта, афтæ ссардтој, æмæ сцæдтæкодтој пасха.

17. Æмæ кў баізæрі, ўæд Је дуўадæсімæ æрцvді,

18. Æмæ удон кў бадтvстv æмæ кў хордтоj,
ўæд Јесо захта: æцæг ўн зæђvн: смахæj jў,
Мемæ чі хæрv, ўj Мæ ратцæні.

19. Удон æрæнќардvстv, æмæ Ін бajдvдтоj
дзурvн jўгаj-jўгаj: æз міjаг дæн? æмæ іннæ: æз
міjаг дæн?

20. Уj свн захта дзўаппæн: дуўадæсæj jў, Мемæ
тæбæђv чі стула, ўj.

21. Фæлæ адæjмадџсv Фvрт цæўv, Уj тvххæj
кўд фvст у, афтæ: фæлæ мæгўр ўцv лæдџсv бон,
адæjмадџсv Фvртv чі радтцæні; хўздæр удаід ўцv
адæjмагæн нæ раjгўрvн.

22. Æмæ удон кў хордтоj, ўæд Јесо раjста
дзул, æмæ jе, арфæгæнгæjæ, асаста, æмæ радта
удонæн, æмæ свн захта: ajсут, хæрут; aj у Мæ бўар.

23. Æмæ раjста нўазæн, арфæгæнгæjæ, радта
удонæн: æмæ дзv банvстоj сеппæтдæр.

24. Æмæ свн захта: aj у Мæ туг ног æвдvстv
біржтv твххæj калд.

25. Æцæг ун зæђvн: Æз нал баназдзvнæн сæ-
нæфсірv бæласv дvрђæj ўцv бонмæ, цалvнмæ
ног нўазінаг нўазон смахімæ Хуцаўv патцахадv.

26. Æмæ ссарvдvстv, æмæ ацvдvстv Зетіі-хохмæ.

27. Æмæ свн захта Јесо: ўæ æппæт фæрæ-
діjдзvстут Мæн твххæj ацv æхсæвv; цæмæjдæрід-
тæр фvст у: нvпбvрсцvнæн фæjаўv, æмæ фvстæ
нvххæліўудзvстv.

28. Мæ раjгасv фæстæ та ўл сæмбæлдзvнæн
Галілеаі.

29. Петр Ін захта: сеппæтдæр кў фæрæдіоj,
ўæдтæр æз нæ.

30. Æмæ Ін Јесо захта: ацæг дvн зæђvн: дv,
нvр, ацv ахсæв, цалvнмæ ўасæг дуўæ хадтv сўаса,
ўалvнмæ Мvл æртæ хадтv æвдісæнбакæндзvнæ.

31. Фæлæ ўj нодџсv твнгдæр дзурvн бajдvдта:
Демæ мæ амæлvн кў qæўа, ўæдтæр Дvл æвдісæн
нæ бакæндзvнæн. Æфтæ ін сеппæтдæр дзvрдтоj.

32. Æрцvдстv, Гефсіманіа чі хўјнv, ўцv qæўмæ;
æмæ Уј захта Јæ ахургæнінæгтæн: ам абадут,
цалvнмæ Æз бакувон.
33. Æмæ акодта Јæмæ Петрv, Јаковv æмæ Јо-
аннv, æмæ бајдvдта тæрсvн æмæ qvнцvмкæнvн.
34. Æмæ сvн захта: Мæ уд мæлæтv ўнгæгкæ-
нv, фæлæўут ам, æмæ qæлдзæг ут.
35. Æмæ удонæј јў чvсvл ахіцæні, æрхæўді зæх-
хvл, æмæ кўвта, цæмæј, кæд сўдзæні, ўæд ајвђў-
јед ацv сахат;
36. Æмæ дзvрдта: Авва, Мæ Фvд! æппæтдæр
Дæ бон у; ајвђўінкæн ацv нўазæн Мæнæј; фæлæ
Мæн кўд фæндv афтæ нæ, фæлæ Дæў кўд фæн-
дv, æфтæ.
37. Раздæхті, æмæ сæ ссардта хўскæје, æмæ
Петрæн захта: Сімон! дv хўссvс? дv нæ бафæ-
рæстај јў сахат qæлдзæг фæўн?
38. Qæлдзæг ут, æмæ кувут, цæмæј фvдæвза-
рæнv ма бахаўат. Уд qæлдзæг у, бўар та æнæ-
qару у.
39. Æмæ нодџсvдæр ацvді, кўвта æмæ дзvрдта
ўцv дзvрд.
40. Раздæхті сæм, æмæ сæ нодџсv ссардта хўс-
кæје; цæмæјдæрјдтæр удонæн сæ цæстvтæ æр-
ўоззаўvстv æмæ Ін цv захтајккој, ўј нал зvдтој.
41. Æмæ æрцvді æртvккаг хатт, æмæ сvн зах-
та: смах нvрма хўссут, æмæ æнцој стут? Фæці:
æрхæтцæ і сахат; мæнæ, адæјмадџсv Фvртv лæ-
вæрдæўv тæріђæддџсvнтv ќухтæм.
42. Сvстут, цæўæм; мæнæ, Мæ дæдтæг æр-
баввахсі.
43. Æмæ ма Ўј кў дзvрдта, ўæд ўајтађд æрцv-
ді Јўда, дуўадæс ахургæнінæгтæј јў, æмæ јæмæ
бірæ адæм цvрђæгтімæ æмæ міхтімæ саўдџсvн-
тvхістæртæј, чінvдџсvдæснvтæј æмæ зæрæдтæј.
44. Æмæ сvн Јæ дæдтæг радта нvсан, зæђгæ-
је: æз кæмæн апакæнон, Ўј у; æрцахсўт Æј,
æмæ Јæ, qaqqæнгæје, акæнут.
45. Æмæ кў æрцvді, ўæд ўцv сахатvл æрбацvді
Умæ, æмæ Ін захта: Равві! Равві! æмæ Ін апакодта.

46. Удон та сæвæрдтоj Уўл сæ ќухтæ, æмæ
Jæ æрцахстоj.
47. Æмæ ум лæўдѩсvтæj jў фелвæста jæ кард,
нvццафта саўдѩсvнтvхістæрv кусæдѩсv, æмæ ін
ахаўнкодта jæ qус.
48. Ўæд сvн J е с о захта: цvма æвзæргæнæгмæ
æрцvдvстут смах цvрђæгтімæ æмæ qілтімæ Мæн
æрцахсvнмæ.
49. Алæбон ўæмæ удтæн Æз арђўанv, æмæ
амvдтон, æмæ Мæ смах нæ ахстат. Фæлæ
сæххæст ўонт Фvстvтæ.
50. Ўæд Æj удон нvўахтоj, æмæ сеппæтдæр
алvђдvстv.
51. Æмæ Умæн Jæ фæдvл цvді jў лæппу, кæ-
мæн jæ бæђнæг бўар æмбæрст уді амбæрзæнæj;
æмæ æвсæдтæ æрцахтоj ўj.
52. Фæлæ ўj нvўахта æмбæрзæн, æмæ удонæj
бæђнæгæj алvђді.
53. Æмæ æркодтоj J е с о і саўдѩсvнтvхістæрмæ
кæм æрæмбvрдvстv іннæ саўдѩсvнтvхістæртæ
дæр сеппæт, æмæ зæрæдтæ, æмæ чінvдѩсvдæс-
нvтæ.
54. Петр дæрдцæфæj цvді Умæн Jæ фæдvл, саў-
дѩсvнтvхістæрv кæртv мідæгмæ; æмæ бадті кус-
дѩсvтімæ æмæ jехі тавдта артмæ.
55. Саўдѩсvнтvхістæртæ та æмæ æмбvрд æп-
пæт агўрдтоj J е с о і л æвдісæнад, цæмæj Jæ ама-
рvнмæ радтоj, фæлæ нæ ардтоj.
56. Цæмæjдæрідтæр Vл бірæтæ мæнгæвдісæн
лæўўдvстv, фæлæ сæ æвдісæнад æххæст нæ уді.
57. Æмæ Іл jўæj-jўтæ, сvсткæjе, мæнгæвдісæн
баjдvдтоj, æмæ дзvрдтоj:
58. Мах феqўстам, Ўj афтæ кўд дзvрта: Æз фе-
халдзvнæн ацv, ќухæj конд, арђўанv, æмæ æртæ
бонмæ скæндзvнæн æндæр, æнæќухæj конд.
59. Фæлæ ацv æвдісæнад дæр та æђђæд нæ уді.
60. Ўæд саўдѩсvнтvхістæр нvллæўўді астæўæj,
æмæ бафарста J е с о і æмæ Ін захта: цæўлнæ
істv дзўап дæдтvс, удон Дvл цv æвдісæн лæў-
ўнц уўл?

61. Фæлæ Ўj æнцад лæўўдi, æмæ iн нiцv дзўап
лæвæрдта. Нодњсvдæр саўдњсvнтvхiстæр бафарста
Ўj, æмæ Iн захта: Дv дæ цv Чvрvстi, Арфæгон-
дv фvрт?
62. Jесо iн захта: Æз дæн; æмæ смах фен-
дзvстут адæjмадњсv Фvртv Хуцаўv тvхv рахiс-
фарсvрдvгæj бадгæ, æмæ ўоларвон æврæђтvл
æрцæўгæjе.
63. Уæд саўдњсvнтvхiстæр асќўдтæкодта jæ
дарæстæ æмæ захта: цæмæн ма нæ qæўv æв-
дiсæнтæ?
64. Смах феqўстат Хуцаўv фаўн. Кўд ўæм кæсv
ўj? Удон Æj сеппæтдæр мæлæтv аккаг скодтоj.
65. Æмæ Iл jўæj-jўтæ бajдvдтоj тутæкæнvн,
æмæ Iн Jæ цæском æмбæрстоj, æмæ Jæ надтоj,
æмæ Iн дзvрдтоj: базон! Æмæ Iн кусдњсvтæ над-
тоj Jæ æхсæрфæрстæ.
66. Æмæ Петр кæртv дæлiјe кў удi, ўæд æм
æрцvдi саўдњсvнтvхiстæрv фæсцæўiнтæj jў,
67. Æмæ Петрv jæхi артмæ тавгæ фенгæje,
бакастi jæм, æмæ iн захта: дv дæр Назарejаг
Jесоiмæ удтæ.
68. Фæлæ Iл ўj æвдiсæн бакодта, æмæ захта:
дv цv дзурvс, ўj æз нæ зонvн æмæ нæ æмбарvн.
Æмæ рацvдi раззаг кæртмæ, æмæ ўасæг сўасvдi.
69. Фæсцæўiн нодњсv федта ўj, æмæ ум лæў-
дњсvтæн дзурvн бajдvдта: aj дæр удонæj у.
70. Ўj Iн нодњсv æвдiсæнбакодта. Jўчvсvл афонv
фæстæ ум чi лæўўдvстv удон нодњсv дзурvн бaj-
дvдтоj Петрæн: æцæг дv удонæj дæ, цæмæj-
дæрiдтæр дv Галiлejаг дæ æмæ бæрæг у дæ
нvхас дæр.
71. Фæлæ ўj ардхæрvн æмæ сомvкæнvн бajдvд-
та: смах цv лæгæj зæђут, ўцv лæдњсv æз нæ
зонvн.
72. Æмæ ўцv сахатvл ўасæг сўасvдi дvккаг
хатт. Æмæ æрæмvсvдi Петр Jесо iн цv дзvрд
захта, ўj: цалvнмæ ўасæг сўаса дуўæ хаттv, ўj
разæj æртæ хаттv æвдiсæнбакæндзvнæ Мæнvл;
æмæ бajдvдта кæўн.

## СÆР 15.

1. Ўajтаҕд раjсомрадҗсѵ саўдҗсѵнтѵхістæртæ зæ-
рæдтімæ æмæ чінѵдҗсѵдæснѵтімæ, æмæ æгас
сінедріонімæ æппæтімæ сфæндкодтоj, æмæ сба-
стоj Јесоi, æмæ Јæ радтоj Пілатмæ.
2. Пілат бафарста Уj: Јўдеаг Патцах дæ Дѵ?
Уj ін захта дзўаппæн: дѵ зæҕѵс.
3. Æмæ саўдҗсѵнтѵхістæртæ зѵлѵнкодтоj Ўj
бірæ цæjдæртѵ тѵххæj.
4. Пілат Æj нодҗсѵдæр бафарста: Дѵ ніцѵ дзўап
дæдтѵс? ўнѵс, цас Дæ зѵлѵнкæнѵнц.
5. Фæлæ ін Јесо уўлдæр ніцѵ дзўап радта,
Пілатмæ діс кўд касті афтæ.
6. Æмæ сѵн ўj алѵ бæрæгбонмæ раўахта јў
ахæстѵ, удон ўj кæj кўрдтоj, ўj.
7. Ўæд чідæр, Варавва зæҕгæ, (јæ æмбæлтімæ
змæстѵ афон лæг чі амардтоj), ахæстонѵ уді.
8. Æмæ адæм баjдѵдтоj qæркæнѵн æмæ курѵн
Пілатæj, алѵхатт сѵн цѵ кодта, ўj тѵххæj.
9. Пілат сѵн захта дзўаппæн: фæндѵ ўæ цѵ,
цæмæj ўн раўадзон Јўдеаг Патцахѵ?
10. Цæмæjдæрідтæр зѵдта, саўдҗсѵнтѵхістæртæ
Јæ хæлæгæj кæj радтоj, ўj.
11. Фæлæ саўдҗсѵнтѵхістæртæ сардѵдтоj адæмѵ,
цæмæj ракуроj Вараввai.
12. Пілат сѵн нодҗсѵ дзўап дæткæjе захта:
ўодæ ўæ цѵ фæндѵ, æмæ, смах Јўдеаг Патцах
кæj хонут, умæн цѵ бакæнон?
13. Удон нодҗсѵ сqæркодтоj: дзўарѵл Æj баjтѵндз.
14. Пілат сѵн захта: Ўj цѵ æвзæр ракодта?
Фæлæ удон тѵнгдæр qæркæнѵнбаjдѵдтоj: дзўарѵл
Æj баjтѵндз.
15. Пілатѵ бафæндѵді адæмѵ зæрдæ балхæнѵн,
æмæ аўахта Вараввai, Јесоi та нæмгæфæкодта,
æмæ Јæ радта дзўарѵл баjтѵндзѵнмæ.
16. Æфсæдтæ та бакодтоj Ўj кæртѵ мідæгмæ,
ома преторіамæ, æмæ æрæмбѵрдкодтоj æгас полк.

17. Æмæ Iл скодтој сvрх дарæс æмæ сбvдтој
сvндзvтæј худ, æмæ Iл æј нvккодтој;
18. Æмæ iн саламтæ дзvрдтој: цiнкæн, Јўдеаг
Патцах!
19. Æмæ Iн Јæ сæр лæдзæгæј надтој, æмæ
тутæкодтој Ўўл, æмæ сæ зонгўтvл нvллæўгæје,
кўвдтој умæн.
20. Æмæ Iл сæ фаг кў фæхўдтvстv, ўæд рала-
стој Умæј сvрх дарæс, æмæ Iл скодтој Јæхi да-
рæс, æмæ Јæ акодтој бајтvндзvнмæ.
21. Æмæ бvдvрæј раздæхæг, Кiрiнеаг Сiмонæн,
Алvксандр æмæ Руфv фvдæн, ахæссvнкæнvн
кодтој Ўј дзўар.
22. Æмæ Јæ æркодтој Голгофмæ, ома нvхv
бvнатмæ.
23. Æмæ Iн нўазvнкодтој сæн смiрнаiмæ; фæлæ
Уј нæ бакўмдта.
24. Æмæ Јæ дзўарvл тvндзџсvтæ ўæрстој Јæ
дарæстæ хæлттæ æппаргæје, кæј дзv цv фæўа.
25. Æртvккæгæм сахат удi, æмæ Јæ бајтvхтој
дзўарvл.
26. Æмæ Јæ зvлvндзiнадv фvст удi: Јўдеаг
Патцах.
27. Уiмæ дзўарvл бајтvхтој дуўæ æвзæргæнæ-
џсv, јўv Јæ рахiсфарсvрдvгæј, iннæi та Је га-
лјўфарсvрдvгæј.
28. Æмæ сæххæстi Фvстv дзvрд: æвзæргæн-
џсvтvл Æј бахvхтој. (Iсајаi 53, 12.)
29. Æмæ Iн Јæ разv цæўџсvтæ æвзæр дзvрд-
тој, сæ сæртæ тiлгæјæ: hæј! арђўанv халæг, æмæ
јæ æртæ бонмæ амæјæг!
30. Фервæзvнкæн Дæхæдæг Дæхi, æмæ дзўа-
рæј рахiз.
31. Афтæ дæр саўџсvнтvхiстæртæ, чiнvџсvдæс-
нvтiмæ худгæјæ сæкæрæдзiјæн дзvрдтој: iннæтv
iрвæзvнкодта, фæлæ Јæхi фервæзvнкæнvн нæ
фæразv?
32. Чvрvстi, Iзраiлv Патцах, рахiзæд нvр дзўа-
рæј, цæмæј мах фенæм, æмæ нæ баўрндзæнi.

Æмæ Јæмæ дзўарvл тvђд чі удvстv, удон дæр Vн
æвзæр дзvрдтој.
33. Æхсæзæм сахатvл та баталvнդѥсі дуне
æппæтvл, фарæстæм сахатv онг.
34. Фарæстæм сахатv сqæркодта Јесо тvнг,
æмæ захта: Елоі! Елоі! ламма савахфані? ома-
Мæ Хуцаў! Мæ Хуцаў! цæмæн Мæ нvўахтај Дv?
35. Æмæ ўм чі лæўўді, удонæј јўæј-јўтæ ај фе-
qускæје захтој: мæнæ Іліамæ сідv.
36. Јў та сæ азђордта æмæ бајдзагкодта скæл-
ладсæрфæн дзмаріје, æмæ јæ бакодта лæдзæгўл,
æмæ Ін æј нўазvнæн лæвæрдта, дзургæјæ: фе-
лæўут, фендзvстæм, кæдтæра Јæм Іліа æрцæўдзæн
рајсvнмæ.
37. Јесо та тvнг сqæркодта æмæ Јæ уд сіста.
38. Æмæ æмбæрзæн арђўанv мідæг дуўæ діхv
фæці, јæ сæрæј јæ бvнмæ.
39. Æмæ Јæ комкоммæ сæдæі хіцаў, кў федта
Јесоі афтæ qæргæнгæјæ æмæ Јæ уд сіскæје,
ўæд захта: æцæг ацv лæг Хуцаўv Фvрт уді.
40. Удvстv ум устvтæ дæр, æмæ Јæм дæрдцæ-
фæј кастvстv: удон æхсæн уді Магдаліна Маріа,
æмæ Маріа, кæстæр Јаковv мад æмæ Јосіаі,
æмæ Саломіа,
41. Кæцvтæ, Уј Галілеаі кў уді, ўæдтæр јæ
фæдvл цvдvстv, æмæ Ін кўстој, æмæ æндæртæ
дæр бірæ, Ујімæ јўмæ Јерусаліммæ чі æрцvдvстv.
42. Æмæ кў баізæрі, (цæмæјдæрідтæр ўæд уді
мајрæмбон, ома сабатбонv разæј),
43. Ўæд æрцvді Арімафејаг Јосіф, стvр тæрхонv
каддѥсvн лæг, кæцv јехæдæг дæр æнqæлмæкасті
Хуцаўv патцахадмæ, баўондvді бацæўн Пілатмæ,
æмæ кўрдта Јесоі бўар.
44. Пілатмæ дісфæкасті Уј тађд кæј амарді, ўј,
æмæ басідті сæдæі хіцаўмæ, æмæ јæ бафарста:
радѥсv амарді цv Уј?
45. Æмæ кў базvдта сæдæі хіцаўæј, ўæд радта
бўар Јосіфæн.

46. Уj балхæдта кæдтаг, æмæ Jæ раjскæjе батvхта кæдтагæj, æмæ Jæ цæвæрдта зæппадзv, кæцv удi ќæдзæхv мiдæг ќахт, æмæ батvлдта дур iнгæнv дўармæ.
47. Магдалiнаг Марiам, æмæ Joсiai Марiа та кастvстv, кæм Æj цæвæрдтоj, ўрдæм.

## СÆР 16.

1. Сабатбон кў аjвђўдта, ўæд Магдалiнаг Марiа æмæ Jаковv Марiа æмæ Саломiа балхæдтоj хорзсмагдꙗсvнтæj, цæмæj ацæўоj, æмæ Jæ баjсæрдоj.
2. Æмæ iттæг радꙗсv, кўрijен jе фvтцаг бон, æрцvдvстv iнгæнмæ, хурскæсæн афонv.
3. Æмæ сæ кæрæдзijен дзvрдтоj: Чi нvн афæлдахдзæн дур iнгæнv дўарæj?
4. Æмæ бакæскæjе федтоj дур фæлдæхтæj; æмæ ўцv дур удi iттæг стvр.
5. Æмæ iнгæнмæ бацæўгæjе федтоj ум урс дарæсдꙗсvн лæппуi рахiсфарсvрдvгæj бадгæjе, æмæ фæтарстvстv.
6. Æмæ сvн ўj захта: ма тæрсут. Смах дзўарvл тvђд Назарejаг J е с о i агурут; Ўj раjгас, ам налi. Мæнæ, Ўj кæм æвæрд удi, ўцv бvнат.
7. Ацæут æмæ зæђут Jæ ахургæнiнæгтæн æмæ Петрæн, Ўj ўл Галiлеаi сæмбæлдзæн; ум Æj фендзvстут, Ўj ўн кўд захта афтæ.
8. Æмæ рацvдvстv æмæ азђордтоj iнгæнæj; удон фæтарстvстv æмæ рvзстvстv, æмæ нiкæмæн нiцv захтоj, кæj тарстvстv, ўjтvххæj.
9. Æмæ J е с о кў раjгасi ќўрijен jæ фvтцаг бон, ўæд радꙗсv Мађдалiнæ Марiаммæ, авд хæjрæдꙗсv кæмæj расvрдта, умæ фæзvндi.
10. Ўj ацvдi æмæ феqусvнкодта ўiмæ чi удvстv, удонæн, кæўдꙗсvтæн æмæ ардiаггæндꙗсvтæн.
11. Фæлæ удон кў феqўстоj, Ўj кæj раjгасi, æмæ jæ федта, ўæд сæ нæ баўрнvдта.

12. Ўj фæстæ æндæр хўзv раргомі Уj удонæj
дуўæмæ фæндагўл, удон qæўмæ кў фæцæjцvдv-
стv, ўæд.
13. Æмæ удон кў раздæхтvстv, ўæд феqусvн-
кодтоj іннæтæн; фæлæ сæ удонæj дæр нæ
баўрнvдта.
14. Стæj jўæндæс ахургæнінæдњсv хæрдvл кў
бадтvстv, ўæд сæм раргомі, æмæ сvн ўаjдзæф-
кодта сæ нæўрнvнv æмæ фvдзæрдæі тvххæj, чі
Jæ федта раjгасæj, удонæj сæ кæj баўрнvдта,
ўjтvххæj.
15. Æмæ сvн захта: цæут дуне æппæтvл æмæ
амонут Евангеліе æгас дзvллæjен.
16. Кæj баўрна æмæ чі сарђаўа, ўj фервæздзæ-
ні: фæлæ кæj нæ баўрна, умæн фvдтæрхон удзæні.
17. Ўрндњсvтæн семæ цæўдзvстv ацv нvсæнттæ:
Мæ номæj хæjрæдњсvтv сурдзvстv; ног æвзæг-
тæj дзурдзvстv;
18. Кæлмvтæ ісцvстv; æмæ кæд істv марг
баназоj, ўодтæр сæ ніцv qvгбадардзæні, сæ ќухтæ
ніздњсvнтvл æрæвæрдзvстv, æмæ удон дзæбæх
кæндзvстv.
19. Æмæ афтæ Хіjцаў удонімæ кў фæнvхæс-
тæкодта, ўæд ўj фæстæ ссvді ўоларвмæ, æмæ
æрбадті Хуцаўæн Jæ рахісфарсvрдvгæj.
20. Удон та ацvдvстv, æмæ амvдтоj алv ранv,
Хіjцаўv æххусv фæрцv, æмæ дзvрд фідаркодтоj,
семдзу цv діссæгтæ кодтоj, удонæj. Амін.

# ЛУКАЈЕ

## СVЂДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

## С Æ Р 1.

1. Бірæтæ кў рајдvдтој фvссvн нæ æхсæн цv
сæргом, ўцv qўдæгтv тvххæј,
2. Æмæ нvн кўд радзvрдтој ўј æппæтv фvтцаг
сæхуттæг сæхі цæстæј фендџсvтæ æмæ Дзvрдv
кусдџсvтæ:
3. Ўæд мæнæн дæр мæ зæрдv бафтvд,
бæлвvрдæј сбæрæдџсv фæстæ æппæт кæрæј
кæроммæ фæдфæдv нvффvссvн дæўмæ, кадџсvн
Феофіл,
4. Цæмæј дv базонај, ахўргонд кæўл удтæ, ўцv
амvндv бvндзар.
5. Јўдеаг патцах Іродv бонтv, уді јў саўдџсvн,
Авіаі радæј, јæ ном Захарі, æмæ јæ ус Ааронv
мvккагæј, јæ ном Елісавед.
6. Удон сæ дуўæ дæр раст удvстv Хуцаўv разv,
Хіјцаўv амvнддзінæдтæ æмæ æђдæўтæ æппæт
æнæаіппæј гæнгæјæ.
7. Удонæн нæ уді зæнæг, цæмæјдæрідтæр Елі-
савед æнæзæнæг уді, æмæ сæ дуўæ дæр іттæг
зæрæдтæ удvстv.
8. Јўхадт, ўј јæ радv Хуцаўv разv кў кўста,
9. Ўæд æј халæј, саўдџсvнтæн æђдаў кўд уді
афтæмæј, бацæўн qўді Хіјцаўv арђўанмæ буд-
судзvнмæ.
10. Æмæ бірæ адæм æгасæј æттіје кўвтој буд-
судзvнv афон.
11. Ўæд æм раргомі Хіјцаўv Зæд, будсудзæнv
кўвæндонv рахіс фарсvрдvгæј лæўгæје.
12. Захар јæ кў федта, ўæд фæдџсіхі, æмæ дзv
тас бацvді.

13. Фæлæ ін Зæд захта: ма тæрс, Захар; цæ-
мæјдæрідтæр феqўсті дæ кўвд; æмæ дvн дæ ус
Елісавед нvјардзæні фvрт, æмæ іл сæвæрдзvнæ
ном: Јоанн.
14. Æмæ дvн удзæні ціндзінад æмæ зæрдæ-
рухсдзінад, æмæ јæ рајгўрvнv тvххæј бірæтæ
фæцінкæндзvстv.
15. Цæмæјдæрідтæр ўј стvр удзæні Хіјцаўv разv,
нæ нўаздзæні сæн æмæ æндæр карз нўазінаг,
æмæ Сvҕдæг Удæј сæххæстўдзæні јæ мадv гў-
бvнv ўовгæје.
16. Æмæ Ізраілтv фvрттæј бірæтv раздæхцæні
сæ Хіјцаў Хуцаўмæ.
17. Æмæ Јæ разæј цæўдзæні Іліаі удæј æмæ
тvхæј, цæмæј раздæхvнкæна фvдæлтv зæрдæтæ
сæ зæнæгмæ, æмæ хівæндтæн рæстvтv qўдvкæ-
нvнv нvв, цæмæј бавдіса Хіјцаўмæ цæттæ адæмv.
18. Æмæ Захар захта Зæдæн: цæмæј базонон
ај? цæмæјдæрідтæр æз зæронд дæн, æмæ мæ
усæн јæ æзтæ аівҕўдтој.
19. Зæд vн ззхта дзўап: æз дæн Гаврііл, Ху-
цаўv разv лæўæг, æмæ дæн дæўмæ æрвvст
нvхаскæнvнмæ, æмæ дvн хорзўацqўд зæҕvнмæ.
20. Æмæ мæнæ, дv баæгомvг удзvнæ, æмæ
дзурvн дæ бон нал удзæні ўцv бонмæ, цалvнмæ
æрцæўој мæ дзvрдтæ, сæ афонvл чі æрцæўдзvстv
удон, дæў кæј нæ баўрнvдтој ўјтvххæј.
21. Фæлæ адæм æнqæлмæ кастvстv Захармæ,
æмæ діскодтој, ўј арҕўанv кæј нvффæстіат і, ўўл.
22. Æмæ кў рацvді, ўæд сæм дзурvн нæ бафæ-
рæста; ўæд удон бамбæрстој, ўј арҕўанv діссаг
кæј федта, ўј, æмæ сvн ўј нvсаннæј æмбарvн-
кодта, æмæ æгомvгæј баззаді.
23. Фæлæ јæ кусvнv бонтæ кў фестv, ўæд
раздæхті јæ хæдзармæ.
24. Ўцv бонтv фæстæ јæ гўбvнv сæвзæрді јæ
ус Елісаведæн, æмæ јæхі æмбæхста фонцз мæјі,
æмæ дзvрдта:

25. Афтæ мvн бакодта Хіјцаў ацv бонтv, кæ-
цvтv мæм Уј æркасті, цæмæј мæ фервæзvнкæна
адæмv æхсæн фідісæј.
26. Æмæ æхсæзæм мæјі æрвvст уді Хуцаўæј
Зæд Гаврііл Галілејаг сахар Назарет хўнгæмæ,
27. Чvзгмæ, кўрд чі уді мојен, Јосіфæн, Давідv
хадзарæј; чvзџсv ном та уді Маріам.
28. Зæд бацvді умæ, æмæ ін захта: цінкæн,
хорзлæваргонд! Хіјцаў демæ; арфгонд дæ дv
устvтv æхсæн.
29. Æмæ је ўј кў федта, ўæд фæтарсті је
дзvрдтæј, æмæ qўдvкодта, ај цv фæрсvн у?
30. Æмæ ін Зæд захта: Ма тæрс, Маріам! цæ-
мæјдæрідтæр Дv ссардтај хорзлæвардзінад Ху-
цаўv разv.
31. Æмæ мæнæ, дæ гўбvнv сæвзæрдзæні, æмæ
нvјардзvнæ Фvрт, æмæ Іл ном сæвæрдзvнæ:
Јесо.
32. Уј удзæні стvр, æмæ Бæрзондv Фvрт хўн-
дзæні, æмæ Ін ратцæні Хіјцаў Хуцаў Јæ фvд
Давідv бæрзондбадæн;
33. Æмæ патцахад кæндзæні Јаковv хæдзарvл
мvккагмæ, æмæ Је цатцахадæн нæ удзæні кæрон.
34. Маріам та захта Зæдæн: кўд удзæні ај, æз
мој кў нæ зонvн, ўæд?
35. Зæд vн захта дзўап: Сvђдæг Уд æрцæў-
дзæні дæўл, æмæ дæ Бæрзондv тvх æраўонкæн-
дзæні, æмæ ўј тvххæј Сvђдæг гўрд дæр Хуцаўv
Фvрт хўндзæні.
36. Мæнæ, Елісавед дæр, дæ хæстæг, æнæзæ-
нæг кæј хонvнц, умæн дæр сæвзæрді фvрт је
гўбvнv зæрондvрдæм, æмæ іл æхсæз мæјі дæр
цæўv.
37. Цæмæјдæрідтæр Хуцаўæн æдvхæј ніцv дзvрд
баззајдзæні.
38. Ўæд Маріам захта: мæнæ Хіјцаўv цађар:
фæўæд мvн дæ дзvрдмæгæскæ. Æмæ Зæд ацvді
умæј.
39. Сvстаді Маріам ўцv бонтv, æмæ тађд ацvді
хохбæстæм, Јўдај сахармæ,

40. Æмæ бацvді Захарv хæдзармæ, æмæ бафарста Елісаведv.
41. Елісавед кў феqўста Маріамæј фæрсvн; ўæд јæ гўбvнv сvвæллон стæлфvді, æмæ Елісавед сvдзадњсі Сvђдæг Удæј,
42. Æмæ сqæркодта стvр qæрæј, æмæ захта: арфæгонд дæ дv устvтv æхсæн, æмæ арфæгонд у дæ губvнv дvрђ!
43. Æмæ мvн кæцæј у, мæ Хіјцаўv мад мæм кæј æрцvді, ўј?
44. Цæмæјдæрідтæр дæ фæрсvнv дзvрд мæ qустæм кў бахæтцæ, ўæд мæ гўбvнv сvвæллон цінæј стæлфvді.
45. Æмæ тæхудіаг у кæј баўрнvдта, ўј; умæнæмæ іл æрцæўдзæні, Хіјцаў vн кæј захта, ўј.
46. Æмæ захта Маріам: стаўv мæ уд Хіјцаўv;
47. Æмæ сцінкодта мæ уд мæ Ірвæзvнгæнæг Хуцаўv тvххæј;
48. Кæј æркасті Ўј јæ цађарv сабvрдзінадмæ; цæмæјдæрідтæр мæ ардvгæј фæстæмæ тæхудіагкæндзvстv мvккæгтæ æппæт;
49. Умæн-æмæ мvн Тvхдњсvн стvр кад скодта, æмæ сvђдæг у Јæ ном;
50. Æмæ јæ хорзæхдзінад мvккагæј мvккагмæ Умæј тæрсдњсvтæм.
51. Фенvнкодта Јæ цондњсv тvх; нvххæліўкодта qалтv сæ зæрдæі qўдvкæнvнтæј;
52. Раппæрста тvхдњсvнтv бæрзондбадæнтæј, æмæ сбæрзондкодта сабvртv.
53. Стондњсvтv сæххæсткодта хорздзінæдтæј, qæздvдњсvтv та аўахта ніцæјімæ.
54. Ајста Ізраілv, Јæ тæрvнv, æрæмvсvд хорзæх,
55. Нæ фvдæлтæн, Авраамæн æмæ јæ цотæн мvккагмæ кўд захта.
56. Маріам фæці ўјімæ æртæ мæјмæ æвваxс, æмæ раздæхті јæ хæдзармæ.
57. Елісаведæн та æрхæтцæ јæ арvнv афон, æмæ нvјардта фvрт.

58. Ӕмæ феqўстој јæ сvхæгтæ æмæ јæ хæстæ-
дѩсvтæ, Хіцаў vн стvр хорзæх кæј бакодта, ўј,
æмæ цінкодтој јемæ.
59. Ӕстæм бонv æрцvдvстv сvвæллонv сунæт-
кæнvнмæ, æмæ сæ фæндvді ўўл јæ фvдv ном,
Захар, сæвæрvн.
60. Ўўл јæ мад захта: нæ; фæлæ іл сæвæрут
Јоанн.
61. Ӕмæ ін захтој: дæ мvккадѩсv ацv номæј
нічі хўнді.
62. Ӕмæ нvсæндтæј фарстој јæ фvдv, цv ном
сæвæрvн æј фæндv.
63, Уј ракўрдта фæјнæг, æмæ іл нvффvста:
Іоанн ўæд јæ ном. Ӕмæ æппæтмæ діс фæкасті.
64. Ӕмæ ўцv сахатvл сvхæлдvстv јæ дзvх æмæ
је æвзаг, æмæ ўј бајдvдта дзурvн, æмæ Хуцаўæн
арфæкæнvн.
65. Ӕмæ фæтарстvстv, сæ алфамблај чі цар-
дvстv, удон æппæт, æмæ дзvрдтој Јўдеаг хох бæ-
стæ æппæтv ацv qўдтадѩсv тvххæј.
66. Ӕмæ јæ чі феqўста, удон æппæт бавæрд-
тој ўј сæ зæрдæј æмæ дзvрдтој: цv ўдзæні ацv
сvвæллон? Ӕмæ Хуцаўv ќух уді ўјімæ.
67. Ӕмæ јæ фvд Захар сvдзадѩсі Сvђдæг Удæј,
æмæ рајдvдта раздæрдзурvн, æмæ захта:
68. Арфæгонд у Ізраілтv Хјјцаў Хуцаў, Јæ адæм-
мæ кæј æркассті, æмæ ін јæ фервæзvндзінад
кæј сарæста;
69. Ӕмæ нvн сўахта фервæзvндзјнадv ска ма-
хæн Јæ тæрvн Давідv хæдзарv:
70. Кўд бамбарvнкодта, мvккагæј цv сvђдæг
пæхумпартæ удvстv, удонv дзvхæј,
71. Кæј фервæзvнкæндзæні мах нæ знæгтæј
æмæ нæ æнæўарздѩсvтæ æппæтv ќухтæј;
72. Скæндзæні хорзæхдзінад нæ фvдæлтæн,
æмæ æрæмvсдзæні Јæ сvђдæг æвдvст,
73. Сомv, ўј Авраамæн, нæ фvдæн цv сомvје
расомvкодта махæн дæдтvнv тvххæј,

74. Нæ знæгтv ќухтæj фервæзvнv фæстæ, æдасæj кусvн Умæн, свђдæгдзінадæj æмæ растдзінадæj,
75. Ўj разv нæ æгас цæрæнбонтv.
76. Дv дæр свæллон, Јўўлбæрзондv пæхумпар хўндзvнæ; цæмæjдæрідтæр дv разæj цæўдзvнæ Хіјцаўv цæскомv раз, Умæн Јæ фæндæгтæ сцæдтæкæнvнv тvххæj,
77. Бамбарvнкæнvнv тvххæj адæмæн сæ ірвæзvндзінад сæ тæріђæдтv нvпбарvнv кæj іс, ўj,
78. Нæ Хуцаўv хорззæрдіон хорзæхдзінадv фæрцv, кæцvјæ нæм æркасті ўоліје Хурæвзæрæн,
79. Срухскæнvнæн талvндњсv æмæ мæлæтv аўонv баддњсvтv, саразvнæн нæ ќæхтæ æнцојдзінадv фæндагўл.
80. Свæллон та рæзті æмæ фідаркодта удæj, æмæ уді æдзæрæг рæдтv, цалvнмæ Ізраілмæ разvнді, ўалvнмæ.

## С Æ Р 2.

1, Ўцv бонтv рацvді Август Кесарæj дзvрд, дуне æппæт адæмv нvффvссvн.
2. Ўцv нvфvссvн фvтцаг уді, Квірін Сіріаі хіцаўад кў кодта, ўj рæстæдњсv.
3. Æмæ јўўлдæр ацvдvстv сæхі нvфvссvнмæ, алчі јæхі сахармæ.
4. Ацvді афтæдæр Јосіф Галілеаі Назаретv сахарæj Јўдеамæ, Давідv сахармæ, Віфлеем чі хўінv, урдæм, Давідv хæдзарæj æмæ мvккагæj кæj уді ўјтvххæj,
5. Јехі нvфvссvнкæнvнмæ Маріам, јæ кўрд усімæ, кæцv уді свæрдњсvн.
6. Æмæ удон ум кў ўдvстv, јæ нvјарvнv афон æрцvді умæн.
7. Æмæ нvјардта јæ јўнæггўрд Фvртv, æмæ Јæ батvхта, æмæ Јæ цæвæрдта кæвдæсv, умæнæмæ свн ўазæгдонv бvнат нæ уді.
8. Ўцv бæстv бvдvрv удvстv фосгæстæ, æхсæв сæ фос чі qаqqæдтој.

9. Ўајтаҕд Хіјцаўѵ Зæд сæ разѵ балæўўді, æмæ
сѵл Хіјцаўѵ стѵрад срухскодта; æмæ фæтарстѵ-
стѵ стѵр тасæј.
10. Æмæ сѵн Зæд захта: ма тæрсут; æз ўн qу-
сѵнкæнѵн стѵр ціндзінад, кæцѵ удзæні æппæт
адæмæн.
11. Цæмæјдæрідтæр нѵр рајгўрді смахæн Давідѵ
сахарѵ Ірвæзѵнгæнæг, кæцѵ у Чѵрѵсті Хіјцаў.
12. Æмæ ўн мæнæ нѵсан: смах ссардзѵстут
сѵвæллонѵ тѵхтæј, кæвдæсѵ æвæрдæј.
13. Æмæ авіппајдѵ фæзѵндѵстѵ Зæдімæ бірæ
ўоларвон æвсæдтæ, Хуцаўѵ стаўгæје æмæ
заргæје:
14. Табу бæрзæндтѵ Хуцаўæн, æмæ зæххѵл
фарн, æмæ адæмæн хорзфæндон.
15. Зæдтæ удонæј ўоларвмæ кў ацѵдѵстѵ, ўæд
фосгæстæ захтој сæ кæрæдзіјен: цæўæм Віфлеем-
мæ, æмæ фенæм цѵ æрцѵді ўм, ўј, цæјтѵххæј
нѵн феqусѵнкодта Хіјцаў, ўј.
16. Æмæ таҕд ацѵдѵстѵ, æмæ ссардтој Маріамѵ,
æмæ Јосіфѵ, æмæ сѵвæллонѵ кæвдæсѵ мідæг.
17. Æмæ кў федтој, ўæд радзѵрдтој, ўцѵ сѵ-
вæллонѵ тѵххæј сѵн цѵ дзѵрд уді, ўј.
18. Æмæ ај чі феqўстој, удон æппæт діскодтој,
фосгæстæ сѵн цѵ дзѵрдтој, ўўл.
19. Фæлæ Маріам бавæрдта ацѵ дзѵрдтæ
æппæт, æмæ сæ дардта јæ зæрдѵл.
20. Æмæ раздæхтѵстѵ фосгæстæ, Хуцаўѵ стѵр-
гæнгæје æмæ стаўгæје, цѵ феqўстој æмæ цѵ
федтој, удон æппæтѵ тѵххæј, дзѵрд сѵн кўд уді
афтæ.
21. Аст бонѵ кў аівҕуд, сѵвæллонѵл сунæт кæ-
нѵн кў амбæлді, ўæд Ѵл сæвæрдтој ном, Ј е с о,
гўбѵнѵ сæвзæрдѵ фѵтцаг Ѵл Зæдæј æвæрд чі уді.
22. Æмæ сæ сѵҕдæгкæнѵнѵ бонтæ кў фестѵ,
Моісеі æҕдаўмæ гæсгæ, ўæд Æј æрхастој Јеруса-
ліммæ, цæмæј Је балæўўнкæној Хіјцаўѵ разѵ.
23. Хіјцаўѵ дінѵ фѵст кўд у, цæмæј алѵ нæлгој-
маг сѵвæллон чі рајгўра, лæваргонд ўа Хіјцаўæн;
(Рац. 13, 2.)

24. Ӕмæ цæмæј æрхæссој нvвондæн дуўæ æх-
сінæдњсv, кæнæ бæлонv дуўæ лæппvнv, Хіјцаўv
дінv кўд заҕд у.
25. Ўæд уді Јерусалімv јў лæг, јæ ном Сімеон.
Ўј уді раст æмæ хæрзкаддњсvн лæг, Ізраілv рæв-
даўæнмæ æнqæлмæкæсæг; æмæ Сvҕдæг Уд
уді ўўл.
26. Умæн раздæр заҕд уді Сvҕдæг Удæј, кўд
мæлæт нæ фендзæні, цалvнмæ Хіјцаў Чvрvстіі нæ
фена, ўалvнмæ.
27. Ӕмæ æрцvді ўј Удv амvндæј арҕўанмæ;
æмæ нvјардњсvтæ сæ сvвæллон Јесоі кў æрха-
стој ўўл дінv æҕдаў сæххæсткæнvнмæ;
28. Ўæд Ӕј ўј ајста јæ qæбvсмæ, арфæракодта
Хуцаўæн, æмæ захта:
29. Нvр ўадзvс, Хіјцаў, Дæ цаҕарv Дæ дзvрдмæ
гæскæ, фарнімæ;
30. Цæмæјдæрідтæр мæ цæстvтæ федтој Дæ
ірвæзvндзінад,
31. Дv адæм æппæтv цæсгомv раз кæј сцæд-
тæкодтај, ўј,
32. Рухс, муртатvтv срухскæнvнæн, æмæ Дæ
адæм Ізраілv кадæн.
33. Јосіф æмæ Јæ мад та діскодтој ўј тvххæј
заҕд дзvрдтvл.
34. Ӕмæ сvн арфæракодта Сімеон, æмæ захта
Јe мад Маріамæн: мæнæ, Ај лæўўv фæкæлvнæн
æмæ сvстvнæн бірæтæн Ізраілv æмæ бvцæўдзі-
надv нvсанæн.
35. (Ӕмæ дæхіцæн дæр дæ удv ахіздзæні цvр-
ҕаг), цæмæј сæргом ўој бірæ зæрдæтv фæндтæ.
36. Ӕмæ дзv уді ум успæхумпар Анна, Фанўілv
чvзг, Асірv мvккагæј, іттæг зæрондv онг чі фæ-
царді ахæм, јæ мојімæ чvзгæј æрмæст авд азv чі
фæці,
37. Цvппар æмæ цvппарvссæдз азvккон ідæдз,
арҕўанæј чі нæ хіцæнкодта, æмæ комдаргæје
æмæ кувгæје чі кўста Хуцаўæн æхсæвæј бонæј.

38. Уј дæр уцv афон бацvді, æмæ Хуцаўv стаў-
гæје дзvрдта Уј тvххæј, Јерусалімv фервæзvнмæ
чі æнqæлмæкастvстv, удон æппæтæн.
39. Æмæ удон кў сæххæсткодтој æппæтдæр,
Хуцаўv æҕдаўмæ гæскæ; ўæд раздæхтvстv Галі-
леамæ, сæхі сахар Назаретмæ.
40. Сvвæллон та рæзvді, æмæ фідаркодта удæј,
æмæ æххæсткодта зонvндзінадæј; æмæ Хуцаўv
хорзлæвардзінад уді Ўўл.
41. Алv аз јў Умæн Јæ нvјарднсvтæ цvдvстv
Јерусаліммæ пасхај бæрæгбонмæ.
42. Æмæ Уј дуўадæс азvккон кў уді, ўæд
æрцvдvстv удон, сæ æҕдаўæј Јерусаліммæ бæ-
рæгбонмæ.
43. Æмæ бæрæгбонv бонтæ кў фестv, æмæ кў
раздæхтvстv, ўæд сvвæллон Јесо баззаді Јеру-
салімv; æмæ Јæ нæ æрqўдvкодтој Јосіф æмæ
Јæ Мад;
44. Фæлæ æнqæл удvстv, іннæтімæ цæўv зæҕ-
гæ. Јў бонцаў кў ацvдvстv, ўæд Æј агурvн
бајдvдтој сæ хæстæднсvтæ æмæ сæ зонгæтімæ.
45. Æмæ Јæ кў нæ ссардтој, ўæд фæстæмæ
Јерусаліммæ раздæхтvстv, Уј агургæје.
46. Æртæ бонv фæстæ Јæ ссардтој арҕўанv,
ахўргæнднсvтv æхсæн бадгæје, удонмæ qускæје
æмæ сæ фæрскæје.
47. Æмæ Јæм чі qўста, удон сеппæт діскодтој
Умæн Јæ зонд æмæ Јæ дзўаппvтvл.
48. Æмæ Јæ кў федтој, ўæд діскодтој, æмæ Ін
Јæ Мад захта: Мæ Фvрт! цv нvн бакодтај ај?
Мæнæ, Дæ фvд æмæ Дæ æз стvр мæтімæ
агўрдтам.
49. Уј сvн захта: цæмæн Мæ агўрдтат? æві нæ
зvдтат смах, Мæн, Мæ Фvдv цv у, уўл лæўvн
кæј qæўv, ўј?
50. Фæлæ удон нæ бамбæрстој, Уј сvн цv дзvрд-
тæ захта, удон.
51. Æмæ Уј ацvді удонімæ, æмæ æрцvді Наза-
ретмæ; æмæ сvн коммæгæскæ уді. Æмæ Јæ мад
ўцv дзvрдтæ јўўлдæр јæ зæрдvл дардта.

52. Јесо та хўздæрæј хўздæркодта зондзіна-
дæј æмæ рæзæј æмæ ўарзондзінадæј Хуцаўмæ
æмæ адæммæ.

## СÆР 3.

1. Тівері Кесарѵ патцахадѵ фѵндтæсæм азѵ
Понті Пілат Јўдетѵ бæстѵ хіцаўад кў кодта, Ірод
Галілеаі цѵппæрæм хаји хіцаў кў уді, је æфсѵмæр
Філіп Ітуреаі æмæ Трахоніаг бæстѵ цѵппæрæм
хаји хіцаў кў уді, Лісані та Авілінѵ цѵппæрæм
хаји хіцаў кў уді,
2. Саўдњсѵнтѵхістæртѵ Анна æмæ Кајафѵ рæ-
стæдњсѵ, уді Хуцаўѵ дзѵрд Захарѵ фѵрт Јоаннмæ,
æдзæрæг ранѵ.
3. Æмæ ўј зѵлді Јорданѵ алфамблај бæстæтæ
æппæтѵл, тæріӡæдтѵ нѵпбарѵнæн фæсмондзінадѵ
арӡўдѵ амонѵнѵ тѵххæј.
4. Фѵст кўд у пехумпар Ісајаі дзѵрдтѵ чінѵдњсѵ,
афтæ чі зæӡѵ: qæргæнæдњсѵ qæлæс æдзæрæг
бæстѵ: сцæдтæкæнут Хіјцаўæн фæндаг, æмæ Ін
срасткæнут Јæ цæўæнтæ.
5. Алѵ адаг сѵдзаг ўæд, æмæ алѵ хох æмæ ќў-
бѵр нѵннѵллæгўæнт, зѵлѵнмѵлѵнтæ сраст удзѵ-
стѵ, æмæ æнæлæӡз фæндæгтæ слæӡз удзѵстѵ;
6. Æмæ алѵ удгојмаг фендзæні Хуцаўѵ ірвæ-
зѵндзінад. (Ісајаі 40, 3, 4, 5.)
7. Цѵ адæм јў æрцѵдѵстѵ Іоаннмæ арӡаўнмæ,
удонæн дзѵрдта: калмѵ зæнæг! чі ўн бацамѵдта
æрцæўінаг фѵдæхдзінадæј лідзѵн?
8. Фæсмондзінадѵ аккаг дѵрӡ æрхæссут, æмæ
ўæхі мідæг ма qавут афтæ дзурѵн: махæн нæ
фѵд Авраам у; цæмæјдæрідтæр ўн зæӡѵн, кўд
Хуцаўæн Је бон у ацѵ дуртæј Авраамæн зæнæг
скæнѵн.
9. Фæрæт дæр бæласѵ бѵн лæўѵ: алѵ бæласѵ,
хорз дѵрӡ кæўл нæ æрзаја, ўј алѵгкæнѵнц, æмæ
јæ артѵ æппарѵнц.

10. Æмæ јæ фарстој адæм: ўæдæ цv кæнæм?
11. Уј сvн захта дзўап: дуўæ дарæсv кæмæн
іс, ўј радтæд кæмæн нæј умæн; æмæ хæрінаг
кæмæн іс, ўј дæр афтæ кæнæд.
12. Æрцvдvстv јем qалонісдњсvтæ дæр сарђаўн-
мæ, æмæ ін захтој: ахургæнæг! мах цv кæнæм?
13. Уј сvн радта дзўап: цv ўл æмбæлv, умæј
ўолдај ма ісут.
14. Фарстој јæ æфсæдтонтæ дæр: мах та цv
кæнæм? Æмæ сvн затха: ма кæј æфхæрут, ха-
хўр ма кæўл кæнут, æмæ ўн æђђæд ўæд ўæ
улупа.
15. Æмæ адæм æнqæлмæ кў кастvстv, æмæ
јўўлдæр qўдv кў кодтој сæхінvмæрv Јоаннv тvх-
хæј: кæд ўј Чvрvсті у міјаг;
16. Ўæд Јоанн дзўап лæвæрдта æппæтæн: æз
ўл арђаўн донæј, фæлæ æрцæўv мæнæј тvхдњсvн-
дæр, кæмæн æз Јæ дзабvрv бос сvхалvн аккаг
дæр нæ дæн; Уј ўл арђаўдзæні Сvђдæг Удæј
æмæ артæј.
17. Умæн Јæ ќухv Јæ фvјаг, æмæ Уј Јæ мус
ссvђдæгкæндзæні, æмæ æрæмбvрдкæндзæні мæ-
нæў Јæ хордонмæ, qæмпvтæ та æнæбахўскæ
артæј басудцæні.
18. Андæр бірæ хорзўацqўдтæ дæр дзvрдта ўј
адæмæн, æмæ сvн амvдта.
19. Фæлæ патцахадv цvппæрæм хаjі хіцаў
Ірод, Іродіадv, јæ æфсvмæрv усv тvххæј, æмæ
æвзæр цv кодта удон æппæтv тvххæј, умæј
ўајдзæфгонд ўовгæје,
20. Бафтvдта удон æппæтvл ўј дæр, Јоаннv кæј
бакодта талvнг ахæстонv.
21. Æмæ адæм æппæт кў сарђўдтој, æмæ
Јесо дæр кў сарђўдта æмæ кўвдта, ўæд фе-
гомі арв,
22. Æмæ Іл æрцvді Сvђдæг Уд бўардњсvн хўзv,
бæлонv хўзæнæј, æмæ уді ўоларвæј дзургæ
qæлæс: Дv дæ Мæ ўарзон Фvрт; Дæўмæ іс Мæ
хорзфæндон!

23. Јесо Је кўст кў бајдvта, ўæд уді дæс-
æмæ-ссæдз аздзvд, æмæ, кўд æнqæлўдvстv аф-
тæмæј, уді Јосіфv фvрт, Јлii,
24. Матфатv, Левii, Мелхii, Іаннаі, Іосіфv,
25. Маттафii, Амосv, Наумv, Еслімv, Нађђеі,
26. Маафv, Маттафii, Семеii, Јосіфv, Јўдаі,
27. Јоаннанv, Рісаі, Зоровавелv, Салафіелv, Нірii,
28. Мелхii, Аддv, Косамv, Елмодамv, Ірv,
29. Јосіаі, Еліезерv, Јорімv, Матфатv, Левii,
30. Сімеонv, Јўдаі, Јосіфv, Јонанv, Еліакімv,
31. Мелеаі, Маінанv, Маттафаі, Нафанv, Давідv,
32. Јессеі, Овідv, Воозv, Салмонv, Наассонv.
33. Амінадавv, Арамv, Есромv, Фаресv, Јўдаі,
34. Јаковv, Ісаакv, Авраамv, Фараі, Нахорv,
35. Серухі, Рагавv, Фалекv, Еверv, Салінv,
36. Каінанv, Арфаксадv, Сімv, Ноjі, Ламехv,
37. Мафусалv, Енохv, Јаредv, Малелеілv, Кајнанv,
38. Еносv, Сіфv, Адамv, Хуцаўv Фvрт.

## СÆР 4.

1. Сvђдæг Удæј æххæст овгæје, Јесо раз-
дæхті Јорданæј, æмæ Јæ акодта Уд æдзæрæг
бæстæм.
2. Ўм Æј дуўіссæдз бонv ќахта хæјрæг, æмæ
ніцv хордта ўцv бонтv, фæлæ ўцv бонтæ кў
аівђўдтој, ўæд Vн фæстагмæ сvстондњсv і.
3. Æмæ Ін захта хæјрæг: кæд Дv Хуцаўv
Фvрт дæ; ўæд зæђ ацv дурæн, цæмæј дзул
феста.
4. Іесо ін захта дзўап: фvст у, адæјмаг æр-
мæст јўнæг дзулæј нæ цæрv, фæлæ Хуцаўv алv
дзvрдæј. (Дvккагдін 8, 3.)
5. Æмæ Јæ скодта хæјрæг бæрзонд хохмæ,
æмæ Ін фенvнкодта зæххон патцахæдтæ æппæт
јў цæстv фæнvќўлдæн.
6. Æмæ Ін захта хæјрæг: æз Дvн ратцvнæн
ацv патцахæдтæ æппæтvл бар æмæ сæ кад; цæ-

мæјдæрідтæр ўцv бар мæнæн лæвæрд у, æмæ
мæ кæмæн фæнда, умæн æј дæдтvн.
7. Æмæ афтæ, Дv кў бакуваj мæнæн, ўæд
јўўлдæр Дæў удзvстv.
8. Јесо ін захта дзўап: аqўдтv у Мæнæј, саj-
тан; фvст у: Дæ Хіјцаў Хуцаўæн кув, æмæ јўнæг
Умæн кус. (Дvккагд. 6, 13.)
9. Æмæ Јæ акодта Јерусаліммæ, æмæ Јæ нvл-
лæўvнкодта арђўанv ўолхæдзарv, æмæ Ін захта:
кæд Дv Хуцаўv Фvрт дæ, ўæд аппар Дæхі ардv-
гæј дæлæмæ.
10. Цæмæјдæрідтæр фvст у: Јæ Зæдтæн фæ-
дзæхсv Дæў баqаqqæнvн;
11. Æмæ Дæ сæ ќухтvл ахæсцvстv, цæмæј ма
аќўраj дурvл Дæ ќах. (Псал. 90, 11, 12.)
12. Јесо захта умæн дзўап: зађд у: ма ќах
Дæ Хіјцаў Хуцаўv. (Дvккагдінv 6, 16.)
13. Æмæ Јæ кў фæќахта, ўæд хæјрæг ахіцæні
Умæј æндæр рæстæдњсv онг.
14. Æмæ раздæхті Јесо удæј тvхдњсvнæј Галі-
леамæ; æмæ ајqўсті Јæ кој алфамблај бæстæтvл.
15. Уј амvдта сæ нvхастv, æмæ уді æппæтæј
каддњсvнгонд.
16. Æмæ æрцvді Назаретмæ, кæм сqомvлі ўрдæм,
æмæ бацvді, Јæ æђдаўæј, сабат бонv нvхасмæ,
æмæ сvстад кæсvнмæ.
17. Радтој Јæм пехумпар Ісаіаі чінvг, æмæ Уј
рајгомкодта чінvг, æмæ дзv ссардта јў ран, фvст
кæм уді:
18. Хіјцаўv Уд Мæнvл; цæмæјдæрідтæр Мæ Уј
бајсæрста, мæгўртæн хорзўацqўддзурvнæн, æмæ
Мæ рарвvста зæрдæсæстvтv сдзæбæхкæнvнмæ,
ахæстvтæн сæрібардзінад амонvнмæ, кўрмvтv
скæсvнкæнvнмæ, qіамæтгæндњсvтv сæрібармæ
аўадзvнмæ,
19. Хіјцаўv æхсvзгон аз амонvнмæ. (Ісаіаі
61, 1, 2.)
20. Æма батvхта чінvг, æмæ је радта кусæгмæ,
æмæ æрбадті, æмæ ўцv нvхасv цv адæм удvстv,
удон сеппæтæн сæ цæстvтæ баззадvстv Ўўл.

21. Æмæ сѵн Уј рајдѵдта дзурѵн: нѵр сæххæсті
ацѵ фѵст, смах кæј феqўстат, ўј.
22. Æмæ Ін сеппæт аўл æвдісæн нѵллæўўдѵ-
стѵ, æмæ діскодтој, Јæ дзѵхæј цѵ хорзлæвардзі-
надѵ дзѵрдтæ цѵдѵстѵ удонѵл, æмæ дзѵрдтој:
ај Јосіфѵ фѵрт нæў нæ?
23. Уј сѵн захта: һај-һај, смах Мѵн зæђдзѵстут
ацѵ æмбісонд: дæснѵ! дæхі сдзæбæхкæн; ам
дæр, дæ фѵдѵбæстѵ, скæн Капернаумѵ цѵ уді,
ўј мах кўд феqўстам, афтæ.
24. Æмæ сѵн захта: æцæг ўн зæђѵн: јў пехум-
пар дæр іст нæ вæјі јæ фѵдѵбæстѵ.
25. Æцæг ўн зæђѵн: бірæ ідæдзтæ уді Ізраілѵ
Іліаі бонтѵ, арв æхкæд кў уді æртæ азѵ æмæ
æхсæз мæјі, афтæ — æмæ стѵр стонг ссі зæхх
æппæтѵл;
26. Æмæ удонæј нікæмæ æрвѵст уді Іліа, јў ідæ-
дзѵ јеттæмæ Сідонаг Сарептмæ.
27. Бірæ qотѵрдњсѵнтæ уді Ізраілѵ пехумпар Елі-
сеі рæстæдњсѵ дæр; æмæ удонæј, æрмæст Сіріаг
Нееманѵ јеттæмæ, јўдæр не ссѵђдæдњсі.
28. Ўј кў феqўстој, ўæд нѵхасѵ чі удѵстѵ, удон
сеппæт смæстѵстѵ.
29. Æмæ сѵстадѵстѵ, æмæ Јæ сахарæј ратард-
тој, æмæ Јæ скодтој хохѵ сæрмæ, сæ сахар конд
кæўл уді ўрдæм, цæмæј Јæ ўрдѵгæј раппарој;
30. Фæлæ Уј сæ æхсæнтѵ ацѵді æмæ фæаўон.
31. Æмæ æрцѵді Галілеаг сахар Капернауммæ,
æмæ сѵн сабатбонтѵ амѵдта.
32. Æмæ діскодтој Јæ амонѵнѵл, цæмæјдæрід-
тæр Јæ дзѵрд уді бардњсѵн дзѵрд.
33. Нѵхасѵ уді хæјрæгдњсѵн лæг, æмæ ўј стѵр
qæрæј сqæркодта:
34. Нѵўадз; цѵ Дæ qæўѵ махæј, Назареаг Јесо?
Дѵ æрцѵдтæ мах фесафѵнмæ; æз Дæ зонѵн, чі
дæ Дѵ, Хуцаўѵ Сѵђдæг.
35. Јесо ін тѵзмæгæј захта: банцај, æмæ ра-
цу умæј; æмæ је хæјрæг зæххѵл нѵццавта нѵхасѵ
æхсæн, æмæ рацѵді умæј, æппѵндæр æј ніцѵ qѵг
бадаргæје.

36. Æмæ сеппæтѵ бацѵді тас, æмæ сæ кæрæдзіімæ дзѵрдтој: ај цѵ у цѵ, Уј бардѩсѵнæј æмæ тѵхæј унаффæ кў кæнѵ хæјрæдѩсѵтæн, æмæ удон кў рацæўнц?
37. Æмæ ајqўсті Јæ кој ўцѵ алфамблај бæстѵл.
38. Нѵхасæј кў рацѵді, ўæд бацѵді Сімонѵ хæдзармæ; æмæ Сімонæн јæ усѵ мад тæвднізæј рѵнчѵн уді, æмæ дзѵ ўј тѵххæј кўрдтој.
39. Уј јæм бацѵді, захта тæвднізæн, æмæ јæ ўј нѵўахта. Æмæ ўцѵ сахатѵл сѵстаді, æмæ сѵн кусѵн бајдѵдта.
40. Æмæ хурнѵгўлѵнѵ афонѵ алчідæр, рѵнчѵнтæ кæмæ уді алѵхѵзон нізтæј, удон сæ кодтој Умæ; æмæ сѵл Уј алкæўлдæр Јæ ќух æвæрдта, æмæ сæ дзæбæхкодта.
41. Цѵдѵстѵ хæјрæдѩсѵтæ дæр бірæтæј qæргæнгæјæ, æмæ дзургæје: Дѵ дæ Чѵрѵсті, Хуцаўѵ Фѵрт. Фæлæ сæ Уј нæ ўахта, Уј Чѵрѵсті кæј у, ўј кæј зонѵнц, ўј дзурѵн.
42. Æмæ кў сбоні, ўæд Ўј хæдзарæј рацæўгæје, ацѵді æдзæрæг ранмæ, æмæ Јæ адæм агўрдтој, æмæ Јæм кў æрцѵдѵстѵ, ўæд Јæ ўрæдтој, цæмæј удонæј ма ацæўа.
43. Фæлæ сѵн Уј захта: æндæр сахартѵ дæр ма Мæ qæўѵ Хуцаўѵ патцахадѵ хорзўацqўд дзурѵн; цæмæјдæрідтæр Æз ўјтѵххæј æрвѵст дæн.
44. Æмæ ма нодѩсѵдæр амѵдта Галілæаг нѵхастѵ.

## СÆР 5.

1. Јўхат, адæм гўлвæндтæ кў кодтој Умæ, Хуцаўѵ дзѵрдмæ бајqусѵнмæ, æмæ Уј та Генісаретѵ цадѵ цур кў лæўўді,
2. Ўæд Уј ўцѵ цадѵ федта дуўæ бæлæђѵ, æмæ удонæі кæфахсдѩсѵтæ рацæўгæ, æмæ сæ хѵзтæ æхскæ.
3. Æмæ бацѵді ўј бæлæђмæ, Сімонѵ чі уді умæ, æмæ дзѵ кўрдта јўчѵсѵл донѵ бѵлæј мідæгдæр

бæлæӡ батæрvн, æмæ æрбадті, æмæ амvдта адæ-
мæн бæлæӡæј.
4. Æмæ амонvнæј кў банцаді, ўæд Сімонæн
захта: батæр бæлæӡ арфмæ, æмæ ўæ хvзтæ
баппарут кæф ахсvнмæ.
5. Сімон Vн захта дзўап: Амонæг! мах æгас
æхсæв фæцархајдтам æмæ ніцv æрцахстам; фæ-
лæ Дæ дзvрдæј баппардзvнæн хvз.
6. Æмæ ўј кў бакодтој, ўæд æрцахстој іттæг
бірæ кæфтæ, сæ хvз кўд сќўді, афтæ.
7. Æмæ феqусvнкодтој сæ æмбалтæн, іннæ
бæлæӡv чі уді, удонæн, цæмæј сæм æрбацæўој,
æмæ сvн бааqазкæној æмæ æрцvдvстv æмæ
дуўæ бæлæӡv дæр бајдзагкодтој, дон сæ јæ
бvнмæ ласvн кўд бајдvдта, афтæ.
8. Сімон Петр ўј кў федта, ўæд æрхаўді Јесоі
ўорднсvтæм, æмæ Ін захта: ацу мæнæј Хіјцаў!
умæн-æмæ æз тæріӡæдднсvн лæг дæн.
9. Цæмæјдæрідтæр дзv тас бацvді æмæ јемæ
чі удvстv удон сеппæтv дæр, ўјас бірæ кæфтv
ахстæј, удон кæј æрцахстој;
10, Афтæдæр Јаковv æмæ Јоаннv, Зеведеј
фvрттv, Сімонv æмбалтæ чі удvстv, удонv дæр.
Æмæ захта Јесо Сімонæн: ма тæрс! нvрæј
фæстæмæ ахсцvнæ лæӡтv.
11. Æмæ раластој дуўæ бæлæӡv сурмæ, нvўах-
тој æппæтдæр, æмæ ацvдvстv Јæ фæдvл.
12. Æмæ Јесо јў сахарv кў уді, ўæд Æм æрцvді
јў лæг qотvрæј дзаг æмæ кў федта Јесоі, ўæд
æрхаўді дæлгоммæ, æмæ Ін лæхстæгæнгæје зах-
та: Хіјцаў! кў Дæ фæнда, ўæд дæ ќухv іс мæ
ссvгдæгкæнvн.
13. Уј адарӡкодта Јæ ќух, бавнæлдта јæм, æмæ
ін захта: фæндv Мæ, ссvӡдæг у. Æмæ ўцv саха-
тvл qотvр ахіцæні умæј.
14. Æмæ ін Уј бафæдзæхста, кўд нікæмæн зæ-
ӡа, афтæ, фæлæ кўд ацæўа, æмæ јехі кўд фенvн-
кæна саўднсvнæн, æмæ нvвонд кўд æрхæсса,
кæј ссvӡдæднсі ўј тvххæј, Мојсеј кўд захта, удо-
нæн æвдісæнv тvххæј.

15. Фæлæ фvлдæр ајqўсті Уј тvххæј ўацqўд,
æмæ Јæм іттæг бірæ адæм цvдvстv qусvнмæ,
æмæ Умæј сæ нізтæј дзæбæхкæнvнмæ.

16. Фæлæ јў Уј цvді æдзæрæг рæдтæм, æмæ
јў кўвта.

17. Јў бон, Уј амvдта, æмæ ум кў бадтvстv фа-
рісетæ æмæ дінамондњсvтæ, Галілеаі æмæ Јўде-
тv бæстæ æппæтæј, æмæ Јерусалімæј æрцæўдњсv-
тæ, æмæ Хіјцаўv тvх ніздњсvнтv дзæбæхкæнvнv
кў зvнді;

18. Ўæд Æм чідæртæ æрхастој хўссæнvл ўонг-
мард лæдњсv, æмæ архајдтој, цæмæј је бахæссој
хæдзармæ, æмæ јæ Јесоі раз кўд æрæвæрој, ўўл.

19. Æмæ кў нæ ссардтој, кæўл æј бахастајгкој
ўј, бірæ адæмv тvххæј, ўæд схvстvстv ўолхæдзар-
мæ, æмæ је æрўахтој æдхўссæн астæўмæ Јесоі
размæ.

20. Æмæ Уј кў федта удонæн сæ ўрнvндзінад,
ўæд захта ўцv лæгæн: барст дvн стv дæ тæрі-
ҕæдтæ.

21. Чінvдњсvдæснvтæ æмæ фарісетæ бајдvдтој
qўдvкæнvн, æмæ дзvрдтој: ај чі у чі, Хуцаўv чі
фаўv? Јў Хуцаўv јеттæмæ кæј ќухv іс тæрігæдтæ
нvпбарvн?

22. Јесо базvдта удонæн сæ зæрдæі qўдv,
æмæ сvн дзўаппæн захта: цv qўдvкæнут смах ўæ
зæрдæтv?

23. Цv æнцондæр у зæҕvн: барст дvн стv дæ
тæріҕæдтæ? æві зæҕvн: сvст æмæ цу?

24. Фæлæ смах цæмæј зонат, адæјмадњсv Фvрт
зæххvл бардњсvн кæј у тæріҕæдтæ нvпбарvн, ўј,
(захта Уј ўонгмардæн:) дæўæн зæҕvн: сvст, сіс
дæ хўссæн, æмæ цæўгæ дæ хæдзармæ.

25. Æмæ ўј ўцv сахатvл сvстаді сæ разv, ајста,
цæўл хўссvді ўј, æмæ ацvді јæ хæдзармæ, Хуцаўv
стаўгæје.

26. Æмæ сеппæтv тас бацvді: æмæ стvдтој
Хуцаўv, æмæ тасæј дзаг ўовгæје, дзvрдтој:
діссаг qўдтæгтæ федтам мах нvр.

27. Ўј фæстæ рацѵді Ј е с о, æмæ федта qалон-
ісæдюсѵ, Леві хўјнгæ, qалонісѵнѵ бѵнатѵ бад-
гæ, æмæ ін захта: рацу Мæ фæдѵл.

28. Æмæ ўј алцѵдæр нѵўахта, сѵстаді, æмæ
ацѵді Је фæдѵл.

29. Æмæ Ін скодта Леві јæ хæдзарѵ стѵр хўнд,
æмæ ўм уді бірæ qалонісдюсѵтæ æмæ æндæртæ
дæр, кæцѵтæ бадтѵстѵ Ујімæ хæрдѵл.

30. Чінѵдюсѵдæснѵтæ та æмæ фарісетæ ўајдзæф-
тæ кодтој, æмæ дзѵрдтој Јæ ахургæнінæгтæн:
смах qалонісдюсѵтімæ æмæ тæріђæддюсѵнтімæ цæ-
мæн хæрут æмæ нўазѵт?

31. Фæлæ сѵн Ј е с о захта дзўап: дзæбæхтѵ
нæ qæўѵ лечѵр, фæлæ тæріђæддюсѵнтѵ.

32. Æз æрцѵдтæн рæстѵтѵ фæсмонкæнѵнмæ
сідѵнѵ тѵххæј нæ, фæлæ тæріђæддюсѵнтѵ.

33. Удон та Ін захтој: Јоаннеі ахургæнінæгтæ
цæмæн арæх комдарѵнц æмæ кувѵнц, афтæдæр
фарісетѵ ахургæнінæгтæ: Дæўонтæ та хæрѵнц
æмæ нўазѵнц?

34. Уј сѵн захта: чѵндзхæсдюсѵтæн комбадарѵн-
кæндзѵстут мідаг, удонімæ сіахс кў ўа, ўæд?

35. Фæлæ æрцæўдзѵстѵ бонтæ, удонæј сіахс
іст кæд удзæні: æмæ ўæд ўцѵ бонтѵ комдардзѵстѵ.

36. Æмæ сѵн захта фæсномѵгнѵхас: нічі æвæрѵ
æмпузæн зæронд дарæсѵл, ног дæрæсæј раскўн-
гæје; кæднæўæд ўј нўодюсѵ дæр фехалдзæні,
æмæ зæронд дарæсѵл дæр ног æмпузæн не
сбадцæні.

37. Æмæ æнqізгæ сæн дæр нічі нѵккæнѵ зæ-
ронд лалѵмтѵ, кæднæўæд æнqізгæ сæн аскўн-
дзæні лалѵмтѵ, æмæ јехæдæг дæр акæлдзæні,
æмæ лалѵмтæ дæр фесæфтцѵстѵ.

38. Фæлæ æнqізгæ сæн ног лалѵмтѵ кæнѵн
qæўѵ; ўæд сæ дуўæ дæр баззајдзѵстѵ.

39. Æмæ зæронд сæн нўазæдюсѵ ўцѵ сахатѵл
нал бафæндцæні æнqізгæ сæн; цæмæјдæрідтæр
афтæ зæђдзæні: зæронд сæн хўздæр у.

## СÆР 6.

1. Пасхајен је дvккаг бонv фæстæ, фvтцаг
сабатv, фæцæјцvді Уј тvд хўмтvл, æмæ Jæ ахур-
гæнінæгтæ тvдтој æфсіртæ, æмæ сæ, сæ ќухтæј
æўўордгæје, хордтој.
2. Æмæ сvн фарісетæј чідæртæ захтој: сабат
бонv кæнvн цv нæ фæтдњсv, ўј цæмæн кæнут?
3. Jесо сvн захта дзўап: смах нæ бакастv-
стут нæ, Давід цv бакодта, кў сvстондњсі јехæ-
дæг æмæ јемæ чі удvстv удон дæр, ўæд?
4. Хуцаўv хæдзармæ кўд бацvді, æмæ кўд
рајста кувæндонv дзултæ, сæ бахæрvн кæмæн
нікæўл æмбæлді, æрмæст саўдњсvнтv јеттæмæ,
æмæ сæ кўд бахордта, æмæ јемæ ўовдњсvтæн
дæр кўд радта?
5. Æмæ сvн захта: адæјмадњсv Фvрт сабатæн
дæр Хіјцаў у.
6. Æмæ та æндæр сабатv дæр бацvді нvхас-
мæ, æмæ амvдта. Ум уді, јæ рахіс ќух хўсќ
кæмæн уді, ахæм лæг.
7. Æмæ Jæм чінvдњсvдæснvтæ, æмæ фарісетæ
qаqqæдтој, кæдтæра та сабатv сдзæбæхкæнід,
кæд Æм істv азvм ссаріккој, æмæ Jæ фæзv-
лvнкæној.
8. Фæлæ Уј зvдта удон qўдvтæ æмæ јæ ќўх
хўсќ кæмæн уді, ўцv лæгæн захта: сvст, æмæ
æхсæнv æрбалæў; æмæ уј сvстаді, æмæ æр-
балæўўді.
9. Ўæд сvн Jесо захта: Æз ўæ бафæрсон:
сабат бонv цv кæнvн æмбæлv? хорз, æві æвзæр?
Уд фервæзvнкæнvн, æві јæ фесафvн? Удон
нvqqусvстv.
10. Æмæ удон æппæтмæ бакасті, æмæ ўцv
лæгæн захта: рајваз дæ ќух. Уј афтæ бакодта:
æмæ јæ ќух сдзæбæхі јæ іннæ ќухv хўзæн.
11. Удон та мæстæј сæрра стv, æмæ сæ кæ-
рæдзіімæ дзvрдтој, цv бакæној Jесоімæ, ўўл.

12. Ўцѵ бонтѵ ссѵді Уј хохмæ кувѵнмæ, æмæ
фæці ум æгас æхсæв, Хуцаўæн кувгæје.
13. Æмæ кў сбоні, ўæд басідті Јæ ахургæні-
нæгтæм, æмæ удонæј дуўадæсѵ сæвзæрста, æмæ
сѵл сæвæрдта Апостолтæ:
14. Сімонѵ, кæўл сæвæрдта ном Петр, æмæ
јæ æфсѵмæрѵ, Андреі, Јаковѵ æмæ Јоаннѵ,
Філіппѵ æмæ Варфоломеі,
15. Матфеі æмæ Фомаі, Алфеі-фѵрт Јаковѵ
Сімонѵ, Зілот чі хўнді, ўј.
16. Јаковѵ-фѵрт Јўдаі æмæ Јскаріотаг Јўдаі,
фæстагмæ Умæн Јæ радтæг чі ссі, ўј.
17. Æмæ æрцѵді удонімæ, æмæ нѵллæўўді фæз
ранѵл, æмæ Јæ бірæ ахургæнінæгтæ, æмæ бірæ
адæм Јўдетѵ бæстæј æмæ Јерусалімæј, æмæ
дендѩсѵзмæ хæстæг бѵнæдтæј Тірæј æмæ
Сідонæј,
18. Умæ qусѵнмæ чі æрцѵдѵстѵ, æмæ сæ ніз-
тæј сдзæбæхкæнѵнмæ, æмæ хæјрæдѩсѵтæј qіа-
мæтгæндѩсѵтæ; æмæ дзæбæхкодтој.
19. Æмæ адæм æппæт агўрдтој, цæмæј Јæм
бавнæлдтаіккој; цæмæјдæрідтæр тѵх цѵді Умæј,
æмæ дзæбæхкодта æппæтѵ дæр.
20. Æмæ Уј Јæ ахургæнінæгтæм бакасті, æмæ
дзўрѵн бајдѵдта: Тæхудіаг стут удæј мæгўртæ;
цæмæјдæрідтæр смах у Хуцаўѵ патцахад.
21. Тæхудіаг стут нѵр стондѩсѵтæ; цæмæјдæ-
рідтæр бафсæддзѵстут. Тæхудіаг стут нѵр кæў-
дѩсѵтæ; цæмæјдæрідтæр схуддзѵстут.
22. Тæхудіаг стут смах, адæм ўæм кў фæфѵд-
зæрдæўој, æмæ ўæ кў авзарој, æмæ ун ўæ
фѵдкој кў кæној, æмæ ун ўæ ном кў æгад кæној,
æдзѵт номаў, адæјмадѩсѵ Фѵртѵ тѵххæј.
23. Сцінкæнут ўцѵ бонѵ æмæ зæрдæрухс ут;
цæмæјдæрідтæр ўæ лæвар стѵр у смахæн
ўолæрвтѵ: пехумпартæн дæр афтæ кодтој сæ
фѵдæлтæ.
24. Фæлæ мæгўр ўæ бон, qæздѵдѩсѵтæ! цæмæј-
дæрідтæр смах рајстат ўæ рæвдаўндзінад.

25. Мæгўр ўæ бон, нvр æфсæстvтæ! цæмæј-
дæрідтæр сvстонг удзvстут. Мæгўр ўæ бон, нvр
худдчсvтæ! цæмæјдæрідтæр скæўдзvстут æмæ
сдзvназдзvстут.
26. Мæгўр ўæ бон, æппæт кў дзуроj смах
тvххæj хорз! Цæмæјдæрідтæр афтæ кодтоj мæнг-
пехумпартімæ дæр сæ фvдæлтæ.
27. Фæлæ смахæн, qусдчсvтæн, зæђvн: ўарзут
ўæ знæгтv; хорзкæнут ўæ æнæўарздчсvтæн,
28. Арфæкæнут ўæ æлђітдчсvтæн, æмæ кувут
ўæ æфхæрддчсvтv тvххæj.
29. Дæ æхсæрvфарс дvн чі нvццæва, умæ ба-
дар іннæ дæр; æмæ дvн чі іса дæ æдтаг дарæс,
умæн дæ хæдон дæр ісvн ўадз.
30. Кæмæндæрідтæр, чі дæ кура, умæн дæдт,
æмæ дæ чі цv аjса, уj фæстæмæ ма кур.
31. Æмæ ўæ ўæхіцæн кўд фæндv іннæтæj,
афтæ смах дæр фæндæд удонæн.
32. Æмæ ўæ ўарздчсvтv кў ўарзат; ўæд ун ўj
тvххæj цv бузнvгкад удзæні? цæмæјдæрідтæр
тæріђæддчсvнтæ дæр ўарзvнц сæ ўарздчсvтv.
33. Æмæ хорз кў кæнат, смахæн хорз чі кæ-
нvнц, удонæн, ўæд ўн ўj тvххæj цv бузнvгкад
удзæні? цæмæјдæрідтæр тæріђæддчсvнтæ дæр
кæнvнц афтæ.
34. Æмæ æфстаў кў дæдтат, фæстæмæ раjсvн
кæмæj æнqæлстут удонæн, ўæд ўн ўj тvххæj цv
бузнvгкад удзæні? цæмæјдæрідтæр тæріђæд-
дчсvнтæ дæр дæдтvнц æфстаў тæріђæддчсvнтæн,
ўjас та фæстæмæ цæмæj раjсоj, ўjтvххæj.
35. Фæлæ смах ўарзут ўæ знæгтv, æмæ хорз-
кæнут, æмæ æфстаў дæдтут, ма цæмæ æн-
qæлмæгæскæjе; æмæ ун стvр лæвар удзæні,
æмæ удзvстут Бæрзондv фvрттæ: цæмæјдæрід-
тæр Уj хорзгæнæг у æбузнvгтæн дæр æмæ
æвзæртæн дæр.
36. Æмæ афтæ, ут хорзгæндчсvтæ, ўæ Фvд
хорзгæнæг кўд у, афтæ.

37. Фѵдкој ма кӕнут, ӕмӕ ўн ўӕ фѵдкој ма чѵндӕўа; ма фаут, ӕмӕ фаўд нӕ удзѵстут; барут, ӕмӕ ўн барст удзӕні.

38. Дӕдтут, ӕмӕ ўн лӕвӕрд удзӕні: хорз барӕнӕј, ӕнќўстӕј, ӕфсӕрстӕј, ӕмӕ јӕ сӕрмӕ дзагӕј ӕрбакалдзѵстѵ смахӕн ўӕ ԛӕбѵсѵ; цӕмӕјдӕрідтӕр цѵ хўзӕн барӕнӕј барат, ўј хўзӕнӕј ўн сбарст удзӕні.

39. Ӕмӕ сѵн захта фӕсномѵгнѵхас дӕр: кўрм кўрмѵ кӕнѵн фӕразѵ мідаг? сӕ дуўӕ дӕр ормѵ нӕ нѵххаўдзѵстѵ нӕ?

40. Ахургӕнінаг јӕ ахургӕнӕгӕј ўолдӕр нӕ вӕјі; фӕлӕ кў сӕххӕст вӕјі, ўӕд чідӕрідтӕр вӕјі јӕ ахургӕнӕдђсѵ хўзӕн.

41. Цѵ кӕсѵс дӕ ӕфсѵмӕрѵ цӕстѵ тіхалӕгмӕ, дӕхі цӕстѵ та ԛӕд нӕ ӕмбарѵс?

42. Кӕнӕ дӕ бон кўд у дӕ ӕфсѵмӕрӕн зӕђѵн: мӕ ӕфсѵмӕр! ӕрдав, ӕз дѵн дӕ цӕстӕј тіхалӕг рајсон, дӕхӕдӕг дӕхі цӕстѵ ԛӕд кў нӕ унѵс, ўӕд? Цӕстмӕԛус! рајс фѵтцаг дӕхі цӕстӕј ԛӕд, ӕмӕ ўӕд фендзѵнӕ, дӕ ӕфсѵмӕрѵ цӕстӕј тіхалӕг кўд істӕўѵ, ўј.

43. Нӕј ахӕм хорз бӕлас, ӕвзӕр дѵрђ кӕўл заjі; ӕмӕ ахӕм ӕвзӕр бӕлас дӕр нӕј, хорз дѵрђ кӕўл заjі.

44. Цӕмӕјдӕрідтӕр алѵ бӕлас јӕ дѵрђӕј бӕрӕг у; умӕн-ӕмӕ сѵндзӕј легві нӕ ӕртѵндӕўдзӕні, ӕмӕ ќутӕрӕј сӕнӕфсір нӕ ӕртѵндӕўдзӕні.

45. Хорз адӕјмаг јӕ зӕрдӕі хӕзнадонӕј ісѵ хорз; ӕвзӕр адӕјмаг та је зӕрдӕі ӕвзӕр хӕзнадонӕј ісѵ ӕвзӕр: цӕмӕјдӕрідтӕр зӕрдӕј дзагӕј дзурѵ дзѵх.

46. Цѵ Мӕм сідут: Хіјцаў! Хіјцаў! фӕлӕ ўн Ӕз кӕј зӕђѵн, ўј нӕ кӕнут?

47. Чідӕрідтӕр, Мӕммӕ чі цӕўѵ, ӕмӕ Мѵн Мӕ дзѵрдтӕм чі ԛусѵ, ӕмӕ сӕ ӕххӕст чі кӕнѵ, кӕј хўзӕн у, ўј, ўј ўн зӕђон.

48. Ўј хӕдзаргӕнӕг лӕдђсѵ хўзӕн у, арф чі ськахта, ӕмӕ ќӕдзӕхѵл бѵндур чі сӕвӕрдта;

æмæ дон кў раівvлді, æмæ кў нvццафта ўцv
хæдзарv, ўæд æј фенќўсvн нæ бафæрæста, ўј
ќæдзæхvл арæст кæј уді, ўј тvххæј.
49. Фæлæ чі qусv, æмæ чі нæ æххæсткæнv,
ўј та сvдњсvтvл æнæ бvндур хæдзар чі самадта,
уцv лæдњсv хўзæн у, æмæ дон кў нvццафта хæ-
дзарv, ўæд фехæлді, æмæ уцv хæдзарv хæлд уді
ідтæг тvнг.

## С Æ Р 7.

1. Уј Јæ дзvрдтæ јўўлдæр кў фæці чі Јæм qўс-
ста ўцv адæмæн, ўæд Капернауммæ бацvді.
2. Јў сæдæі хіцаўæн уді јæ ўарзон кусæг мæ-
лæтцаг рvнчvн.
3. Æмæ кў феqўста Јесоі тvххæј, ўæд Æм
арвvста Јўдетv хістæртv курvнмæ, цæмæј јем æр-
цæўа, је кусæдњсv сдзæбæхкæнvнмæ.
4. Æмæ удон Јесомæ æрцvдvстv, æмæ Дзv
лæхстæ гæнгæјæ, кўрдтој, æмæ захтој: уј ўј
аккаг у, цæмæј ін Дv ракæнај ацv хорзæх;
5. Умæн-æмæ ўј ўарзv нæ адæмv, æмæ нvн
скодта æмбvрдгæнæн.
6. Јесо ацvді удонімæ. Æмæ ін јæ хæдзармæ
дард кў нæ ўал уді, ўæд Æм сæдæі хіцаў рарвvс-
та јæ лvмæнтv зæђvнмæ: ма фæллој кæн, Хіјцаў!
æз ўј аккаг нæ дæн, цæмæј Дv мæ хæдзарv
ќўммæ æрбацæўај.
7. Æмæ ўјтvххæј мæхі дæр Дæўмæ æрцæўн
аккаг нæ хўдтон; фæлæ дзvрд зæђ, æмæ мæ ку-
сæг сдзæбæхудзæні.
8. Цæмæјдæрідтæр æз дæр іскæј ќухv оввæг
лæг дæн, фæлæ мæ ќухv æвсæдтæ іс, æмæ јўæн
зæђvн: ацу, æмæ ацæўv; æмæ іннæмæн: æрцу,
æмæ æрцæўv; æмæ мæ кусæгæн: бакæн ај, æмæ
је бакæнv.
9. Јесо кў феqўста ўј, ўæд Æм дісфæкасті,
æмæ Јæ фæстæ цv адæм цvдvстv, удонмæ раз-

дæхті, æмæ сvн захта: зæђvн ўн, Ізраілv дæр нæ
ссардтон ахæм урнvндзінад.
10. Ўцv æрвvст лæгтæ раздæхтvстv хæдзармæ,
æмæ ссардтој ўцv рvнчvн кусæдњсv дзæбæхæј.
11. Ўј фæстæ Јесо ацvді Наін хўнгæ сахармæ
æмæ Јемæ цvдvстv Јæ ахургæнінæгтæј бірæтæ
æмæ бірæ адæм дæр.
12. Æмæ Уј сахарv дордтæм кў баввахсі, ўæд
ум рацæјхастој јў мардv, јæ мадæн јўнæг фvрт
чі уді, ахæмv, ўј та уді ідæдз; æмæ бірæ адæм
цvді ўімæ сахарæј.
13. Хіјцаў кў федта ўј, ўæд vн фæтæріђæд-
кодта, æмæ ін захта: ма ку.
14. Æмæ æрбацvді, æмæ бавнæлдта сvнтмæ;
хæсдњсvтæ нvллæўўдvстv; æмæ Уј захта: о,
лæппу! дæўæн зæђvн, сvст.
15. Мард раqілі, сбадті, æмæ дзурvн бајдvдта;
æмæ јæ Јесо радта јæ мадмæ.
16. Æмæ сеппæтv тас бацvді, æмæ стvдтој
Хуцаўv, æмæ дзvрдтој: стvр пехумпар сvстаді
нехсæн, æмæ Хуцаў æркасті Јæ адæммæ.
17. Ахæм кој Дзv ајqўсті Јўдетv бæстæ æппæ-
тvл æмæ ўј алфамблаі æппæтvл.
18. Æмæ Јоаннæн јæ ахўргæнінæгтæ феqусvн-
кодтој ўј æппæт.
19. Јоанн басідті јæ ахургæнінæгтæј дуўæмæ,
æмæ сæ арвvста Јесомæ фæрсvнмæ: æрцæўн
кæўл æмбæлv, ўј Дv дæ, æві æндæрмæ æнqæл-
мæ кæсæм?
20. Удон æрцvдvстv Јесомæ, æмæ Ін захтој:
Арђаўæг Јоанн нæ рарвvста Дæўмæ бафæрсvнмæ
æрцæўн кæўл æмбæлv, ўј Дv дæ, æві æндæрмæ
æнqæлмæ кæсæм?
21. Ўцv афон та Уј сдзæбæхкодта бірæтv сæ
нізтæј æмæ нæфæразондзінæдтæј æмæ æнæзæ-
ђінаг удтæј, æмæ бірæ кўрмvтv скæсvнкодта сæ
цæстvтæј.
22. Æмæ сvн Јесо дзўаппæн захта: цæўгæут
æмæ зæђут Јоаннæн, цv федтат æмæ цv феqўс-
тат, ўј: кўрмvтæ унvнц, ќўлvхтæ цæўнц, qотvр-

джсѵнтæ сѵҕдæгкæнѵнц, ќўрматæ ԛусѵнц, мæрдтæ æгаскæнѵнц, æмæ мæгўртæ хорзўацԛўд ԛусѵнц.
23. Æмæ тæхудіаг у, Мæн тѵххæј чі нæ фæрæдіа, ўј.
24. Јоанн кæј рарвѵста, удон фæстæмæ кў аздæхтѵстѵ, ўæд бајдѵдта дзурѵн адæмæн Јоаннѵ тѵххæј: цѵ фенѵнмæ цѵдѵстут смах адзæрæгранмæ? ўадæј змæлд ԛæз унѵнмæ міјаг?
25. Ўодæ цѵ фенѵнмæ цѵдѵстут? фæлмæн дарæсѵ арæст лæджсѵ? Фæлæ рæссуҕд арæст чі вæјінц, æмæ мінасгæнгæје чі цæрѵнц, удон патцахѵ хæдзарѵ вæјінц.
26. Ўодæ цѵ фенѵнмæ цѵдѵстут смах? пехумпарѵ міјаг? Тæккæ, зæҕѵн ўн, пехумпарæј дæр стѵлдæрѵ.
27. Ај ўј у, кæј тѵххæј фѵст у: мæнæ, Æз æрвітѵн Мæ Зæдѵ Дæ цæскомѵ разæј, кæцѵ Дѵн Дæ разæј Дæ фæндаг сцæдтæкæндзæн. (Мал. 3. 1.)
28. Цæмæјдæрідтæр ўн зæҕѵн: устѵтæј гўрдтæј нæј јў пехумпар дæр Арҕаўæг Јоаннеје стѵлдæр; фæлæ Хуцаўѵ патцахадѵ кæстæр умæј стѵлдæр у.
39. Æмæ Јем цѵ адæм ԛўстој, удон сеппæт, æмæ ԛалонісджсѵтæ дæр стѵдтој Хуцаўѵ, сæхіўл сарҕаўгæје Јоаннѵ арҕўдæј.
30. Фарісетæ та æмæ дінамонджсѵтæ аздæхтој сæхіцæј Хуцаўѵ фæндон, умæј сæхіўл нæ сарҕаўгæје.
31. Ўæд Хіјцаў захта: кæј æмхўзон скæнон ацѵ мѵккаджсѵ адæмѵ? æмæ кæј хўзæн стѵ?
32. Удон ўнджсѵ бадæг сѵвæллæдтѵ хўзæн стѵ, сæ кæрæдзімæ чі сідѵнц æмæ дзурѵнц: мах ўн ўадѵндзæј ўасѵдѵстæм æмæ смах нæ кафѵдѵстут; мах ўн ўнгæг зарджсѵтæ зарѵцѵстæм, æмæ смах нæ кўдтат.
33. Цæмæјдæрідтæр æрцѵді Арҕаўæг Јоанн; дзул дæр нæ хæрѵ, сæн дæр нæ нўазѵ, æмæ смах дзурут: ўј хæјрæгджсѵн у.
34. Æрцѵді адæјмаджсѵ Фѵрт: хæрѵ æмæ нўазѵ; æмæ смах дзурут: мæнæ лæг, хæрѵн æмæ нўа-

зѵн чі ўарзѵ, qалонісдѩсѵтѵ æмæ тæріђæддѩсѵнтѵ лѵмæн.
35. Фæлæ стѵрзонддзінад срасті јæ зæнæг æппæтæј.
36. Фарісетæј Јæ чідæр хўдта јæхімæ хæрѵнмæ; æмæ Ўј бацѵді фарісеі хæдзармæ, æмæ æрбадті.
37. Æмæ мæнæ, ўцѵ сахајраг тæріђæддѩсѵн ус, кў базѵдта, Уј фарісеі хæдзарѵ аходæн кæј хæрѵ, ўј, ўæд æрхæста алавастрѵ мігæнæн міронімæ;
38. Æмæ нѵллæўўді Јæ ќæхтѵ цур фæстіјæ, æмæ, кæўн бајдагæје, јæ цæссѵгтæј хўлѵдзкодта Умæн Јæ ќæхтæ, æмæ, сæ сæрфта јæ дзѵккутæј, æмæ Ін ṕатæкодта Јæ ќæхтæн, æмæ сæ сæрста міронæј.
39. Ўј кў федта, чі Јæ бахўдта ўцѵ фарісе, ўæд је зæрдæі захта: пехумпар кў ўаід Уј, ўæд зонід, чі æмæ Јем цавæр ус æвналѵ, цæмæјдæрідтæр ўј у тæріђæддѩсѵн.
40. Ј е с о аздæхті умæ, æмæ захта: Сімон! дæўæн Мæм цѵдæр зæђінаг іс. Уј Ін захта: зæђ, Ахургæнæг.
41. Ј е с о захта: јў æфстаўдæдтæгæн дуўæ хæсдѩсѵнѵ уді: јў дзѵ дардта фондзссæдз дінаріі, іннæ та дæс-æмæ-дуўіссæдз.
42. Фæлæ сæ цæмæј бафѵстајккој, ўј сæм кў нæ уді, ўæд сæ сæ дуўæјен дæр нѵўахта. Нѵр зæђ, удонæј јæ фѵлдæр чі баўарздзæні?
43. Сімон Ѵн захта дзўап: æнqæлдæн, фѵлдæр кæмæн нѵўахта, ўј. Уј ін захта: раст стæрхонкодтај дѵ.
44. Æмæ усмæ аздæхкæје, захта Сімонæн: унѵс ацѵ усѵ? Æз дæ хæдзармæ бацѵдтæн, æмæ Мѵн дѵ Мæ ќæхтæн дон дæр нæ радтај; фæлæ ај јæ цæссѵгтæј схўлѵдзкодта Мæ ќæхтѵ, æмæ сæ јæ дзѵккутæј нѵссæрфта.
45. Дѵ Мѵн ṕа дæр нæ акодтај; фæлæ ај æрбацæўнæј нѵрмæ нæ æнцаі Мæ ќæхтæн ṕатæкæнѵнæј.
46. Дѵ Мѵн Мæ сæр затіје дæр нæ бајсæрстај; фæлæ Мѵн ај Мæ ќæхтæ дæр міронæј бајсæрста.

47. Ӕмæ дvн ўјтvххæј зæђvн: барст vн стv јæ
бірæ тæріђæдтæ, бірæ кæј баўарста, ўј тvххæј;
фæлæ чvсvл барст кæмæн вæјі, ўј чvсvл ўарзv.
48. Ўцv усæн та захта: барст дvн стv дæ тæ-
ріђæдтæ.
49. Ӕмæ Јæмæ баддњсvтæ сæхінvмæрv бајдvд-
тој дзурvн: ај чі у чі, тæріђæдтæ дæр чі барv, ўј?
50. Уј та захта ўцv усæн: дæ ўрнvнv фæрцv
фервæстæ; цæўгæ фарнімæ.

## С Ӕ Р 8.

1. Ўј фæстæ Уј зvлді сахартvл æмæ qæўтvл,
амvдта æмæ хорзўацqўд дзvрдта Хуцаўv патца-
хадv тvххæј, æмæ дуўадæс дæр Јемæ удvстv;
2. Ӕмæ јўќорд устvтæ дæр, æнæзæђінаг удтæј
æмæ нізтæј кæј сдзæбæхкодта, удон: Маріа Маг-
даліна хўјнæг, авд хæјрæдњсv кæмæј рацvдvстv, ўј.
3. Ӕмæ Јоанна, Іродv хæдзармæ зілæг Хузv ус,
æмæ Сусанна, æмæ бірæ æндæртæ дæр, кæцv-
тæ Ін кўстој Умæн сæ ісæј.
4. Ӕмæ бірæ адæм кў æрæмбvрдстv, æмæ Јем
сехартæ æппæтæј кў цvдvстv: ўæд Уј бајдvдта
дзурvн фæсномvгнvхасæј:
5. Рацvді таўæг јæ мvккаг таўнмæ: æмæ ўј кў
тvдта, ўæд јўæј-јў æрхаўді фæндадњсv бvлvл, æмæ
ќæхтv бvн фæці, æмæ јæ арвон мæрђтæ сўіхтој.
6. Јўæј-јў та æрхаўді дурдњсvн ран, æмæ кў сæв-
зæрді, ўæд бахусі, умæн-æмæ дзv нæ уді умæл.
7. Јўæј-јў та æрхаўді сvндзvтv æхсæн, æмæ
сзадvстv сvндзvтæ, æмæ јæ сæ бvнv фæкодтој.
8. Јўæј-јў та æрхаўді хорз зæххvл, æмæ сæв-
зæрді, æмæ јæ æфсір уді фондзссæдз нæмvгдњсvн.
Ај зæђгæје, сqæркодта: qусvнæн qустæ кæмæн іс,
ўј qусæд!
9. Ӕмæ Јæ јæ ахургæнінæгтæ бафарстој: цvмæ
цv ўа ацv фæсномvгнvхас?

10. Уј сѵн захта: смахæн лæвæрд у Хуцаўѵ пат-
цахадѵ сѵсæгæдтæ зонѵн; іннæтæн та фæсно-
мѵгнѵхæстæј, афтæ — æмæ удон ўнгæје нæ ўнѵнц,
æмæ qускæје нæ æмбарѵнц.
11. Мæнæ цѵ у ацѵ фæсномѵгнѵхас: мѵккаг у
Хуцаўѵ дзѵрд:
12. Фæндаджсѵ бѵлѵл чі æрхаўді, ўј та стѵ qус-
джсѵтæ, кæцѵтæм стæј хæјрæг æрцæўѵ æмæ сæ
зæрдæје ахæссѵ дзѵрд, цæмæј сæ ма баурна,
æмæ ма фервæзој.
13. Дурджсѵн ран чі æрхаўді, ўј, дзѵрд чі феqу-
сѵнц æмæ је цінгæнгæје чі ісѵнц, удон стѵ, фæ-
лæ сѵн ўідаг на вæјі, æмæ сæ афонæј ўрнѵ, фæ-
лæ фѵдæвзарæнѵ кў фæвæјінц, ўæд фæхіцæн
вæјінц.
14. Сѵндзѵтѵ æхсæн чі æрхаўді, ўј дзѵрдмæ чі
qусѵнц, удон стѵ, фæлæ, кў ацæўнц, ўæд мæткæ-
нѵнтæј, qæздзѵгдзінадæј, зæххон аджсѵндзінæд-
тæј фæсаст вæјінц, æмæ дѵрҕ нæ хæссѵнц.
15. Хорз зæххѵл чі æрхаўді, ўј та, дзѵрд чі фе-
qусѵнц, æмæ јæ хорз æмæ сѵҕдæг зæрдѵл чі да-
рѵнц, æмæ гæдзæкæнгæје дѵрҕ чі хæссѵнц, удон
стѵ. (Ај зæҕгæјæ, Уј сqæркодта: qусѵнæн qустæ
кæмæн іс, ўј qусæд!)
16. Цѵраҕ ссудзгæје, нічі јæ æмбæрзѵ мігæнæ-
нæј нæдæр æј æвæрѵ сѵнтæджсѵ бѵнѵ, фæлæ је
нѵссадзѵ цѵраҕдарæнѵ, цæмæј бацæўджсѵтæ
уноj рухс.
17. Цæмæјдæрідтæр æргом цѵ нæ сўа ахæм
сусæг ніцѵ іс, нæдæр іс ахæм æмбæхст, бæлвѵрд
æмæ qæр цѵ нæ сўа.
18. Æмæ-афтæ бæрæгкæнут, кўд qусут, ўј: цæ-
мæјдæрідтæр кæмæн іс, умæн лæвæрд удзæні;
фæлæ кæмæн нæј, умæј іст удзæні, цѵ æнqæл
у ўј дæр.
19. Æмæ Јæм æрцѵдѵстѵ Јæ мад æмæ Јæ
æфсѵмæртæ, æмæ Јæм хæстæг бацæўн нæ ба-
фæрæстој адæмæј.

20. Æмæ Ін феԛусѵнкодтој: Дæ мад æмæ Дæ
æфсѵмæртæ æдтіје лæўўнц, æмæ сæ Дæ фенѵн
фæндѵ.
21. Уј сѵн дзўап захта: Мæ мад æмæ Мæ æф-
сѵмæртæ стѵ Хуцаўѵ дзѵрдмæ ԛусджсѵтæ æмæ је
æххæстгæнджсѵтæ.
22. Јў бон Уј Је ахургæнінæгтімæ бахѵсті бæ-
лæђмæ, æмæ сѵн захта: ахізæм цадѵ ўцѵ фарсмæ,
æмæ ахѵстѵстѵ.
23. Æмæ удон донѵл кў цѵдѵстѵ, ўæд Уј бафѵ-
нæјі. Цадѵл сѵстаді стѵр ўад, æмæ сæм дон
калді улæнтæј, æмæ удонѵ тас бацѵді.
24. Æмæ Јæм бацѵдѵстѵ, сѵԛал Æј кодтој æмæ
Ін захтој: Амонæг! Амонæг! сæфæм. Уј сѵстаді,
æмæ захта ўадæн æмæ донѵ улæнæн; æмæ бан-
цадѵстѵ, æмæ ссі æнцад.
25. Ўæд сѵн Уј захта: кæм і ўæ ўрнѵндзінад?
Удон та, тæрскæје æмæ дісгæнгæје, сæ кæрæ-
дзіјен дзѵрдтој: ај чі у, ај, донæн дæр æмæ ўа-
дæн дæр чі унаффæкæнѵ, æмæ удон Јæ коммæ
кæмæн кæсѵнц?
26. Æмæ ахѵстѵстѵ Гадарінѵ бастæм, Галлілеаі
комкоммæ чі у, ўрдæм.
27. Æмæ Уј сурмæ кў рахѵсті, ўæд Ѵл сæмбæл-
ді сахарæј јў лæг, рагæј хæјрæгджсѵн чі уді, æмæ
дарæс дæр чі нæ дардта, æмæ хæдзарѵ дæр чі
нæ царді, фæлæ зæппæдзтѵ.
28. Уј Јесоі кў федта, ўæд сԛæркодта, Јæ
разѵ æрхаўді, æмæ ԛæрæј захта: цѵ Дæ ԛæўѵ
мæнæј, Јесо, Бæрзонд Хуцаўѵ Фѵрт? лæхстæ
Дѵн кæнѵн, ԛізæмарæј мæ ма мар.
29. Цæмæјдæрідтæр Јесо захта æнæзæђінаг
удæн ўцѵ лæгæј рацæўн; умæн-æмæ јæ ўј рагæј
фѵдæбонкæнѵнкодта, афтæ — æмæ јў æј сбастој
рæхѵстæј æмæ ԛадамантæј, æмæ јў æј ԛаԛԛæдтој;
фæлæ јў ўј аскўдта јæ бæдтæнтæ, æмæ јў æј
хæјрæг атардта æдзæрæгрæдтæм.
30. Јесо јæ бафарста: дæ ном цѵ у? ўј зах-
та: легіон; умæн-æмæ дзѵ бірæ хæјрæджсѵтæ ба-
цѵдѵстѵ.

31. Ӕмӕ удон кўрдтој Ј е с о ј е, цӕмӕј сӕ ма
арвіта дӕлзӕхмӕ.
32. Ум хӕстӕг, хохѵл хѵсті стѵр хўтѵ дзуг,
ӕмӕ Дзѵ хӕјрӕджсѵтӕ кўрдтој, цӕмӕј сӕ баўа-
дза удон мідӕг бацӕўн. Ўј сѵн бар радта.
33. Хӕјрӕджсѵтӕ, ўцѵ лӕгӕј рацӕўгӕје, бацѵ-
дѵстѵ ўцѵ хўтѵ мідӕг; ӕмӕ ўцѵ дзуг ќардіўӕј
сӕхі бакалдтој цадмӕ, ӕмӕ фесӕфтѵстѵ.
34. Фӕјаўтӕ, цѵ ӕрцѵді, ўј фенгӕје аўадѵстѵ
ӕмӕ феqусѵнкодтој сахарѵ ӕмӕ qӕўтѵ.
35. Ӕмӕ рацѵдѵстѵ, цѵ ӕрцѵді, ўј фенѵнмӕ;
ӕмӕ Ј е с о м ӕ ӕрцӕўгӕјӕ, федтој, хӕјрӕджсѵтӕ
кӕмӕј рацѵдѵстѵ, ўцѵ лӕджсѵ, Ј е с о і ќӕхтѵ цѵр
бадгӕ, ӕддарӕс ӕмӕ ӕдзонд; ӕмӕ фӕтарстѵстѵ.
36. Ӕмӕ хӕјрӕгджсѵнѵ сдзӕбӕхгӕнгӕ чі фед-
тој, удон сѵн радзѵрдтој, кўд здзӕбӕхі, ўј.
37. Ӕмӕ Ін лӕхстӕкодтој Гадарінаг алфамблаі
бӕстӕтѵ адӕм ӕппӕт, цӕмӕј ацӕўа удонӕј;
умӕн-ӕмӕ сӕ стѵр тас бацѵді. Ўј бахѵсті бӕлӕђ-
мӕ, ӕмӕ фӕстӕмӕ аздӕхті.
38. Хӕјрӕджсѵтӕ кӕмӕј рацѵдѵстѵ, ўцѵ лӕг
Дзѵ кўрдта, цӕмӕј Ўјімӕ ўа, фӕлӕ јӕ Ј е с о ар-
вѵста, ӕмӕ ін захта:
39. Аздӕх дӕ хӕдзармӕ, ӕмӕ феqусѵнкӕн,
Хуцаў дѵн цѵ ракодта, ўј. Ўј ацѵді, ӕмӕ дзѵрдта
ӕгас сахарѵ, Ј е с о ін цѵ бакодта, ўј.
40. Ӕмӕ Ј е с о кў раздӕхті, ўӕд Ӕј адӕм
ајстој, умӕн-ӕмӕ Јем сеппӕтдӕр ӕнqӕлмӕ кас-
тѵстѵ.
41. Ӕмӕ Јӕм, мӕнӕ, ӕрцѵді јў лӕг, Іаір зӕђ-
гӕ, нѵхасѵ хіцаў, цӕфтѵді Ј е с о і ќӕхтӕм, ӕмӕ
Ін лӕхстӕкодта, цӕмӕј ін јӕ хӕдзармӕ бацӕўа,
42. Умӕн-ӕмӕ ін уді јўнӕг чѵзг, дуўадӕс
азѵккон, ӕмӕ ўј мӕлӕтцаг рѵнчѵн уді. Ӕмӕ Ўј
кў цѵді, ўӕд Ӕм адӕм ӕфсӕрстој.
43. Ӕмӕ јў ус, дуўадӕс азѵ тугнізӕј чі фӕ-
саці, ӕмӕ јӕ іс јўўлдӕр чі бахардзкодта лечѵр-
тӕн, ӕмӕ кӕј нічі сдзӕбӕхкодта,

44. Уј Јæ чvлдvмvрдvгæј, бацvдi, æмæ Ін Јæ
дарæсv кæронмæ бавнæлдта: æмæ тæккæ ўцv
сахатvл банцадi јæ тугцæўн.
45. Æмæ Јесо захта: чi Мæм æрбавнæлдта?
Æмæ јўўлдæр нæ, кў кодтој, ўæд Петр захта,
æмæ ўјiмæ ўовдђсvтæ: Амонæг! адæм Дvл æм-
бvрд стv, æмæ Дæм æфсæрvнц, æмæ ма Дv
зæђvс: чi Мæм бавнæлдта?
46. Фæлæ Јесо захта: чiдæр Мæм бавнæлдта;
цæмæјдæрiдтæр Æз бамбæрстон, тvх Мæ кæј
рацvдi, ўј.
47. Ўцv ус кў федта, кæј нæ фæсусæдђсi, ўј,
ўæд Æм рiзгæје бацvдi, цæфтvдi Јæ разv, æмæ
Ін адæм æппæтv раз сæргомкодта, цæј тvххæј
Јæм бавнæлдта, ўј, æмæ ўцv сахатvл дæр кўд
сдзæбæхi, ўј.
48. Уј iн захта: ўæнд, чvзгај! дæ урнvндзiнад
дæ фервæзvнкодта, цæўгæ фарнiмæ.
49. Æмæ ма ај цалvнмæ дзvрдта, афтæ јўчi-
дæр æрцvдi нvхасv хiцаўv хæдзарæј, æмæ iн
захта: дæ чvзг амардi. Ахургæнæдђсv ма ўал
qvгдар.
50. Фæлæ Јесо ај кў феqўста, ўæд vн захта:
ма тæрс, æрмæст дæ урнæд, æмæ фервæздзæнi.
51. Æмæ хæдзармæ кў æрцvдi, ўæд нiкæј
баўахта, Петрv, Јоаннv æмæ Јаковv, æмæ ўцv
чvздђсv фvдv, æмæ мадv једтæмæ.
52. Сæппæтдæр кўдтој æмæ æрдiагкодтој ўј
тvххæј; фæлæ сvн Уј захта: ма кæут; ўј нæ
амардi, фæлæ фvнæј у.
53. Æмæ Іл худvн бајдvдтој, ўј кæј амардi, ўј
зонгæје.
54. Фæлæ Уј рарvвста сеппæтv æдтæмæ нvх-
хæцvдi iн јæ ќухvл, æмæ iн захта: о чvзгај!
сvст.
55. Æмæ јæм јæ уд баздæхтi; æмæ ўј ўцv са-
хатvл сvстадi, æмæ iн Уј хæрiнаг радтvнкодта.
56. Æмæ јæ нvјардђсvтæ дiскодтој. Фæлæ сvн
Ўј унаффæбакодта, цæмæј макæмæн зæђој, цv
удi, ўј.

## СÆР 9.

1. Æмæ дуўадæс ахургæнінæгтæм басідті, æмæ
сѵн радта тѵх æмæ бар хæјрæдԩсѵтæ æппæтѵл,
æмæ алѵ нізæj дзæбæхкæнѵнѵл.
2. Æмæ сæ арвѵста Хуцаўѵ патцахад амо-
нѵнмæ, æмæ рѵнчѵнтѵ дзæбæхкæнѵнмæ.
3. Æмæ сѵн захта: мацѵ хæссут фæндагмæ,
нæдæр лæдзæг, нæдæр хордзен, нæдæр дзул,
нæдæр æхца, æмæ ўн дуўæj фæлѵст дарæс
дæр ма ўæд.
4. Æмæ јў цѵ хæдзармæ бацæўат, ум јў нѵл-
лæут, æмæ та јў урдѵгæj ацæут!
5. Æмæ ўæ кæм нæ рајсој, ўцѵ сахарæj
рацæўгæје, æцæђдут ўæ ќæхтѵ рѵг, удонѵл
æвдісæнѵ тѵххæj.
6. Удон ацѵдѵстѵ, æмæ зѵлдѵстѵ ԛæўтѵл,
хорзўацԛўд дзургæје, æмæ алѵ ранѵ ніздԩсѵнтѵ
дзæбæхкодтој.
7. Бæстѵ цѵппæрæм хаjі хіцаў Ірод, кў феԛўста,
J е с о цѵтæ кодта, удон æппæт, ўæд гўрѵсхо-
кодта: цæмæјдæрідтæр јўтæ дзѵрдтој: аj Јоанн
мæрдтæj рајгаci.
8. Іннæтæ, Іліа фæзѵнді зæђгæ, аннæтæ та:
рагон пехумпартæj јў рајгасі.
9. Æмæ Ірод захта: Јоаннæн æз јæ сæр
ракодтон; æмæ ўæдæ, æз aj кæj тѵххæj ԛусѵн,
ўj чі ўа? æмæ Јæ фенѵнмæ агўрдта.
10. Апостолтæ раздæхтѵстѵ, æмæ Ін фæдзѵрд-
тој, цѵ бакодтој, ўj, æмæ сæ Уj акодта Јемæ,
æмæ ацѵді хіцæнæj афтід ранмæ, Віфсаід хўнгæ
сахармæ хæстæг.
11. Фæлæ адæм кў базѵдтој, ўæд Јæ фæдѵл
ацѵдѵстѵ, æмæ сæ Уj рајста, æмæ сѵн дзѵрдта
Хуцаўѵ патцахадѵ тѵххæj, æмæ дзæбæхкæнѵн
кæj ԛўді, удон дзæбæхкодта.
12. Бон та ізæрѵрдæм ќулкæнѵнбајдѵдта. Æмæ
Јæм æрбацѵдѵстѵ дуўадæс, æмæ Ін захтој

адæмv ађадз, ацæђæнт æмгæрон qæђтæм æмæ бæстæтæм æхсæвiђатмæ, æмæ ссардзvстv хæрiнаг; умæн-æмæ мах ам стæм æдзæрæг бæстv.

13. Фæлæ сvн Уј захта: смах сvн радтут хæрiнаг. Удон Vн захтој: махмæ фондз дзулv æмæ дуђæ кæфv једтæмæ нiцv iс; кæд ацæђæм æмæ балхæнæм ајас адæм æппæтv тvххæј, ђј једтæмæ?

14. Цæмæјдæрiдтæр ђцv адæм фондз мiнv јас удvстv. Фæлæ Уј Јæ ахургæнiнæгтæн захта: æрбадvн сæ кæнут рæнqvтæј дæс-æмæ-дуђiссæдзгæјдтæј.

15. Æмæ бакодтој афтæ, æмæ сеппæтvдæр æрбадvнкодтој.

16. Æмæ Уј рајста ђцv фондз дзулv æмæ дуђæ кæфv, скастi арвмæ, арфæ сvн ракодта, асаста сæ, æмæ сæ радта Јæ ахургæнiнæгтæм, адæмæн бајђарvнæн.

17. Æмæ хордтој, æмæ бафсæстvстv сеппæтдæр; æмæ цv ђолдај ќæбæртæ баззадi, удонæј дуђадæс тæсчv бајдзагкодтој.

18. Јђхадт Уј хiбар ран кђ кђвта, Јæ ахургæнiнæгтæ дæр Јæмæ ђовгæјæ, ђæд сæ Уј бафарста: кæђл Мæ хvнцvнц адæм?

19. Удон Vн захтој дзђаппæн: Арђађæг Јоаннvл, чi Iлiаiл; iннæтæ та зæђvнц: рагон пехумпартæј, јђ рајгасi, зæђгæ.

20. Уј та сæ бафарста: смах та Мæ кæђл хvнцут? Петр дзђап радта: Хуцађv Чvрvстiiл.

21. Фæлæ сvн Уј тvнг бафæдзæхста, цæмæј ма кæмæн зæђој ај тvххæј,

22. Зæђгæје, адæјмаджсv Фvртvл зæрæдтæј, сађджсvнтvхiстæртæј æмæ чiнvджсvдæснvтæј бiрæ фvдæбонтæ бавзарvн, æгад фæђн, амæлvн æмæ æртvккæгæм бонv рајгасђн æмбæлv.

23. Æппæтæн та захта: Мæ фæдvл цæђн кæј фæндv, ђј јæхiђл æвдiсæн бакæнæд, æмæ алæбон iсæд јæ дзђар, æмæ Мæ фæдvл цæђæд;

24. Умæн-æмæ јæ удѵ бавæрѵн кæј фæнда, ўј
јæ фесафдзæні; фæлæ Мæн тѵххæј јæ удѵ чі
фесафа, ўј јæ фервæзѵнкæндзæні.
25. Цæмæјдæрідтæр цѵ пајда у адæјмагæн,
дуне јўўлдæр јæхі кў бакæна, фæлæ јæхі кў
фесафа, кæнæ јæхіцæн зіан кў скæна?
26. Цæмæјдæрідтæр Мæнѵл æмæ Мæ дзѵрд-
тѵл чі бавдісæн кæна, ўўл адæјмаджѵ Фѵрт дæр
бавдісæнкæндзæні, Јæхі, Јæ Фѵдѵ, æмæ Јæ
сѵђдæг Зæдтѵ стѵрадѵ кў æрцæўа, ўæд.
27. Æмæ ўн æцæг зæђѵн: ам чі лæўўнц,
удонæј чідæртæ нæ бавзардзѵстѵ мæлæт, афтæ-
мæј фендзѵстѵ Хуцаўѵ патцахад.
28. Ацѵ дзѵрдтѵ фæстæ, јў аст бонѵ кў ацѵді,
ўæд акодта Петрѵ, Јоаннѵ æмæ Јаковѵ, æмæ
ссѵді хохмæ бакувѵнмæ.
29. Æмæ кў кўвта, ўæд Јæ цæскомѵ хўз аівта,
æмæ Јæ дарæс урс, æртівгæ ссі.
30. Æмæ мæнæ, нѵхæстæкодтој Јæмæ дуўæ
лæгѵсѵ, кæцѵтæ удѵстѵ Мојсеј æмæ Іліа.
31. Разѵндѵстѵ стѵрадæј, æмæ нѵхæстæкодтој
Јæ мæлæтѵ, Јерусалімѵ Іл сæххæсткæнѵн кæј
æмбæлѵ, ўј тѵххæј.
32. Петр æмæ Јæмæ чі удѵстѵ, удон бафѵнæј
стѵ, фæлæ кў сѵqалѵстѵ, ўæд Ѵн федтој Јæ
стѵрад, æмæ Јæмæ дуўæ лæгѵсѵ лæўгæ.
33. Æмæ удон Умæј кў хіцæнкодтој, ўæд Петр
захта Јесојæн: Амонæг! махæн ам хорз у; скæ-
нæм æртæ халађудѵ, јў Дæўæн, јў Мојсејен, јў
та Іліајен, цѵ дзѵрдта, ўј нæ зонгæјæ.
34. Æмæ ўј ај кўд дзѵрдта, афтæ фæзѵнді
æврађ, æмæ сѵл æрбадті, æмæ фæтарстѵстѵ,
æврађѵ кў фæстѵ, ўæд.
35. Æмæ рајqўсті æврађæј qæр: Ај у Мæ
ўарзон Фѵрт; Умæ qусут.
36. Ацѵ дзѵрд кў рајqўсті, ўæд Јесо баззаді
јўнæгæј. Æмæ удон нѵqqусѵстѵ, æмæ нікæмæн
ніцѵ захтој ўцѵ бонтѵ, цѵ федтој ўј тѵххæј.
37. Дѵккаг бон, хохæј кў æрцѵдѵстѵ, ўæд Јæ
размæ рацѵді бірæ адæм.

38. Авіппајдѵ ўцѵ адæмæј јў чідæр сqæркодта:
Ахургæнæг! лæхстæ Дѵн кæнѵн, фæкæс мæ
фѵртмæ; јўнæг мѵн у.
39. Æнæзæʒінаг уд æј ацахсѵ, æмæ ўј æвіп-
пајдѵ сqæркæнѵ, æмæ јæ æргæвдѵ, афтæ-æмæ
јæ комæј фѵнк калѵ; æмæ тѵхæј ахіцæн вæјі
умæј, фѵдæбон ѵн кў фæкæнѵнкæнѵ, ўæд.
40. Æз лæхстæкодтон Дæ ахургæнінæгтæн,
цæмæј јæ асуроj, фæлæ удон нæ бафæрæстој.
41. J е с о захта дзўаппæн: о, æнæурнæг æмæ
æнўаг мѵккаг! кæдмæ удзѵнæн ўјемæ, æмæ ўн
кæдмæ бардзѵнæн? æркæн ардæм дæ фѵртѵ.
42. Æмæ ма ўј кў фæцæјцѵді Умæ, афтæ јæ
хæјрæг нѵццафта зæххѵл, æмæ јæ нæмѵн бај-
дѵдта; фæлæ J е с о бабаста ўцѵ æнæзæʒінаг
удѵ, æмæ сдзæбæхкодта ўцѵ лæппуі, æмæ јæ
радта јæ фѵдмæ.
43. Æмæ јўўлдæр діскодтој Хуцаўѵ стѵрадѵл.
Æмæ æппæтмæ діс кў каст, J е с о цѵ кодта,
удон æппæт, ўæд Уј захта Јæ ахургæнінæгтæн.
44. Бавæрут ацѵ дзѵрдтæ ўæ qустѵ: адæј-
мадѩсѵ Фѵрт лæвæрд удзæні адæмѵ ќухтæм.
45. Фæлæ удон нæ бамбæрстој ацѵ дзѵрд,
æмæ ўј уді сусæг удонæј, афтæ æмæ удонæј
æнæ бамбаргæј баззаді; бафæрсѵн та Јæ ўцѵ
дзѵрдѵ тѵххæј нæ ўæндѵдѵстѵ.
46. Æмæ сæ зæрдѵл æрлæўўді, удонæј хістæр
чі у, ўј базонѵн.
47. J е с о базѵдта удонæн сæ зæрдѵфæнд, сіста
сѵвæллонѵ, æмæ јæ æрлæўўнкодта Јæ разѵ,
48. Æмæ сѵн захта: ацѵ сѵвæллонѵ Мæ номæј
чі рајста, ўј Мæн ісѵ; æмæ Мæн чі рајса, ўј
Мæ рарвітæдѩсѵ ісѵ; цæмæјдæрідтæр ўæ æп-
пæтæј кæстæр чі у, ўј хістæр удзæні.
49. Ўæд Јоанн захта: Амонæг! мах федтам, Дæ
номæј хæјрæдѩсѵтѵ чі сѵрдта, ахæм лæдѩсѵ,
æмæ јæ нæ ўахтам, ўј махімæ кæј нæ цæўѵ, ўј
тѵххæј.
50. J е с о ін захта: ўадзут æј; цæмæјдæрідтæр
ўјемæ бѵцæў чі нæ ўа, ўј ўæ фарс у.

51. Ӕмæ дунеје Јæ ахіцæнѵ бонтæ кў æрæв-
вахсѵстѵ, Уј сфæндкодта Јерусаліммæ ацæўн.

52. Ӕмæ Јæ разæј арвѵста мінæвæрттѵ, æмæ
удон ацѵдѵстѵ, æмæ бацѵдѵстѵ Самаріаг qæўмæ,
цæмæј Ін сцæдтæкæнoj бѵнат.

53. Фæлæ Јæ ум нæ бўахтoj, Јерусаліммæ
цæўæдӂсѵ хўзæн кæј уді, ўј тѵххæј.

54. Ӕмæ aj кў федтoj Јæ ахургæнінæгтæ,
Јаков æмæ Јоанн, ўæд Ѵн захтoj: Хіјцаў! фæндѵ
Дæ, цæмæј мах зæђæм, ўоларвæј звнг кўд
æрцæўа, æмæ сæ кўд фесафа, Іліа дæр кўд
бакодта, афтæ?

55. Фæлæ сæм Уј фездæхті, нæ сæ бўахта,
æмæ свн захта: цавæр удæј стут, ўј нæ зонут.

56. Цæмæјдæрідтæр адæјмадӂсѵ Фѵрт æрцѵді,
адæмѵ удтѵ фесафѵнѵ тѵххæј нæ, фæлæ сæ
фервæзѵнѵ тѵххæј. Ӕмæ ацѵдѵстѵ æндæр
qæўмæ.

57. Ӕмæ удон фæндагўл кў удѵстѵ, ўæд Ѵн
чідæр захта: Хіјцаў! æз дæр Дæ фæдѵл цæўн,
Дѵ кæдæм цæўај, ўрдæм.

58. Јесо Ін захта: рувæстæн іс ўормѵтæ,
æмæ æрвон мæрђтæн ахсдæдтæ; фæлæ адæјма-
дӂсѵ Фѵртæн, Јæ сæр кæм æрќулкæна ўјдæр нæј.

59. Ӕндæрæн та захта: рацу Мæ фæдѵл. Ўј
Ін захта: Хіјцаў! фѵтцаг мæ аўадз ацæўн мæ
фѵдѵ банѵгæнѵнмæ.

60. Фæлæ ін Јесо захта: ўадз мæрдтѵ сæ
мæрдтѵ нѵгæнѵн; фæлæ дѵ та рацу, æмæ Ху-
цаўѵ патцахадѵ хорзўацqўд хæсс.

61. Нодӂсѵ Ін æндæр чідæр захта: æз дæр
Дæ фæдѵл цæўн, Хіјцаў! фæлæ мæ фѵтцаг
аўадз, мæ бінонтæн хæрзбон зæђѵнмæ.

62. Фæлæ ін Јесо захта: гутонѵл хæцкæје,
фæстæмæ чі кæса, ўј Хуцаўѵ патцахадмæ æн-
qæлцаў нæў.

## CÆP 10.

1. Ўј фæстæ Хіјцаў сæвзæрста нодѧсvдæр æн-
дæр дæс·æмæ-артіссæдз ахургæнінæгтv, æмæ
сæ арвvста дvгæјдтæј Јæ разv алv сахармæ æмæ
бæстæм, Јæхі цæўн кæдæм фæндvді, урдæм.
2. Æмæ сvн захта: хўмкæрдінаг бірæ іс, фæлæ
хўмонтæ чvсvл стv; æмæ афтæ балæхстæкæнут
кæрдінаг хўмv Хіјцаўæн, цæмæј рарвіта бірæ хў-
монтv кæрдvнмæ.
3. Цæўут; Æз ўæ æрвітvн, ўæрvччvтv бірæѣтv
æхсæнмæ кўд æрвvстæўа, афтæ.
4. Ма хæссут мадæр дзæќул, мадæр хордзен,
мадæр дзабvртæ, æмæ фæндагўл салам макæ-
мæн зæѣут.
5. Цv хæдзармæ јў бацæўат, ўм јў фvтцаг зæ-
ѣут: фарн ацv хæдзарæн.
6. Æм ўм фарнv фvрт кў ўа, ўæд vл фарн æр-
цæўдзæні: кў нæ дзv ўа, ўæд та ўæхімæ раздæх-
цæні.
7. Ўцv хæдзарv баззајут, хæрут æмæ нўазут,
цv сæм ўа, ўј; цæмæјдæрідтæр фæллојгæнæг
мvздv аккаг у, јæ фæллоји тvххæј; хæдзарæј хæ-
дзармæ ма цæут.
8. Æмæ цv сахармæ бацæўат, ум ўæ кў ајсој,
ўæд хæрут, цv ўн æрæвæрој, ўј.
9. Æмæ ум цv рvнчvнтæ ўа, удон дзæбæхкæ-
нут, æмæ сvн дзурут: æрæвваxс ўæм іс Хуцаўv
патцахад.
10. Фæлæ істv сахармæ кў бацæўат, æмæ ўæ
кў нæ ајсој, ўæд ўнгмæ рацæут, æмæ зæѣут:
11. Ўæ сахарv нvл цv рvг нvххæцvді, ўј дæр ўл
цæѣдæм фæстæмæ; фæлæ ўодтæр зонут, Хуцаўv
патцаххад ўæм кæј æрæвваxсі, ўј.
12. Зæѣvн ўн: Содомæн ўцv бонv æнцондæр
удзæні ўцv сахарæј.
13. Мæгўр дæ бон, Хоразін! мæгўр дæ бон,
Віфсаіда! цæмæјдæрідтæр Тірv æмæ Сідонv кў

фæзvндајiккој, смахмæ цv дiссæгтæ фæзvндvстv
удон, ўæд удон qiсvн даргæјæ æмæ фæнvччv
бадгæјæ, радњсv фæфæсмонкодтајiккој.
14. Фæлæ Тiрæн æмæ Сiдонæн дæр смахæј
æнцондæр удзæнi qајмæтv бон.
15. Æмæ дv дæр, Капернаум, арвv онг чi сбæр-
зонд дæ, зvндонv онг нvххаўдзvнæ.
16. Смахмæ чi qусv, ўј Мæммæ qусv, æмæ смах
чi нæ рајсv, ўј Мæн дæр нæ iсv: Мæн та чi нæ
iсv, ўј Мæн чi рарвvста, Уј дæр нæ iсv.
17. Дæс-æмæ-æртiссæдз ахургæнiнадњсv раз-
дæхтvстv цiнгæнгæ, æмæ Iн дзvрдтој: Хiјцаў!
хæјрæдњсvтæ дæр нæ коммæкæсvнц Дæ номv
тvххæј.
18. Уј та захта: Æз федтон сајтанv ўоларвæј
æрхаўгæ æртvвдаў.
19. Мæнæ ўн дæдтvн бар нvллæўўн кæлмvтvл,
æмæ маргдњсvнvл, æмæ знадњсv тvх æппæтvл;
æмæ ўн qvг нiцv бадардзæнi.
20. Фæлæ æнæзæђiнаг удтæ ўæ коммæ кæј
кæсvнц, ўўл ма цiнкæнут, фæлæ ўæ нæмтæ
ўолæрвтv фvст кæј стv, ўј тvххæј цiнкæнут.
21. Ўцv сахатv сцiнкодта Ј е с о Јæ удæј, æмæ
захта: стаўн Дæ, о Мæ Фvд, арвv æмæ зæххv
Хiјцаў, Дv ај, цæснvтæј æмæ зондњсvнтæј кæј
бамбæхстај, æмæ јæ сvвæллæдтæн кæј раргом-
кодтај, ўј тvххæј. Тæккæ афтæ, Мæ Фvд! Цæмæј-
дæрiдтæр афтæ удi Дæ хорзфæндон.
22. Æмæ раздæхтi ахургæнiнæгтæм, æмæ сvн
захта: цvдæрiдтæр Мvн лæвæрд у Мæ Фvдæј;
æмæ Фvрт чi у, ўј нiчi зонv, Фvдv једтæмæ, æмæ
Фvд чi у, ўј нiчi зонv, Фvртv једтæмæ, æмæ Фvр-
тv сæргомкæнvн кæмæн бафæнда, ўј једтæмæ.
23. Æмæ раздæхтi ахургæнiнæгтæм, æмæ сvн
хiбарæј захта: тæхудiаг стv, смах цv унут, ўј чi
унv, ўцv цæстvтæ!
24. Цæмæјдæрiдтæр ўн зæђvн: бiрæ пехумпар-
тv æмæ патцæхтv фæндvдi, смах цv унут ўј фе-
нvн, фæлæ нæ федтој, æмæ смах цv qусут, ўј
феqусvн, фæлæ нæ феqўстој.

25. Æмæ мæнæ, јў дінамонæг сvстаді, ќахта
Јæ, æмæ Ін захта: Ахургæнæг! цv кæнvн мvл
æмбæлv, æнусон цард мæхі цæмæј бакæнон, ўј
тvххæј?
26. Уј ін захта: дінv цv фvст іс? кўд дзv кæсvс?
27. Уј Ін дзўап радта: баўарз дæ Хіјцаў Хуцаўv
дæ зæрдæ æгасæј, æмæ дæ уд æгасæј, æмæ дæ
хæстæдњсv дæр, дæхі хўзæн.
28. Јесо ін захта: раст захтај! афтæ кæн,
æмæ цæрдзvнæ.
29. Фæлæ ўј, јæхі цæмæј срасткодтаід, ўј јæ
фæндvді, æмæ захта Јесојæн, мæ хæстæг та чі у?
30. Аўл vн Јесо захта: јў чідæр лæг фæцæј-
цvді Јерусалімæј Јеріхонмæ, æмæ абvрдњсvтv ќу-
хv бафтvді, удон vн бајстој јæ дарæстæ, бацæф-
тæ јæ кодтој, æмæ ацvдvстv, æмæ јæ нvўахтој
чvсvл ма удæгасæј.
31. Јў чідæр саўдњсvн рацæјцvді ўцv фæндагўл,
æмæ јæ федта, фæлæ іл аівђўдта.
32. Афтæдæр јў левіт уді ўцv ранv, бацvді јæм,
федта јæ, æмæ іл аівђўдта.
33. Фæлæ јў чідæр Самаріаг, јæ цурv рацæј-
цæўгæјæ, бафтvді ўўл, федта јæ, æмæ фæтæрі-
ђæдкодта умæн.
34. Æмæ јæм бацvді, бабаста ін јæ цæфтæ,
æмæ ін сvл аўахта зеті æмæ сæн; æмæ јæ сæ-
вæрдта јæ хæссæнvл, æмæ јæ æркодта ўазæг-
донмæ, æмæ јæм базvлді.
35. Дvккаг бонv кў цvді, ўæд сіста дуўæ діна-
рv, радта сæ ўазæгдонv хіцаўмæ, æмæ ін захта:
базіл æм, æмæ іл кæд адонæј ўолдај істv бахардз-
кæнæј, ўæд, æз кў раздæхон, ўæд дvн сæ бафід-
цvнæн.
36. Кæцv уді, æнqæл дæ, ўцv æртæје јæ хæс-
тæг, абvрдњсvтæ кæј æрцахстој, умæн?
37. Уј Ін захта: аqаз vн чі бакодта ўј. Ўæд vн
Јесо захта: ацу, æмæ дv дæр афтæ кæн.
38. Удон ацv фæндагvл кў цvдvстv, ўæд бацv-
ді Јесо јў qæўмæ; ўм Æј јў чідæр ус, јæ ном
Марфа кæмæн уді, ўј Јæ бакодта јæ хæдзармæ.

39. Умæн уді хо, Маріа хўнгæ, кæцv сбадтi
Јесоі ќæхтv цур, æмæ Ін qўста Јæ дзvрдмæ.
40. Марфа та стvр аходæнv кој кодта, æмæ
бацvці, æмæ захта: Хіјцаў! Дæў æвæтцæгæн ніцv
мæт іс, мæ хо мæ јўнæгæј кусvнæн кæј нvўах-
та, ўј тvххæј? зæђ vн, цæмæј мvн æххўс бакæна.
41. Јесо ін дзўаппæн захта: Марфа! Марфа!
дv мæткæнvс æмæ тvхсvс біраæўл;
42. Фæлæ æрмæст јў qæўv. Маріа та хўздæр
хај сæвзæрста, аіст дзv цv нæ удзæні, ўј.

## СÆР 11.

1. Јўхадт Уј јў ранv кў кўвта, æмæ кў банцаді,
ўæд Vн Јæ ахургæнінæгтæј јў захта: Хіјцаў! ба-
цамон нvн кувvн, Јоанн јæ ахургæнінæгтæн кўд
бацамvдта афтæ.
2. Уј свн захта: кў куват, ўæд афтæ дзурут:
мах Фvд, æрвтv ўоввæг! свђдæг ўæд Дæ ном;
æрцæўæд Дæ патцахад; Дæ бар ўæд зæххvл дæр,
ўоларвv кўд у, афтæ.
3. Нæ дзул нvн онvнæн дæдт махæн алæбон;
4. Æмæ нvн нvпбар нæ тæріђæдтæ, цæмæјдæ-
рідтæр мах дæр барæм нæ алv хæсджсvнæн; æмæ
нæ ма бакæн фvдæвзарæнv, фæлæ нæ фервæ-
зvнкæн фvдбvлvзæј.
5. Æмæ свн захта: смахæј іскæмæн лvмæн кў
ўа, æмæ јæм æмбісæхсæв кў æрцæўа, æмæ ін кў
зæђа: мæ лvмæн! радт мvн æртæ дзулv æфстаў.
6. Цæмæјдæрідтæр мæм мæ лvмæн фæндагæј
æрбацvді, æмæ ін јæ разv цv æрæвæрон, ўј
мæм нæј;
7. Æмæ јæм ўј мідæгæј кў радзура дзўап: qvг
мæ ма дар, мæ дўар æхкæд у æмæ мæ свæл-
лæдтæ стv мемæ хўссæнv; мæ ќухv нæј свстvн
æмæ дvн радтvн;
8. Кў нæ свста, зæђvн смахæн, æмæ ін кў нæ
радта, лvмæндзінадмæ гæскæ, ўодтæр, кўнæ ўал

æj ўадза, ўæд сѵстдзæні, æмæ ін ратцæні, цас
дзѵ кура ўјас.
9. Æз дæр ўн зæђѵн: курут, æмæ ўн лæвæрд
удзæні; агурут, æмæ ссардзѵстут; хојут æмæ ўн
бајгомкæндзѵстѵ.
10. Цæмæјдæрідтæр алѵ курæг рајсѵ, æмæ алѵ
агурæг ссарѵ, æмæ хојæгæн баігомкæнѵнц.
11. Смахæј цавæр фѵд ратцæні јæ фѵртæн дур,
ўј дзѵ дзул кў кура ўæд? кæнæ дзѵ кæсаг кў кура,
ўæд ѵн кæсадҥсѵ бæстѵ калм ратцæні?
12. Кæнæ дзѵ ајк кў кура, ўæд ѵн ратцæні
маргдҥсѵн.
13. Æмæ афтæ, кæд смах хінæјдзаг ўовгæје,
зонут хæрзтæ дæдтѵн ўæ сѵвæллæдтæн: ўæд
ўолдајдæр та ўоларвон Фѵд ратцæні Сѵђдæг Удѵ,
чі Дзѵ кура удонæн.
14. Јўхадт расѵрдта Уј хæјрæдҥсѵ, æгомѵг чі уді
ахæмæј; æмæ хæјрæг кў рацѵді, ўæд æгомѵг дзу-
рѵн бајдѵдта; æмæ адæм діскодтој.
15. Јў-чідæртæ та сæ дзѵрдтој: Уј сурѵ хæјрæ-
дҥсѵтѵ веелзевулѵ хæјрæдҥсѵтѵ æлдарѵ тѵхæј.
16. Фæлæ дзѵ іннæтæ та, ќахкæје кўрдтој ўолар-
вæј нѵсан.
17. Фæлæ сѵн Уј базѵдта сæ зæрдѵфæнд, æмæ
сѵн захта: алѵ патцахад јæхæдæг јæхі мідæг кў
фæдіх ўа, ўæд федзæрæгўдзæні, æмæ хæдзар дæр
јæхæдæг јæхі мідæг кў фæдіх ўа, ўæд фехæл-
дзæні.
18. Æмæ сајтан дæр кæд јæхæдæг јæхі мідæг
фæхіцæні, ўæд ма јæ патцахад кўд фæлæўдзæні?
Смах та зæђут, цѵма Æз веелæвулѵ тѵхæј сурѵн
хæјрæдҥсѵтѵ.
19. Æмæ кæд Æз веелзевулѵ тѵхæј сурѵн хæј-
рæдҥсѵтѵ, ўæд сæ ўæ фѵрттæ та кæј тѵхæј су-
рѵнц? Æмæ ўн ўј тѵххæј удон удзѵстѵ тæрхон-
гæндҥсѵтæ.
20. Фæлæ кæд Æз Хуцаўѵ ќухæј сурѵн хæјрæ-
дҥсѵтѵ, ўæд ўæм бæлвѵрд æрбаввахсі Хуцаўѵ пат-
цахад.

21. Тѵхдњсѵн æдгæрстæ кў qaqqæнѵ јæ хæдзар, ўæд јæ іс æдас вæјі.

22. Фæлæ јæ јæхіцæј тѵхдњсѵндæр кў æрбѵрса, æмæ јæ басæдта, ўæд ѵн јæ гæрстæ јўўлдæр бајсцæні, јæ нѵф̭с кæўл уді удон, æмæ ін јæ хотѵхтæ бајўардзæні.

23. Мемæ чі нæ ўа, ўј Мæ нѵхмæ лæўѵ; æмæ Мемæ æмбѵрд чі нæ кæна, ўј хæліўкæнѵ.

24. Æнæзæђінаг уд лæгæј кў рацæўѵ; ўæд æнæдон рæдтѵ зілѵ, æрѵнцаін агурѵ æмæ кў нæ арѵ, ўæд ўј зæђѵ: аздæхон мæ хæдзармæ, кæцæј рацѵдтæн, ўрдæм.

25. Æмæ јæм кў бацæўѵ, ўæд æј ссарѵ марстæј æмæ арæстæј.

26. Ўæд ацæўѵ, æмæ æркæнѵ јæмæ јæхіцæј фѵдтæр авд æндæр удѵ, æмæ бацæўнц ўрдæм, æмæ дзѵ цæрѵнц. Æмæ ўцѵ лæгæн фѵтцагонæј фæстагон фѵдтæр вæјі.

27. Æмæ Уј ај кў дзѵрдта, ўæд адæмѵ æхсæнæј јў ус qæргæнгæнгæјæ захта: тæхудіаг у, Дæў чі схаста ўцѵ гўбѵн, æмæ Дѵ цѵ дзідзітæ дадтај удон!

28. Уј та захта: тæхудіаг стѵ, Хуцаўѵ дзѵрд чі qусѵнц, æмæ јæ чі æвæрѵнц, удон!

29. Æмæ адæм бірæјæ кў æрæмбѵрдѵстѵ, ўæд Уј бајдѵдта дзурѵн: ўцѵ мѵккаг хінæјдзаг у, ўј нѵсан агурѵ: фæлæ ін нѵсан лæвæрд нæ удзæні, пехумпар Јонаі нѵсанѵ једтæмæ.

30. Цæмæјдæрідтæр Јона Ніневіæгтæн нѵсанæн кўд уді, адæјмадњсѵ фѵрт дæр афтæ удзæні уцѵ мѵккагæн.

31. Хурварсѵ æхсін нѵллæўдзæні тæрхонѵл ацѵ мѵккадњсѵ адæмімæ, æмæ сѵн фѵдтæрхон кæндзæні: цæмæјдæрідтæр ўј æрцѵді зæххѵ кæронæј Соломонѵ стѵрзонддзінад феqусѵнмæ; фæлæ ам Соломонæј стѵлдæр іс.

32. Ніневіæгтæ нѵллæўдзѵстѵ тæрхонѵл ацѵ мѵккадњсімæ, æмæ сѵн фѵдтæрхон бакæндзѵстѵ, цæмæјдæрідтæр удон фæфæсмонкодтој Јонаі амѵндæј, фæлæ ам Јонаје стѵлдæр іс.

33. Цѵраҕ чі ссудзѵ, ўj jæ æмбæрст ранѵ нæ
цæвæрѵ, нæдæр мігæнæнѵ бѵн, фæлæ цѵраҕда-
рæнѵл, цæмæj мідæмæ бацæўдꙑсѵтæ рухс уноj.
34. Бўарæн jæ рухсгæнæг цæст у, æмæ афтæ,
дæ цæст сѵҕдæг кў ўа, ўæд дæ бўар дæр
æгасæj рухс удзæні, фæлæ ўj æвзæр кў ўа,
ўæд дæ бўар дæр талѵнг удзæні.
35. Æмæ афтæ, кæс, дæ мідæг цѵ рухс іс,
ўj талѵнг міjаг нæў.
36. Кæд дæ бўар jўўлдæр рухс у, æмæ jæ jў
онг дæр талѵнг нæ у; ўæд jўўлдæр рухс удзæні,
цѵма дæ рухсгæнæн рухс кæнѵ, ўjаў.
37. Уj аj кў дзѵрдта, афтæ Jæ jў фарісе
ахўдта jæхімæ сіхор хæрѵнмæ. Уj бацѵді æмæ
æрбадті.
38. Æмæ фарісе дісфæкодта, Уj сіхорѵ размæ
Jæ ќухтæ кæj нæ цæхсадта, ўj кў фæдта, ўæд.
39. Фæлæ ін Хіjцаў захта: нѵр смах, фарісетæ,
ќусѵ æмæ тæбæҕѵ æдтіjе сѵҕдæгкæнут, фæлæ
ўæ хўлф мідæгæj дзаг у стіҕѵнæj æмæ хінæj.
40. Æдѵлѵтæ! æдтагон чі сфæлдѵста, мідæгка-
гон дæр ўj не скодта цѵ?
41. Ўj бæстѵ хорзæх дæдтут, цѵ ўæм іс,
умæj; ўæд ўн jўўлдæр сѵҕдæг удзæні.
42. Фæлæ мæгўр ўæ бон, фарісетæ, дæсæм
хаj біт́наjæ, qѵџѵjæ, æмæ цæхæрадонѵ халсарæj
кæj дæдтут, фæлæ Хуцаўѵ тæрхондзінадѵ тѵххæj
мæт кæj нæ кæнут, умæн; аj кæнѵн æмбæлді,
æмæ ўj нѵўадзѵн дæр нæ qўді.
43. Мæгўр ўæ бон, фарісетæ, нѵхæстѵ ўолjе
бадѵн, æмæ адæмѵ æмбѵрдтѵ саламтæ кæj
ўарзут ўj тѵххæj.
44. Мæгўр ўæ бон, чінѵдꙑсѵдæснѵтæ æмæ
фарісетæ, цæстмæqустæ, смах æмбæхст інгæнтаў
стут, кæцѵтѵл цæўнц, æмæ ўj нæ зонѵнц.
45. Аўл Ѵн дінамондꙑсѵтæj jў чідæр захта:
Ахургæнæг! аj дзургæjе, Дѵ мах дæр æфхæрѵс.
46. Фæлæ Уj захта; мæгўр ўæ бон смахæн
дæр, дінамондꙑсѵтæн, адæмѵл зѵнхæссæн æр-

ӡæмдтæ кæј æвæрут, фæлæ сæм ўæхўдтæг ўæ
ќухv æнгўлдзæј дæр кæј нæ æвналут, ўј тvххæј.
47. Мæгўр ўæ бон, ўæ фvдæлтæ цv пехум-
партv фæцахтој удонæн зæппæдзтæ кæј амајўт,
ўј тvххæј.
48. Умæј смах æвдiсæнлæўут ўæ фvдæлтv qўд-
тæгтvл, æмæ удонiмæ ўæхi æмхајкæнут; цæмæј-
дæрiдтæр удон фæцахтој пехумпартv, смах та
сvн зæппæдзтæ амајўт.
49. Ўј тvххæј Хуцаўv бiрæзонддзiнад дæр захта:
арвiтцvнæн сæм пехумпартv æмæ мiнæвæрдтv,
æмæ удонæј кæј амардзvстv, кæј та ратæр-
дзvстv;
50. Фiдтон фæўæд ацv мvккагæн пехумпартv
сеппæтv тvг, дунеi сфæлдiсæнæј нvрмæ кæј
акалдтој, ўј,
51. Авелv тугæј Захарii тудӂсv онг, кувæн-
донæј арӡўанv æхсæн кæј амардтој, ўј; һај-һај,
зæӡvн смахæн, фæфiдтон удзæнi ацv мvккагæн.
52. Мæгўр ўæ бон, дiнамондӂсvтæн, зонддзi-
надv дæӡæл кæј ајстат, æмæ јæм ўæхўдтæг
дæр кæј нæ бацvдvстут, æмæ јæм бацæўн кæј
фæндvдi, удон дæр кæј нæ бўахтат, ўј тvххæј.
53. Æмæ сvн Уј ај кў дзvрдта, ўæд Vл чiнv-
дӂсvдæснvтæ æмæ фарiсетæ тvхдӂсvнæј æмбvрд-
кæнvн бајдvдтој, æмæ Дзv тvхæј дзўаппvтæ
кўрдтој бiрæ цæјдæртv тvххæј,
54. Агўрдтој Јæм æмæ Iл зvлдvстv, цæмæј Iн
Јæ дзvхæј iстv ацахсој, æмæ Јæ фæзvлvнкæној.

## СÆР 12.

1. Æмæ ќорд мiн адæмтæ кў æрæмбvрдстv,
сæ кæрæдзii æнтvснæг кўд кодтој афтæ, ўæд
Уј рајдvдта дзурvн раздæр Јæ ахургæнiнæгтæн:
ўæхi хiзут фарiсетv æнqiзæнæј, кæцv у цæст-
мæqусдзiнад.
2. Цv нæ сæргом ўа, ахæм æмбæхст нiцv iс,
æмæ цv нæ базvндæўа, ахæм сусæгдзiнад нæј.

3. Ўj тѵххæj талѵндюсѵ цѵ захтат, ўj рухсѵ
феqустæўдзæні; æмæ qусѵ цѵ дзѵрдтат хæдзарѵ
мідæг, ўj ўолхæдзарæj раq̣æр удзæні.
4. Æмæ ўн зæђѵн смахæн, Мæ хæлæрдтæн:
бўарѵ мардюсѵтæj ма тæрсут, ўj фæстæ умæj
фѵлдæр істѵ кæнѵн чі нæ фæразѵ.
5. Фæлæ ўн зæгѵн, кæмæj тæрсат: тæрсут
амарѵнѵ фæстæ геенiаі баппарѵн jæ ќухѵ кæ-
мæн іс, умæj: æцæг ўн зæђѵн, тæрсут умæj.
6. Фондз ц́іўѵ дуўæ ассаріаіл нæ ўојчѵндæўѵ
нæ? æмæ удонæj jўдæр рох нæў Хуцаўæj.
7. Смахæн та ўæ сæрѵ qўнтæ дæр jўўлдæр
хѵђд ѵстѵ. Ўодæ ма тæрсут; смах бірæ ц́іўтæj
зѵнарђдæр стут.
8. Æмæ ўн зæђѵн: алкæjдæр, æргомæj чі дзура
Мæнѵл адæмѵ раз, ўўл адæjмадюсѵ Фѵрт дæр
æргом дзурдзæн Хуцаўѵ зæдтѵ раз.
9. Фæлæ Мѵл æвдісæн чі бакæна адæмѵ раз,
ўj æвдісæнгонд удзæні Хуцаўѵ зæдтѵ раз.
10. Æмæ алкæмæн, адæjмадюсѵ Фѵртѵл æвзæр
чі зæђа, умæн барсѵ удзæні; фæлæ Сѵђдæг Удѵл
фаўндзінад чі зæђа, умæн барст нæ удзæні.
11. Æмæ ўæ нѵхæстæм кў бакæноj хістæртæм
æмæ хіцæўдтæм; ўæд мæт ма кæнут, кўд, кæнæ
цѵ дзўап радтат, кæнæ цѵ зæђат, ууўл.
12. Умæн-æмæ ўн Сѵђдæг Уд бацамондзæні
ўцѵ сахатѵл, цѵ зæђѵн qæўѵ, ўj.
13. Адæмæj Ін jўчідæр захта: Ахургæнæг! зæђ
мæ æфсѵмæрæн, цæмæj мемæ бѵн баjўара, ўj.
14. Фæлæ Уj ўцѵ лæгæн захта: чі Мæ нѵл-
лæўнкондта смахæн тæрхонгæнæг, кæнæ смах
ўарæг.
15. Афтæдæр сѵн захта: кæсут, ўæхі qaq-
qæнут бірæ фосўарзѵндзінадæj, цæмæjдæрідтæр
лæдюсѵ цард jæ бірæ ісѵ фæрцѵ нæj.
16. Æмæ сѵн захта фæсномѵгнѵхас: ўj qæздѵг
лæгæн jæ бѵдѵрѵ æрзаді хор хорз;
17. Æмæ ўj qўдѵкодта jæхінѵмæрѵ: цѵ кæнон?
мæ хор кæм æрæмбѵрдкæнон, ўj мæм нæj.

18. Æмæ захта: цæј афтæ бакæнон: фехалон
мæ хордæдтæ, æмæ стѵлдæртæ скæнон, æмæ
ум æрæмбѵрдкæнон мæ хор æмæ мæ хорз
јўўлдæр.
19. Æмæ мæ удæн зæђон: мæ уд! бірæ хæрзтæ
дѵн лæўѵ бірæ æзтæн, æнцој у, хæр, нўаз,
мінаскæн.
20. Фæлæ ін Хуцаў захта: æдѵлѵ! ацѵ æхсæв
дѵн дæ уд ајсцѵстѵ, æмæ кæмæн баззајдзæні,
дѵ кæј æрæмбѵрдкодтај, ўј?
21. Афтæ вæјі, јæхіцæн хæзна чі æмбѵрдкæнѵ,
æмæ Хуцаўѵ тѵххæј чі нæ qæздѵгкæнѵ, ўјімæ.
22. Æмæ Јæ ахургæнінæгтæн захта: ўј тѵххæј
ўн Æз зæђѵн: ўæ удѵ тѵххæј мæт ма кæнут,
цѵ хæрат, нæдæр ўæ бўарѵ тѵххæј, цѵ дарат.
23. Уд хæрінагæј хістæр у, æмæ бўар дарæсæј.
24. Акæсут халæдтæм: удон нæ таўгæкæнѵнц,
нæдæр кæрдѵнц; нæј удонæн нæдæр æвæрæн-
дæдтæ, нæдæр хордæдтæ, æмæ сæ Хуцаў хæс-
сѵ; смах та цас ўолдај хўздæр стут мæрђтæј?
25. Æмæ смахæј мæткæнѵнæј јæхіцæн јæ
асѵл јў æрмæрін ўодтæр чі бафтаўдзæні?
26. Æмæ кæд јў чѵсѵл скæнѵн дæр нæ фæра-
зут, ўæд æндæрѵ тѵххæј цѵ мæт кæнут?
27. Акæсут дідінҗсѵтæм, кўд рæзѵнц: нæ фæл-
лојкæнѵнц, нæ æлвісѵнц; фæлæ ўн зæђѵн:
Соломон дæр јæ æгас стѵрадѵ нæ арæста јæхі,
удонæј алчі кўд арæст у, афтæ.
28. Кæд бѵдѵрѵ кæрдæҗсѵ, абон чі заји, рајсом
та артѵ æппæрст чі удзæні, Хуцаў афтæ фæ-
лѵндѵ, ўæд ўолдајдæр та смах, чѵсѵлўрнҗсѵтæ.
29. Æмæ афтæ ма агурут, цѵ хæрат, кæнæ цѵ
нўазат, ўј, æмæ мæт дæр ма кæнут;
30. Умæн-æмæ ај æппæт агурѵнц ацѵ дунеі
адæм; смахæн та ўæ Фѵд зонѵ, удон ўæ кæј
qæўнц, ўј.
31. Ідтæгдæр агурут Хуцаўѵ патцахад, æмæ
ўл адон æппæтдæр бафтдзѵстѵ.

32. Ма тæрс, чvсvл дзуг! цæмæјдæрідтæр ўæ
Фvдv бафæндvді смахæн патцахад радтvн.
33. Ўојкæнут ўæ істæ, æмæ дæдтут хорзæх.
Цæдтæкæнут ўæхіцæн, зæронд чі нæ кæнv,
ахæм æвæрæндæдтæ, авідігæ хæзнадон ўолæр-
втv, хуснæг кæдæм нæ хæтцæкæнv, æмæ рæм-
пæг кæм нæ хæрv.
34. Цæмæјдæрідтæр ўæ хæзна кæм іс, ум
удзæні ўæ зæрдæ дæр.
35. Ўонт ўæ рæдтæ ўæ астæўтvл баст, æмæ ўæ
рўхсгæнæнтæ свђд;
36. Æмæ смах чvндзæхсæвæј сæ хіцаўv
раздæхvнмæ æнqæлмæ чі кæсvнц, ўцv адæмv
хўзæн удзvстут, цæмæј кў æрцæўа, æмæ кў
бахоја, ўæд vн ўцv сахатvл бајгомкæној.
37. Тæхудіаг стv ўцv цађартæ, кæцvтv, сæ хі-
цаў æрцæўгæје, ссардзæні qæлдзæгæј; æцæг ўн
зæђvн: ўј јæ астæў æрбабæтдзæні, æмæ сæ æр-
бадvнкæндзæні, æмæ сæм бацæўдзæні, æмæ сvн
кастæріўог кæнvн бајдајдзæні.
38. Æмæ дvккаг qаqqæнvн афонv кў æрцæўа,
æмæ æртvккаг qаqqæнvн афон дæр кў æрцæўа,
æмæ сæ афтæ кў ссара, ўæд тæхудіаг стv ўцv
цађартæ.
39. Смах зонут, хæдзарv хіцаў кў зонід, кæцv
сахатvл æрбацæўдзæні хўснæг, ўæд qæлдзæг ўаід,
æмæ јæ хæдзарv ќахvн нæ баўадзід.
40. Æмæ ўодæ смах дæр цæдтæ ут, цæмæј-
дæрідтæр, кæцv сахатvл нæ æнqæл ўат, ўцv са-
хатvл æрцæўдзæні адæјмадџсv Фvрт.
41. Ўæд Vн Петр захта: Хіјцаў! махæн дзурvс
ацv фæсномvгнvхас, æві æппæтæн дæр?
42. Хіјцаў та захта: æўонкдџсvн æмæ хорззон-
дџсvн хæдзармæгæсæг чі, у, јæ хіцаў кæј нvллæўн-
ќодта јæ цађартvл, цæмæј сvн афонvл ўара хорv
барæн?
43. Тæхудіаг у ўцv цађар, јæ хіцаў кў æрцæўа,
æмæ јæ афтæ гæнгæ кў ссара:
44. Æцæг ўн зæђvн: јæ іс æппæт vн јæ
æвдџсід бакæндзæні.

45. Фæлæ ўцѵ цађар јæ зæрдѵ кў зæђа: рæхчѵ
нæ æрцæўдзæні мæ хіцаў, æмæ кусдњсѵтѵ æмæ
фæсцæўінтѵ нæмѵн кў бајдаја, хæрѵн, æмæ нўа-
зѵн, æмæ расѵгкæнѵн:
46. Ўæд ўцѵ цађарæн јæ хіцаў æрцæўдзæні,
кæцѵ бон æм æнqæлмæ нæ кæса, ўцѵ бонѵ, æмæ
кæцѵ сахатѵ æнqæл нæ ўа, ўцѵ сахатѵ, æмæ
јæ адуўæкæндзæні, æмæ јæ æнææўонкдњсѵнтімæ
семхузонкæндзæні.
47. Æмæ ўцѵ цађар, јæ хіцаўѵ фæндон чі зѵдта,
æмæ цæдтæ чі нæ уді æмæ ін јæ фæндонмæ гæ-
скæ чі нæ кодта, бірæ над удзæні.
48. Фæлæ чі нæ зѵдта, æмæ афтæмæј æфхæ-
рѵнѵ аккаг чі бакўста, ўј ќадтæр над удзæні.
Æмæ алкæмæјдæр, бірæ лæвæрд кæмæн у, умæј
бірæ фæлђўд удзæні; æмæ бірæ фæдзæхст кæ-
мæн у, умæј фѵлдæр іст удзæні.
49. Зѵнг цæмæј æрцæўа зæхмæ, Æз ўј тѵх-
хæј æрцѵдтæн: æмæ Мæ цѵхўзæн фæндѵ, ўј цæ-
мæј сцѵрѵн ўаід, ўј!
50. Арђўдæј Мѵн арђаўн qæўѵ: æмæ Æз цас
ўнгæгкæнѵн, цалѵнмæ ај сæххæст ўа!
51. Æнqæлстут міјаг, Æз зæххæн æнцојдзінад
дæдтѵнмæ æрцѵдтæн? Нæ, зæђѵн ўн, фæлæ ўа-
рѵнæн.
52. Цæмæјдæрітæр нѵрæј фæстæмæ фæндз-
гæјдтæ јў хæдзарѵ бајдајдзѵстѵ хіцæнкæнѵн, æр-
тæ дуўæі нѵхмæ; æмæ дуўæ æртæі нѵхмæ.
53. Фѵд јæ фѵртѵ нѵхмæ удзæні, æмæ фѵрт јæ
фѵдѵ нѵхмæ; мад јæ чѵздњсѵ нѵхмæ, æмæ чѵзг
јæ мадѵ нѵхмæ, æфсін јæ чѵндзѵ нѵхмæ, æмæ
чѵндз јæ æфсінѵ нѵхмæ.
54. Адæмæн дæр захта: саў міђ хурнѵгўлѵнæј
цæўгæ кў унут, ўæд ўцѵ сахатѵл зæђут: ќæвда
удзæні, æмæ афтæ вæјі.
55. Æмæ хурварсæј дѵмгæ кў дѵмѵ, ўæд зæђут:
æнтæфбон удзæні, æмæ вæјі.
56. Цæстмæqустæ! зæххѵ æмæ арвѵ цæском
æвзарѵн кў зонут, ўæд ўцѵ афонѵ кўд нæ базон-
дзѵстут?

57. Ўодæ ўæхімæ гæскæ, цæј тvххæј нæ зонут
цæўл æрцæўн æмбæлv, ўј?
58. Дv, дæўл qастгæнæдњсімæ хіцæўдтæм кў
цæўај; ўæд фæндагўл архај умæј дæхі ссæрібар-
кæнvнvл, цæмæј дæ ўј тæрхонгæнæгмæ ма ба-
кæна, æмæ дæ тæрхонгæнæг ма радта qіамæт-
кæнvнгæнæгмæ; æмæ дæ qіамæткæнvнгæнæг ма
бакæна талvнг ахæстдонv.
59. Зæђvн дvн: нæ рацæўдзvнæ ўрдvгæј, цалvн-
мæ ін нæ радтај фæстæг ќапек дæр.

## С Æ Р 13.

1. Ўцv афонv чідæртæ æрцvдvстv, æмæ Ін ра-
дзvрдтој, Пілат, сæ нvвæндтімæ сæ туг кæмæн
схæтцæкодта, ўцv Галілеегтv тvххæј.
2. Јесо сvн аўл захта афтæ: æнqæлут міјаг,
ўцv Галілеегтæ, Галілеегтæн сеппæтæј тæріђæд-
дњсvндæр удvстv, ахæм фvдæбонv кæј фестv, ўј
тvххæј?
3. Нæ, зæђvн смахæн: фæлæ кў нæ фæфæ-
смонкæнат, ўæд ўеппæтдæр афтæ фесæфцvстут.
4. Кæнæ, Сілоамv мæсvг кæўл нvккалді, æмæ
кæј фæцахта, ўцv стæс лæдњсv, Јерусалімv
цæрдњсvтæ æппæтæј зvлvндæр удvстv, æнqæлут?
5. Нæ, зæђvн смахæн; фæлæ кў нæ фæфæс-
монкæнат, ўæд ўеппæтдæр афтæ фесæфцvстут.
6. Æмæ сvн захта ацv фæсномvгнvхас: кæмæн-
дæр уді јæ сæндонv леђвіі сађд бæлас, æмæ јæм
æрцvді дvрђ агурvнмæ, фæлæ іл не ссардта.
7. Æмæ захта сæндонгæсæн: мæнæ æз æр-
тvккгаг аз цæўн ацv леђвіі бæласvл дvрђ агурvн-
мæ, æмæ іл нæ арvн; алvг æј кæн: зæхх дæр
ма хўмæтæдњсv цæмæн ахсv?
8. Фæлæ ін ўј захта дзўап: хіцаў! нvўадз ма јæ
ацv аз дæр, цалvнмæ ін æз јæ алфамблај сќахон,
æмæ іл фадњсvс нvккæнон;

9. Кæд vл дvрҕ æрзаід міјаг; фæлæ іл кў нæ
æрзаја, ўæд æј іннæ азv алvгкæндзvнæ.

10. Јў нvхасv амvдта Ўј сабат бонv;

11. Ум уді стæс азv æнæзæҕінаг удæј рvн
æфтvд кæўл уді, ахæм ус: ўј кæдзтæ-мæдзтæ
уді, æмæраст лæўvн нæ фæрæста.

12. Јесо јæ федта, басідті јæм, æмæ ін захта:
о, усај! дv ірвæзvс дæ рvнæј.

13. Æмæ іл æрæвæрдта Јæ ќухтæ, æмæ ўј ўцv
сахатvл арасті, æмæ Хуцаўv стаўн бајдvдта.

14. Ўæд нvхасv хіцаў смæсті Јесо сабат
бонv ўј кæј сдзæбæхкодта, ўј тvххæј, æмæ
захта адæмæн: qўдтаг кæнvнæн іс æхсæз бонv,
ўцv бонтv цæўут ўæхі дзæбæхкæнvнмæ, фæлæ
сабат бонv мæ цæўут.

15. Хіјцаў vн захта дзўаппæн: цæстмæqус!
смахæј чідæрідтæр нæ сvўадзv нæ сабатбонv
јæ галv, кæнæ јæ хæссæнv сæ кæвдæсæј, æмæ
сæ нæ аласv нæ донмæ?

16. Ўодæ ацv Авраамv чvзџсv, сајтан стæс
азv кæј сбаста, сўўоҕдкæнvн нæ æмбæлді нæ
сабат бонv јæ бæдтæнтæј?

17. Æмæ Ўј ај кў дзvрдта, ўæд Јæмæ бv-
цæўгæнџсvтæ сеппæтдæр æфсæрмvкодтој, æмæ
адæм æппæт цінкодтој Јæ хорз qўдтæгтv
тvххæј.

18. Ўј та сvн захта: цæј хўзæн у Хуцаўv пат-
цахад? æмæ јæ цæј хўзæн скæнон?

19. Ўј qvџvі нæмvдџсv хўзæн у, лæг кæј
рајста, æмæ кæј нvссахта јæ цæхæрадонv; æмæ
срæсті, æмæ ссі стvр бæлас, æмæ æрвон
мæрҕтæ нvмæхстvстv јæ ќабузтv бvн.

20. Нодџсvдæр захта: цæј хўзæн скæнон Ху-
цаўv патцахад?

21. Ўј æнqізæнv хўзæн у, ус кæј рајста, æмæ
ссадv æртæ барæнv мідæг кæј цæвæрдта, ца-
лvнмæ јўлдæр сæнqіза, ўалvнмæ.

22. Æмæ зvлді сахартvл æмæ qæўтvл, æмæ
амvдта, Јæ фæндаг Јерусаліммæ даргæје.

23. Јўчідæр V'н захта: Хіјцаў! удvбæстæ ар-
дѩсvтæ æцæг чvсvл стv? Уј та сvн захта:
24. Архајўт ўнгæг дордтvл бацæўн; цæмæј-
дæрідтæр, ўн зæҕvн, бірæтæ бацæўvнvл архај-
дзvстv æмæ нæ бафæраздзvстv.
25. Хæдзарv хіцаў кў сvста æмæ дордтæ кў
сæхкæна; ўæд смах, æдтіје лæўгæје, дўарv хоін
бајдајдзvстут, æмæ дзурдзvстут: Хіјцаў! Хіјцаў!
бајгом нvн кæн дўар; фæлæ ўн Уј, зæҕдзæні
дзўап; нæ ўæ зонvн, кæцæј стут смах.
26. Ўæд дзурvн бајдајдзvстут: мах хордтам
æмæ ностам Дæ разv, æмæ нvн нæ ўнгтvл
амvдтај Дv.
27. Фæлæ ўј зæҕдзæн: зæҕvн ўн, нæ ўæ
зонvн, кæцæј стут; ацæут Мæнæј мæнггæндѩсv-
тæ ўеппæт.
28. Ум удзæні кæўн æмæ дæндæгтv qvcqvc,
Авраамv, æмæ Ісаакv, æмæ Јаковv, æмæ пехум-
пафтæ æппæтv кў фенат Хуцаўv патцахадv,
ўæхі та æдтæмæ сургæје, ўæд.
29. Æмæ æрцæўдзvстv хурскæсæнæј, æмæ
хурнvгўлvнæј, æмæ цæгатфарсæј, æмæ хурвар-
сæј, æмæ æрvнцајдзvстv Хуцаўv патцахадv.
30. Æмæ мæнæ іс фæстæгтæ, фvтцæгтæ чі
удзvсту, æмæ фvтцæгтæ, фæстæгтæ чі удзvстv.
31. Ўцv бон æрцvдvстv јўчідæртæ фарісетæј,
æмæ Ін захтој: ацу, æмæ дæхі ајс ардvгæј,
цæмæјдæрідтæр Дæ Ірод марvнмæ qавv.
32. Æмæ сvн захта: ацæут, æмæ зæҕут ўцv ру-
васæн: мæнæ сурvн хæјрæдѩсvтv, æмæ дзæбæх-
кæнvн нізтæј абон æмæ рајсом, æмæ æртvккаг
бонv фæўдзvнæн.
33. Фæлæ Мvл æмбалv цæўн, абон рајсом æмæ
фæстаг бон, умæн-æмæ пехумпарæн јæ сæфт Је-
русалімv једтæмæ нікў іс.
34. Јерусалім, Јерусалім, пехумпартv цæҕдæг,
æмæ дæўмæ æрвvстvтv дуртæј марæг! цал хадтv
Мæ фæндvді дæ qæбултv æрæмбvрдкæнvн, марҕ
јæ лæппvнтv, јæ базvртv бvн кўд æрæмбvрдкæнv
афтæ, æмæ смах нæ бафæндvді!

35. Мæнæ, ўн ўæ хæдзар заjі афтідæj. Зæђvн
ўн: цалvнмæ æрцæўа ахæм рæстæг, арфæђонд
дæ Хіjцаўv номæj цæўæг, зæђгæ Мvн кў зæђат,
ўалvнмæ Мæ нал фендзvстут.

## СÆР 14.

1. Jўхадт сабатбонv фарісетv хістæрv хæдзар-
мæ бацvді хæрvнмæ; æмæ Jæм удон qaqqæдтоj.
2. Æмæ, мæнæ, æрбалæўўді Jæ разv jў донніз-
дђсvн лæг.
3. Ўj тvххæj Jeco бафарста дінамондђсvтv
æмæ фарісетv: сабат бонv дзæбæхкæнvн фæтдђсv?
4. Удон нvqqусстv. Æмæ jæм бавнæлдта, сдзæ-
бæх æj кодта, æмæ jæ аўахта.
5. Æмæ сvн захта: смахæj іскæмæн jæ хæссæн,
кæнæ jæ гал кў нvххаўа цаjі; ўæд æj ўцv сахатv
нæ сласцæні сабатбонv дæр?
6. Æмæ Ін аўл дзўап дæдтvн нæ бафæрæстоj.
7. Æмæ кў федта, ўаздђсvтæ хістæрv бvнат
кæj агўрдтоj, ўj, ўæд сvн захта фæсномvгнvхас:
8. Ісчі дæ чvндзæхсæвмæ кў бахона, ўæд хіс-
тæрv бvнатv ма сбад, цæмæj, умæj хўнд ўаздђсv-
тæj, ісчі дæўæj каддђсvндæр ма ўа;
9. Æмæ дæў дæр æмæ ўj дæр чі бахўдта, ўj
дæм ма бацæўа, æмæ дvн ма зæђа: радт умæн
дæ бvнат, æмæ ўæд дv, æфсæрмvгæнгæjе, qўамæ
сбадаj фæстаг бvнатvл.
10. Фæлæ хўнд кў ўаj; ўæд, æрцæўгæjе, сбад
фæстаг бvнатv, цæмæj дæ бахонæг бацæўа, æмæ
дvн зæђа: мæ лvмæн! ўолдæр сбад; ўæд дvн кад
удзæні, демæ чі бадv, удонv раз.
11. Цæмæjдæрідтæр алчі, jæхі чі бæрзондкæнv,
ўj фæнvллæг удзæні; фæлæ jæхі чі нvллæгкæ-
нv, ўj сбæрзонд удзæні.
12. Æмæ Jæ чі бахўдта, умæн дæр захта: сі-
хор кæнæ æхсæвæр кў кæнæj; ўæд дæ лvмæнтv
ма хон, мадæр дæ æфсvмæртv, мадæр дæ æрва-

дæлтv, мадæр qæздvг сvхæгтv, цæмæј дæ удон дæр іскў ма бахоној, æмæ дvн æј ма бафідој.
13. Фæлæ кў хонај; ўæд хон мæгўртv, цæнкўлтv, ќўлvхтv, кўрмvтv:
14. Æмæ тæхудіаг удзvнæ, умæн-æмæ дvн удон бафідvн нæ бафæраздзvстv; цæмæјдæрідтæр дvн фvст удзæні рæстvтv мæрдтæј рајгасv бон.
15. Ај кў феqўста, Ујімæ чі бадтvстv удонæј, јўчідæр, ўæд захта: тæхудіаг у, Хуцаўv патцахадv дзул чі бахæрдзæні, ўј!
16. Ўј та ін захта: јў лæг скодта стvр æхсæвæр, æмæ хўдта бірæтv.
17. Æмæ æхсæвæрv афон кў нvллæўўді, ўæд арвvста јæ цађарv хўндтæн зæђvнмæ: рацæут, цæмæјдæрідтæр цvдæрідтæр цæдтæ у.
18. Æмæ сеппæтдæр, цvма æмдзvрдбакодтој ўјаў, æфсонкæнvн бајдvдтој. Фvтцаг vн захта: æз хўм балхæдтон, æмæ qўамæ ацæўон, æмæ јæ фенон; курvн дæ, хатvр мvн бакæн.
19. Дvккаг vн захта: æз фондз цæдv галтæ балхæдтон, æмæ сæ фæлтæрvнмæ цæўн: курvн дæ, хатvр мvн бакæн.
20. Æртvккаг захта: æз ус æрхастон; æмæ ўј тvххæј мæ рæстæг нæў ацæўн.
21. Æмæ раздæхті ўцv цађар, æмæ захта јæ хіцаўæн. Ўæд хæдзарv хіцаў смæсті, æмæ јæ цађарæн захта: ацу тађд ўнгтæм æмæ сахарv фісvнтæм, æмæ æркæн ардæм мæгўртv, цæнкўлтv, ќўлvхтv æмæ ќўрмvтv.
22. Æмæ цађар захта: хіцаў, дæ дзvрдмæ гæскæ сæххæсткодтон, фæлæ ма дзv нодњсvдæр бvнат іс.
23. Хіцаў захта јæ цађарæн: цæўгæ фæндæгтæм æмæ сахарv æдтæмæ, æмæ хон, æрцæўæнт, цæмæј бајдзаг ўа мæ хæдзар:
24. Цæмæјдæрідтæр ўн зæђvн: ўцv хўндтvтæј нічі бахæрдзæні мæ æхсæвæр. (Цæмæјдæрідтæр хўндтvтæ бірæ стv, фæлæ æвзæрстvтæ чvсvл.)
25. Јæмæ цvді бірæ адæм; æмæ сæм Ўј аздæхті æмæ сvн захта:

26. Ісчі Мæм кў æрцæўа, æмæ кў нæ бавдісæн-
кæна јæ фѵдѵл, æмæ јæ мадѵл, æмæ јæ усѵл,
æмæ јæ зæнæгўл, æмæ јæ æфсѵмæртѵл, æмæ јæ
хотѵл, æмæ ўæлдајдæр јæ цардѵл; ўæд ўј Мæ
ахургæнінаг нæ уздæні.
27. Æмæ јæ дзўар чі нæ хæсса; æмæ Мæ фæ-
дѵл чі нæ цæўа, ўј Мæ ахўргæнінаг не сўдзæні.
28. Цæмæјдæрідтæр смахæј, мæсѵг самаін кæј
фæнда, ўј раздæр нæ сбадѵ нæ, æмæ нæ бахѵн-
цѵ, цѵмæ јæм сæххæсткæнѵнѵ фаг хардз іс.
29. Цæмæј ін јæ бѵндур кў æрæвæра, æмæ јæ
фæўн кў нæ бафæраза; ўæд ѵл, чі јæм кæса,
удон ма худој,
30. Æмæ ма дзурој: ацѵ лæг амаін бајдѵдта,
æмæ самаін нæ бафæрæста?
31. Кæнæ цавæр патцах, æндæр патцахмæ,
хæстмæ цæўгæјæ, нæ сбадцæні, æмæ раздæр
нæ баунаффæкæндзæні, јæ бон удзæні цѵмæ
схæцѵн дæс мінæј, ссæдз мінімæ јæм чі ра-
цæўа, ўјімæ?
32. Кæд нæ, ўæд ма цалѵнмæ ўј ўа дард, ўалѵн-
мæ јæм арвітцæні мінæвæрдтѵ бафідаўнѵ тѵххæј.
33. Смахæј дæр чідæрідтæр афтæ, æвдісæн чі
нæ бакæна, цѵ ін іс удон æппæтѵл, ўј Мæ ахур-
гæнінаг не сўдзæні.
34. Цæхх хорз у, фæлæ цæхх јæ ад кў фесафа,
ўæд æј цæмæј сарæстæўдзæні?
35. Ўј зæххæн дæр æмæ фаꚉсѵсæн дæр нал
бæззѵ; æдтæмæ јæ акалѵнц. Ԛустæ ԛусѵнæн
кæмæн іс, ўј ԛусæд!

## СÆР 15.

1. Цѵдѵстѵ Јæм ԛалонісꚉсѵтæ æмæ тæріҕæд-
ꚉсѵнтæ сеппæт ԛусѵнмæ.
2. Фарісетæ та Јæ æмæ чінѵꚉсѵдæснѵтæ азѵм-
дардтој, æмæ дзѵрдтој: Ўј тæрігæдꚉсѵнтæ ісѵ,
æмæ семæ хæрѵ.
3. Фæлæ сѵн Ўј захта ацѵ фæсномѵгнѵхас:

4. Смахæј іскæмæн фондзссæдз фѵсѵ кў ўа, æмæ удонæј јў кў фесæфа, ўæд ўæ нўдæс-æмæ-цѵппарссæдзѵ чі нæ нѵўадцæні æдзæрæг ранѵ, æмæ ўцѵ сæфтѵ агурѵнмæ чі нæ ацæўдзæні, цалѵнмæ јæ ссара?

5. Æмæ јæ кў ссара,ўæд æј æрхæсдзæні јæ ўохсккўл цінгæнгæјæ:

6. Æмæ јæ хæдзармæ кў æрцæўа, ўæд æрбахондзæн јæ æмгæрттѵ æмæ јæ сѵхæгтѵ, æмæ сѵн зæђдзæні: цінкæнут мемæ, æз ссартон мæ сæфт фѵсѵ.

7. Зæђѵн ўн, кўд ўолæрвтѵ јў фæсмонгæнæг тæріђæддѥсѵнѵ тѵххæј фѵлдæр цін удзæні, цæмæј нудæс-æмæ-цѵппарссæдз рæстѵтѵ тѵххæј, фæсмонкæнѵн кæј нæ qæўѵ.

8. Кæнæ цавæр ус, дæс драхмаі кæмæ ўа, æмæ ін дзѵ јў драхма кў фесæфа, ўæд нæ ссудцæні цѵрађ, æмæ нæ бајдајдзæні јæ ўат мæрзѵн, æмæ јæ лѵстæг нæ агурдзæні, цалѵнмæ јæ ссара, ўалѵнмæ?

9. Æмæ јæ кў ссара, ўæд æрæмбѵрдкæндзæні јæ æмгæрттѵ æмæ јæ сѵхæгтѵ, æмæ сѵн зæђдзæні: цінкæнут мемæ, æз ссардтон мæ сæфт драхмаі.

10. Тæккæ афтæ, зæђѵн смахæн, вæјі цін Хуцаўѵ Зæдтæм јў фæсмонгæнæг тæріђæддѥсѵнѵ тѵххæј дæр.

11. Нодѥсѵдæр захта: јў лæгæн уді дуўæ фѵртѵ;

12. Æмæ удонæј кæстæр захта јæ фѵдæн: о, мæ фѵд! радт мѵн, нæ ісæј мæм цѵ цæўѵ, ўј. Æмæ сѵн сæ фѵд бајўæрста сæ іс.

13. Јў ќорд бонтѵ фæстæ кæстæр фѵрт бамбѵрдкодта јæ хај јўўлдæр, æмæ ацѵді дард бæстæм, æмæ ум фесафта јæ іс, æнўаг цардæј.

14. Æмæ ўј јўўлдæр, цѵ јæм уді, ўј, кў бахордта, ўæд ўцѵ бæстѵ стѵр стонг аз æрцѵді, æмæ бајдѵдта qўагкæнѵн.

15. Æмæ ацѵді, æмæ бацѵді ўцѵ бæстѵ јў цæрæгмæ, æмæ јæ ўј арвѵста јæ бѵдѵрмæ хўтѵ хізѵнмæ.

16. Æмæ ўj цінкодта, хўтv холлагæj jæ гўбvн
бафсадvнv тvххæj, фæлæ ін ўjдæр нічі лæвæрдта.
17. Æмæ jæхі кў æрæмбæрста, ўæд захта: мæ
фvдмæ цас æххўрстvтæ іс, дзулæj сæ ўолдаj
кæмæн заjі, æз та стонгæj мæлvн!
18. Сvстон, цæўон мæ фvдмæ, æмæ ін зæђон:
мæ фvд! æз тæріђæд ракодтон арвv æваст
æмæ дæ разv,
19. Æмæ дæ фvрт хўjнvн аккаг дæр нал
дæн; аjс мæ дæ æххўрстvтv хvђдvл ўодтæр.
20. Сvстаді, æмæ ацvді jæ фvдмæ. Æмæ ма
ўj дард кў уді, ўæд æj федта jæ фvд, æмæ ін
тæріђæдфæкодта; æмæ jæм азђордта, нvттvхсті
jæ æфцæдђсv, æмæ ін ṕатæкодта.
21. Jæ фvрт та ін захта: о, мæ фvд! æз
тæріђæд ракодтон арвv æваст æмæ дæ разv,
æмæ дæ фvрт хўjнvн аккаг дæр нал дæн.
22. Фæлæ jæ фvд захта jæ цађартæн: æрхæс-
сут хўздæр дарæстæ, æмæ jæ сфæлvндзут,
æмæ ін бакæнут jæ ḱухvл ḱухдарæн, æмæ jæ
ḱæхтvл дзабvртæ.
23. Æмæ æрбакæнут хæскæ родv, æмæ jæ
аргæвдут; хæрvн æмæ цінкæнvн баідаjæм!
24. Цæмæjдæрідтæр, мæ ацv фvрт уді мард,
æмæ сvгасі; сæфт уді æмæ фæзvнді. Æмæ
цінкæнvн баjдvдтоj.
25. Jæ хістæр фvрт та уді бvдvрv; æмæ
ўрдvгæj раздæхкæjæ, jæ хæдзармæ кў æрбав-
вахсі, ўæд феqўста зарvн æмæ qазvн.
26. Æмæ кусдђсvтæj jўмæ басідті, æмæ jæ
бафарста: аj цv у?
27. Ўj ін захта: дæ æфсvмæр æрцvді; æмæ
дæ фvд аргæвста хæскæ род, дзæбæхæj jæ кæj
федта, ўj тvххæj.
28. Ўj смæсті, æмæ мідæмæ дæр нал цvді.
Jæ фvд æм рацvді, æмæ jæм сідті.
29. Фæлæ ўj jæ фvдæн захта дзўап: мæнæ
дvн æз цал азv кусvн, æмæ дvн дæ jў дзvрдvл
дæр нæ ахvстæн; фæлæ мvн дv jў сæнvк дæр
нікў радтаj, мæ æмгæрттімæ фæqазvнv тvххæj.

30. Фæлæ дæм ацv фvрт, qахбајтімæ јæ іс чі
нvххæлјўкодта, ўј кў æрцvді, ўæд дv аргæвстај
ўј тvххæј хæскæ род.
31. Ўј та ін захта: мæ фvрт! дv кæдтæрідтæр
мемæ дæ, æмæ мæнон јўўлдæр дæў у.
32. Фæлæ дæ ацv æфсvмæр, мард кæј уді,
æмæ кæј сvгасі, æмæ сæфт кæј уді, æмæ фæ-
зvнді, ўј тvххæј qазvн æмæ цінкæнvн æмбæлді.

## СÆР 16.

1. Æмæ Јæ ахургæнінæгтæн дæр захта: јў
лæг уді qæздvг, æмæ умæн уді јæ хæдзармæ
зілæг, кæј ін банvмvхтој, дæ іс дvн хæлјўкæнv
зæѣгæ:
2. Басідті јæм, æмæ ін захта: æз цvтæ qусvн
дæўæј? радт мvн хvѣд, дæ æвдѩсід цv уді удонvл;
цæмæјдæрідтæр дv амæј фæстæмæ мæ хæдзар-
мæ зілæг нал удзvнæ.
3. Ўæд ўцv хæдзармæ зілæг јæхінvмæрv захта:
цv кæнон? мæ хіцаў іcv мæнæј јæ хæдзармæ
зілvндзінад: зæхх ќахvн нæ фæрæзvн, мæгўр-
гўрцæўн æфсæрмvкæнvн;
4. Цæј æмæ афтæ бакæнон, ісмæ зілæг кў
нæ ўал он, ўæд мæ сæ хæдзæрдтæм цæмæј
ісој ўј тvххæј:
5. Æмæ æрбасідті јæ хіцаўv хæсдарѩсvтæм
јўгæјдтæј, æмæ фvтцагæн захта: дv мæ хіцаў-
æј цас дарvс?
6. Ўј ін захта: зетіі фондзссæдз барæнv. Æмæ
ін захта ајс дæ хæсv чінvг, æмæ сбад, æмæ
нvффvс: дæс-æмæ-дуўјссæдз.
7. Стæј іннæјæн захта: дv та цас дарvс? Ўј
ін дзўап радта: мæнæўv фондзссæдз барæнv.
Æмæ ін захта: ајс дæ хæсv чінvг, æмæ нvффvс:
цvппарссæдз.
8. Æмæ ўцv æнææўæнк хæдзармæ зілæдѩсv

растѵдта jæ хіцаў, зондджѵн мі кæj бакодта, ўj
тѵххæj; цæмæjдæрідтæр нѵрѵ рæстæджѵ фѵрттæ
зондджѵндæр стѵ рухсѵ фѵрттæj сæ мѵккаджѵ
æхсæн.
9. Æмæ ун Æз дæр зæҕѵн: скæнут ўæхіцæн
лѵмæнтæ хæрам qæздѵгадæj, цæмæj, кў фæ-
мæгўр ўат, ўæд ўæ удон бакæноj сæ æнусон
цæрæнбѵнатмæ.
10. Чѵсѵлѵл æўæнкджѵн, біræіл дæр æўæнк-
джѵн у; фæлæ чѵсѵлѵл æнææўæнк, біræіл дæр
æнæўæнк у.
11. Æмæ, афтæ, кæд смах хæрам qæзгадѵл нæ
удѵстут æўæнкджѵн; ўæд ўл раст qæздѵгадѵл чі
баўæндзæні?
12. Æмæ кæд іскæj qæздѵгадѵл нæ удѵстут
æўæнкджѵн, ўæд ўн ўæхіон чі ратцæні?
13. Нікæцѵ кусæг бафæраздзæні кусѵн дуўæ
хіцæўæн: цæмæjдæрідтæр һе jўѵ нæ баўарздзæні,
іннæі та ўарздзæні; һе jўæн jўзæрдіўон удзæні,
æмæ іннæмæн та зівæгкæндзæні. Хуцаўæн æмæ
маммонæн[1]) кусѵн нæ бафæраздзѵсттут.
14. Адон æппæт феqўстоj фарісетæ дæр, æв-
зістўарзджѵтæ чі удѵстѵ, æмæ Іл худтѵстѵ.
15. Уj сѵн захта: смах ўæхі æвдісут растæj
адæмѵ раз; фæлæ ўн Хуцаў ўæ зæрдæтæ зонѵ:
цæмæjдæрідтæр адæмѵ разѵ бæрзонд цѵ у, ўj
æвзæр у Хуцаўѵ разѵ.
16. Дін æмæ пæхумпартæ Јоаннѵ онг удѵстѵ;
ацѵ афонæj та Хуцаўѵ патцахдзінадѵ хорзўацqўд
хаст у, æмæ jæм алчі зѵнæj цæўѵ.
17. Фæлæ арв æмæ зæх тагдтæр фесæфтцѵ-
стѵ, дінæj jўнæг хахх фесæфѵнæj.
18. Jæ ус чі раўадза, æмæ æндæр ус чі раку-
ра, ўj хæтѵ; æмæ чі ракура мојје раўаҕд ус, ўj
дæр хæтѵ.
19. Jў qæздѵг лæг уді, фæлѵста jæхі порфірæj

[1]) Маммонæ — ома qæздѵгдзінад.

æмæ віссонæј, æмæ алæбон мінаскодта парахаттæј.

20. Уді јў мæђўр лæг дæр, Лазар зæђгæ, кæцv
лæўўді фæлдæхтæј qæздvдњсv кæртv qæдгæмдтæј;

21. Æмæ јæ фæндvді бафсæдvн, ўцv qæздvдњсv
фvнгæј цv муртæ хаўдvстv, удонæј; æмæ ін
кўјтæ јæ qæдгæмдтæ стæрдтој.

22. Амарді мæгўр, æмæ јæ Зæдтæ ахастој Авраамv qæбусмæ. Qæздvг дæр амарді, æмæ јæ
банvгæдтој.

23. Æмæ звндонv, qіамæтv ўовгæје, скасті,
æмæ дæрдцæфæј федта Авраамv, æмæ јæ qæбvсv Лазарv.

24. Æмæ сqæргæнгæјæ захта: о, фvдæл Авраам! фæтæріђæд мvн кæн, æмæ мæм Лазарv
рарвіт, цæмæј стула јæ ќухv алђ донv, æмæ мvн
баўазалкæна мæ æвзаг; цæмæјдæрідтæр æз
фvдæбонкæнvн ацv цæхæрv.

25. Фæлæ ін Авраам захта: мæ qæбул! æрqўдvкæн, дv дæ цæрæнбонv хæрстæ кæј федтај,
Лазар та æвзæр кæј федта, ўј; нvр ам рæвдvд
у, дv та фvдæбонкæнvс.

26. Ўј јæдтæмæ дæр смахæј мах æхсæн іс стvр
адаг, афтæ — æмæ іскæј кў фæнда ардvгæј
смахмæ ацæўн, ўæд нæ бафæраздзæні; ўрдvгæј
махмæ дæр нæ цæўнц.

27. Ўæд ўј захта: ўæдæ Дvн лæхстæкæнvн,
мæ фvд, мæ фvдv хæдзармæ јæ арвіт;

28. Цæмæјдæрідтæр мvн іс фондз æфсvмæрv;
ўј сvн бамбарvкæнæд, цæмæј удон дæр ацv
фvдæбонv бvнатмæ ма æрцæўој.

29. Авраам vн захта: удонмæ іс Мосе æмæ
пæхумпартæ; удонмæ qусæнт.

30. Ўј ін захта: нæ, ма фvд Авраам! фæлæ
мæрдтæј ісчі кў ацæўа удонмæ, ўæд фæфæсмонкæндзvстv.

31. Ўæд vн Авраам захта: кæд Моісеј æмæ
пæхумпартæм нæ qусvнц, ўæд сæм мæрдтæј ісчі
кў рајгасўа, ўæдтæр сæ нæ баўрндзæні.

## СÆР 17.

1. Јæ ахургæнінæгтæн дæр захта Јесо: рæ-
дѵддзінæдтæн æнæ æрцæўгæ нæј; фæлæ мæгўр
ўј бон, удон кæмæј æрцæўнц.
2. Хўздæр ѵн удаід, кўрої фѵд ѵн јæ бæрзæіл
кў æрцаўхтајккој, æмæ јæ дендџсѵзѵ кў цæппæр-
стајккој ўæд, ацѵ чѵсѵлтæј іскæј фæрæдіінкæ-
нѵнѵ бæстѵ.
3. Ўæхімæ кæсут. Дæ æфсѵмæр дѵн істѵ тæ-
ріђæд кў ракæна, ўæд ѵн јў ўајдзæф бакæн;
æмæ фæсмон кў фæкæна, ўæд ѵн нѵпбар.
4. Æмæ дѵн бон авд хадтѵ кў ратæріђæд-
кæна, æмæ авд хадтѵ кў раздæха, æмæ кў зæђа:
фæсмонкæ нѵн; ўæд нѵпбар.
5. Æмæ апостолтæ Хіјцаўæн захтој: фæфѵл-
дæр нѵн кæн нæ ўрнѵндзінад.
6. Хіјцаў захта: смахмæ qѵћѵј нæмѵдџсѵ јас
ўрнѵндзінад кў ўаід, æмæ кў зæђіккат ацѵ леђвіі
бæласæн: фелвæс, æмæ нѵссæдз дендџсѵзѵ; ўæд
ўæм ўј бајqўстаід.
7. Смахæј іскæмæн гутонгæнæг кæнæ фæјаў
цађар кў ўа, æмæ ўј бѵдѵрæј кў æрцæўа, ўæд
ѵн чі зæђдзæні: тађд рацу, æмæ фѵнгўл æрбад?
8. Фæлæ ін афтæ нæ зæђдзæні нæ: сцæдтæ
мѵн кæн æхсæвæр, дæ рон æрбабæдт, æмæ мѵн
кус, цалѵнмæ æз хæрон æмæ нўазон; æмæ ўј
фæстæ дѵ дæр хæр æмæ нўаз?
9. Бузнѵг мііаг дзѵ фæўдзæні ўцѵ цађарæј, јæ
дзѵрд ѵн кæј сæххæсткодта ўј тѵххæј? æнqæл
нæ дæн.
10. Смах дæр афтæ, цѵ унаффæ ўн ўа, ўј кў
сæххæсткæнат, ўæд дзурут: мах ніцæј арђ цађар-
тæ стæм; умæн-æмæ нѵл цѵ æмбæлді, ўј скодтам.
11. Јерусаліммæ цæўгæјæ, ўј фæцæјцѵді Сама-
ріај æмæ Галілеај æхсæн.
12. Æмæ јў qæўмæ кў бацæјцѵді, ўæд Ѵл сæм-
бæлді дæс qотѵрдџсѵн лæдџсѵ, кæцѵтæ нѵллæў-
ўдѵстѵ дард,

13. Æмæ тѵнг qæрæj дзѵрдтоj: Амонæг
Jесо! тæріҕæд нѵн бакæн.
14. Уj сæ кў федта, ўæд сѵн захта: ацæут,
æмæ ўæхі фæнѵнкæнут саўꚉсѵнтæн. Æмæ удон
фæндагўл кў цѵдѵстѵ, ўæд ссѵҕдæгѵстѵ.
15. Удонæj jў кў федта, кæj сдзæбæхі ўj, ўæд
раздæхті тѵнг qæлæсæj Хуцаўѵ стаўгæjæ,
16. Æмæ дæлгоммæ æрхаўді Jæ ќæхтæм, буз-
нѵг Дзѵ ўовгæjæ; æмæ ўj уді Самаріаг.
17. Ўæд Jесо захта: дæс кў ссѵҕдæгѵстѵ,
ўодæ фараст кæм ѵстѵ?
18. Удон цæўлнæ раздæхтѵстѵ Хуцаўæн буз
радтѵнмæ, ацѵ æндæрон мѵккаггонѵ jедтæмæ?
19. Æмæ ін захта: сѵст, æмæ цу; дæ ўрнѵн
дæ фервæзѵнкодта.
20. Æмæ Jæ бафарстоj фарісетæ: кæд æр-
цæўдзæні Хуцаўѵ патцахад? Уj сѵн дўап радта:
Хуцаўѵ патцахад æргомæj нæ æрцæўдзæні;
21. Æмæ нæ зæҕдзѵстѵ: мæнæ ўj ам іс,
кæнæ ортæ ўм іс. Цæмæjдæрідтæр Хуцаўѵ пат-
цахад ўæ хўлфѵ іс.
22. Jæ ахургæнінæгтæн дæр захта: ахæм
бонтæ æрцæўдзѵстѵ, кў ўæ бафæнда адæjмаꚉсѵ
Фѵртѵ бонтæj æрмæст jў фенѵн, æмæ нæ
фендзѵстут.
23. Æмæ ўн зæҕдзѵстѵ: мæнæ ам, кæнæ ортæ
ум іс; ма цæут, æмæ ма сурут.
24. Цæмæjдæрідтæр арвѵ æрт́ѵвд ферт́івгæjæ,
jў кæронæj іннæ кæронмæ кўд фæрухскæнѵ,
адæjмаꚉсѵ Фѵрт дæр Jæ бонѵ афтæ удзæні.
25. Фæлæ Jл фѵтцаг бірæ фæфѵдæбонкæнѵн
æмбæлѵ, æмæ æппæрст ўѵн ацѵ мѵккагæj.
26. Æмæ Ноjі бонтѵ кўд уді, афтæ удзæні
адæjмаꚉсѵ Фѵртѵ бонтѵ дæр:
27. Хордтоj, ностоj, ус хастоj, моjмæ цѵдѵстѵ
ўцѵ бонмæ, цалѵнмæ Ноj бацѵді наўѵ, æмæ
æрцѵді донæj qajмæт, æмæ æппæтѵ фесæфта.
28. Лотѵ бонтѵ дæр кўд уді афтæ: хордтоj,
ностоj, æлхæдтоj, ўоjкодтоj, сахтоj, амадтоj;

29. Фæлæ Лот цv бонv рацvді Содомæј,
нvккалдта арвæј цæхæрv æмæ сондонv ўарvн,
æмæ æппæтvдæр фесæфта.
30. Адæјмаддњсv Фvрт цv бон фæзvна, ўцv
бонv дæр удзæні афтæ.
31. Ўцv бонv ўолхæдзарvл чі ўа, æмæ јæ
дзаўматv хæдзарv кæмæн ўој, ўј ма рахізæд
удон хæссvнмæ, æмæ бvдvрv чі ўа, ўј дæр
фæстæмæ ма раздæхæд.
32. Ўæ зæрдvл дарут Лотv усv.
33. Јæ удv чі qаqqæна, ўј јæ фесафтцæні;
фæлæ јæ чі фессафа, ўј јæ сvгаскæндзæні.
34. Зæђvн ўн: ўцv æхсæвv дуўæ удзvстv јў
ўатvл; јў аконд удзæні, іннæ та баззајдзæні.
35. Дуўæ јўмæ кўројі сдзvстv, јў аконд удзæні,
іннæ та баззајдзæні;
36. Дуўæ удзvстv бvдvрv, јў аконд удзæні,
іннæ та баззајдзæні.
37. Ўўл Vн захтој: кæм Хіјцаў? Уј сvн
захта: холv кæм ўа, ўм æрæмбvрдўдзvстv цæр-
гæстæ дæр.

## СÆР 18.

1. Захта сvн фæсномvгнvхас дæр ма, кæдтæ-
рідтæр кувvн кæј æмбæлv, æмæ зæрдæ сæдтvн
кæј нæ qæўv, ўј тvххæј,
2. Зæђгæјæ: јў сахарv уді јў тæрхонv лæг,
Хуцаўæј чі нæ тарсті, æмæ адæмæј æфсæрмv
чі нæ коцта.
3. Ўцv сахарv уді јў ідæдз ус дæр, æмæ јæм
јў цvді, æмæ ін дзvрдта: ферваæзvн мæ кæн
мæ qæстдњсvнæј.
4. Фæлæ јæм ўј бірæ афонтv нæ qўста.
Фæлæ ўј фæстæ захта јæхæдæг јæхінvмæрv:
кæд æз Хуцаўæј дæр нæ тæрсvн, æмæ адæмæј
дæр æфсæрмv нæ кæнvн;
5. Ўæдтæр мæ ацv ідæдз ус æнцој кæј нæ
ўадзv, ўј тvххæј ін бааqазкæнон, кæд мæм нал
цæўід, æмæ мæ qvг нал дарід.

6. Æмæ захта Хіјцаў: ԛусут, зvлvн тæрхонгæнæг цv зæђv.
7. Хуцаў та кўд нæ бааԛазкæндзæн Јæ æвзæрстvтæн, æхсæвæј бонæј Јæм чі дзvназvнц, кæд сvн æрæгмæ аԛазкæнv ўодтæр?
8. Зæђvн ўн: тађд сvн бааԛазкæндзæні удонæн. Фæлæ адæјмадњсv Фvрт æрцæўгæјæ, ссардзæні зæххvл ўрнvндзінад?
9. Афтæ дæр ма јўæј-јўтæн, сæ растдзінадæј нvфсдњсvн чі удvстv, æмæ іннæтv чі ніцæўл хvхтој, захта ацv фæсномvгнvхас:
10. Дуўæ лæдњсv æрбацvдvстv арђўанмæ кувvнмæ: јў фарісеј, іннæ та ԛалонісæг.
11. Фарісеј нvллæўўді, æмæ кўвта јæхæдæг јæхінvмæрv афтæ: Хуцаў! бузнvг Дæ дæн, æз іннæ адæмаў кæј нæ дæн, стіђæг, тvхгæнæг, хæтаг, кæнæ ацv ԛалонісæдњсv хўзæн.
12. Кўрі дуўæ хадтv комдарvн; дæдтvн дæсæм хај, цv арvн, удон æппæтæј.
13. Ԛалонісæг та дард лæўўді, æмæ јæ цæстvтæј ўоларвмæ скæсvн дæр нæ ўæндvді; фæлæ јæ ріў хојгæјæ дзvрдта: о, Хуцаў! хорзгæнæг у мæнæн, тæріђæддњсvнæн!
14. Зæђvн ўн смахæн, кўд ај ацvді јæ хæдзармæ умæј растдæрæј: чідæрідтæр, јæхæдæг јæхі чі бæрзондкæна, ўј фæнvллæгўдзæні; фæлæ јæхі чі нvллæгкæна, ўј сбæрзондўдзæні.
15. Свvæллæдтv дæр Æм кодтој, цæмæј сæм Уј бавнæлтаід; Јæ ахургæнінæгтæ та ај кў федтој, ўæд сæ урæдтој.
16. Фæлæ сæм Ј е с о басідті, æмæ сvн захта: ўадзут свvæллæдтv Мæммæ цæўн æмæ сæ ма уромут; цæмæјдæріцтæр æхæмтv у Хуцаўv патцахад.
17. Æцæг ўн зæђvн: Хуцаўv патцахад чі нæ ајса свvæллонаў, ўј ўрдæм нæ бацæўдзæні.
18. Æмæ Јæ хістæртæј чідæр бафарста: хорз Ахургæнæг! цv бакæнон æз, æнусон цард цæмæј ссарон, ўј тvххæј?

19. Јесо ін захта: цæмæн Мæ хонvс хорз? хорз нічі у, æрмæст јўнæг Хуцаўv јæдтæмæ.

20. Дv амондзінæдтæ зонvс: хæтаг ма у, ма мар, ма радав, мæнгæвдісæн ма нvллæў, цvтдџсvн дар дæ фvдv æмæ дæ мадv.

21. Ўј та ін захта: адон јўўлдæр бавæрдтон æз мæ сvвæллонæј нvрмæ.

22. Ўј кў феqўста Јесо, ўæд vн захта: јў qўаг ма дæ: цv дæм іс, удон јўўлдæр аўојкæн, æмæ сæ бајўар мæгўртæн; æмæ дvн ўæд удзæні хæзна ўолæрвтv, æмæ æрцу, æмæ Мæ фæдvл цу.

23. Ўј ај кў феqўста, ўæд фенќарді, умæнæмæ ідтæг qæздvг уді.

24. Јесо, ўј кæј фенќарді ўј кў федта, ўæд захта: цæј зvн у, qæздvгад кæмæн іс, умæн Хуцаўv патцахадмæ бацæўн!

25. Цæмæјдæрідтæр теўајен судзінv бvнv алæсvн æнцондæр у, qæздvгæн Хуцаўv патцахадмæ бацæўнæј.

26. Чі Јæм qўуста, удон захтој: ўæдæ ма удvбæстæ чі ссардзæні?

27. Фæлæ Уј захта: адæмæн æнæфæразон цv у, ўј Хуцаўæн æнцон у.

28. Петр та захта: мæнæ мах цvдæрідтæр нvўахтам, æмæ Дæ фæстæ рацvдvстæм.

29. Уј сvн захта: æцæг ўн зæђvн: ахæм нічі у, чі нvўахтаід јæ хæдзар, кæнæ јæ нvјардџсvтv, кæнæ јæ æфсvмæртv, кæнæ јæ хотv, кæнæ јæ усv, кæнæ јæ зæнæг Хуцаўv патцахадv тvххæј,

30. Æмæ чі нæ ајстаід бірæ фvлдæр ацv цардvл, æмæ фæстагон афонv æнæ фовгæ цардvл дæр.

31. Асідті Јæ дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ сvн захта: мæнæ мах ссæўдзvстæм Іерусаліммæ, æмæ сæххæст удзæні пæхумпартv фvст јўўлдæр адæјмадџсv Фvртv тvххæј.

32. Цæмæјдæрідтæр Æј ратцvстv муртаттv-
тæм, æмæ Ін æвзæр фæдзурдзvстv, æмæ Јæ
бафхæрдзvстv, æмæ Іл тутæ фæкæндзvстv.
33. Æмæ Јæ нæмдзvстv, æмæ Јæ амардзv-
стv; æмæ æртvккæгæм бон рајгасўдзæні.
34. Фæлæ удон амæј ніцv бамбæрстој; ўцv
дзvрдтæ удонæн сусæг удvстv, æмæ сvн цv
дзvрдта удон нæ æмбæрстој.
35. Æмæ Уј Јеріхонмæ кў бавваxсі; ўæд јў
кўрм, фæндагўл бадгæ, кўрдта хорзæх.
36. Æмæ, адæм јæ цуртv кæј цæўнц, ўј
феqускæјæ, бафарста: ај цv у?
37. Умæн захтој: Назареаг Јесо æрцæўv.
38. Ўæд ўј сqæркодта: Јесо, Давідv фvрт!
тæріђæд мvн бакæн.
39. Разæј цæўдҥсvтæ урæдтој ўј, цæмæј бан-
цаја; фæлæ ўј тvнгдæр qæркодта: Давідv фvрт!
тæріђæд мvн бакæн.
40. Јесо нvлæўўді, æмæ јæ Јæхімæ æркæ-
нvнкодта; æмæ Јæм кў æрбацvді, ўæд æј ба-
фарста:
41. Цv дæ qæўv Мæнæј? Ўј захта: Хіјцаў!
цæмæј ракæсон.
42. Јесо ін захта: ракæс; дæ ўрнvн дæ
фервæзvнкодта.
43. Æмæ ўј ўцv сахатvл ракасті, æмæ Јæ
фæдvл ацvді, Хуцаўv стаўгæјæ; æмæ адæм
сеппæт ај кў федтој, ўæд стvдтој Хуцаўv.

## СÆР 19.

1. Стæј Јесо бацvді Јеріхонмæ, æмæ фæ-
цæјцvді ўўлтv.
2. Ум чідæр, јæ ном Закхе зæђгæ, qалоніс-
дҥсvтv хістæр æмæ qæздvг лæг,
3. Агўрдта Јесоі фенvн, цæмæј Јæ базона,
Уј чі у; фæлæ ін нæ æнтvсті адæмæј, цvбvр
лæг кæј уді, ўј тvххæј.

4. Ӕмæ азђордта разæј, æмæ схvсті бæласvл,
цæмæј Јæ фена, умæн-æмæ Јæ ўцv бæласv
цуртv цæўн qўді.
5. Јесо ўцv ранмæ кў æрхæтцæі, ўæд скаст,
æмæ јæ федта, æмæ ін захта: Закхе! æрхіз
тађд, абон Мæ дæ хæдзармæ бацæўн фæндv.
6. Ӕмæ ўј тађд æрхvст, æмæ Јæ цінгæн-
гæјæ бакодта.
7. Ӕмæ ај чі федта, удон æппæт Ӕј азvмда-
рvн бајдvдтој, æмæ дзvрдтој: Уј тæріђæддҥсvн
лæгмæ бацvді.
8. Закхе сvстад, æмæ захта Хіјцаўæн: Хіј-
цаў! мæ ісæн јæ æмбіс ратцvнæн мæгўртæн,
æмæ кæд іскæј істv qvг бадардтон, ўæд
цvппар ахæмæј бафідцvнæн.
9. Јесо ін захта: нvр æрцvді ірвæзvндзінад
ацv хæдзарæн, умæн-æмæ ўј дæр Авраамv
фvрт у.
10. Цæмæјдæрідтæр адæјмадҥсv Фvрт æрцvді
сæфтv æгурvнмæ æмæ ірвæзvнкæнvнмæ.
11. Ӕмæ удон ацv дзvрдтæ кў qўстој, ўæд
сvн æрхаста јў фæсномvгнvхас: цæмæјдæрід-
тæр Уј Јерусаліммæ хæстæг уді, æмæ удон
Хуцаўv патцахадæн тађд разvнvн æнqæлўдvстv.
12. Ӕмæ афтæ захта: јў зонгæ мvккагæј ју
лæг ацvді дард бæстæм, цæмæј јæхіцæн пат-
цахад ссара æмæ раздæха.
13. Ӕмæ басідті јæ дæс цађармæ, æмæ
сvн радта дæс мінаі [1]), æмæ сvн захта: пајда
сæ кæнут, цалvнмæ æз раздæхон, ўалvнмæ.
14. Фæлæ јæм сахајрæгтæ хæрам удvстv,
æмæ ін јæ фæстæ арвvстој мінæвæрдтv, æмæ
ін захтој: ўј нvн патцахад цæмæј кæна, ўј
нæ нæ фæндv.
15. Ӕмæ ўј кў раздæхті, патцахад ссаргæјæ,
ўæд æрсідvнкодта јæхімæ, æвзіст кæмæн
радта, ўцv цађартv, цæмæј базона, чі цv пајда
скодта, ўј.

[1]) Дæс дҥсіранкај æвзіст.

16. Ærцvді фvтцаг, æмæ ін захта: хіцаў! дæ міна спајдакодта дæс мінаі.
17. Æмæ ін захта: хорз, хорз цађар, дv чvсvлvл æўæнкдњсvн кæј удтæ, ўј тvххæј ајс дæ ќухv дæс сахарv.
18. Ærцvді дvккаг, æмæ захта: хіцаў! дæ міна спајдакодта фондз мінај.
19. Умæн дæр захта: дv дæр у фондз сахарv хіцаў.
20. Æртvккаг æрцvді, æмæ захта: хіцаў! мæнæ дæ міна, æз кæлмæрзæнv тvхтæј кæј бавæрдтон.
21. Цæмæјдæрідтæр æз дæўæј тарстæн, умæнæмæ дv карз лæг дæ; ісvс, кæм нæ цæвæрдтај ўрдvгæј, æмæ кæрдvс, кæм нæ бајтvдтај, ум.
22. Хіјцаў vн захта: дæхі дзvрдтæј дvн тæрхонскæндзvнæн, хінæјдзаг цађар! æз карз лæг кæј дæн, ісvн, кæм нæ цæвæрдтон ўрдvгæј, æмæ кæрдvн, кæм нæ бајтvдтон ум, кæд ўј зvдтај:
23. Ўæд цæўлнæ радтај мæ æвзіст пајдаіл, цæмæј јæ æз, æрцæўгæјæ, пајдаімæ рајстаін?
24. Æмæ захта јæ разv лæўдњсvтæн: рајсут умæј міна, æмæ јæ радтут дæс мінаі кæмæн іс, умæн.
25. Æмæ ін захтој: хіцаў! умæ дæс мінаі іс.
26. Фæлæ сvн Ўј захта: зæђvн ўн, кўд кæмæ ўа, умæн лæвæрдўдзæні; фæлæ кæмæ нæ ўа, умæј іст удзæні, цv јæм іс, ўј дæр.
27. Фæлæ мæ знæгтv, кæј нæ бафæндvді, цæмæј сvн æз патцах удаін, æркæнут ардæм, æмæ сæ мæ разv фæцæђдут.
28. Ај кў захта, ўæд ацvді разvрдæм, Јерусаліммæ цæўгæјæ.
29. Æмæ кў æрбаввахсі Віффађіамæ æмæ Віфаніамæ, Зетіі дvрђv хох чі хўнді, умæ, ўæд арвvста Јæ ахургæнінæгтæј дуўæі,
30. Æмæ сvн захта: ацæут ўæ комкоммæ цv qæў іс, урдæм: æмæ јæм кў бацæўат, ўæд дзv

ссардзvстут баст ќæлæўv, адæмæј кæўл нікўма
нічі сбадті, сўадзут æј, æмæ јæ æркæнут.
31. Æмæ ўæ ісчі кў бафæрса: цæмæн æј
ўадзут? ўæд vн афтæ зæҕут: ўј Хјјцаўv qæўv.
32. Æрвvстvтæ ацvдvстv, æмæ сvн Уј кўд
захта, афтæ ссардтој.
33. Æмæ удон кў ўахтој ќæлæўv, ўæд сvн
јæ хіцæўдтæ захтој: ќæлæўv цæмæн ўоҕд-
кæнут?
34. Удон сvн дзўап радтој: ўј qæўv Хіјцаўv.
35. Æмæ јæ æркодтој Јесомæ, æмæ сæвæрд-
тој ўцv ќæлæўл сæ дарæстæ, æмæ іл Јесоі
сбадvнкодтој.
36. Æмæ Уј кў фæцæјцvді, ўæд тvдтој фæн-
дагўл сæ дарæстæ.
37. Фæлæ Уј кў æрхæстæдњсі Зетіі дvрҕv хохv
æрўајæнмæ, ўæд бірæ ахургæнінæгтæ бајдvдтој
цінгæнгæјæ qæрæј Хуцаўv стаўн, цv діссæгтæ
федтој, удон æппæтv тvххæј,
38. Æмæ дзvрдтој: арфæгонд у Патцах, Хіјцаўv
номæј æрцæўæг! фарн æрвтvл, æмæ стvрад
ўоллагонтv!
39. Ўм адæмv æхсæнæј јўчідæр фарісетæј зах-
тој Умæн: Ахургæнæг! банцаінкæн Дæ ахургæ-
нінæгтv.
40. Фæлæ сvн Уј дзўаппæн захта: зæҕvн ўн:
удон кў банцајој, ўæд дуртæ сqæркæндзvстv.
41. Æмæ кў æрбаввахсі сахармæ, ўæд умæ кæс-
кæјæ, скўдта ўј тvххæј,
42. Æмæ захта: æјдњсіді, дv дæ ацv бон ўод-
тæр кў базоніс, дæ æнцојадæн хорз цv у, ўј!
Фæлæ ўј нvр æмбахст у дæ цæстvтæј;
43. Цæмæјдæрідтæр дvл æрцæўдзvстv ахæм
бонтæ, кæд дvл дæ знæгтæ дæ алфамблај æрба-
ќахдзvстv, æмæ дvл æрбатvхсцvстv, æмæ дæ
алvрдvгæј сўўнгæгкæндзvстv.
44. Æмæ дæ фехалдзvстv, фæцæҕдцvстv дvн
дæ зæнæдњсv дæ мідæг, æмæ дæ дур дурvл нæ
нvўадцvстv, дv дæ басгарvнv афон кæј нæ
базvдтај, ўј тvххæј.

45. Ӕмæ бацvдi арђўанмæ, æмæ бајдvдта сурvн ўрдvгæј ум ўојгæндњсvтv æмæ æлхæндњсvтv,
46. Зæђгæјæ сvн: фvст у: Мæ хæдзар у кувvнv хæдзар; смах та јæ скодтат абvрдњсvтv лæгæт. (Ісаіај 56, 6. Јер. 7, 11.)
47. Ӕмæ амvдта алæбон арђўанv. Саўдњсvнтvхістæртæ, чінvдњсvдæснvтæ æмæ адæмv хістæртæ та Јæ агўрдтој фесафvнмæ,
48. Фæлæ нæ ардтој, цv Ін бакодтаіккој ўј: умæн-æмæ адæм æппæт æнæфæцухæј qустој Умæ.

## СӔР 20.

1. Ўцv бонтæј јўv, Уј арђўанv кў амvдта адæмæн, æмæ сvн хорзўацqўдтæ кў хаста, ўæд Ӕм æрбvрстој саўдњсvнтvхістæртæ æмæ чінvдњсvдæснvтæ зæрæдтімæ,
2. Ӕмæ Ін захтој: цæј барæј кæнvс дv ај, кæнæ дvн чі радта ацv бар?
3. Уј сvн захта дзўап; Ӕз дæр ўæ јўæј бафæрсдзvнæн, æмæ Мvн зæђут:
4. Іоаннv арђўд ўоларвæј уді, æві адæмæј?
5. Удон qўдvкодтој сæ кæрæдзіімæ, æмæ дзvрдтој: ўоларвæј кў зæђæм, ўæд нvн зæђдзæні: ўодæ ўæ цæўлнæ баўрнvдта?
6. Адæмæј та, кў зæђæм; ўæд нæ адæм сеппæт дуртæј амардзvстv; умæн-æмæ удон ўрнv, Јоанн пæхумпар кæј у, ўј.
7. Ӕмæ захтој: нæ зонæм, кæцæј у.
8. Јесо сvн захта; ўодæ ун Ӕз дæр нæ зæђдзvнæн, адон цæј барæј кæнvн, ўј.
9. Ӕмæ адæммæ бајдvдта дзурvн ацv фæсномvгнvхас: јў лæг нvццарæста сæндон, æмæ јæ радта сæндонгæстæм, æмæ јæхæдæг ацvді дарђ æмђўдмæ.
10. Ӕмæ јæ афонv арвvста сæндонгæстæм јæ цађарv, цæмæј ін удон радтој дvрђ јæ сæндонæј; фæлæ сæндонгæстæ фæнадтој ўј, æмæ јæ арвvстој афтідæј.

11. Нодњсѵдæр арвѵста æндæр цађарѵ; фæлæ
удон ўј дæр фæнадтој, æмæ јæ фелђѵстој, æмæ
јæ арвѵстој афтідæј.
12. Æмæ æртѵккадњсѵ дæр та арвѵста; фæлæ
удон ўјдæр та тугæрхæмдтæ фæкодтој, æмæ јæ
атардтој.
13. Ўæд сæндонѵхіцаў захта: цѵ кæнон? Арві-
тон мæ ўарзон фѵртѵ; ўј кў феној, ўæд кæд
фефсæрмѵ ўаіккој.
14. Фæлæ сæндонгæстæ ўј кў федтој, ўæд qў-
дѵкодтој сæ кæрæдзіімæ, æмæ захтој; ај јæ бѵн-
дар у; цом, амарæм æј, æмæ јæ бѵн мах баў-
дзæні.
15. Æмæ јæ ракодтој сæндонѵ æдтæмæ, æмæ
јæ амардтој. Цѵ бакæндзæні удонімæ сæндонѵ
хіцаў?
16. Æрцæўдзæн æмæ фесафцæні ўцѵ сæндон-
гæстѵ, æмæ сæндон ратцæні æндæртæн. Ўј чі
феqўста удон захтој: Хуцаў бахізæд!
17. Фæлæ Ўј бакасті удонмæ, æмæ сѵн захта:
цѵ у ацѵ фѵст: амајдњсѵтæ цѵ дур æппæрстој,
тæккæ ўј фісѵнæн јæ сæр ссі? (Псал. 117, 22.)
18. Ўцѵ дурѵл чі æрхаўа, ўј нѵммурўдзæні; ўј
та кæўл æрхаўа, ўј нѵццæлкандзæні.
19. Æмæ ўцѵ афонѵ саўдњсѵнтѵхістæртæ æмæ
чінѵдњсѵдæснѵтæ агўрдтој Ўј æрцахсѵнмæ: фæлæ
адæмæј тарстѵстѵ; цæмæјдæрідтæр бамбæрстој,
удонѵл кæј захта ўцѵ фæсномѵгнѵхас, ўј.
20. Æмæ Јæм qaqqæдтој, æмæ Јæм арвѵстој
хінæјдзаг лæгтѵ, цæмæј удон сæхўдтæг, цѵма
рæстѵтæ стѵ ўј æфсон скæној, æмæ Јæ æрцах-
сој істѵ дзѵрдæј, æмæ јæ афтæмæј радтој хістæр-
тæм æмæ хіцаўѵ ќухѵ.
21. Æмæ Јæ удон бафарстој: Ахургæнæг! мах
зонæм, дѵ раст кæј дзурѵс, æмæ кæј амонѵс æмæ
qадњсѵдæр кæј нікæј кæнѵс, фæлæ Хуцаўѵ
фæндаг кæј амонѵс, ўј.
22. Махæн Кесарæн qалон дæдтѵн æмбæлѵ,
æві нæ?

23. Уј та сvн бамбæрста сæ хіндзінад, æмæ сvн
захта: цæмæн Мæ ќахут?
24. Равдісут Мæм дінарі, кæј нvв vл іс æмæ
кæј фvст? Удон дзўаппæн захтој: Кесарv.
25. Уј сvн захта: ўодæ дæдтут Кесарон Кеса-
рæн, Хуцаўон та Хуцаўæн.
26. Æмæ Јæ нæ бафæрæстој адæмv разv дзvр-
дæј æрцахсvн, æмæ qæ дзўаппvл фæдіскæнгæјæ,
нvqqусvстv.
27. Ўæд Æм æрцvдvстv јў чідæртæ саддўкетæј,
мæрдтv рајгас кæј нæ ўрнv, удонæј, æмæ јæ ба-
фарстој:
28. Ахургæнæг! Моісеј нvффvста махæн: іскæ-
мæн јæ æфсvмæр кў амæла æнæ зæнæгæј; ўæд
vн јæ усv јæ æфсvмæр скæнæд, æмæ јæ æфсv-
мæрæн мvккаг скæнæд;
29. Уді авд æфсvмæрv: хістæр æрхаста ус,
æмæ æнæ зæнæгæј амарді.
30. Ўцv усv скодта дvккаг дæр, æмæ ўј дæр
æнæзæнæгæј амарді.
31. Æртvккаг дæр та јæ скодта, æмæ авд сеп-
пæт дæр афтæ, æмæ амардvстv зæнæг нæ нў-
ўадзгæјæ.
32. Сеппæтv фæстæ амарді ус дæр.
33. Афтæмæј, мæрдтv рајгасv фæстæ ўј удонæј
кæј ус удзæні? Цæмæјдæрідтæр ўј авдæн дæр
ус уді.
34. Јесо сvн дзўаппæн захта: ацv рæстæдҥсv
зæнæг ус хæссvнц æмæ мојмæ цæўнц;
35. Фæлæ ўцv афонмæ ахæтцæі æмæ мæрдтv
рајгасv аккаг чі сўој, удон ус дæр нæ хæсцvстv,
мојмæ дæр нæ цæўдзvстv.
36. Мæлгæ дæр нал кæндзvстv; умæн-æмæ
Зæдтv æмхўзон стv, æмæ Хуцаўv фvрттæ стv,
мæрдтæј сvгасv фvрттæ ўовгæјæ.
37. Мæрдтæ кæј сvгасўдзvстv, ўј Моісеј дæр
фенvнкодта, ќутæрv цур кў хўдта Хіјцаўv Ав-
раамv Хуцаў, æмæ Ісаакv Хуцаў, æмæ Јаковv
Хуцаў, ўæд.

38. Хуцаў та мæрдтѵ Хуцаў нæ у, фæлæ
æгæстѵ Хуцаў. Цæмæјдæрідтæр Умæн јўўлдæр
æгас стѵ.
39. Аўл ѵн чінѵдњсѵдæснѵтæј чідæртæ захтој:
Ахургæнæг! Дѵ хорз захтај.
40. Æмæ Јæ ніцæмæј ўал фæрсѵн ўæндѵдѵстѵ.
Уј та сѵн захта:
41. Кўд зæђѵнц, Чѵрѵсті Давідѵ фѵрт у зæђгæ?
42. Афтæмæј Давід јæхæдæг псаломтѵ чінѵдњсѵ
захта: Хіцаў захта мæ Хіјцаўæн! бад Мæ рахіс-
фарсѵрдѵгæј,
43. Цалѵнмæ Дѵн дæ знæгтѵ Дæ ќæхтѵ бѵн
фæкæнон, ўалѵнмæ. (Псал. 109, 1.)
44. Æмæ Јæ афтæ Давід хонѵ Ўј јæ Хіјцаў;
ўодæ ма јæ фѵрт кўд у?
45. Æмæ адæм æппæт кў qўстој, ўæд Уј Јæ
ахургæнінæгтæн захта:
46. Ўæхі хізут чінѵдњсѵдæснѵтæј, дарђ дарæсѵ
цæўн æмæ саламтæ адæмѵ æмбѵрдтѵ, æмæ
нѵхæстѵ ўæлје бадѵн, æмæ мінæстѵ разæј æрѵн-
цаін, чі ўарзѵнц, удонæј,
47. Ідæдзтѵ хæдзæрдтæ чі хæрѵнц, æмæ цæст-
мæгæскæ бірæ чі кувѵнц. Удон умæј ўолдај æф-
хæрд фæўдзѵстѵ.

## С Æ Р 21.

1. Бакаст æмæ федта qѵздѵдњсѵтѵ, сæ лæвæрд-
тæ хæзнадонѵ æвæргæ.
2. Федта дзѵ јў мæгўр ідæдз усѵ дæр, дуўæ
лептаі, цæвæргæ;
3. Æмæ захта: æцæг ўн зæђѵн ацѵ мæгўр
ідæдз ус сеппæтæј фѵлдæр цæвæрдта:
4. Цæмæјдæрідтæр удон сеппæтдæр сæ ўолдаје
цæвæрдтој Хуцаўæн, ўј та јæ qўагдњсѵнæј цæ-
вæрдта, цѵ јæм уді æмæ цæмæј царді ўј, јўўлдæр.
5. Æмæ јўчідæртæ арђўанѵ тѵххæј кў дзѵрдтој,
цѵтдњсѵн дуртæј æмæ мігæнæнтæј арæст у зæђгæ,
ўæд Уј захта:

6. Ӕрцæўдзvстv ахæм бонтæ, ам цv унут удо-
нæј кæд дур дурvл дæр нал баззајдзæнi; јўўлдæр
хæлд удзæнi.
7. Ӕмæ Јæ бафарстој: Ахургæнæг! кæд удзæнi
ај? æмæ адон аппæтv æрцæўнv нvсан цавæр у?
8. Уј захта: ўæхi хiзут, цæмæј ўæ ма фæрæ-
дiiнкæној; цæмæјдæрiдтæр бiрæтæ æрцæўдзvстv
Мæ номæј, æмæ дзурдзvстv, æз Уј дæн; æмæ
ўцv афон хæстæг у. Ма ацæут удон фæдvл.
9. Хæстvтv æмæ змæстvтv хабар кў феqусат,
ўæд ма фæтæрсут. Цæмæјдæрiдтæр фvтцадҥсv-
дæр ўўл æрцæўн æмбæлv; фæлæ ўцv сахатvл
фæўн нæма удзæнi.
10. Ўæд сvн захта; сvстцvстv адæм адæмvл,
æмæ патцахад патцахадvл;
11. Ранæј-рæдтv удзæнi зæххv стvр æнќўст,
æмæ стонг, æмæ емvнæ, æмæ тæстæ, æмæ стvр
нvсæнттæ арвæј.
12. Фæлæ ўн удон æппæтv фvтцаг ўæхiмæ
бавналдзvстv, æмæ ўæ сурдзvстv, æмæ ўæ дæт-
цvстv адæмv æмбvрдтæм æмæ талvнгдæдтæм,
æмæ ўæ кæндзvстv патцахтv æмæ хiстæртv
рæзтæм Мæ номv тvххæј.
13. Ај ўн удзæнi æвдiсæнv тvххæј.
14. Ӕмæ афтæ, ўæ зæрдvл дарут, раздæр ўæ
дзўап сцæдтæкæнvн кæј нæ qæўv, ўј.
15. Цæмæјдæрiдтæр ўн Ӕз ратцvнæн æвзаг
æмæ бiрæзондзiнад, јæ нvхмæ дзурvн æмæ јæ
разv лæўvн кæмæн нæ бафæраздзvстv ўјæмæ
бvцæўгæндҥсvтæ æппæт.
16. Рард дæр удзvстут ўæ нvјардҥсvтæј, æмæ
ўæ æфсvмæртæј, æмæ ўæ хæстæдҥсvтæј, æмæ
ўæ лvмæнтæј, æмæ ўæ јўæј-јўтv амардзvстv.
17. Ӕмæ нæўарзон удзvстут æппæтæј Мæ номv
тvххæј.
18. Фæлæ ўæ сæрvqўн дæр нæ фесæфтцæнi.
19. Ўæ барондзiнадæј iрвæзvнкæнут ўæ удтæ.
20. Јерусалiм кў фенат јæ алvфарс æфсæдтæј
тvхстæј: ўæд базонут јæ qæўат фæўн кæј æрхæс-
тæг iс, ўј.

21. Ўæд Јўдеі чі ўа, ўј хæхтæм лідзæд; æмæ
сахарv чі ўа, ўј умæј æдтæмæ рацæўæд; æмæ
јæ алфамблај чі ўа, ўј јæм ма ўал бацæўæд.
22. Умæн-æмæ ін ўцv бонтæ јæ ракæнттv
мастісæн бонтæ стv; цæмæј сæххæстўој фvс-
тvтæ æппæт.
23. Фæлæ мæгўр сæ бон сvвæрдҗсvнтæн æмæ
дзідзі дардҗсvтæн ўцv бонтv; цæмæјдæрідтæр стvр
мæгурдзінад удзæні зæххvл æмæ фvдæхдзінад
ацv адæмvл.
24. Æмæ цаҕд фæўдзvстv цvрҕадҗсv комæј,
æмæ хаст фæўдзvстv алv адæммæ; æмæ Јеру-
салім ссæст удзæні муртаттvтæј, цалvнмæ мур-
таттvтæн сæ афон фæўа, ўалvнмæ.
25. Æмæ нvсæнттæ удзæні хурvл æмæ мæјіл,
æмæ сталvтvл, зæххvл та адæмv æнќарддзінад
æмæ тvхстдзінад; æмæ дендҗсvз сqæркæндзæні,
æмæ сvзмæстўдзæні.
26. Адæм мæт-мардкæндзvстv тасæј, æмæ ду-
неіл цv æнæамонддзінæдтæ цæўа, удонмæ æн-
qæлмæкæсvнæј; цæмæјдæрідтæр ўоларвон тvхтæ
сæнќўсцvстv.
27. Æмæ ўæд фендзvстv адæјмадҗсv Фvртv
æврæҕтvл тvхімæ æмæ стvр кадімæ æрцæўгæјæ.
28. Æмæ ај æххæсткæнvн кў бајдаја, ўæд
сqілут æмæ ўолæмæ ўæ сæртæ сісут, умæн-æмæ
хæстæг кæнv ўæ ірвæзvндзінад.
29. Æмæ сvн фæсномvгнvхас захта: бакæсут
леҕвіі бæласмæ æмæ бæлæстæ æппæтмæ.
30. Удон сvфтæртæ кæнvн кў бајдаінц, ўæд ўј
ўнгæјæ, зонут ўæхўдтæг, сæрд хæстæг кæј у, ўј.
31. Смах дæр афтæ, ўј æххæстгæнгæјæ кў
фенат, ўæд зонут, Хуцаўv цатцахад хæстæг кæј
у, ўј.
32. Æцæг ўн зæҕvн: ацv мvккаг нæ ма аівҕўј-
дзæні, афтæ удон æппæт сўдзvстv.
33. Арв æмæ зæхх аівҕўјдзvстv, фæлæ Мæ
дзvрдтæ нæ аівҕўјдзvстv.
34. Qаqqæнут ўæхімæ, цæмæј ўæ зæрдæтæ
фvрæфсæстæј æмæ расvгкæнvнæј, æмæ цардv

мæтæј ма ўоззаўкæнoј, æмæ ўæ ўцv бон æвіп-
пајдæј ма æріјафа.
35. Цæмæјдæрідтæр ўј ќvсvмаў æрцахсцæні
зæххv кæрæдтvл цæрдњсvтæ æппæтv.
36. Æмæ афтæ, qæлдзæг ут алv афонv, æмæ
кувут, цæмæј ўæхі фервæзvн аккаг ўат ўцv æр-
цæўінаг æнæамондндзінæдтæ æппæтæј, æмæ ба-
лæўат адæјмадњсv Фvртv разv.
37. Бонvгон Уј амvдта арђўанv, æхсæв та јў
ацvді, æмæ јў фæці Зетіі дvрђv хохvл.
38. Æмæ адæм æппæт цvдvстv рајсомæј арђў-
анмæ, Умæ qусvнмæ.

## СÆР 22.

1. Æрæввахсі æнææнqізæнтv бæрæгбон, Пасха
чі хўјнv.
2. Æмæ саўдњсvнтvхістæртæ æмæ чінvдњсvдæс-
снvтæ агўрдтој Уј фесафvнмæ, умæн-æмæ тар-
стvстv адæмæј.
3. Æмæ бацvді сајтан Јўда, Іскаріот чі хўнді,
æмæ Јæ дуўадæс ахургæнінæгтv хvђдv чі уді,
ўј мідæг.
4. Æмæ ацvді ўј, æмæ дзvрдта саўдњсvнтvхіс-
тæртімæ æмæ хіцæўдтімæ, кўд Æј радта удонæн,
ўј тvххæј.
5. Удон фæцінкодтој, æмæ ін æхца радтvн
сфæндкодтој.
6. Ўј сvн зæрдæсæвæрдта, æмæ агўрдта хорз
фадат, цæмæј сvн Æј радтаід адæмv сусæгæј.
7. Нvллæўўді æнææнqізæнбон, Пасхаі ўæрvччv
æргæвдvн кў амбæлді, ўæд.
8. Æмæ арвvста Јесо Петрv æмæ Јоаннv
æмæ сvн захта: ацæут, æмæ нvн сцæдтæкæнут
пасха хæрvнæн.
9. Удон та Ін захтој: кæм нvн зæђvс сцæдтæ-
кæнvн?

10. Уј свн захта: тæккæ сахармæ кў бацæўат,
ўæд ўл сæмбæлдзæні лæг, дурvнv дон хæскæјæ;
ацæут ўј фæстæ, ўј цv хæдзармæ бацæўа, урдæм;
11. Æмæ хæдзарv хіцаўæн зæђут: Ахургæнæг
дvн зæђv: Æз Мæ ахургæнінæгтімæ пасха кæм
бахæрон, ўцv ўат кæм і?
12. Æмæ ўн ўј фенvнкæндзæні стvр арæст ўат;
ум сцæдтæкæнут.
13. Удон ацvдvстv æмæ, Уј кўд захта, ˹афтæ
ссардтој, æмæ пасха сцæдтæкодтој.
14. Æмæ сахат кў æрхæстæдљсі; ўæд Уј æрбадті,
æмæ Јæмæ Јæ дуўадæс Апостолv дæр.
15. Æмæ свн захта: іттæг Мæ фæндv ўемæ
ацv пасха бахарvн Мæ фvдæбонv размæ.
16. Цæмæјдæрідтæр ўн зæђvн, кўд нал бахæр-
дзvнæн ўј, цалvнмæ сæххæст ўа Хуцаўv патцахад.
17. Æмæ сіста нўазæн, бузн уді, æмæ захта:
ајсут æј, æмæ јæ бајўарут ўæ кæрæдзіјæн.
18. Цæмæјдæрідтæр ўн зæђvн, кўд нал баназ-
дзvнæн сæнæвсірv дvрђæј, цалvнмæ нæ æрцўа
Хуцаўv патцахад.
19. Æмæ сіста дзул, бузн уді, асаста јæ æмæ
свн æј раткæјæ, захта: ај у Мæ бўар, кæцv смах
тvххæј лæвæрд у; ај кæнут Мæ æрæмvсvнv
тvххæј.
20. Афтæ дæр нўазæн рајста æхсæвæрv фæс-
тæ, æмæ захта: ацv нўазæн у ног æвдvст Мæ
тугæј, кæцv смах тvххæј кæлv.
21. Æмæ, мæнæ, Мæ дæдтæдљсv ќух Мемæ
фvнгўл іс.
22. Фæлæ адæјмадљсv Фvрт цæўv, раздæр кўд
нvсангонд уді афтæ; фæлæ мæгўр ўцv лæдљсv
бон, чі Јæ радта.
23. Æмæ удон сæкæрæдзіі фæрсvн бајдvдтој:
удонæј ај чі бакæна, ўј чі ўаід.
24. Бvцæў дæр уді сæ æхсæнv, удоннæј хістæр
qўамæ чі ўа, ўўл.
25. Уј та свн захта: патцахтæ адæмvл хіцаўдзі-
надкæнvнц, æмæ удонvл хістæрадгæндљсvтæ хорз-
гæндљсvтæ хўјнvнц.

26. Смах та афтæ нæ: фæлæ смахæј стѵлдæр
чі у, ўј кæстæраў ўæд; æмæ хістæрадгæнæг
кусæгаў.
27. Цæмæјдæрідтæр хістæр чі у: бадæг, æві
кæстæріўоггæнæг? чі бадѵ ўј нæ у нæ? фæлæ
Æз ўæ æхсæнѵ кæстæріўоггæнæгаў дæн.
28. Фæлæ смах фестут Мемæ Мæ фѵдæбонтѵ;
29. Æмæ Æз фæдзæхсѵн смахæн, Мæнæн Мæ
Фѵд кўд бафæдзæхста афтæ, патцахад.
30. Цæмæј хæрат æмæ нўазат Мæ фѵнгўл Мæ
патцахадѵ æмæ сбадат ўоллаг бѵнæдтѵл Ізраілѵ
дуўадæс мѵккагæн тæрхонæн.
31. Æмæ захта Хіјцаў: Сімон! Сімон! мæнæ,
сајтан кўрдта, цæмæј ўæ бајтаўа, мæнæўаў.
32. Фæлæ Æз кўвтон дæў тѵххæј, цæмæј ма
фæqўаг ўа дæ ўрнѵндзінад: æмæ дѵ, іскў раз-
дæхкæјæ, нѵффідаркæн дæ æфсѵмæртѵ.
33. Ўј Ін дзўап радта: Хіјцаў! æз цæдтæ
дæн Демæ талѵнгдоммæ цæўн æмæ мæлæт-
мæ дæр.
34. Фæлæ ін Уј захта: зæҕѵн дѵн, Петр! ўасæг
нæ ма нѵўасцæн ацѵ æхсæв, афтæ Мѵл дѵ æр-
тæ хадтѵ бавдісæнкæндзѵнæ, æз Æј нæ зонѵн,
зæҕгæ.
35. Æмæ сѵн захта: Æз ўæ кў æрвѵстон æнæ
дзæќул, æмæ æнæ хордзæн, æмæ æнæ дзабѵр-
тæ, ўæд істæмæј qўаг удѵстут міјаг? Удон дзўап
радтој: ніцæмæј.
36. Ўæд сѵн Уј захта: нѵр та дзæќул кæмæн
іс, ўј јæ ајсæд, афтæдæр хордзен; фæлæ кæмæн
нæј ўј јæ дарæс аўојкæнæд, æмæ балхæнæд кард.
37. Цæмæјдæрідтæр ўн зæҕѵн, кўд qўамæ
сæххæст ўа Мæнѵл ацѵ фѵст дæр: æвзæргæн-
дџсѵтѵл дæр хѵҕд фæці. Цæмæјдæрідтæр Мæн
тѵххæј заҕд цѵ у, ўј фæўнмæ æрцæўѵ. (Ісаіаі 53, 12.)
38. Удон захтој: Хіјцаў! мæнæ ам дуўæ кардѵ
іс. Уј сѵн захта: æҕҕæд у.
39. Æмæ рацѵді, æмæ ацѵді, Јæ æҕдаўæј, Зетіі
дѵрҕѵ хохмæ. Јæ ахургæнінæгтæ дæр Јæ фæдѵл
цѵдѵстѵ.

40. Æмæ бѵнатмæ кў æрцѵдѵстѵ, ўæд сѵн Уј
захта: кувут, цæмæј ма бафтат фѵдæвзарæнѵ.
41. Æмæ Јæхæдæг та ацѵді удонæј дурѵ æхс-
тѵ бæрц, æмæ Јæ ордњсѵтѵл цæфтѵді, æмæ кўвта,
42. Дзургæје: о, мæ Фѵд! æјдњсіді, Дæў кў ба-
фæндід ацѵ нўазæн Мæнѵл аівђўјнкæнѵн! Фæлæ
Мæ фæнд нæ, фæлæ Дæ фæнд фæўæд.
43. Æмæ Јæм арцѵді Зæд ўоларвæј, æмæ Јæ
фідаркодта.
44. Æмæ Јæхімідæг стѵхст ўовгæјæ, зæрдіаг-
дæрæј кўвта; æмæ Јæ хід уді тудњсѵ æртæхтаў,
зæхмæ чі кæлѵ.
45. Кувѵнæј кў сѵстаді, ўæд æрцѵді Јæ ахўр-
гæнінæгтæм, æмæ сæ ссардта æнќардæј фѵнеје.
46. Æмæ сѵн захта: сѵстут, æмæ кувут, цæ-
мæј ма бафтат фѵдæвзарæнѵ.
47. Æмæ ма Уј ај кўд дзѵрдта, афтæ фæзѵн-
дѵстѵ адæм, сæ фѵтцаг та цѵді дуўадæс ахур-
гæнінæгтæј јў, Јўда чі хўнді, æмæ ўј бацѵді
Јесомæ аṕакæнѵнмæ. Умæн-æмæ сѵн радта
нѵсæнæн, æз кæмæн аṕакæнон, ўј у зæђгæ.
48. Јесо ін захта: Јўда! ṕакæнѵнæј дæдтѵс
цѵ адæјмадњсѵ Фѵртѵ?
49. Јæмæ чі уді, удон та кў федтој, цæмæ
цæўѵ qўдтаг, ўæд захтој: Хіјцаў! цæвæм цѵ
кардæј?
50. Æмæ удонæј јў нѵццафта саўдњсѵнтѵхі-
стæрѵ цађарѵ кардæј æмæ ін јæ рахіс qус
ахаўнкодта.
51. Ўæд Јесо захта: нѵўадзут, æђђæд у.
Бавнæлдта јæ qусмæ, æмæ јæ сдзæбæхкодта.
52. Саўдњсѵнтѵхістæртæн та æмæ æрђўанѵ хі-
цæўдтæн, Ўўл чі æрæмбѵрдѵстѵ, захта Јесо:
цѵма æвзæргæнæгмæ ралæбурдтат смах кæрд-
тімæ æмæ qілтімæ Мæн æрцахсѵнмæ.
53. Алæбондæр удтæн Æз смахімæ арђўанѵ,
æмæ Мæм смах нікў бавнæлдтат; фæлæ нѵр у
ўæ рæстæг æмæ талѵндњсѵ тѵх.

54. Ӕрцахстој Јæ, æмæ Јæ акодтој саўдҥсvн-
тvхістæртv хæдзармæ. Петр та цvді сæ фæдvл
дæрдцæф.
55. Ӕмæ удон арт кў скодтој кæртv астæўv,
æмæ јўмæ кў сбадтvстv, ўæд Петр дæр сбадті
удон æхсæн.
56. Јў кусæгус, ўј артv цур бадгæ кў федта,
æмæ јæм лvстæг кў бакасті, ўæд захта: ај дæр
Ујімæ уді.
57. Фæлæ Іл ўј æвдісæнбакодта, æмæ захта:
æз Ӕј нæ зонvн.
58. Јў чvсvл фæстæдæр æј федта æндæр,
æмæ ін захта; дv дæр удонæј дæ. Фæлæ Петр
захта ўцv лæгæн: нæ дæн.
59. Јў сахатv јасv фæстæ нодҥсvдæр чідæр
тvнг нvллæўўді, æмæ дзvрдта: бæлвvрд ај дæр
Ујімæ уді, умæн-æмæ Галілеаг у.
60. Фæлæ Петр захта ўцv лæгæн: дv цv
дзурvс, ўј нæ зонvн. Ӕмæ ма ўј кўд дзvрдта,
тæккæ ўцv сахатvл ўасæг сўасvді.
61. Ўæд Хіјцаў раздæхті, æмæ бакасті Петрмæ,
æмæ Петрæн јæ зæрдvл æрлæўўді Хіјцаўv
дзvрд, Ўј ін кæј захта: ўасæг нæма сўасцæні,
афтæ Мvл æртæ хадтv бавдісæнкæндзvнæ.
62. Ӕмæ рацvді æдтæмæ, æмæ ўнгæгæј
скўдта.
63. Јесоіл цv адæм хæцvдvстv, удон Ӕј
æлҕvстој, æмæ Јæ надтој;
64. Ӕмæ ін Јæ цæстvтvл нvххæцкæјæ, Јæ
æхсæрvфæрстæ цафтој, æмæ фарстој: базон чі
Дæ нvццафта?
65. Ӕмæ Ін бірæ æндæр алvвvдтæ дзvрдтој.
66. Ӕмæ кў сбоні, ўæд æрæмбvрдvстv адæмv
хістæртæ, саўдҥсvнтvхістæртæ æмæ чінvдҥсv-
дæснvтæ, æмæ Јæ бакодтој сæ стvр тæрхон-
донмæ,
67. Ӕмæ Јæ бафарстој: зæҕ нvн, Дv Чvрvсті
дæ? Ўј сvн захта: Ӕз ўн кў зæҕон, ўæд ўæ нæ
баўрндзæні.

68. Фарскæ та ўæ кў бакæнон, ўæд Мvн дзўап нæ ратцvстут, æмæ Мæ нæ аўадцvстут.
69. Нvрæј фæстæмæ адæјмадњсv Фvрт æрбадцæнi Хуцаўv тvхv рахiс фарс.
70. Æмæ сеппæт захтој: ўодæ Дv Хуцаўv Фvрт дæ? Уј сvн дзўап радта: смах зæђут, Æз ўј кæј дæн, ўј.
71. Удон захтој: цv æвдiсæн ма нæ qæўv? Цæмæјдæрiдтæр мах нæхўдтæг феqўстам Јæхi дзvхæј.

## С Æ Р 23.

1. Æмæ удон сеппæт æмгулфæј сvстадvстv æмæ Јæ акодтој Пiлатмæ.
2. Æмæ Јæ зvлvнкæнvн бајдvдтој, дзургæје: мах базvдтам, Уј адæмv фvдæђдаў кæј кæнv, æмæ Кесарæн qалон дæдтvн кæј нæ ўадзv, Јæхi Чvрvстi Патцах хонгæјæ.
3. Пiлат Æј бафарста: Дv Јўдетv Патцах дæ? Уј iн дзўаппæн захта: дv зæђvс.
4. Пiлат захта саўдњсvнтvхiстæртæн æмæ адæмæн: æз ацv лæгмæ нiцv аххос арvн.
5. Фæлæ удон тvнгæј дзvрдтој: Уј адæмv змæнтv, јæ амvндæјæ Јўдеај бæстv æппæтv, сўанг Галiлеаје ацv бæстv онг.
6. Пiлат Галiлеаi кој кў феqўста, ўæд сæ бафарста: Уј Галiлеаг у цv?
7. Æмæ кў базvдта, Уј Iродv бæстаг кæј у ўј ўæд Æј арвvста Iродмæ, ўцv афонv Јерусалiмv чi удi умæ.
8. Iрод Јесоi кў федта, ўæд iдтæг фæцiнкодта; умæн-æмæ јæ рагæј фæндvдi Уј фенvн, ўј тvххæј-æмæ бiрæ феqўста Уј тvххæј æмæ Дзv iстv дiссаг фенvнмæ æнqæлмæкастi.
9. Æмæ Јæ фарста бiрæ цæмæјдæртv; фæлæ iн Уј нiцv дзўап лæвæрдта.
10. Саўдњсvнтvхiстæртæ та æмæ чiнvдњсvдæснvтæ лæўўдvстv, æмæ Јæ тvнг зvлvнкодтој.

11. Фæлæ Јæ Ірод јæ æфсæдтонтімæ феф-
хæрдта, алvфvд Vн фæдзvрдта, скодта Іл урс
дарæс, æмæ Јæ фæстæмæ Пілатмæ арвvста.
12. Æмæ ўцv бон Пілат æмæ Ірод слvмæнvстv
кæрæдзіімæ; цæмæјдæрідтæр фvтцаг сæ кæ-
рæдзіімæ знаг удvстv.
13. Пілат та басідті саўдӈсvнтvхістæртæм æмæ
хіцæўдтæм æмæ адæммæ,
14. Æмæ сvн захта: смах æркодтат мæммæ
ацv лæдӈсv, æдæмv цvма фvдæђдаў кæнv, æмæ
Јæ мæнæ æз ўæ разv фæфарстон, æмæ Јæ
æнæаххосæј ссардтон, смах Æј цæмæј аххос-
дӈсvн кæнут, умæј;
15. Ірод дæр афтæ: цæмæјдæрідтæр Æј æз
умæ арвvстон; æмæ Јæм ніцv разvнді мæлæтv
аккагæј.
16. Цæј бафхæрон Æј, æмæ Јæ аўадзон.
17. Умæн та бæрæгбонv тvххæј јў ахæстv
аўадзvн qўді.
18. Фæлæ адæм сеппæт qæркæнvн бајдvдтој:
Умæн мæлæт! Варавваі та нvн ўадзгæ акæн.
19. Варавва уді талvнђахæстонv, сахарv змæн-
тvнv æмæ лæгмарvнv тvххæј.
20. Пілат дvккаг хадт захта јæ фæндон Ј е с о і
аўадзvнv тvххæј.
21. Фæлæ удон qæркодтој: бајтvндз Æј, бај-
тvндз Æј!
22. Ўј сvн æртvккаг хадт захта: цv æвзæр ра-
кодта Уј? æз Æм æмарvнv аккагæј ніцv ссард-
тон. Цæј бафхæрон Æј, æмæ Јæ аўадзон.
23. Фæлæ удон тvнг кўрдтој, дзўарvл тvђд
цæмæј ўа, ўј; æмæ фæўолахізі сæ qæр удонæн
æмæ саўдӈсvнтvхістæртæн.
24. Æмæ Пілат ахіцæнкодта, кўд кўрдтој, афтæ.
25. Æмæ сvн аўахта змæстv æмæ лæгмарvнv
тvххæј ахæстонv чі уді, æмæ удон кæі кўрдтој,
ўј; Ј е с о і та сvн радта сæ ќухмæ.
26. Æмæ Јæ кў акодтој, ўæд æрцахстој бvдv-
рæј цæўæг чідæр Кірінеаг Сімонv, сæвæрдтој ўўл
дзўар, цæмæј хастаід Ј е с о і фæдvл.

27. Ӕмæ Јæ фæстæ цvдvстv бірæ адæм æмæ
устvтæ, кæцvтæ кўдтој æмæ æрдіагкодтој Уј
тvххæј.
28. Јесо раздæхті удонмæ, æмæ сvн захта:
Јерусамімv чvздњсvтæ! ма кæут Мæн тvххæј, фæ-
лæ кæут ўæхі тvххæј æмæ ўæ зæнæдњсv тvххæј.
29. Цæмæјдæрідтæр æрцæўнц бонтæ, кæд зæђ-
дзvстv: тæхудіаг стv æнæзæнæгтæ, æмæ чі нæ
нvјардтој, уцv гўбvнтæ, æмæ чі нæ хастој, ўцv
дзідзітæ!
30. Ўæд дзурvн бајдајдзvстv хæхтæн: æрхаут
махvл, æмæ ўобæўдтæн: бамбæрзут нæ!
31. Цæмæјдæрідтæр кæд ўæх бæласæн афтæ
кæнvнц, ўæд хўсќæн та цv удзæні?
32. Кодтој Ујімæ мæлæтмæ дуўæ æвзæргæнæ-
дњсv дæр.
33. Ӕмæ кў æрцvдvстv нvхv бvнат хўнгæ ран-
мæ; ўæд ўм дзўарvл бајтvхтој Уј дæр æмæ æв-
зæргæндњсvтv дæр, јўv Јæ рахіс фарс, іннæј та
Јæ галіў фарс.
34. Ӕмæ Јесо дзvрдта: Мæ фvд! нvпбар сvн,
умæн-æмæ цv кæнvнц, ўј нæ зонvнц. Ӕмæ Ін
ўæрстој Јæ дарæс, хæлттæ цæђдгæјæ.
35. Ӕмæ лæўўдvстv адæм, æмæ кастvстv; худ-
тvстv удонімæ хіцæўдтæ дæр, æмæ дзvрдтој: ін-
нæтv ірвæзvнкодта: Јæхæдæг Јæхі фервæзvн-
кæнæд, Уј кæд Чvрvсті у Хуцаўv æвзæрст.
36. Ӕфсæдтонтæ дæр афтæ æвзæр дзvрдтој
Умæн, æмæ Јæм бvцvдvстv, æмæ Јæм бахастој
дзvмарі,
37. Ӕмæ Ін дзvрдтој: кæд Дv Јудетv Патцах
дæ, ўæд Дæхі фервæзvнкæн.
38. Ӕмæ Јæ сæрмæ фvст уді Бердзенаг, Ро-
маг æмæ Евреаг æвзагæј: Ај у Јўдеаг Патцах.
39. Тvђд æвзæргæндњсvтæј Ін јў æвзæр дзvрдта
æмæ Ін захта: кæд Дv Чvрvсті дæ; ўæд фер-
вæзvнкæн Дæхі дæр æмæ мах дæр.
40. Фæлæ јæ іннæ ўрæдта, æмæ ін дзvрдта:
дv Хўцаўæј нæ тæрсvс цv, дæхіул дæр ахæм
тæрхон кў іс?

41. Мах раст тæрхонгонд стæм, умæн-æмæ мах,
нæ ракæнттæм гæскæ цѵ аккаг стæм, ўј рајстам;
фæлæ Уј ніцѵ æвзæр ракодта.
42. Æмæ захта J е с о ј æ н: æрæмѵс мæ, Хіјцаў!
Дæ патцахадмæ кў æрцæўај ўæд.
43. Æмæ ін J е с о захта: æцæг дѵн зæϧѵн,
нѵрідæгæн дæр удзѵнæ Мемæ дзæнæтѵ.
44. Уді бонѵ æхсæзæм сахатмæ æввахс; æмæ
ссі талѵнг зæхх æгасѵл фæрæстæм сахатѵ онг.
45. Æмæ баталѵндѩсі хур, æмæ арϧўанѵ æмбæр-
зæн јæ астæўл адіхі.
46. J е с о сqæркодта стѵр qæрæј, æмæ захта:
о, Мæ Фѵд! Дæ ќухтæм дæдтѵн Мæ уд. Æмæ,
ај зæϧгæје, сіста Јæ уд.
47. Сæдæі хістæр кў федта, цѵ æрцѵді, ўј, ўæд
сѵстѵдта Хуцаўѵ, æмæ захта: бæлвѵрд ацѵ лæг
раст уді.
48. Æмæ адæм æппæт, јæ фенѵнмæ чі æрцѵ-
дѵстѵ, кў федтој цѵ æрцѵді ўј, ўæд фæстæмæ
цѵдѵстѵ, æмæ сæ ріў хостој.
49. Æмæ Јæ зонгæтæ сеппæт, æмæ Јæ фæдѵл
цѵ устѵтæ цѵдѵстѵ Галілеаје удон дæрдцæфæј
лæўўдѵстѵ, æмæ Јæм кастѵстѵ.
50. Ўæд чідæр, јæ ном Јосіф хўнгæ, тæрхонѵ
бадæг хорз æмæ раст лæг,
51. (Удонæн сæ фæндѵ, æмæ сæ qўдтадѩсѵ чі
нæ уді), Арімафеје, Јўдеаг сахарæј, Хуцаўѵ патца-
хадмæ æнqæлмæгæсæг,
52. Арцѵді Пілатмæ, æмæ дзѵ кўрдта J е с о і
бўар.
53. Æмæ јæ рајста, æмæ јæ батѵхта кæдтагæј,
æмæ цæвæрдта ќæдзæхѵ ќахт зæппадзѵ, æвæрд
кæм нічі ма нікў уді.
54. Ўцѵ бон уді мајрæмбон, æмæ сабат ралæў-
ўдаід.
55. J е с о ј е н Галілеаје Јæ фæстæ цѵ устѵтæ
æрцѵдѵстѵ, удон дæр ацѵдѵстѵ, æмæ федтој
зæппадз, æмæ дзѵ J е с о і бўар кўд æвæрдтој, ўј.

56. Ӕмæ раздæхтѵстѵ, æмæ сцæдтæкодтој
хорзсмаггæнæнтæ æмæ сæрдæнтæ, æмæ сабат
бонѵ баззадѵстѵ æнцоје, амондзiнадмæ гæскæ.

## СӔР 24.

1. Ќўрiі фѵтцаг бонѵ, iдтæг радѩсѵ, удон, цѵ
хорзсмаггæнæнтæ сцæдтæкодтој, удон ахастој,
æмæ ацѵдѵстѵ зæппадзмæ æмæ ма семæ æндæр-
тæ дæр.
2. Фæлæ ссардтој дурѵ iнгæнæј фæлдæхтæј.
3. Ӕмæ јæм бацѵдѵстѵ, фæлæ дзѵ Хiјцаў
Јесоi бўар не ссардтој.
4. Ӕмæ удон ўј тѵххæј кў qўдѵкодтој, ўæд сæм
æрбалæўўдѵстѵ дуўæ лæдѩсѵ, æрттiвгæ дарæстѵ
арæст.
5. Ӕмæ удонѵ тас кў бацѵдi, æмæ зæхмæ кў
кастѵстѵ, ўæд сѵн захтој: æгасѵ мæрдтiмæ цѵ
агурут?
6. Уј ам нæј: Уј рајгасi: æрæмѵсут, Уј ўн, Галi-
леаi ма кў удi, ўæд кўд дзѵрдта,
7. Ӕдæјмадѩсѵ Фѵртѵл æмбæлѵ тæрiђæддѩсѵн
лæгтѵ ќухтæм радтѵн, æмæ дзўарѵл бајтѵндзѵн,
æмæ æртѵккæгæм бон рајгасўн.
8. Ӕмæ удон æрæмѵсѵдѵстѵ Јæ дзѵрдтæ;
9. Ӕмæ iнгæнæј кў раздæхтѵстѵ, ўæд феqусѵн-
кодтој адон јўўлдæр јўæндæсæн æмæ iннæтæн
æппæтæн.
10. Удон удѵстѵ Магдалiнаг Марiа, æмæ Јоанна,
æмæ Марiа, Јаковѵ мад, æмæ ма удонiмæ æн-
дæртæ дæр, кæцѵтæ захтој ај тѵххæј Апостол-
тæн.
11. Ӕмæ сæм фæкастѵстѵ удон дзѵрдтæ дзæ-
ђæл, æмæ сѵл нæ баўўæндѵдѵстѵ.
12. Фæлæ Петр сѵстадi, аўадi зæппадзмæ, ба-
кастi јæм, æмæ дзѵ федта æрмæст мæрдзæгтæ
лæўгæјæ, æмæ фæстæмæ ацѵдi, дiсгæнгæјæ јехi-
нѵмæрѵ, цѵ æрцѵдi ўўл.

13. Ўцѵ бон удонæј дуўæ фæцæјцѵдѵстѵ јў
qæўмæ, Јерусалімæј æртіссæдз ўсмѵ цад чі у,
æмæ Еммаус чі хўјнѵ, ўрдæм;
14. Æмæ сæкæрæдзіімæ нѵхæстæкодтој, цѵ
æрцѵді, удон æппæтѵл.
15. Æмæ удон сæ кæрæдзіімæ нѵхæстæ æмæ
qўдѵ кў кодтој, ўæд сæм Јесо Јехæдæг дæр
æрцѵді, æмæ ацѵді семæ.
16. Фæлæ сæ цæстѵтæ ахст удѵстѵ, æмæ Јæ
нæ базѵдтој.
17. Уј сѵн захта: aj цæј тѵххæј, цæўгæцæўн
нѵхæстæкæнут кæрæдзіімæ, æмæ æнќард цæј
тѵххæј стут?
18. Удонæј јў, Клеопа хўнгæ, захта умæн дзўап-
пæн: аў, Јерусаліммæ чі æрцѵдѵстѵ удонæј јў-
нæг дѵ нæ зонѵс ўм, ацѵ бонтѵ цѵ æрцѵді,
удон?
19. Æмæ сѵн захта: цѵ? Удон Ѵн захтој: На-
заретаг Јесоіл цѵ æрцѵді, пехумпар чі уді, тѵх-
дњсѵн qўдтагæј æмæ дзѵрдæј Хуцаўѵ æмæ адæм
æппæтѵ разѵ;
20. Кўд Æј радтој саўдњсѵнтѵхістæртæ æмæ
нæ хіцæўдтæ мæлæтмæ, æмæ Јæ дзўарѵл кўд
бајтѵхтој.
21. Мах та Дзѵ нѵфс уді, Уј Ізраілѵ чі фервæ-
зѵнкæндзæн, ўј у зæђгæ: æфтæмæј нѵр æртѵк-
кæгæм бон у, aj кў æрцѵді ўодæј;
22. Фæлæ устѵтæј чідæртæ та нѵл діс бафтѵд-
тој; удон радњсѵ інгæнѵ удѵстѵ.
23. Æмæ ін не ссардтој Јæ бўар, æмæ æрцѵ-
дѵстѵ, æмæ дзѵрдтој, Зæдтѵ дæр федтам зæђгæ,
кæцѵтæ сѵн захтој, Уј æгас у, зæђгæ.
24. Æмæ махæј чідæртæ ацѵдѵстѵ зæппадзмæ,
æмæ устѵтæ кўд захтој, афтæ федтој; фæлæ Ін
Јæхі нæ федтој.
25. Ўæд сѵн Уј захта: о, æнæзæндтæ æмæ
зæрдæўоззæўттæ, пæхумпартæ раздæр кæј захтој
удон æппæт кæј нæ ўрнѵнц!
26. Афтæ нæ æмбæлді нæ Чѵрѵстііл фæфѵдæ-
бонкæнѵн, æмæ Јæ стѵрадмæ бацæўн?

27. Ӕмæ бајдѵдта Мојсејæ æмæ пæхумпартæ
æппæтæј, æмæ сѵн сæргомкодта удонæн, Јæхі
тѵххæј фѵстѵтѵ цѵ уді, удон æппæт.
28. Ӕмæ кў æрбаввахсѵстѵ, удон цѵ qæўмæ
цѵдѵстѵ, умæ, ўæд Ўј Јæхі дардтæр цæўæг скодта.
29. Фæлæ Јæ удон урæдтој, æмæ Ін дзѵрдтој:
баззај махімæ, умæн-æмæ бон ізæрѵрдæм æр-
ќўлкодта. Ӕмæ Ўј бацѵді, æмæ удонімæ баззаді.
30. Ӕмæ Ўј удонімæ фѵнгўл кў бадті, ўæд сіс-
ста дзул, æрфæракодта, асаста јæ æмæ сѵн радта.
31. Ўæд бајгомѵстѵ удонæн сæ цæстѵтæ,
æмæ Јæ базѵдтој. Фæлæ сѵн Ўј фæтарі.
32. Ӕмæ удон сæ кæрæдзіјæн захтој: нæ зæр-
дæ нæ хўлфѵ нæ сѵђді нæ, Ўј фæндагўл немæ кў
дзѵрдта, æмæ нѵн фѵстѵтæ кў æргомкодта, ўæд?
33. Ӕмæ сѵстадѵстѵ ўцѵ сахатѵл, æмæ Јеру-
саліммæ раздæхтѵстѵ, æмæ ссардтој јўæндæсѵ
јўмæ, æмæ семæ чі удѵстѵ удонѵ,
34. Кæцѵтæ дзѵрдтој: Хіјцаў бæлвѵрд рајгасі
зæђгæ, æмæ разѵнді Сімонмæ.
35. Ӕмæ удон дзѵрдтој, фæндагўл цѵ федтој,
ўј æмæ Јæ дзул асæдтѵнæј кўд баззѵдтој, ўј.
36. Ӕмæ удон ај кўд дзѵрдтој, Јесо Јæхæ-
дæг афтæ балæўўді сæ астæў, æмæ сѵн захта:
фарн смахæн.
37. Удон фæдњсіхстѵ, æмæ фæтарстѵстѵ, æмæ
фенqæлдтој, уд істѵ ўнѵнц.
38. Фæлæ сѵн Ўј захта: цæмæн тæрсут, æмæ
ахæм qўдѵтæ цæј тѵххæј цæўнц ўæ зæрдæтѵ?
39. Фенут Мæ ќухтæ æмæ Мæ ќæхтæ; ај Ӕз
Мæхæдæг дæн; бавналут Мæм, æмæ Мæ басга-
рут; цæмæјдæрідтæр удæн фѵд æмæ стдњсѵтæ
нæј, Мæн кўд унут, афтæ.
40. Ӕмæ ај кў захта, ўæд сѵн фенѵнкодта Јæ
ќухтæ æмæ Јæ ќæхтæ.
41. Фæлæ ма сæ нодњсѵ фѵрцінæј кў нæ ўр-
нѵдта, æмæ діс кў кодтој; ўæд сѵн Ўј захта; іс-
тѵ хæрінаг мідаг ўæм іс ам?
42. Удон Ѵн радтој фізонæггонд кæфѵ хај æмæ
мѵдѵ фæзђæр.

43. Ӕмæ сæ рајста, æмæ сæ цурѵ хордта.
44. Ӕмæ сѵн захта: мæнæ ўј, Ӕз ўн цæј тѵх-
хæј захтон, смахімæ ма кў удтæн ўæд, кўд сæх-
хæстўн æмбæлѵ Моісеј дінѵ, пæхўмпартѵ æмæ
псаломтѵ Мæн тѵххæј фѵстѵтæ æппæтѵл.
45. Ўæд сѵн бајгомкодта сæ зонд фѵстѵтѵ
бамбарѵнѵ тѵххæј.
46. Ӕмæ сѵн захта; афтæ фѵст у, æмæ афтæ
æмбæлді Чѵрѵстііл фæфѵдæбонкæнѵн, æмæ
мæрдтæј рајгасўн æртѵккæгæм бон,
47. Ӕмæ амонѵн Уј номѵ тѵххæј фæсмон-
дзінад æмæ тæріђæдтѵ нѵпбарѵндзінад адæм
æппæтѵ æхсæн, Јерусалімæј рајдајгæје.
48. Смах та аўл æвдісæн стут.
49. Ӕмæ мæнæ, Ӕз рарвітцѵнæн смахмæ Мæ
Фѵдѵ Зæрдææвæрдѵ; смах лæўут Јерусалім
сахарѵ, цалѵнмæ ўн лæвæрд ўа ўоліје тѵх.
50. Ӕмæ сæ ракодта сахарæј æдтæмæ Віфа-
ніаі онг, æмæ скодта Јæ ќухтæ ўолæмæ, æмæ
сѵн арфæракодта.
51. Ӕмæ сѵн арфæ кў кодта, ўæд сæ ахіцæні,
æмæ ацѵді ўоларвмæ.
52. Удон Ѵн бакўвдтој, æмæ раздæхтѵстѵ
Јерусаліммæ стѵр цінімæ.
53. Ӕмæ удѵстѵ кæдтæрідтæр арђўанѵ, Ху-
цаўѵ стаўгæјæ æмæ Ін арфæгæнгæјæ. Амін.

# ЈОАННЕЈЕ

## СѴЂДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

### СÆР 1.

1. Фѵтцагæј уді Дзѵрд, æмæ Дзѵрд уді Хуцаўмæ, æмæ Дзѵрд уді Хуцаў.

2. Уј уді фѵтцагæј Хуцаўмæ.

3. Јўўлдæр Умæј сѵстѵ, æмæ æнæ Уј онѵн ніцѵ рајдѵдта, цѵ сѵстѵ удонæј.

4. Умæ уді цард, æмæ цард уді адæмѵ рухс.

5. Æмæ рухс талѵндѩсѵ рухскæнѵ, æмæ іл талѵнг нæ æрбатѵхсті.

6. Хуцаўæј æрвѵст лæг уді, јæ ном Іоанн.

7. Уј æрцѵді æвдісæндзінадѵ тѵххæј, цæмæј æвдісæнлæўўа рухсѵ тѵххæј, цæмæј æппæтѵ баўрна умæј.

8. Уј рухс нæ уді, фæлæ æрвѵст уді, цæмæј æвдісæнлæўўа рухсѵ тѵххæј.

9. Уді æцæг рухс, кæцѵ алѵ лæдѩсѵ, дунемæ æрцæўæдѩсѵ, рухскæнѵ.

10. Дунеі уді, æмæ дуне Умæј ссі, æмæ Јæ дуне нæ базѵдта.

11. Јехіонтæм æрцѵді, æмæ Јæ јехіонтæ нæ ајстој.

12. Фæлæ Јæ чі ајста, удонæн, Јæ номѵл ўрндѩсѵтæн, Хуцаўѵ фѵрттæ онѵнѵ бар радта,

13. Кæцѵтæ нæ тугæј, нæдæр бўарѵ фæндонæј, нæдæр лæдѩсѵ фæндонæј, фæлæ Хуцаўæј рајгўрдѵстѵ.

14. Ӕмæ Дзvрд бўардњсvн ссі, æмæ царді
махімæ хорзлæвардзінад æмæ æцæгдзінадæј дза-
гæј; æмæ Ін мах федтам Јæ стvрад, кўд Фvдæј
јўнæгўрдv стvрад.
15. Јоанн Уј тvххæј æвдісæн лæўўv, æмæ qæ-
рæј зæђv: Ај Уј у, æз кæмæј захтон, мæ фæстæ
чі æрцæўv, Уј мæ разæј фæці, ўј тvххæј—æмæ
Уј мæнæј фvтцадњсvдæр уді.
16. Ӕмæ Јæ æххæстдзінадæј мах неппæт рајс-
там хорзлæвардзінад хорзлæвардзінадvл.
17. Цæмæјдæрідтæр æђдаў Моісеі ќўхæј лæ-
вæрд у, хорзлæвардзінад æмæ æцæгдзінад та
Јесо Чvрvстіје лæвæрд стv.
18. Хуцаўv нікў нічі федта: јўнæггўрд Фvрт,
Јæ Фvдv qæбvсv ўоввæг, Уј Јæ раргомкодта.
19. Ӕмæ мæнæ Јоаннv æвдісæндзінад, Јўдетv
јæм кў рарвvстој Јерусалімæј саўдњсvнтv æмæ
левіттv бафæрсvнмæ: чі дæ дv?
20. Уј раргомкодта, æмæ сvн раст æргомæј
захта: æз Чvрvсті нæ дæн.
21. Ӕмæ јæ бафарстој: ўодæ чі дæ? Іліа дæ?
ўј захта: нæ дæн. Пæхумпар дæ? ўј сvн дзўап
захта: нæ дæн.
22. Удон vн захтој: ўодæ чі дæ? цv дзўап
радтæм нæ рарвітдњсvтæн: дv дæхæдæг дæхіцæј
цv зæђvс?
23. Ўј сvн захта: æз дæн æдзæрæгранv qæр-
гæнæдњсv qæлæс: срасткæнут фæндаг Хіјцаўæн,
пæхумпар Ісаіа кўд захта, афтæ. (Ісаіаі 40, 3.)
24. Ӕрвvстvтæ та удvстv фарісетæј;
25. Ӕмæ јæ удон бафарстој: ўодæ дv цæмæн
арђаўс, кæд нæ Чvрvсті дæ, нæ Іліа, нæ пæ-
хумпар?
26. Јоанн сvн дзўаппæн захта: æз донv
арђаўн; фæлæ ўæ æхсæн чідæр лæўv, смах кæј
нæ зонут.
27. Ўј мæ фæстæ чі цæўv, ўј у, фæлæ мæ
фvтцаг чі фæці, Ӕз Умæн Јæ дзабvрv бос сv-
халvн аккагдæр нæ дæн.

28. Aј уді Віфаварѵ, Јорданѵ цур, Јоанн кæм
арђўдта, ум.
29. Дѵккаг бонѵ Јоанн федта Јесоі, јæхімæ
æрбацæўгæ, æмæ захта: мæнæ Хуцаўѵ Ўæрѵкк,
Јæхіўл дунеј тæріђæд чі ісѵ Уј;
30. Aј Уј у, æз кæј тѵххæј захтон: мæ фæстæ
цæўѵ лæг, мæнæј чі фæраздæрі, умæн-æмæ Уј
мæнæј фѵтцадѩсѵдæр уді.
31. Æз Æј нæ зѵдтон: фæлæ донѵ арђаўнмæ ўј
тѵххæј æрцѵдтæн, цæмæј Уј раргомўа Ізраілæн.
32. Æмæ Јоанн æвдісæнлæўўді, æмæ дзѵрдта:
æз федтон Удѵ, ўоларвæј бæлонаў æрцæјцæўгæ,
æмæ Ўўл æрцæјбадгæ.
33. Æз Æј нæ зѵдтон; фæлæ мæ донæј ар-
ђаўнмæ Чі рарвѵста, Уј мѵн захта: Удѵ æрцæўгæ
æмæ æрбадгæ кæўл фенај, Сѵђдæг Удæј ар-
ђаўæг Ўј у.
34. Æмæ æз федтон, æмæ æвдісæннѵллæўўд-
тæн, Ўј Хуцаўѵ Фѵрт кæј у ўўл.
35. Дѵккаг бонѵ нодѩсѵдæр лæўўдѵстѵ Јоанн
æмæ јæ ахургæнінæгтæј дуўæ,
36. Æмæ Јесоі æрцæјцæўгæјæ кў федта, ўæд
захта: мæнæ, Хуцаўѵ Ўæрѵкк.
37. Умæј ацѵ дзѵрдтæ кў феqўстој, ўæд дуўæ
ахургæнінæдѩсѵ ацѵдѵстѵ Јесоі федѵл.
38. Јесо раздæхті, æмæ сæ кў федта Јæ
фæдѵл цæўгæ, ўæд сѵн захта: цѵ ўæ qæўѵ?
Удон Ѷн захтој: Равві! (ома ахургæнæг!) кæм
цæрѵс?
39. Захта сѵн: рацæут, æмæ фендзѵстут. Удон
ацѵдѵстѵ æмæ федтој, кæм царді ўј, æмæ ўцѵ
бон Умæ фестѵ. Уді дæсæм сахатмæ æвваxс.
40. Ўцѵ дуўæјæ, Јоаннæј Јесоі тѵххæј чі
феqўстој, æмæ Јæ фæдѵл чі ацѵдѵстѵ, јў уді
Андреј, Сімон Петреі æфсѵмæр.
41. Ўј фѵтцадѩсѵдæр ссардта јæ æфсѵмæр
Сімонѵ, æмæ ін захта: мах ссардтам Мессіаі, ома
Чѵрѵстіі.

42. Ӕмæ jæ æркодта J е с о м æ. J е с о та умæ кў бакасті, ўæд ѵн захта: дѵ Сімон, Јонаі фѵрт дæ; дæ ном фæўæд Кіфа, ома дур (Петр).

43. Дѵккаг бонѵ J е с о Галілеамæ ацæўн сфæндкодта, æмæ ссардта Філіппѵ, æмæ ін захта: рацу Мæ фæдѵл.

44. Філіпп та уді Віфсаідајæ, Андреј æмæ Петрімæ jў сахарæj.

45. Філіпп ссардта Нафанаілѵ, æмæ ін захта: мах ссардтам Уј, Моісеі дінѵ æмæ пæхумпартæ кæj тѵххæj фѵстој, J е с о і, Јосіфѵ фѵртѵ, Назаретæj.

46. Фæлæ ін Нафанаіл захта: Назаретæj істѵ хорз рацæўдзæні цѵ? Філіпп ѵн захта: рацу, æмæ фен.

47. J е с о Нафанаілѵ Јæхімæ æрбацæjцæўгæ кў федта, ўæд ўј тѵххæj захта: мæнæ раст Ізраілаг, хіндзінад кæмæ нæj.

48. Нафанаіл Ѵн захта: Дѵ мæ цæмæj зонѵс? J е с о ін дзўап захта: Філіппѵ бадзѵрдѵ размæ дæ Ӕз федтон, дѵ леҕвіі бæласѵ бѵн кў удтæ, ўæд.

49. Нафанаіл Ѵн захта дзўап: Равві! Дѵ дæ Хуцаўѵ Фѵрт, Дѵ дæ Ізраілѵ Патцах.

50. J е с о ін дзўап захта: дæў ўрнѵ ўј тѵххæj, Ӕз дѵн кæj захтон: Ӕз дæ федтон леҕвіі бæласѵ бѵн; амæj фѵлдæр фендзѵнæ.

51. Ӕмæ ін захта: æцæг, æцæг зæҕѵн смахæн: нѵрæj фæстæмæ ўндзѵстут арв гомæj, æмæ Хуцаўѵ Зæдтѵ ссæўгæ æмæ æрцæўгæ адæjмаднсѵ Фѵртмæ.

## С Ӕ Р 2.

1. Ӕртѵккаг бонѵ уді чѵндзæхсæв Галілеаг Канаі, æмæ J е с о і мад дæр ўм уді.

2. Хўнд удѵстѵ J е с о æмæ Јæ ахургæнінæгтæ дæр чѵндзæхсæвмæ.

3. Ӕмæ сæнæј кў сqатдњсvнстv; ўæд Јесојæн
Јæ мад захта: сæн сæм налі.
4. Јесо ін захта: Мæн æмæ дæў цv qўдта-
дњсі, усаj? нvрма Мæ сахат нæма æрхæтцæі.
5. Јæ мад захта кусдњсvтæн: Ўј ўн цv зæђа, ўј
бакæнут.
6. Ум та уді æвæрд æхсæз донхæссæн дурvнv,
Јўдетv сvђдæгкæнvнv æђдаўæј, кæцvтv цvді
фæјнæ дуўæ, кæнæ фæјнæ æртæ барæнv.
7. Јесо сvн захта: бајдзагкæнут мігæнæнтæ
донæј. Ӕмæ сæ бајдзагкодтој сæ бvлтæм.
8. Нvр сæвгæнут æмæ јæ хæрд æмæ ностv
æфсінмæ ахæссут. Ӕмæ ахастој.
9. Ӕмæ хæрд æмæ ностv æфсін донv, сæн чі
фестаді, ўј ад кў федта, (ўј та нæ зvдта, кæцæј
у ацv сæн, зvдтој јæ æрмæст кусдњсvтæ, донæј
мігæнæнтæ чі баідзагкодтој, удон): ўæд хæрд
æмæ ностv æфсін æрбасідті сіахсмæ,
10. Ӕмæ ін захта: алv лæг раздæр хорз сæн
дæдтv, æмæ сæ фаг кў баназvнц, ўæд та æв-
зæрдæр; дv та хўздæр сæн бавæрдтај нvрмæ.
11. Ўј скодта Јесо дісæгтæн сæ рајдајæн Га-
лілеаг Канаі, æмæ раргомкодта Јæ стvрад; æмæ
Іл баўрнvдтој Јæ ахургæнінæгтæ.
12. Ўј фæстæ æрцvді Уј Капернауммæ, Јæхæ-
дæг æмæ Јæ мад, æмæ Јæ æфсvмæртæ, æмæ
Јæ ахургæнінæгтæ, æмæ ум фестv јў ќорд бонтv.
13. Ӕрæввахсі Јўдетv Пасха, æмæ Јесо æрцvді
Јерусаліммæ;
14. Ӕмæ арђўанv федта галтæ, фvстæ æмæ
бæлæдтæ ўојгæнгæ, æмæ æхца івдњсvтv бадгæ.
15. Ӕмæ сінæгтæј јехс скодта, æмæ сеппæтv
ратардта арђўанæј, æмæ фvстv дæр, æмæ галтv
дæр; æмæ æхца івдњсvтæн сæ æхца нvххæлјў-
кодта, æмæ сvн сæ фvнгтæ афæлдæхта.
16. Ӕмæ бæлæдтv ўојгæндњсvтæн захта: адон
ардvгæј ајсут, æмæ Мæ Фvдv хæдзар ма кæнут
базаргæнæн хæдзар.

17. Ўæд Јæ ахўргæнiнæгтæ æрæмvсvдvстv чi-
нvдњсv фvст дзvрдтæ: дæ хæдзарvл мæткæнvн
Мæ хæрv. (Псал. 68, 10.)

18. Ўўл Vн Јўдетæ захтој: цv нvсанæј нæ
баўрнvнкæндзvнæ Дv, афтæ кæнvнv бар Дvн кæј
iс ўўл?

19. Ј е с о сvн захта дзўаппæн: фехалут ацv
арђўан, æмæ јæ Æз æртæ бонмæ самајдзvнæн.

20. Ўўл Vн Јўдетæ захтој: ацv арђўан æхсæз
æмæ дуўјссæдз азv амадтој, æмæ јæ Дv æртæ
бонмæ самајдзvнæ?

21. Уј та сvн дзvрдта Јæ бўарv арђўанæј.

22. Æмæ Уј мæрдтæј кў раiгасi, ўæд Јæ ахур-
гæнiнæгтæ æрæмvсvдvстv, Уј ај кæј дзvрдта ўј,
æмæ сæ баўрнvдта фvст, æмæ сvн Ј е с о цv
дзvрд захта, ўј.

23. Æмæ Уј Пасхаi бæрæгбонv Јерусалiмv кў
удi, ўæд бiрæ адæм, Уј цv дiсæгтæ кодта, ўј кў
федтој, ўæд сæ баўрнvдта Јæ ном.

24. Фæлæ сvл Ј е с о Јæхi тvххæј нæ æўæндvдi,
сеппæтv кæј зvдта, ўј тvххæј,

25. Æмæ Јæ qæўгæ дæр нæ кодта, цæмæј iсчi
æвдiсæнлæўўа лæдњсv тvххæј; цæмæјдæрiдтæр
Уј Јæхæдæг зvдта, лæдњсv цv iс, ўј.

## С Æ Р 3.

1. Фарiсетæм удi јўчiдæр, јæ ном Нiкодiм, Јў-
дæтv хiцæўдтæј јў.

2. Ўј æрцvдi Ј е с о м æ æхсæвvгон, æмæ Iн
захта: Равві! мах зонæм, Дv Хуцаўæј æрцæўгæ
Ахургæнæг кæј дæ, ўј; цæмæјдæрiдтæр, Дv цv
хўзæн дiссæгтæ кæнvс, ўј хўзæн кæнvн нiчi ба-
фæраздзæнi, Хуцаў јæмæ кў нæ ўа, ўæд.

3. Ј е с о iн дзўаппæн захта: æцæг зæђvн дæ-
ўæн: ног гўрд чi нæ ракæна, ўј Хуцаўv патцахадv
фенvн нæ бафæраздзæнi.

4. Нікодім Ѵ҆н захта: лæг, зæронд ўовгæјæ, дѵккаг хадт кўд рајгўрдзæні? дѵккаг хадт јæ мадѵ гўбѵнѵ бацæўн бафæраздзæні мідаг, æмæ рајгўрѵн?

5. Јесо ін захта дзўаппæн: æцæг, æцæг зæҕѵн дæўæн: донæј æмæ Удæј чі нæ рајгўра, ўј Хуцаўѵ патцахадмæ бацæўн нæ бафæраздзæні.

6. Бўарæј гўрд у бўар; Удæј гўрд та у Уд.

7. Æз дѵн цѵ захтон, ўўл ма діскæн: дѵккаг хадт рајгўрѵн ўл æмбæлѵ.

8. Уд, кæмæј фæндѵ, ум улæфѵ, æмæ ін јæ ԛæлæс ԛусѵс, фæлæ јæ нæ зонѵс, кæцæј цæўѵ, æмæ кæдæм ацæўѵ: афтæ вæјі удæј гўрдтæ æппæтімæ.

9. Нікодім Ѵ҆н захта дзўаппæн: кўд удзæні аj?

10. Јесо ін дзўап радта: дѵ Ізраілѵ ахургæнæг кў дæ, ўæд аj дæр нæ зонѵс?

11. Æцæг, æцæг зæҕѵн дæўæн: Мах, цѵ зонæм, ўј дзурæм, æмæ, цѵ федтам, æвдісæн ўўл лæўæм; фæлæ смах Нæ æвдісæндзінад нæ ісут.

12. Кæд ўн æз зæххон ԛўдтаг захтон, æмæ ўæ кæд ўј нæ ўрнѵ, ўæд ўн ўоларвон ԛўдтаг кў зæҕон, ўæд ўæ ўј кўд баўрндзæні?

13. Нічі ссѵді ўоларвмæ æрмæст ўоларвæј æрцæўæг, адæјмадѥсѵ Фѵртѵ јæдтæмæ, ўоларвѵ чі іс.

14. Æмæ Моісеј кўд сіста ўолæмæ æдзæрæгранѵ калмѵ; афтæ ўолæмæ сіст фæўн æмбæлѵ адæјмадѥсѵ Фѵртѵл дæр.

15. Цæмæј Уўл ўрндѥсѵтæ ма фесæфој, фæлæ сѵн ўа æнусон цард.

16. Цæмæјдæрідтæр Хуцаў афтæ баўарста дунеі, æмæ Јæ јўнæггўрд Фѵртѵ дæр радта умæн, цæмæј Ўј кæј ўрна, ўј ма фесæфа, фæлæ ін ўа æнусон цард.

17. Цæмæјдæрідтæр Хуцаў нæ рарвѵста Јæ Фѵртѵ дунемæ тæрхонкæнѵнмæ, фæлæ цæмæј дуне Уј фæрцѵ фервæза.

18. Уј кæј ўрнv, ўј тæрхонv нæ бахаўдзæні, фæлæ Уј кæј нæ ўрнv, умæн тæрхонгонд дæр ма фæці, умæн-æмæ Уј нæ баўрнvдта Хуцаўv јўнæггўрд Фvрт.

19. Тæрхон та ўј у, æмæ рухс дунемæ æрцvді; фæлæ адæм рухсæј талvнг фvлдæр баўарстој; ўј тvххæј æмæ сæ qудтæгтæ зvлvн удvстv.

20. Цæмæјдæрідтæр æвзæр qўдтаггæнæг чідæрідтæр нæ ўарзv рухс, æмæ нæ цæўv рухсмæ, цæмæј јæ qўдтæгтæ ма раргом ўој, умæн-æмæ удон æвзæр стv.

21. Фæлæ растдзінад чі кæнv, ўј рухсмæ цæўv, цæмæј јæ qудтæгтæ æргом ўој, умæн-æмæ удон Хуцаўмæ гæскæ конд стv.

22. Ўј фæстæ æрцvді Јесо Јæ ахургæнінæгтімæ Јўдетv бæстæм, æмæ ум царді удонімæ, æмæ арђўдта.

23. Јоанн та арђўдта Енонv, Саліммæ хæстæг, ўм дон бјрæ кæј уді, ўј тvххæј; æмæ урдæм цvдvстv, æмæ арђўдтој;

24. Цæмæјдæрідтæр Јоанн талvнг æхæстдонv конд нæ ма уді.

25. Ўæд Јоаннv ахўргæнінæгтæ сбvцæўстv Јўдетімæ свђдæгкæнvнv тvххæј.

26. Æмæ æрцvдvстv Јоанмæ, æмæ ін захтој: Равві! демæ Іорданv чі уді, æмæ дv æвдісæн кæј тvххæј лæўўдтæ, Уј дæр арђаўv, æмæ Јæм јўўлдæр цæўнц.

27. Іоанн свн дзўаппæн захта: лæг јæхæдæг јæхімæ рајсvн ніцv фæразv, ўоларвæј ін лæверд кў нæ ўа, ўæд.

28. Смах мvн æвдісæнæн стут, æз кæј захтон: æз Чvрvсті нæ дæн, фæлæ æз Јæ разv æрвvст дæн.

29. Чvзг кўрд кæмæн іс, уј у сіахс; сіахсv лvмæн та, лæўгæјæ æмæ сіахсмæ qускæјæ, цінкæнv, сіахсv qæлæсмæ. Æмæ Мæ ацv цінддзінад сæххæсті.

30. Уўл рæзvн æмбæлv, мæнvл та ќадтæркæнvн.

31. Ўоліје æрцæўæг æппæтæј ўолдæр у; фæлæ
зæххæј чі у, ўј зæххон у, æмæ дзурѵ кўд зæххæј
ўовæг; ўоларвæј æрцæўæг æппæтæј ўолдæр у.
32. Æмæ ўј цѵ федта, æмæ цѵ феqуста, ўј
тѵххæј æвдісæнлæўѵ; æмæ ін Јæ æвдісæндзінад
нічі ісѵ.
33. Јæ æвдісæндзінад чі ајста, ўј умæј нѵмму-
хўркодта, Хуцаў æцæђ кæј у, ўј.
34. Цæмæјдæрідтæр Хуцаў кæј рарвѵста, ўј
Хуцаўѵ дзѵрдтæ дзурѵ; умæн-æмæ Хуцаў Удѵ
барæнæј нæ дæдтѵ.
35. Фѵд ўарзѵ Фѵртѵ, æмæ Ін æппæтдæр Јæ
ќухѵ радта.
36. Фѵрт кæј ўрнѵ, умæн æнусмæ цард іс;
фæлæ Фѵрт кæј нæ ўрнѵ, ўј нæ фендзæні цард,
фæлæ іл іс Хуцаўѵ фѵдæхдзінад.

## СÆР 4.

1. Æмæ Јесо кў базѵдта, фарісетæм кæј
бахæтцæ іс ўацqўд, Уј Јоаннæј фѵлдæр ахургæ-
ніннæгтæ кæј ардта, æмæ фѵлдæрдæр кæј
арђўдта;
2. (Јесо Јæхæдæг нæ арђўдта, фæлæ Јæ
ахўргæнінæгтæ;)
3. Ўæд нѵўахта Јўдеі, æмæ ацѵді фæстæмæ
Галілеамæ.
4. Æмæ Јæ ацæўн qўді Самаріаіл.
5. Æмæ автæ æрцѵді Уј Самаріаг сахармæ,
Сіхар хўнгæ, Јаков јæ фѵрт Јосіфæн цѵ зæхх
радта, умæ хæстæг.
6. Ум уді Јаковѵ ќај. Јæсо, фæндагўл бафæл-
лајгæјæ æрбадті ўцѵ ќаји цур; уді æхсæзæм са-
хатмæ æввахс.
7. Самаріаје арцѵді јў ус, дон сæвгæнѵнмæ.
Јесо ін захта: дон Мѵн баназѵнкæн.
8. (Цæмæјдæрідтæр Јæ ахургæнінæгтæ ацѵдѵ-
стѵ сахармæ хæрінаг æлхæнѵнмæ.)

9. Самаріаг ус Ѵн захта: Дѵ, Јўдеаг ўовгæјæ
мæнæј, Самаріагæј, кўд курѵс дон? умæн-æмæ
Јўдеегтæ Самаріегтѵл нæ æрвæссѵнц.
10. Јесо ін захта дзўаппæн: дѵ кў зѵдтаіс
Хуцаўѵ лæвар, æмæ дæўæн, дон Мѵн баназѵнкæн
чі зæђѵ, Уј, ўæд дæхæдæг ракўрдтаіс Умæј, æмæ
дѵн Уј радтаід цардѵ дон.
11. Ус Ѵн захта: Хіјцаў! Дæўмæ æвгæнæн дæр
нæј, ћај та арф у: ўæд Дæм цардѵ дон кæцæј іс?
12. Дѵ нæ фѵд Јаковæј, махæн ацѵ ћај чі
радта, æмæ дзѵ јæхæдæг дæр, јæ фѵрттæ дæр
æмæ јæ фос дæр кæцæј ностој, умæј стѵлдæр
дæ міјаг?
13. Јесо ін дзўаппæн захта: чідæрідтæр, ацѵ
донæј чі нўаза, ўј та сдојнѵўдзæні.
14. Фæлæ Æз кæј радтон, ўцѵ донæј чі нўаза,
ўј мѵккагмæ дæр не сдојнѵўдзæні; фæлæ ін Æз
цѵ дон радтон, ўј умæн сўўдзæні æнусмæ цард-
мæ цаўгæ сўадонѵ дон.
15. Ўцѵ ус Ѵн захта: Хіјцаў! радт мѵн ўцѵ дон,
дојнѵ кўд нал кæнон, æмæ дон æвгæнѵнмæ
ардæм кўд нал цæўон, афтæ.
16. Јесо ін захта: ацу, дæ мојмæ басід, æмæ
ардæм æрцу.
17. Ус Ѵн захта дзўап: мој мѵн нæј. Јесо
ін захта: мој дѵн кæј нæј, ўј æцæг захтај.
18. Цæмæјдæрідтæр дѵн уді фондз мојі, æмæ
дѵн нѵр чі іс, ўјдæр дæ мој нæў; ўј дѵ æцæг
захтај.
19. Ўцѵ ус Ѵн захта: Хіјцаў! Дѵ пæхумпар кæј
дæ, ўј ўнѵн.
20. Нæ фѵдæлтæ ацѵ хохѵл кўвтој; смах та
зæђут: кувѵн кæм æмбæлѵ, ўцѵ бѵнат Јеруса-
лімѵ іс.
21. Јесо ін захта: баўрнæд дæ Мæнæј, кўд
æрцæўѵ ахæм афон, æмæ нæдæр ацѵ хохѵл,
нæдæр Јерусалімѵ кувдзѵстѵ Фѵдæн.
22. Смах нæ зонут, цæмæн кувўт; мах та зо-
нæм, цæмæн кувæм: умæн æмæ ірвæзѵндзінад
Јўдетæј у.

23. Фæлæ æрцæўдзæн ахæм афон, æмæ цæўгæ
дæр мæ æркодта, кæд æцæг кувдҗсvтæ кувдзvстv
Фvдæн удæј æмæ æцæгдзінадæј, умæн-æмæ
Хуцаў агўрv Јæхіцæн ахæм кўвдҗсvтv.
24. Хуцаў уд у: æмæ Умæн кувдҗсvтvл кувvн
æмбæлv удæј æмæ æцæгдзінадæј.
25. Ўцv ус Vн захта: Мессіа, ома Чvрvсті, кæј
æрцæўдзæні, ўј зонvн; Уј кў æрцæўа, ўæд нvн
æппæтдæр сæргомкæндзæні.
26. Јесо ін захта: ўј Æз дæн, демæ чі дзурv.
27. Ўцv афонv æрцvдvстv Јæ ахургæнінæгтæ,
æмæ сæм дісфæкасті, Уј усімæ кæј нvхæстæкодта,
ўј; фæлæ Ін јўдæр нæ захта: цv дзv курvс, кæнæ
цæј тvххæј нvхæстæкæнvс ўјімæ.
28. Ўæд ўцv ус нvўахта јæ донхæссæн, æмæ
ацvді сахармæ, æмæ захта адæмæн:
29. Рацæут, æмæ фенут, æз цv ракодтон, удон
æппæт мvн чі захта, ўцv лæдҗсv; цvмæ Уј Чvрvсті
нæў?
30. Удон рацvдvстv сахарæј, æмæ ацvдvстv
Умæ.
31. Ўæд Æј Јæ ахўргæнінæгтæ кўрдтој, æмæ
Ін захтој; Равві! бахæр.
32. Фæлæ сvн Уј захта: Мæммæ, смах кæј нæ
зонут, ахæм хæрінаг іс.
33. Ўј тvххæј Јæ ахургæнінæгтæ дзvрдтој сæхі
мідæг: ісчі Ін міјаг æрхаста цvмæ хæрінаг?
34. Јесо сvн захта: Мæ хæрінаг, Мæ рарвітæ-
дҗсv фæндон кæнvн æмæ Јæ qўдтаг сæххæст-
кæнvн у.
35. Смах нæ зæђут нæ, нодҗсvдæр ма цvппар
мæјі, æмæ стæј хўмгæрдæн удзæні? Æз та
ўн зæђvн: акæсут ўæ цæстvтæј æмæ фенут
хўмтæ, удон кўд сбурvстv, æмæ кæрдvнмæ кўд
сцæдтæстv.
36. Кæрдæг ісv јæ мvзд, æмæ æрæмбvрдкæнv
дvрђ æнусон цардмæ, афтæ-æмæ таўæг дæр,
æмæ кæрдæг дæр јўмæ цінкæндзvстv.
37. Уј тvххæј æмæ ўј дvмæгўл бæлвvрд у ацv
дзvрд: јў таўv, іннæ та кæрдv.

38. Ӕз ўæ арвvстон ўј кæрдvнмæ, фæллој кæўл
нæ фæкодтат: æндæртæ фæфæллојкодтој, смах
та сvн сæ фæллоји бацvдvстут.
39. Ӕмæ ўцv Самаріегтæј бірæтv баўрнvдта Ўј,
ўцv усv дзvрдмæ гæскæ, афтæ æвдісæн кў нvл-
лæўўді, — цvдæрідтæр фæкодтон, Ўј мvн удон јў-
ўлдæр захта зæђгæ, ўæд.
40. Ӕмæ ўј тvххæј умæ Самаріегтæ кў æрцv-
дvстv, ўæд Дзv кўрдтој, цæмæј сæм фæўа: æмæ
Ўј фæці ум дуўæ бонv.
41. Ӕмæ нодњсv Ўј фvлдæрv баўрнvдта Јæ
дзvрдмæ гæскæ.
42. Ўцv усæн та дзvрдтој: мах нvр канд дæ
дзvрдv тvххæј нæ ўрнv, цæмæјдæрідтæр нæхўд-
тæг феqўстам æмæ базvдтам, Ўј æцæг дунеі
Ірвæзvнгæнæг Чvрvсті кæј у, ўј.
43. Дуўæ бонv фæстæ Ўј урдvгæј рацvді, æмæ
ацvді Галілеамæ.
44. Цæмæјдæрідтæр Јесо Јæхæдæг æвдісæн-
лæўўді, пæхумпарæн јæ фvдv бæстv кад кæј нæј,
ўўл.
45. Ўј Галілеамæ кў æрцvді: ўæд Ӕј Галілеаг-
тæ ајстој, бæрæгбонv Јерусалімv цv кодта, удон
јўўлдæр кæј федтој, ўј тvххæј; цæмæјдæрідтæр
удон дæр бæрæгбонv удvстv ум.
46. Ӕмæ афтæ, Јесо нодњсvдæр та æрцvді
Галілеаг Канамæ, дон сæн кæм фестvнкодта, ур-
дæм. Кацернаумv уді јўчідæр патцахv разv лæў-
ўæг лæг, јæ фvрт рvнчvн кæмæн уді.
47. Ўј кў феqуста, Јесо Јудеаје Галілеамæ кæј
æрцvді, ўј, ўæд Ӕм æрцvді, æмæ Дзv кўрдта,
цæмæј æрцæўа, æмæ ін сдзæбæхкæна јæ фvртv,
мæлæтцаг чі уді, ўј.
48. Јесо ін захта: смах нæ баўрндзæн, кў нæ
фенат нvсæндтæ æмæ діссæгтæ ўæд.
49. Патцахv разv лæўæг Vн захта: Хіјцаў!
æрцу, цалvнмæ мæ фvрт нæ ма амарді.
50. Јесо ін захта: ацу, дæ фvрт дзæбæх у.
Ўј баўрнvдта, Јесо ін цv дзvрд захта ўј, æмæ
ацvді.

51. Фæндагўл vл сæмбалдvстv јæ кусдњсvтæ,
æмæ ін захтој: дæ фvрт дзæбæх у.
52. Уј сæ бафарста: кæцv сахатæј фенцојдæрі?
Захтој ін: знонæј æвдæм сахатvл нvўахта тæвдніз.
53. Умæј јæ фvд базvдта, ўј уді тæккæ ўцv са-
хат, кæцvі ін Јесо захта: дæ фvрт дзæбæх у.
Æмæ јæ баўрнvдта јæхі дæр æмæ јæ бінонтæ
æппæтv дæр.
54. Ај дvккаг діссаг скодта Јесо, Јўдеаје Га-
лілеамæ раздзæхгæјæ.

## СÆР 5.

1. Ај фæстæ Јўдеаг бæрæгбон уді, æмæ æр-
цvді Јесо Јерусаліммæ.
2. Æмæ Јерусалімv іс фvстv дордтv разv најен,
Евреагаў Віфезда[1]) хўнгæ, кæмæн уді фондз æм-
бæрст баўајæнv.
3. Удон мідæг садтvстv ідтæг бірæ рvнчvнтæ,
кўрмvтæ, ќўлvхтæ, хўсч́vтæ, донv сvзмæлvнмæ
æнqæлмæ чі касті удон.
4. Цæмæјдæрідтæр Хіјцаўv Зæд јў хадтæј-хадт
æрцvді најенмæ, æмæ јў сvзмæста дон; æмæ јў
фvтцаг чі нvххvсті, донv сvзмæнтvнv фæстæ, ўј
јў сдзæбæхі, цvдæрідтæр нізæј јў удаід рvнчvн,
умæј.
5. Ум уді, стæс-æмæ-ссæдз азv рvнчvн чі уді,
јў ахæм лæг.
6. Јесо кў федта ўј æвтvдæј, æмæ кў базvд-
та ўј рагæј кæј сæјі ўј, ўæд vн захта: дзæбæх
цæмæј ўај, ўј дæ фæндv?
7. Рvнчvн vн захта: бæргæ мæ фæндv, Хіјцаў!
фæлæ мvн ахæм лæг нæј, чі мæ аўадза најенv,
дон кў сvзмæлv ўæд; цалvнмæ æз æрцæўн
најенмæ, ўалvнмæ æндæр нvххізv мæ фvтцаг.
8. Јесо ін захта: сvст, сіс дæ хўссæнгæрстæ,
æмæ цу.

[1]) хорзæхv бvнат.

9. Ӕмӕ ўј тӕккӕ ўцѵ сахатѵл сдзӕбӕхі, сіста
јӕ хўссӕнгӕрстӕ, ӕмӕ ацѵді. Ај уді сабатбонѵ.
10. Ўј тѵххӕј Јўдетӕ дзѵрдтој, чі сдзӕбӕхі,
умӕн: абон сабат у; нӕ дѵл ӕмбӕлѵ хўссӕнгӕр-
стӕ сісѵн.
11. Ујсѵн дзўап радта: Чі мӕ сдзӕбӕхкодта,
Ујмѵн захта: сіс дӕ хўссӕнгӕрстӕ, ӕмӕ цу.
12. Бафарстој јӕ: ўцѵ лӕг чі у, чі дѵн захта:
сіс дӕ хўссӕнгӕрстӕ, ӕмӕ цу?
13. Чі сдзӕбӕхі, ўј нӕ зѵдта, ўј чі у; цӕмӕј-
дӕрідтӕр Јесо фӕаўон, ўцѵ ранѵ цѵ адӕм уді,
удон ӕхсӕн.
14. Ўј фӕстӕ Јесо сӕмбӕлді ўўл арђўанѵ,
ӕмӕ ін захта: һе, нѵр сдзӕбӕх дӕ; ӕмӕ ўодӕ
тӕріђӕд ма кӕн, цӕмӕј дѵл істѵ ӕвзӕрдӕр ма
сӕмбӕла.
15. Ўцѵ лӕг ацѵді, ӕмӕ захта Јўдетӕн, чі јӕ
сдзӕбӕхкодта, Ујјесо кӕј у, ўј.
16. Ӕмӕ Јўдеегтӕ сурѵнбајдѵдтој Јесоі, ӕмӕ
Јӕ амарѵнмӕ агўрдтој, Уј сабатѵ ахӕм qўдтӕг-
тӕ кӕј кодта, ўј тѵххӕј.
17. Јесо та сѵн дзѵрдта: Мӕ Фѵд нѵрмӕ
кӕнѵ, ӕмӕ Ӕз дӕр кӕнѵн.
18. Ӕмӕ Јӕ ідтӕгдӕр агўрдтој Јўдеегтӕ ама-
рѵнмӕ, Уј сабатѵ кӕј саста канд ўј тѵххӕј нӕ,
фӕлӕ Хуцаўѵ дӕр Јӕ Фѵд кӕј хўдта, ӕмӕ Јӕхі
Хуцаўѵ ӕмхўзон кӕј кодта, ўј тѵххӕј.
19. Аўл сѵн Јесо захта: ӕцӕг, ӕцӕг зӕђѵн
смахӕн: Фѵрт Јӕхӕдӕг Јӕхіцӕј ніцѵ фӕразѵ
кӕнѵн Фѵдѵ кӕнгӕ кў нӕ фена, ўӕд: умӕн-ӕмӕ
Уј цѵ кӕнѵ, ўј Фѵрт дӕр кӕнѵ.
20. Цӕмӕјдӕрідтӕр Фѵд ўарзѵ Фѵртѵ, ӕмӕ
ўнѵнкӕнѵ, Јӕхӕдӕг цѵ кӕнѵ, удон јўўл; ӕмӕ Ін
фенѵнкӕндзӕн адонӕј стѵлдӕр qўдтӕгтӕ дӕр,
смах діс кўд фӕкӕнат афтӕ.
21. Цӕмӕјдӕрідтӕр Фѵд кўд сѵстѵнкӕнѵ мӕрд-
тѵ ӕмӕ сӕ сѵгаскӕнѵ, Фѵрт дӕр афтӕ сѵгас-
кӕнѵ, кӕј Јӕ фендѵ, ўј.
22. Цӕмӕјдӕрідтӕр Фѵд тӕрхон дӕр нікӕмӕн
кӕнѵ, фӕлӕ алѵ тӕрхондзінад радта Фѵртӕн;

23. Цæмæј æппæт каддѥсѵн дароj Фѵртѵ, Фѵдѵ
кўд каддѥсѵн дарѵнц афтæ. Каддѥсѵн чі нæ дарѵ
Фѵртѵ, ўј Јæ рарвітæг Фѵдѵ дæр каддѥсѵн нæ дарѵ.
24. Æцæг, æцæг зæђѵн смахæн: Мæ дзѵрдмæ
чі qусѵ, æмæ Мæн чі рарвѵста, Уј кæј ўрнѵ,
умæн æнусмæ цард іс; æмæ іл тæрхон нæ æм-
бæлѵ, фæлæ ўј мæлæтæј цардмæ ахѵсті.
25. Æцæг, æцæг зæђѵн смахæн: æрцæўѵ афон,
æмæ нѵр дæр у, æмæ мæрдтæ феqусцѵстѵ Ху-
цаўѵ Фѵртѵ qæлæс, æмæ, феqускæјe, сѵгас удзѵстѵ
26. Цæмæјдæрідтæр Фѵдæн Јæхіцæн Јæхі мі-
дæг цард кўд іс; афтæ Фѵртæн дæр радта, цæ-
мæј Ін Јæхіцæн Јæхі мідæг цард ўа.
27. Æмæ Ін тæрхонкæнæн дæр бар радта, Уј
адæјмадѥсѵ Фѵрт кæј у, ўј тѵххæј.
28. Аўл діс ма кæнут: цæмæјдæрідтæр æрцæўѵ
афон, кæцѵі, інгæнтѵ чі стѵ, удон сеппæт фæ-
qусцѵстѵ Хуцаўѵ Фѵртѵ qæлæс,
29. Æмæ хорзгæндѥсѵтæ рацæўдзѵстѵ цардѵ
рајгасæн, æвзæргæндѥсѵтæ та фѵдтæрхонѵ рај-
гасæн.
30. Æз Мæхæдæг Мæхіцæј ніцѵ кæнѵн фæра-
зѵн. Кўд qусѵн, афтæ тæрхонкæнѵн; æмæ Мæ
тæрхон раст у: цæмæјдæрідтæр Æз Мæхі фæн-
дон нæ агурѵн, фæлæ Мæ рарвітæг Фѵдѵ фæн-
дон агурѵн.
31. Æз кæд Мæхæдæг Мæхі тѵххæј æвдісæн-
лæўѵн, ўæд Мæ æвдісæндзінад æцæг нæ у.
32. Іс æндæр, Мæн тѵххæј æвдісæн чі лæўѵ,
æмæ Æз зонѵн, æцæг кæј у ўцѵ æвдісæндзінад,
Уј æвдісæн кæмæј лæўѵ Мæн тѵххæј.
33. Смах æрвѵстат Јоаннмæ; æмæ ўј æцæгдзі-
надѵ тѵххæј æвдісæн нѵллæўўді.
34. Фæлæ Æз лæгæј нæ ісѵн æвдісæндзінад;
æрмæст ај дзурѵн ўј тѵххæј, цæмæј смах фервæзат.
35. Уј уді судзгæ æмæ æрттівгæ рухсгæнæн;
смах та фæндѵді чѵсѵл афон ўј рухсѵ цур цінкæнѵн.
36. Мæнæн та іс Јоаннæј стѵлдæр æвдісæндзі-
над: цæмæјдæрідтæр Мѵн, Мæ Фѵд цѵ qўдтæгтæ
радта сæххæсткæнѵнæн, ўцѵ qўдтæгтæ сæхўдтæг,

Æз кæј кæнѵн, æвдісæн лæўўнц Мæн тѵххæј,
Мæн Фѵд кæј рарвѵста, ўј тѵххæј.
37. Мæ рарвітæг Фѵд дæр Јæхæдæг æвдісæн
нѵллæўўді Мæн тѵххæј. Смах та Ін Јæ qæлæс дæр
нікў феqўстат, æмæ Ін Јæ цæском дæр нæ федтат.
38. Æмæ Ін Јæ дзѵрд дæр ўæхімæ нæ дарут,
ўј тѵххæј æмæ ўæ, Уј кæј рарвѵста, Уј нæ ўрнѵ.
39. Сбæрæгкæнут фѵстѵтѵ: цæмæјдæрідтæр
смах ўæхўдтæг æнqæлут удонѵ фæрцѵ æнусон
цард ссарѵн; удон та æвдісæн лæўўнц Мæн тѵх-
хæј.
40. Фæлæ смах нæ фæндѵ Мæммæ æрбацæўн
цард ссарѵнѵ тѵххæј.
41. Æз нæ ісѵн кад адæмæј:
42. Фæлæ ўæ зонѵн; смахмæ нæј Хуцаўѵ ўар-
зондзінад.
43. Æз æрцѵдтæн Мæ фѵдѵ номæј, æмæ Мæ
нæ ісут; фæлæ æндæр ісчі кў æрцæўа јæхі но-
мæј, ўæд æј ајстцѵстут.
44. Смах кўд баўрна, ўæ кæрæдзіје кад кў ісут
ўæд, фæлæ јўнæг Хуцаўæј цѵ кад іс, ўј нæ агурут?
45. Ўј æнqæл ма ут, æмæ ўæ Æз Мæ Фѵдѵ
разѵ зѵлѵнкæндзѵнæн: смахæн іс зѵлѵнгæнæг
Моісеј, смах нѵфсдѩсѵн кæмæј стут.
46. Цæмæјдæрідтæр смах Моісеј, кў ўрнід, ўæд
ўæ Æз дæр баўрнѵдтаін; умæн-æмæ уј фѵста
Мæн тѵххæј.
47. Æмæ ўæ кæд ўј фѵстѵтæ нæ ўрнѵнц, ўæд
ўæ кўд баўрндзѵстѵ Мæ дзѵрдтæ.

## СÆР 6.

1. Ўј фæстæ ацѵді Јесо Галілеаг дендѩсѵзѵ
ўцѵ фарсмæ, Тіверіадѵ алфамблајмæ.
2. Јæ фæдѵл цѵдѵстѵ бірæ адæм, Уј рѵнчѵнтѵл
цѵ діссæгтæ æвдѵста, ўј кæј федтој, ўј тѵххæј.
3. Јесо ссѵді хохмæ æмæ ум баззаді Јæ ахўр-
гæнінæгтімæ.

4. Јўдеаг бæрæгбон Пасха дæр æрæввахсі.
5. Јесо ракасті, æмæ Јæм, бірæ адæм кæј
æрбацæўѵ, ўј фенгæјæ, захта Філіппæн: дзул
кæм балхæнæм удон бафсадѵнѵ тѵххæј?
6. Ај дзѵрдта, ўј æвзаргæјæ; цæмæјдæрідтæр
Јæхæдæг зѵдта, цѵ кæнѵн Ӕј фæндѵді, ўј.
7. Філіпп Ѵн дзўап радта: удонæн дуўæ фондз-
ссæдз дінарі арҕ дзул дæр фаг нæ удзæні, алкæј-
дæр сæ фæјнæ чѵсѵл цæмæј фæўа умæн.
8. Јæ ахургæнінæгтæј јў, Андреј, Сімон Петрѵ
æфсѵмæр, захта Умæн:
9. Ам јў лæппумæ іс фондз хорѵн кæрдзѵнѵ,
æмæ дуўæ кæсаджсѵ; удон цѵ фаг стѵ ўјас бірæ
адæмæн?
10. Јесо захта: зæҕут сѵн, æрбадæнт. Ўцѵ
ран уді кæрдæгджсѵн. Ӕмæ афтæ æрбадтѵстѵ
адæм фондз мінѵ хѵҕдмæ æввахс.
11. Јесо рајста кæрдзѵнтæ, скўвта, æмæ баj-
ўæрста Јæ ахургæнінæгтæн, Јæ ахургæнінæгтæ
та, чі бадтѵстѵ удонæн, кæсæгтѵ дæр афтæ,
кæј цас ԛўді.
12. Ӕмæ кў бафсæстѵстѵ; ўæд Јæ ахургæні-
нæгтæн захта: æрæмбѵрдкæнут цѵ ќæбæртæ
баззадѵстѵ удон, кўд ніцѵ сæ фесæфа афтæ.
13. Ӕмæ æрæмбѵрдкодтој æмæ бајдзагкодтој
дуўадæс тæсчѵ ќæбæртæј, ўцѵ фондз хорѵн-
кæрдзунæј чі бахордтој, удон ўолдæјдтæј.
14. Ўæд адæм, Јесо цѵ діссаг скодта ўј чі
федтој, удон захтој: ај тæккæ ўцѵ пæхумпар у,
дунемæ æрцæўн кæул æмбæлѵ.
15. Јесо кў базѵдта, æрцæўн сæ кæј фæндѵ,
æмæ Јæ æвіппајдѵ акæнѵн семæ, цæмæј Јæ патцах
скæној, ўæд ма ссѵді фæстæмæ хохмæ јўнæгæј.
16. Ӕмæ кў баізæрі, ўæд Јæ ахургæнінæгтæ
æрцѵдѵстѵ денджсѵзмæ,
17. Ӕмæ бæлæҕмæ бацæўгæјæ, ахѵстѵстѵ
денджсѵзѵ ўцѵ фарсмæ, Капернауммæ. Талѵнг-
кæнѵн бајдѵдта, фæлæ сæм Јесо нікў зѵнді.
18. Стѵр ўад сѵстаді, æмæ денджсѵз улæнтæ-
кодта.

19. Кў аівѣўдтој фондз-æмæ-ссæдз кæнæ дæс-
æмæ-ссæдз стадіај[1]) јас, ўæд федтој дендѩсѵзѵл
цæўгæ, æмæ бæлæѣмæ æввахсгæнгæ Јесоі,
æмæ фæтáрстѵстѵ.
20. Фæлæ сѵн Уј захта: ај Æз дæн, ма
тæрсут.
21. Удон фæндѵді Уј бæлæѣмæ ајсѵн; фæлæ
бæлæѣ æвіппајдѵ бѵлѵл банцаді, кæдæм цѵдѵ-
стѵ, ум.
22. Дѵккаг бон дендѩсѵзѵ ўцѵ фарс чі лæў-
ўдѵстѵ, ўцѵ адæм ум јў бæлæѣѵ једтæмæ нæ
федтој, Јæ ахургæнінæгтæ кæм бацѵдѵстѵ, Јесо
та бæлæѣѵ Јæ ахургæнінæгтімæ кæј нæ бацѵді,
фæлæ Јæ ахургæнінæгтæ јўнæгæј кæј ахѵстѵ-
стѵ, ўј.
23. Афтæмæј Тівеціадæј æрцѵдѵстѵ æндæр
наўтæ, дзул кæм бахордтој, Хіјцаўѵ арфæкæнѵнѵ
фæстæ, ўцѵ ранмæ хæстæг.
24. Æмæ афтæ адæм кў федтој, Јесо ум кæј
налі, æмæ Јæ ахургæнінæгтæ кæј нал стѵ, ўæд
сбадтѵстѵ наўтѵ, æмæ æрцѵдѵстѵ Капернауммæ,
Јесоі агурѵнмæ.
25. Æмæ Јæ дендѩсѵзѵ ўцѵ фарс кў ссардтој,
ўæд Ѵн захтој: Равві! ардæм кæд арцѵдтæ?
26. Јесо сѵн дзўаппæн захта: æцæг, æцæг
ўн зæѣѵн: смах, діссаг кæј федтат, ўј тѵххæј
нæ, фæлæ кæрдзѵн кæј бахордтат, æмæ кæј
бафсæстѵстут, ўј тѵххæј Мæ агурут.
27. Æмбіјгæ хæрінадѩсѵ тѵххæј ма мæткæнут,
фæлæ мæткæнут æнусон цардѵ цѵ хæрінаг
удзæні, адæјмадѩсѵ Фѵрт ўн кæј ратцæні, ўј
тѵххæј; цæмæјдæрідтæр Уўл Јæ мѵхўр бафтѵдта
Фѵд, Хуцаў.
28. Ўодæ цѵ кæнæм, зæѣгæ Ін захтој: Хуцаўѵ
qўдтæгтæ цæмæј кæнæм, ўј тѵххæј?
29. Јесо сѵн захта дзўаппæн: мæнæ, Хуцаўѵ
qўдтаг ўј у, цæмæј ўæ ўрна, Уј кæј рарвѵста, Уј.

[1]) æлмæрін.

30. Ўўл Ѵ́н захтој: цавæр нѵсан нѵ́н ратцѵнæ,
цæмæј мах фенæм, æмæ Дѵл баўæндæм? Дѵ цѵ
кæнѵс?
31. Нæ фѵдæлтæ хордтој манна æдзæрæгранѵ,
чінѵдђсѵ фѵст кўд у: ўоларвæј сѵн радта дзул
хæрѵнæн. (Псал 77, 24.)
32. Јесо та сѵн захта: æцæг, æцæг ўн
зæђѵн: ўоларвæј ўн дзул Моісеј нæ радта, фæлæ
ўн Мæ Фѵд дæдтѵ смахæн æцæг дзул ўоларвæј.
33. Цæмæјдæрідтæр Хуцаўѵ дзул ўј у, ўоларвæј
чі æрцæўѵ, æмæ дунејен цард чі дæдтѵ.
34. Ўўл Ѵ́н захтој: Хіјцаў! дæдт нѵн кæдтæ-
рідтæр ахæм дзул.
35. Јесо та зѵн захта: Æз дæн цардѵ дзул:
Мæммæ æрцæўæг стонг нæ кæндзæн, æмæ Æз
кæј ўрнон, ўј дојнѵ цікў кæндзæн.
36. Фæлæ ўн Æз захтон, ўнгæ Мæ фæкодтат,
фæлæ ўæ ўодтæр нæ ўрнѵ.
37. Мæнæн Мæ Фѵд цѵ дæдтѵ, ўј јўўлдæр
Мæммæ æрцæўдзæні; æмæ Мæммæ æрцæўæдђсѵ
æдтæмæ нæ асурдзѵнæн.
38. Цæмæјдæрідтæр Æз ўоларвæј Мæ фæндон
кæнѵн нæ, фæлæ Мæ рарвітæг Фѵдѵ фæндон
кæнѵнѵнѵ тѵххæј æрцѵдтæн.
39. Мæ рарвітæг Фѵдѵ фæндон та ўј у, цæ-
мæј, Уј Мæнæн кæј радта, удонæј мацѵ фесафон,
фæлæ удон æппæт рајгасој фæстаг бонѵ.
40. Мæ рарвітæг Фѵдѵ фæндон ўј у, цæмæј
алкæмæн, Фѵртѵ чі унѵ, æмæ Уј кæј ўрнѵ,
умæн ўа æнусон цард, æмæ Јæ Æз рајгаскæн-
дзѵнæн фæстаг бонѵ.
41. Æмæ Іл бузтæкæнѵн бајдѵдтој Ўўл Јўдетæ,
Æз ўоларвæј æрцæўæг дзул дæн, зæђгæ кæј
захта, ўј тѵххæј.
42. Æмæ дзѵрдтој: ај Јосіфѵ фѵрт, Јесо, нæ
у нæ, Јæ фѵдѵ æмæ Јæ мадѵ мах кæмæн
зонæм? Афтæмæј кўд зæђѵ: Æз ўоларвæј
æрцѵдтæн зæђгæ?
43. Јесо сѵн захта дзўап: ўæхі мідæг бузтæ
ма кæнут.

44. Мæммæ æрцæўн нічі фæразv, Мæ рарвітæг
Фvд æј кў нæ æркæна ўæд; æмæ јæ Æз
раjгаскæндзvнæн фæстаг бон.
45. Пæхумпартæм фvст у: æмæ æппæтæн
амvнд удзæні Хуцаўæj. Фvдæj феqусæг, æмæ
Умæj ахургонд, æрцæўv Мæммæ. (Ісаіаі 54, 13.)
46. Аj ўj мiјаг нæ у, æмæ ісчі федта Фvдv,
Хуцаўæj чі у, ўj јеdтæмæ; Уj федта Фvдv.
47. Æцæг, æцæг зæҕvн смахæн: Æз кæj ўрнон,
умæн æнусон цард іс.
48. Æз дæн цардv дзул.
49. Ўæ фvдæлтæ хордтоj æдзæрæгбæстv манна,
æмæ амардvстv.
50. Фæлæ ўоларвæj цæўæг дзул ахæм у, æмæ
умæj чі хæра, ўj нæ амæлдзæні.
51. Æз цæргæ дзул дæн, ўоларвæj æрцæўгæ:
ацv дзул чі бахæра, ўj мvккагмæ цæрдзæні; Æз
цv дзул радтон, ўj та Мæ бўар у, Æз дунеj
цардv тvххæj кæj ратцvнæн.
52. Ўæд Јўдетæ сбvцæўстv сæхі мідæг, æмæ
дзvрдтоj: Уj нvн кўд бафæраздзæн Јæ бўар
хæрvнæн радтvн?
53. Јесо та зvн захта: ацæг, ацæг зæҕvн
смахæн: адæjмадњсv Фvртv бўар кў нæ хæрат,
æмæ Ін Јæ туг кў нæ нўазат; ўæд ўæ мідæг
цард нæ удзæні.
54. Мæ бўар чі хæра, æмæ Мæ туг чі нўаза,
умæн æнусмæ цард іс; æмæ Јæ Æз раjгаскæн-
дзvнæн фæстаг бон.
55. Цæмæjдæрідтæр Мæ бўар æцæг хæрінаг у,
æмæ Мæ туг æцæг нўазінаг.
56. Мæ бўар чі хæрv, æмæ Мæ туг чі нўазv,
ўj Мемæ іс, æмæ Æз дæр ујімæ дæн.
57. Мæн кўд рарвvста цæргæ Фvд, æмæ Æз
дæр цæрvн Фvдæj: Мæн чі хæрv, ўj дæр афтæ
цæрдзæні Мемæ.
58. Тæккæ аj у ўоларвæj æрцæўгæ дзул. Ўæ
фvдæлтæ манна кўд хордтоj, æмæ амардvстv
афтæ нæ: ацv дзул чі хæра, ўj мvккагмæ
цæрдзæні.

59. Aj дзvрдта Уj нvхасv Капернаумv кў амvдта,
ўæд.
60. Jæ ахургæнінæгтæj бірæтæ aj кў фeqўстoj,
ўæд дзvрдтoj: цv діссаг дзvрдтæ стv адон! чі
фæразv aj qусvн.
61. Фæлæ Jeco Jæхæдæг зонгæjæ, Jæ ахур-
гæнінæгтæ аўл бузтæ кæj кæнvнц, ўj, захта
удонæн: aj ўæ рæдіін кæнv?
62. Ўæдæ цv удзæні, адæjмадӈсv Фvртv фvтцаг
кæм уді, урдæм ссæўгæ кў фенат, ўæд?
63. Уд æгаскæнv, фæлæ бўар чvсvл аqаздæр
нæ вæjі. Æз ўн цv дзvрдтæ зæӡvн, удон стv
уд æмæ цард.
64. Фæлæ смахæj чідæртæ æнæўрндӈсvтæ стv.
Цæмæjдæрідтæр Jeco фvтцагæjдæр зvдта, æнæ
ўрндӈсvтæ чі стv, удон, æмæ Jæ чі ратцæні ўj.
65. Æмæ захта: ўj тvххæj ўн дзvрдтон, нічі
фæразv Мæммæ æрцæўн, Мæ Фvдæj ін лæвæрд
кў нæ ўа ўj, ўæд.
66. Ацv афонæj Jæ ахургæнінæгтæj бірæтæ
ахіцæнстv Умæj, æмæ нал цvдvстv Jeмæ.
67. Ўæд Jeco дуўадæсæн захта: смах дæр
Мæнæj ацæўн фæндv мijaг.
68. Сімон Петр захта Умæн дзўап: Хіjцаў!
кæмæ æцæўæм мах? Дæўмæ іс æнусмæ цардv
дзvрдтæ.
69. Æмæ мах баўрнvдта æмæ базvдтам, Дv
Чvрvсті, цæргæ Хуцаўv Фvрт кæj дæ, ўj.
70. Jeco свн дзўап радта: дуўадæсv ўæ нæ
сæвзæрстон нæ Æз? фæлæ смахæj jў хæjрæг у.
71. Aj захта Уj Іскаріотаг Jуда Сімонv фvртv
тvххæj: цæмæjдæрідтæр ўj, Jæ дуўадæс ахур-
гæнінæгтæj jў ўовгæjæ, ўj фæстæ Jæ радта.

## СÆР 7.

1. Ўj фæстæ Jeco зvлді Галілеаі: цæмæj-
дæрідтæр Jўдеаі зілvн Æj нæ фæндvді, Jўдетæ
Jæ амарvнмæ кæj агўрдтoj, ўj тvххæj.

2. Ӕрæввахсі Јўдетѵ бæрæгбон: халаҕўдтæ
аразѵн.
3. Ўæд Ѵн Јæ æфсѵмæртæ захтој: ацу ардѵ-
гæј, æмæ Јўдетѵ бæстæм бацу, цæмæј Дæ ахур-
гæнінæгтæ дæр, Дѵ цѵ qўдтæгтæ кæнѵс, удон
фенoj.
4. Цæмæјдæрідтæр сусæгæј нічі ніцѵ кæнѵ,
æмæ цæмæј зонгæ ўа, ўўл зілѵ. Кæд Дѵ ахæм
qўдтæгтæ кæнѵс; ўæд раргомкæн Дæхі дунејен.
5. Цæмæјдæрідтæр Јæ æфсѵмæртѵ дæр нæ
ўрнѵдта Уј.
6. Аўл сѵн Јесо захта: Мæ афон нѵрма нæ
ма æрцѵді, смахæн та кæдтæрідтæр іс афон.
7. Смах дуне нæ ўарзѵн нæ фæразѵ; Мæн та нæ
ўарзѵ. Ӕз æвдісæн кæј лæўўн, умæн јæ qўдтæг-
тæ æвзæр кæј стѵ, ўј тѵххæј.
8. Смах ацæўдзѵстут бæрæгбонмæ; фæлæ Ӕз
нæ ма цæўн ацѵ бæрæгбонмæ, умæн·æмæ Мæ
афон нæма æрхæстæдѩсі.
9. Ај захта удонæн, æмæ Галілеаі баззаді.
10. Фæлæ Јæ æфсѵмæртæ бæрæгбонмæ кў
æрцѵдѵстѵ; ўæд Уј дæр бæрæгбонмæ æрцѵді, æр-
гомæј нæ, фæлæ цѵма сусæгæј.
11. Јўдетæ Јæ агўрдтој бæрæгбонѵ, æмæ дзѵрд-
тој: кæмі Уј?
12. Ӕмæ адæмѵ æхсæн бірæ којтæ уді Уј тѵх-
хæј: јўтæ дзѵрдтој: Уј хорз у; іннæтæ та дзѵрд-
тој: нæ, фæлæ фæлівѵ адæмѵ.
13. Фæлæ æргомæј Уј тѵххæј нічі дзѵрдта, Јў-
детæј тæрскæје.
14. Бæрæгбонæн јæ æмбісѵ бацѵді Јесо
арҕўанмæ, æмæ амѵдта.
15. Ӕмæ Јўдетæ діс кодтој, дзургæјæ: Уј
чінгўтæ кўд зонѵ, æнæ ахўрæј?
16. Јесо сѵн дзўаппæн захта: Мæ амѵнддзінад
Мæн нæ у, фæлæ Мæ рарвітæдѩсѵ.
17. Уј фæндонкæнѵн кæј фæндѵ, ўј базон-
дзæні, Хуцаўæј у Мæ амѵнд, æві Мæхæдæг
Мæхіцæј дзурѵн.

18. Јæхæдæг јæхіцæј чі дзурv, јæхіцæн кад
агурv; фæлæ јæ рарвітæгæн кад чі агурv, Ўј
æцæг у, æмæ Умæ зvлvндзінад нæј.
19. Моісеј ўн дін нæ радта, нæ? æмæ смахæј
нічі цæрv дінмæ гæскæ. Цæмæн Мæ агурут
амарvнмæ?
20. Адæм Vн захтој дзўап: хæјрæгдњсvн дæ цv?
чі Дæ агурv амарvнмæ?
21. Јесо, нvхæстæкæнгæјæ, захта: јў qўдтаг
скодтон Æз, æмæ ўеппæтдæр діскæнут.
22. Моісеј ўн радта сунæт (кæд ўј Моісеје нæ
уді, фæлæ фvдæлтæј ўæдтæр); æмæ смах сабат-
бонv сунæткæнут лæдњсv.
23. Кæд сабатбонv сунæт рајсv лæг, цæмæј
Моісеі дін хæлд ма ўа: ўæд Мæммæ хæрам цæј
тvххæј стут, Æз сабатбонv лæг кæј сдзæбæх-
кодтоӊ, ўўл?
24. Ўндмæгæскæ ма тæрхонкæнут, фæлæ раст
тæрхонæј тæрхонкæнут.
25. Ум Јерусалімæгтæј јў чідæртæ дзvрдтој:
амарvнмæ кæј агурvнц, ај ўј нæ у, нæ?
26. Мæнæ Уј æргомæј дзурv, æмæ Ін ніцv зæ-
ђvнц: кæд хіцæўдтæ баўрнvдта мійаг, Уј бæл-
вvрд Чvрvсті кæј у, ўј?
27. Фæлæ Јæ мах зонæм, кæцæј у ўј; Чvрvсті
та кў æрцæўа, ўæд нічі зондзæні, кæцæј у, ўј.
28. Ўæд Јесо сqæркодта арђўанv, амонгæјæ
æмæ дзургæјæ: Мæн дæр зонут, æмæ кæцæј
дæн, ўј дæр зонут: æмæ Æз Мæхæдæг Мæхіцæј
нæ æрцvдтæн, фæлæ Мæ рарвітæг, смах кæј нæ
зонут, Уј æцæг у;
29. Æз Æј зонvн, умæн-æмæ Æз Умæј дæн,
æмæ Мæ Уј рарвvста.
30. Æмæ Јæ æрцахсvнмæ агўрдтој, фæлæ Јæм
јæ ќўхæј дæр нічі бавнæлдта; умæн-æмæ Јæ са-
хат нæ ма æрхæтцæі.
31. Адæмæј та бірæтv баўрнvдта Уј; æмæ дзvрд-
тој: Чvрvсті кў æрцæўа, ўæд Уј, Ај цv нvсæн-
тæ скодта, удонæј фvлдæр скæндзæні цv?

32. Фарісетæ феqўстој Уј тѵххæј ацѵ којтæ
адæмѵ æхсæн, æмæ фарісетæ æмæ саўꚉсѵнтѵ-
хістæртæ арвѵстој сæ кусꚉсѵтѵ, Уј æрцахсѵнмæ.
33. Ј е с о та сѵн захта: бірæ нал фæўдзѵнæн
смахімæ, æмæ Мæ рарвітæгмæ æцæўдзѵнæн.
34. Агурдзѵстут Мæ, æмæ Мæ не ссардзѵстут;
æмæ Æз кæм удзѵнæн, ўрдæм смах нæ бафæ-
раздзѵстут æрцæўн.
35. Ўæд Јўдетæ сæ кæрæдзіјен дзѵрдтој: кæ-
дæм цæўнмæ qавѵ, мах Æј кўд нæ ссарæм афтæ?
Елінтѵ чі нѵххæліўстѵ удонмæ цæўн æмæ сѵн
амонѵн, кæд міјаг qавѵ?
36. Цѵ дзѵрдтæ стѵ ацѵ дзѵрдтæ, Уј кæј захта
удон: агурдзѵстут Мæ, æмæ Мæ не ссардзѵстут;
æмæ Æз кæм он, ўрдæм смах æрцæўн нæ ба-
фæраздзѵстут?
37. Бæрæгбонѵ стѵр фæстаг бонѵ лæўўді Ј е с о
æмæ qæрæј захта: дојнѵ кæмæн у, ўј Мæммæ
æрцæўæд, æмæ баназæд.
38. Æз кæј ўрнѵн, умæн, фѵст кўд у, јæ гўбѵ-
нæј цæргæ донѵ фўрдтæ рацæўдзѵстѵ. (Ісаіаі 12,
3. Іоілі 3, 18.)
39. Ај захта Уј Удѵ тѵххæј, Јæ ўрнꚉсѵтæ рај-
сінаг кæј удѵстѵ: цæмæјдæрідтæр сѵл Сѵҕдæг Уд
нæ ма уді, Ј е с о кадꚉсѵнгонд кæј нæ ма ссі ўј
тѵххæј.
40. Адæмæј бірæтæ ацѵ дзѵрдтæ феqускæјæ,
захтој: Уј бæлвѵрд пæхумпар у.
41. Іннæтæ дзѵрдтој: Чѵрѵсті у. Фæлæ јўæј-
јўтæ та дзѵрдтој: æмæ Галілеаје æрцæўдзæні
цѵ Чѵрѵсті?
42. Фѵст нæ у нæ чінѵꚉсѵ: Чѵрѵсті, Давідѵ цо-
тæј кæј æрцæўдзæн, æмæ Віфлеемæј, Давід
кæцæј уді, ўцѵ бæстæј?
43. Амæ афтæмæј Уј тѵххæј qæлæба ссі
адæмѵ æхсæн.
44. Удонæј Јæ чідæртæ æрцахсѵнмæ qавѵдѵстѵ,
фæлæ Јæм нічі бавнæлдта.

45. Æмæ афтæ кўсдꙗсvтæ раздæхтvстv саўдꙗсvн-
тvхістæртæм æмæ фарісетæм, æмæ свн удон зах-
тој: цæўлнæ Јæ æркодтат?
46. Кусдꙗсvтæ дзўап радтој: ацv лæгаў, лæг
æппvндæр нікў дзvрдта.
47. Фарісетæ свн захтој: смах дæр фæрæдvдv-
стут цv?
48. Хістæрæј кæнæ фарісетæј іскæј мінаг ба-
ўрнvдта.
49. Фæлæ ацv адæм, дін нæзонæг, налат у.
50. Нікодім, æхсæвv Јæм чі æрцvді, ўј удонæј
ўовгæјæ, захта удонæн:
51. Нæ дін афхæрv мінаг лæдꙗсv, фvтцаг æм кў
нæ бајqусој, æмæ кўнæ базоној, цv кæнv ўј, ўæд.
52. Аўл vн захтој: дv дæр Галілеаг ма у? Ба-
цагур æмæ фендзvнæ, Галілеаје пæхумпар кæј
нікў æрцvді, ўј.
53. Æмæ јўўлдæр ацvдvстv сæ хæдзæрдтæм.

## С Æ Р 8.

1. Јесо та ссvді Зетіі дvрђv хохмæ.
2. Фæлæ рајсомv фæстæмæ æрцvді арђўанмæ,
æмæ адæм јўўлдæр цvдvстv Умæ. Ўј æрбадт,
æмæ свн амvдта.
3. Ўм Æм чінvдꙗсvдæснvтæ æмæ фарісетæ æр-
кодтој хæткæје æрцахст усv, æмæ јæ астæўæј
нvллæўнгæнгæјæ,
4. Захтој Умæн: Ахургæнæг! ацv ус ахст фæці
тæккæ хæтvндзінадгæнгæје.
5. Моісеј та нvн дінv бафæдзæхста ахæмтv дур-
тæј марvн: Дv цv зæђдзvнæ?
6. Ај дзvрдтој Ўј ќахкæјæ, цæмæј Јæм істv
ссарој фæзvлvнкæнvмæ. Фæлæ Ј е с о зæхмæ æргў-
бvргæнгæјæ, Јæ æнгўлдзæј зæххvл фvста, æмæ
сæм Јæ qус нæ дардта.
7. Æмæ Јæ æнæбанцајгæјæ кў фарстој; ўæд
Ўј скасті, æмæ свн захта: смахæј æнæтæріђæд
чі у, ўј іл фvтцадꙗсvдæр нvццæвæд дур.

8. Ӕмæ та, нодѩсvдæр æргўбvргæнгæјæ, фvста
зæххvл.
9. Удон ўј кў феqўстој, ўæд, сæ намvсæј феф-
сæрмvгонд ўовгæје, сæ кæрæдзіі фæстæ цæўн
бајдvдтој, хістæртæј кæстæртv онг; æмæ баз-
заді Јесо јўнæгæј, æмæ ўцv ус, астæўæј
лæўгæјæ.
10. Јесо кў скасті, æмæ ўцv усv једтæмæ кў
нікæј ўал федта, ўæд vн захта: о усај! дæ
нvмудздѩсvтæ кæм vстv? Нічі дæ фæзvлvнкодта?
11. Ўј дзўап захта: нічі, Хіјцаў! Јесо ін захта:
Ӕз дæр дæ нæ зvлvнкæнvн. Ацу, æмæ тæріђæд
ма ўал кæн.
12. Нодѩсvдæр дзvрдта Јесо адæммæ, æмæ
сvн захта: Ӕз дунеі рухс дæн; Мæ фæдvл чі ра-
цæўа, ўј талvндѩсv нæ цæўдзæні, фæлæ јæм цар-
дv рухс удзæні.
13. Ўæд Vн фасісетæ захтој: Дv Дæхæдæг Дæ-
хі тvххæј æвдісæнлæўvс, Дæ æвдісæндзінад
æцæг нæў.
14. Јесо сvн дзўаппæн захта: Ӕз Мæхæдæг
Мæхі тvххæј æвдісæн кў лæўўон, ўæдтæр Мæ
æвдісæндзінад æцæг у; ўј тvххæј æмæ Ӕз зонvн
кæцæј æрцvдтæн, æмæ кæдæм цæўн: смах та нæ
зонут, Ӕз кæцæј дæн, æмæ кæдæм цæўн.
15. Смах тæрхонкæнут бўармæгæскæ; Ӕз ні-
кæмæн тæрхонкæнvн.
16. Ӕмæ кæд тæрхонкæнvн, ўодтæр Мæ тæр-
хон раст у, умæн-æмæ Ӕз јў нæ дæн, фæлæ
стæм Ӕз æмæ Мæ рарвітæг Фvд.
17. Ӕмæ ўæ дінv дæр фvст кў іс: дуўæ лæдѩсv
æвдісæндзінад æцæг кæј у, ўј. (Дvккагдін. 19, 15.)
18. Ӕз Мæхæдæг Мæхі тvххæј æвдісæн лæўvн,
æмæ æвдісæн лæўv Мæн тvххæј Мæ рарвітæг
Фvд дæр.
19. Ўæд Vн захтој: Дæ Фvд кæм іс? Јесо
сvн дзўап радта: смах нæдæр Мæн зонут, нæдæр
Мæ Фvдv; Мæн кў зоніккат, ўæд Мæ Фvдv дæр
зоніккат.

20. Ацѵ дзѵрдтæ дзѵрдта Јесо хæзнадонѵ цур,
арђуанѵ кў амѵдта ўæд; æмæ Јæ нічі æрцахста,
умæн-æмæ Јæ сахат нæ ма æрцѵді.
21. Нодџсѵдæр та сѵн захта Јесо: Æз цæўн,
æмæ Мæ агурдзѵстут; æмæ ўæ тæріђæдтѵ амæл-
дзѵстут. Æз кæдæм цæўн, ўрдæм смах æрцæўн
нæ бафæраздзѵстут.
22. Ўм Јўдетæ дзѵрдтој: Јæхі амардзæні мігаг,
афтæ кў зæђѵ: Æз кæдæм цæўн, ўрдæм смах нæ
бафæраздзѵстут æрцæўн?
23. Уј сѵн захта: смах дæллагонтæј стут, Æз
та ўоллагонтæј дæн; смах ацѵ дунеје стут; Æз
та ацѵ дунеје нæ дæн.
24. Æз дæр ўн ўј тѵххæј захтон: смах амæл-
дзѵстут ўæ тæріђæдтѵ зæђгæ: цæмæјдæрідтæр,
кў нæ ўæ баўрна смах, ај Æз кæј дæн ўј: ўæд
ўæ тæріђæдтѵ амæлдзѵстут.
25. Ўæд Ѵн захтој: чі дæ Дѵ? Јесо сѵн захта:
Æз дæн фѵтцагæј овæг, кўд ўн зæђѵн афтæ.
26. Бірæ Мæм іс смах тѵххæј дзурінаг, æмæ
којкæнінаг: фæлæ Мæ рарвітæг æцæг у, æмæ
Æз, Умæј цѵ феѳўстон, дунејен ўј дзурѵн.
27. Æмæ Уј удонæн јæ Фѵдѵ тѵххæј кæј
дзѵрдта, ўј нæ бамбæрстој.
28. Æмæ сѵн захта Јесо: адæјмадџсѵ Фѵртѵ
ўолæмæ кў сбæрзондкæнат, ўæд базондзѵстут,
ај Æз кæј дæн ўј, æмæ Æз, Мæхіцæј кæј ніцѵ
кæнѵн ўј; фæлæ Мѵн Мæ Фѵд кўд бацамѵдта,
афтæ дзурѵн.
29. Мæ рарвітæг Мемæ іс. Мæ Фѵд Мæ јў-
нæгæј нæ нѵўахта, умæн-æмæ Æз кæдтæрідтæр
Уј фæндон кæнѵн.
30. Уј ај кў дзѵрдта, ўæд бірæтѵ баўрнѵдта.
31. Ўæд Јесо захта, цѵ Јўдетѵ баўрнѵдта,
удонæн: Мæ дзѵрдѵл кў лæўат, ўæд бæлвѵрд Мæ
ахургæнінæгтæ удзѵстут.
32. Æмæ æцæгдзінад базондзѵстут, æмæ ўæ
æцæгдзінад сæрібар скæндзæні.

33. Дзўап Ѵн захтој: мах Авраамѵ мѵккаг кў
стæм, æмæ цаȝартæ кў нікў нікæмæн удѵстæм;
ўæд Дѵ кўд зæȝѵс: сæрібар сўдзѵстут?
34. Јесо сѵн захта дзўап: æцæг, æцæг зæȝѵн
смахæн: чідæрідтæр, тæріȝæд чі кæнѵ, ўј тæрі-
ȝæдѵ цаȝар у.
35. Фæлæ цаȝар мѵккагмæ нæ заји хæдзарѵ;
фѵрт лæўѵ мѵккагмæ.
36. Æмæ ўæ, афтæ, Фѵрт кў ссæрібаркæна,
ўæд бæлвѵрд сæрібар удзѵстут.
37. Смах Авраамѵ мѵккаг кæј стут, ўј зонѵн:
фæлæ Мæн агурут амарѵнмæ, Мæ дзѵрд ўæм кæј
нæ qарѵ ўј тѵххæј.
38. Æз Мæ Фѵдмæ цѵ федтон, ўј дзурѵн; смах
та, ўæ фѵдмæ цѵ федтат, ўј кæнут.
39. Захтој Ін дзўап: нæ фѵд у Авраам. Јесо
сѵн захта: смах Авраамѵ зæнæг кў ўајккат, ўæд
Авраамѵ qўдтæгтæ кæнікkат.
40. Фæлæ нѵр агурут амарѵнмæ Мæн, лæдԋсѵ,
Хуцаўæј цѵ æцæг феqўста, ўј ўн зæȝæдԋсѵ:
Авраам афтæ нæ кодта.
41. Смах кæнут ўæ фѵдѵ qўдтæгтæ. Аўл Ѵн
захтој: мах хæтѵндзінадæј нæ рајгўрдѵстæм; јў
Фѵд нѵн іс, Хуцаў.
42. Јесо сѵн захта: Хуцаў ўæ Фѵд кў ўаід;
ўæд Мæн дæр ўарстаіккат, умæн-æмæ Æз Ху-
цаўæј рацѵдтæн, æмæ æрцѵдтæн: цæмæјдæрід-
тæр Æз Мæхæдæг Мæхіцæј нæ æрцѵдтæн,
фæлæ Мæ Уј рарвѵста.
43. Мæ дзѵрдтæ Мѵн цæј тѵххæј нæ æмбарут?
Ўј тѵххæј æмæ Мæ дзѵрд qусѵн нæ фæразут.
44. Ўæ фѵд хæјрæг у; æмæ ўæ ўæ фѵдѵ фѵд-
фæндтæ сæххæсткæнѵн фæндѵ. Ўј фѵтцагæј
лæгмарæг уді, æмæ æцæгдзінадѵ нæ фæлæўўді;
цæмæјдæрідтæр умæ æцæгдзінад нæј. Ўј мæнг
кў дзурѵ, ўæд јехіон дзурѵ; цæмæјдæрідтæр ўј
мæнг у æмæ мæнгдзінадѵ фѵд.
45. Фæлæ Æз æцæг кæј зæȝѵн: ўј тѵххæј Мѵл
нæ æўондут.

46. Смахæј Мæн мæнгдзінæдv чі базvлvнкæн-
дзæні? Фæлæ кæд Æз æцæг дзурvн, ўæд ўæ
цæўлнæ ўрнvн?
47. Хуцаўæј чі у, ўј Хуцаўv дзvрдтæм qусv;
смах та, Хуцаўæј кæј не стут, ўј тvххæј нæ
qусут.
48. Аўл Vн Јўдетæ дзўап радтој æмæ захтој:
Дv Самаріаг кæј дæ, æмæ Дæ хўлфv хæјрæг кæј
іс, ўј раст нæ зæӡæм нæ мах?
49. Јесо сvн дзўаппæн захта: хæјрæг Мæм
нæј, фæлæ Æз Мæ Фvдv цvтдѩсvн дарvн, смах
та Мæ æгад кæнут.
50. Ўовгæјæ, Æз Мæхі кад нæ агурvн: фæлæ
іс Агурæг æмæ Тæрхонгæнæг.
51. Æцæг, æцæг заӡvн смахæн: Мæ дзvрд чі
сæххæсткæна, ўј мvккагмæ мæлæт нæ фендзæні.
52. Јўдæтæ Ін захтој: нvр базvдтам мах, хæј-
рæг Дæм кæј іс, ўј. Авраам амарді æмæ пæхум-
партæ дæр, Дv та зæӡvс: Мæ дзvрд чі сæххæст-
кæна, ўј мvккагмæ мæлæт нæ фендзæні.
53. Дv нæ фvд Авраамæј стvрдæр дæ міјаг, ўј
амарді, æмæ пæхумпартæ дæр амардvстv? Дv
Дæхæдæг Дæхіцæј цv æнqæлvс?
54. Јесо сvн дзўап захта: кæд Æз Мæхæдæг
Мæхі стаўн, ўæд Мæ кад ніцv у. Мæн каддѩсvн-
кæнv Мæ Фvд, смах, нæ Хуцаў у зæӡгæ, Кæмæј
зæӡут.
55. Æмæ Јæ смах нæ баззvдтат; Æз та Јæ
зонvн; æмæ кў зæӡон, нæ Јæ зонvн зæӡгæ, ўæд
смах хўзæн мæнгдзурæг удзvнæн. Фæлæ Јæ Æз
зонvн, æмæ Ін æххæсткæнvн Јæ дзvрд.
56. Ўæ фvд Авраамæн æхсvзгон уді Мæ бон
фенvн; æмæ јæ федта, æмæ фæцінкодта.
57. Ўўл Vн Јўдетæ захтој: Дæўл дæс-æмæ-
дујіссæдз азv дæр кў нæ ма цæўv; ўæд Дv федтај
Авраамv?
58. Јесо сvн захта: æцæг, æцæг зæӡvн сма-
хæн: Авраам кў нæ ма уді, Æз дæн.

59. Ўæд дуртæ сістој, æмæ сæ Ўўл нvццæвvн-
мæ qавvдvстv; фæлæ Јесо фæаўоні æмæ арђўа-
нæј рацvді, сæ æхсæнv рацæўгæјæ, æмæ дардтæр
ацvді.

## СÆР 9.

1. Æмæ фæцæјцæўгæјæ федта æрдзæј кўрм-
лæдњсv.
2. Јæ ахургæнінæгтæ Јæ бафарстој: Равві! чі
ракодта тæріђæд, ај, æві јæ нvјардњсvтæ, кўрм
кæј рајгўрді ўј тvххæј?
3. Јесо свн дзўап радта: нæдæр ај ракодта
тæріђæд, нæдæр јæ нvјардњсvтæ, фæлæ іл Хуцаўv
qўдтæгтæ цæмæј сæргомој, ај ўј тvххæј у.
4. Мæнvл Мæ рарвітæдњсv qўдтæгтæ кæнvн
æмбæлv, цалvнмæ бон у ўалvнмæ; æрцæўv æх-
сæв, æмæ ўæд кæнvн нічі ўал бафæраздзæн.
5. Цалvнмæ Æз дунеі дæн, ўалvнмæ дунеі рухс
дæн.
6. Ај кў захта, ўæд атукодта зæхмæ, æмæ тује
свдњсvт свзмæста, æмæ умæј кўрмæн јæ цæстvтæ
бајсæрста.
7. Æмæ ін захта: ацу, æмæ дæхі цæхс Сіло-
амv нæјенv (кæцv хўјнv-æрвvст). Ўј ацvді, јæхі
цæхсадта, æмæ æрцvді ўнгæјæ.
8. Ўм јæ свхæгтæ æмæ јæ фvтцаг кўрмæј чі
федтој, удон дзvрдтој: ај, чі бадті, æмæ хорзæх
чі кўрдта, ўј нæ у нæ?
9. Јўæј-јўтæ дзvрдтој: ај ўј у; аннæтæ та:
ўј хўзæн у. Јехæдæг та дзvрдта: ај æз дæн.
10. Ўæд æј фарстој: дæ цæстvтæ кўд ска-
стvстv?
11. Ўј свн дзўаппæн захта: Јесо чі хўјнv, ўцv
лæг свзмæста зæхх, æмæ мvн мæ цæстvтæ бај-
сæрста, æмæ мvн захта: ацу Сілоамv најенмæ,
æмæ дæхі цæхс. Æз ацvдтæн, мæхі цæхсадтон
æмæ скастæн.
12. Ўæд свн захтој: Ўј кæм іс? Ўј свн дзўап
радта: нæ зонvн.

13. Кўрм чі уді, ўј акодтој фарісетæм.

14. Јесо сvдњсvт кў сvзмæста, æмæ ін јæ цæстvтæ кў скæсvнкодта, ўæд уді сабат.

15. Фарісетæ дæр æј бафарстој, кўд скасті. Ўј та сvн захта; сvдњсvтv змæст мvн мæ цæстvтvл æрæвæрдта, æмæ æз мæхі цæхсадтон, æмæ унvн.

16. Ўæд фарісетæј јўæј-јўтæ дзvрдтој: ацv лæг Хуцаўæј нæў, умæн-æмæ сабатv нæ qaqqæнv. Іннæтæ дзvрдтој: тæріђæддњсvн лæг ахæм діссæгтæ кæнvн кўд бафæраздзæні? Æмæ сæ кæрæдзіі мідæг сбvцæўстv.

17. Нодњсvдæр та захтој кўрмæн: дv цv зæђvс Умæј, дæ цæстvтæј дæ кæј скæсvнкодта ўј тvххæј? Ўј захта: Уј пæхумпар у.

18. Ўæд Јўдетv ўрнгæ дæр нал кодта, ўј кўрм кæј уді, æмæ кæј скасті ўј, цалvнмæ, чі ракасті ўј нvјардњсvтæм басідтvстv.

19. Æмæ сæ бафарстој: аj ўæ фvрт у, кўрмæј раjгурді кæмæј зæђут ўј? Ўодæ нvр кўд унv?

20. Јæ нvјардњсvтæ сvн захтој дзўап: мах, аj нæ фvрт кæј у, æмæ кўрмæј кæј раjгўрді, ўј зонæм;

21. Фæлæ нvр кўд унv, æмæ ін јæ цæстvтæ чі скæсvнкодта, ўј нæ зонæм. Ўј јехæдæг азтæј æххæст у, јæхі ін бафæрсут; јæхæдæг јæхі тvххæј зæђæд.

22. Афтæ зађтој јæ нvјардњсvтæ, умæн-æмæ тарстvстv Јўдетæј; цæмæјдæрідтæр Јўдетæ сфæндкодтој, Уј Чvрvстіiл чі бахvнца, ўј æмбvрдтæј ахіцæнкæнvн.

23. Æмæ ўј тvххæј јæ нvјардњсvтæ захтој: јæхæдæг азтæј æххæст у, јæхі ін бафæрсут.

24. Æмæ афтæмæј дvккаг хадт басідтvстv, кўрм чі уді, ўцv лæгмæ, æмæ ін захтој: Хуцаўæн кад радт: мах зонæм, ўцv лæг тæріђæддњсvн кæј у, ўј.

25. Ўј сvн дзўаппæн захта: Ўј тæріђæддњсvн у, ўј æз нæ зонvн! æрмæст јў ўј зонvн, æз кўрм кæј удтæн, æмæ нvр кæј унvн.

26. Нодѩсvдæр та јæ бафарстој: цv дvн скодта
Ўј? кўд дvн скæсvнкодта дæ цæстvтæ?
27. Дзўап сvн радта: æз ўн зæђгæ дæр кў код-
тон, æмæ мæм смах нæ бајqўстат; цv ма ўæ
фæндv феqусvн? æві смах дæр фæндv Јæ ахур-
гæнінæгтæ сўўн?
28. Удон та јæ бафхæрдтој, æмæ ін захтој: дv
дæ Јæ ахургæнінаг; мах та Моісеі ахургæнінæг-
тæ стæм.
29. Моісеімæ Хуцаў кæј дзvрдта, ўј мах зонæм;
Ўј кæцæј у ўј та нæ зонæм.
30. Чі ракасті ўцv лæг сvн захта дзўаппæн:
діссагдæр ўј у, смах, Ўј кæцæј у, ўј кæј нæ зо-
нут, фæлæ мvн Ўј мæ цæстvтæ скæсvнкодта.
31. Фæлæ мах, Хуцаў тæріђæддѩсvнтæм кæј нæ
qусv, ўј зонæм; фæлæ Хуцаўv каддѩсvн чі дарv,
æмæ Ін Јæ фæндон чі кæнv, умæ qусv.
32. Дунеі рајдајенæј дæр нікў феqўстæўді, цæ-
мæј æрдзæј кўрмæн ісчі јæ цæстvтæ скæсvн-
кодтаід.
33. Ўј Хуцаўæј кў на ўаід, ўæд ніцv ахæм
кæнvн фæрæстаід.
34. Дзўаппæн vн захтој: дv æгасæјдæр тæрі-
ђæдv кў рајгўрдтæ, ўæд нæ дv ахўркæнvс? æмæ
јæ æдтæмæ ратардтој.
35. Јесо, ўј æдтæмæ кæј расvрдтој, ўј кў фе-
qўста, æмæ јæ кў ссардта, ўæд vн захта: дæў
Хуцаўv Фvрт ўрнv?
36. Ўј дзўаппæн захта: чі у Ўј, Хіјцаў, цæмæј
мæ ўрна Ўј?
37. Јесо ін захта: ўнгæ дæр Æј фæкодтај,
æмæ Демæ дзургæ дæр кæнv.
38. Ўј Ін захта: ўрнv мæ, Хіјцаў! æмæ Ін ба-
кўвта.
39. Æмæ захта Јесо: тæрхонкæнvнмæ æр-
цvдтæн Æз ацv дунејен, цæмæј чі нæ ўнv, удон
ўној, æмæ чі ўнvнц, удон та бакўрмој.
40. Ај кў феqўстој, Јæмæ чі уді ўцv фарісетæј
ў чідæртæ, ўæд Vн захтој: æмæ мах дæр кўрм
стæм?

41. Јесо сvн захта: смах кўрм кў удаіккат,
ўæд ўæм тæріђæд нæ удаід: фæлæ, мах ўнæм
зæђгæ кæј зæђут, ўј тvххæј ўл тæріђæд заји.

## СÆР 10.

1. Æцæг, æцæг зæђvн смахæн: фvстv кæрт-
мæ јæ дўарæј чі нæ бацæўv, фæлæ јæм æндæр
ранæј чі бахізv, ўј хўснæг æмæ æвзæргæнæг у.
2. Јæ дўарæј јæм чі бацæўv, ўј та фvстv
фæјаў у.
3. Умæн дўаргæс дўар бакæнv, æмæ фvстæ
јæ коммæ кæсvнц, æмæ ўј фvстæм сæ номæј
дзурv, æмæ сæ ракæнv хізvнмæ.
4. Æмæ јæ фvстv кў ракæнv, ўæд ўј сæ разæј
цæўv; фvстæ та јæ фæдvл цæўнц, јæ qæлæс
vн кæј зонvнц, ўј тvххæј.
5. Æнæахўрv фæдvл та нæ цæўнц, фæлæ лі-
дзvнц умæј, умæн-æмæ æнæахўрv qæлæс нæ
зонvнц.
6. Ацv фæсномvгнvхас захта Јесо: фæлæ
удон, цv сvн дзvрдта, ўј нæ бамбæрстој.
7. Æмæ сvн афтæ Јесо захта нодʉсvдæр:
æцæг, æцæг зæђvн смахæн: Æз дæн фvстæн
дўар.
8. Мæ фvтцаг цасдæр æрцvдvстv, удон јўўл-
дæр хўснæдʉсvтæ æмæ æвзæргæндʉсvтæ стv;
фæлæ сæм фvстæ нæ бајqўстој.
9. Æз дæн дўар: Мæнvл чі бацæўа, ўј фер-
вæздзæні, æмæ бацæўдзæн, æмæ рацæўдзæн,
æмæ хізæн ссардзæні.
10. Хўснæг æрмæст ўј тvххæј æрцæўv, цæмæј
адава, амара, æмæ фæсафа. Æз та ўј тvххæј
æрцvдтæн, цæмæј сvн цард ўа, æмæ сvн ўолдæј-
тæј ўа.
11. Æз хорз фæјаў дæн: хорз фæјаў Јæ уд
æрхæссv јæ фvстv сæрvл.

12. Æххўрст лæг та, фæјаў чі нæў, æмæ фvстæ
дæр јæхі кæмæн не стv, бірæђ æрцæўгæ кў фе-
нv, ўæд нvўадзv фvстv, æмæ алідзv, æмæ бірæђ
ќæфv фvстv, æмæ сæ нvххæліўкæнv.
13. Æмæ аххўрст лæг лідзv, ўј æххўрст кæј у,
æмæ јæ фvстv мæт кæј нæ кæнv, ўј тvххæј.
14. Æз дæн хорз фæјаў, æмæ Мæхіонтv зонvн,
æмæ Мæ Мæхіонтæ дæр зонvнц.
15. Мæн Мæ Фvд кўд зонv, Æз дæр афтæ
зонvн Мæ Фvдv; æмæ Мæ сæр хæссvн фvстv
сæрvл.
16. Ацv кæртæј чі не стv, Мæнæн ахæм æн-
дæр фvстæ дæр іс; æмæ удон дæр æркæнvн
qæўv Мæнæн: æмæ удон феqусцvстv Мæ дзvрд,
æмæ удзæні јў дзуг æмæ јў Фæјаў.
17. Мæ Фvд Мæ умæн ўарзv, æмæ Æз дæдтvн
Мæ цард, цæмæј јæ фæстæмæ рајсон.
18. Нічі ісv ўј Мæнæј, фæлæ јæ Æз Мæхæдæг
дæдтvн. Мæ ќухv іс ўј радтvн дæр, æмæ јæ
фæстæмæ рајсvн дæр. Ацv амvнддзінад рајстон
Æз Мæ Фvдæј.
19. Ацv дзvрдтv тvххæј та Јўдетæ фæбvцæў-
стv ноџсvдæр сæ кæрæдзіі мідæг.
20. Удонæј бірæтæ дзvрдтој: Уј хæјрæгџсvн у,
æмæ кæнv æррадзінад: цv Јæм qусут?
21. Іннæтæ та дзvрдтој: адон хæјрæгџсvнv
нvхæстæ не стv; хæјрæг кўрмæн јæ цæстvтæ
скæсvнкæнvн фæразv мідаг?
22. Æрхæтцæі сногкæнvнv бæрæгбон Јеруса-
лімv, æмæ уді зvмæг.
23. Æмæ рацубацукодта Јесо арђўанv, Соло-
монv тvрђv.
24. Ўм Vл æрæмбvрстv Јўдетæ, æмæ Ін дзvрд-
тој: кæдмæ нæ дарај Дv гўрvсхојæ? Кæд Дv
Чvрvсті дæ, ўæд нvн раст зæђ.
25. Јесо сvн дзўап радта: Æз ўн захтон, æмæ
ўæ нæ ўрнv; Æз Мæ Фvдv номæј цv qудтæгтæ
кæнvн, удон Мæн тvххæј æвдісæнлæўўнц.
26. Фæлæ смах нæ ўрнv; цæмæјдæрідтæр смах
Мæ фvстæј не стут, Æз ўн кўд захтон.

27. Мæ фѵстæ Мæ дзѵрдмæ qусѵнц, æмæ сæ
Æз зонѵн, æмæ удон Мæ фæдѵл цæўнц.
28. Æмæ Æз дæдтѵн удонæн æнусон цард, æмæ
нæ фесæфтцѵстѵ мѵккагмæ, æмæ сæ нічі аскæф-
цæні Мæ кухæј.
29. Мæ Фѵд, удон Мæнæн чі радта, æппæтæј
стѵлдæр у; æмæ сæ нічі бафæрадзæні аскæфѵн
удон Мæ Фѵдѵ кухæј.
30. Æз æмæ Мæ Фѵд јў стæм.
31. Ўм Јудетæ нодђсѵдæр фелвæстој дуртæ Ўј
амарѵнмæ.
32. Јесо сѵн дзўап радта: бірæ хорз qўдтæг-
тæ ўн фенѵнкодтон Æз Мæ Фѵдæј; æмæ Мæ
удонæј кæцѵј тѵххæј qавут дуртæј марѵн?
33. Јудетæ Ін захтој дзўап: хорз qўдтадђсѵ тѵх-
хæј Дæ нæ qавæм амарѵн, фæлæ Хуцаўѵ фаўнѵ
тѵххæј, æмæ Дѵ, лæг ўовгæје, Дæхі Хуцаў кæј
кæнѵс, ўј тѵххæј.
34. Јесо сѵн захта дзўаппæн: ўæ дінѵ фѵст
нæј цѵ: æз захтон: смах хуцаўтæ стут? (Псал. 81, 6.)
35. Кæд Ўј хўдта хуцаўтæ удон, кæмæ уді Ху-
цаўѵ дзѵрд, æмæ нæ фехæлдзæні Фѵст;
36. Ўæд Фѵд кæј ссѵҕдæгкодта, æмæ рарвѵста
дунемæ, умæн зæҕут міјаг, Дѵ Хуцаўѵ фаўс, Æз
Хуцаўѵ Фѵрт дæн зæҕгæ, кæј захтон, ўј тѵххæј?
37. Кæд Æз Мæ Фѵдѵ qўдтæгтæ нæ кæнѵн,
ўæд Мѵл ма баўæндут.
38. Фæлæ кæд кæнѵн: ўæд ўæ, кæд Æз нæ
ўрнѵн, ўодтæр ўæ Мæ qўдтæгтæј ўрнæд, цæмæј
базонат æмæ ўæ баўрна, Мæ Фѵд Мемæ кæј іс,
æмæ Æз Ујімæ кæј дæн, ўј.
39. Ўæд Æј нодђсѵдæр æрцахсѵнмæ qавѵдѵстѵ,
фæлæ Уј фервæсті сæ кухтæј.
40. Æмæ та Јорданæн јæ іннæ фарсмæ ацѵді,
Јоанн фѵтцаг кæм арҕўдта ўцѵ бѵнатмæ, æмæ
баззаді ум.
41. Бірæтæ Јæм æрцѵдѵстѵ, æмæ дзѵрдтој:
Јоанн јў діссаг дæр не скодта, фæлæ Уј тѵххæј
цѵ захта Јоанн, удон æцæг удѵстѵ.
42. Æмæ ум бірæтѵ баўрнѵдта Уј.

## СÆР 11.

1. Уді рѵнчѵн чідæр, Лазар зæǯгæ, Віфаніајæ,
јæ хотæ, Маріа æмæ Марфа кæм циардѵстѵ ўцѵ
qæўѵ.
2. Маріа та, јæ æфсѵмæр Лазар рѵнчѵн кæмæн
уді, ўј уді, Хіјцаўѵ міронæј чі бајсæрста, æмæ Ін
Јæ ќæхтæ јæ дзѵккутæј чі нѵссæрфта, ўј.
3. Ўцѵ хотæ арвѵстој Јесојен зæǯѵнмæ:
Хіјцаў! мæнæ, Дѵ кæј ўарзѵс, ўј рѵнчѵн у.
4. Јесо ўј кў феqўста, ўæд захта: ацѵ ніз
мæлæтмæ нæ у, фæлæ у Хуцаўѵ кадæн, цæмæј
ўј фæрцѵ скаддђсѵн ўа Хуцаўѵ Фѵрт.
5. Јесо та ўарста Марфај, æмæ јæ хоjі, æмæ
Лазарѵ дæр.
6. Æмæ ін јæ рѵнчѵн кў феqўста, ўæд ма баз-
заді дуўæ бонѵ, кæм уді ум.
7. Ўј фестæ захта Јæ ахургæнінæгтæн: цом
нодђсѵдæр Јўдеамæ.
8. Ахургæнінæгтæ Ін захтој: Равві! Јўдетæ Дæ
æрæдђсѵдæрма кў агўрдтој дуртæј амарѵнмæ, ўæд
та нодђсѵ урдæм цæўс?
9. Јесо дзўап радта: дуўадæс сахатѵ нæ у нæ
бон? бонѵгон чі цæўѵ, ўј нæ кæлѵ, ацѵ дунеі
рухс кæј унѵ, ўј тѵххæј.
10. Фæлæ æхсæвѵгон чі цæўѵ, ўј кæлѵ, јемæ
рухс кæј нæј, ўј тѵххæј.
11. Ај зæǯгæјæ сѵн, стæј захта: нæ лѵмæн
Лазар бафѵнæјі; æмæ јæм Æз цæўн рајqалкæ-
нѵнмæ.
12. Јæ ахургæнінæгтæ Ін захтој: кæд бафѵнæјі,
ўæд сдзæбæхўдзæні.
13. Јесо сѵн захта, кæј амарді ўј тѵххæј, удон
та афтæ æнqæл удѵстѵ, Уј хўмæтæдђсѵ фѵнѵ
тѵххæј дзурѵ.
14. Ўæд сѵн Јесо раст захта: Лазар амарді.
15. Æмæ цінкæнѵн смах тѵххæј, Æз ум кæј нæ
удтæн, цæмæј смах баўрна; фæлæ цом умæ.

16. Ўæд Фома, æндæр номæј Дідім[1]) чі хўнді,
ўј захта ахургæнінæгтæн: цом мах дæр, јемæ
амæлæм.

17. Јесо кў æрцvді, ўæд æј цvппæрæм бон
інгæнv ўовгæјæ ссардта.

18. Віфаніа та Јерусаліммæ хæстæг уді фvнтдæс
стадіаі бæрц.

19. Æмæ Јўдетæј бірæтæ æрцvдvстv Марфа
æмæ Маріамæ тæфæрфæсмæ сæ æфсvмæрv
тvххæј.

20. Марфа, Јесо кæј æрцæўv, ўј кў феqўста,
ўæд Јæ размæ рацvді; Маріа та бадті сæ хæдзарv.

21. Ўæд Марфа захта Јесојен: Хіјцаў! Дv
ам кў удаіс, ўæд мæ æфсvмæр нæ амардаід.

22. Фæлæ нvрдæр, зонvн, Дv Хуцаўæј цv кураj,
ўј Дvн Хуцаў ратцæні.

23. Јесо ін захта: дæ æфсvмæр рајгасўдзæні.

24. Марфа Ін захта: фæстаг бонv, рајгасўнv
афонv, кæј рајгасўдзæні, ўј зонvн.

25. Јесо ін захта: Æз рајгасдзінад æмæ цард
дæн; Æз кæј ўрнон, уј кў амæла, ўодтæр рајгас-
ўдзæні;

26. Æмæ алv цæрæг æмæ Мæнvл ўрнæг, мvк-
кагмæ дæр нæ амæлдзæні. Ўрнv дæ ај?

27. Ўј Ін захта: афтæ Хіјцаў! мæн ўрнv, Дv
Чvрvсті, Хуцаўv Фvрт, дунемæ æрцæўінаг чі у,
Уј кæј дæ, ўј.

28. Ај зæӡгæјæ, ацvді, æмæ сусæгæј басідті јæ
хо Маріаммæ, æмæ ін захта: Ахургæнæг ам і,
æмæ дæм сідv.

29. Ўј кўдтæр ај феqўста, афтæ таӡд сvстаді,
æмæ ацvді Умæ.

30. (Јесо та нæ ма бацvді qæўмæ, фæлæ Іл,
Марфа цv ранv сæмбæлді, ўм ма уді.)

31. Ўіјмæ цv Јўдетæ удvстv хæдзарv тæфæр-
фæсмæ, удон кў федтој, Маріа таӡд кæј сvстаді
æмæ ацvді, ўј, ўæд јæ фæдvл ацvдvстv, ўолмæрд-
мæ кæўнмæ цæўv, æнqæлгæ.

---

[1]) Фаззон.

32. Маріа та, Јесо кæм уді, ўрдæм кў æрцѵді
æмæ Јæ кў федта ўæд Ѷн цæвтѵді Јæ ќæхтæм,
æмæ Ін захта: Хіјцаў! Дѵ ам кў удаіс, ўæд мæ
æфсѵмæр нæ амардаід.
33. Јесо кў федта ўј кæўгæ, æмæ јемæ цѵ
Јўдетæ æрцѵдѵстѵ удон дæр кæўгæ, ўæд Јехіцæн
дæр Јæ зæрдæ сѵўнгæдѭсі, æмæ скæўнqæлѵстæ іс,
34. Æмæ захта: кæм æј цæвæрдтат? Захтој Ін:
Хіјцаў! рацу, æмæ фен.
35. Јесојен Јæ цæссѵгтæ æркалдѵстѵ.
36. Ўæд Јўдетæ дзѵрдтој: акæсут ма, кўд æј
ўарста!
37. Сæ јўæј-јўтæ та дзѵрдтој: ај, кўрмæн јæ
цæстѵтæ чі скæсѵнкодта, нæ бафæрæстаід, ўј
дæр кўд нæ амардаід, ўј?
38. Јесо та, нодѭсѵдæр јæ зæрдæјæ ўнгæг
ўовгæјæ, æрцѵді інгæнмæ. Ўј уді лæгæт, æмæ
јæ ўолæ дур æвæрд уді.
39. Јесо захта: сісут дур. Мардѵ хо, Марфа,
захта: Хіјцаў! смагкæнѵ, умæн-æмæ цѵппар бонѵ
іс, інгæнѵ кæдæј іс, ўодæј нѵрмæ.
40. Јесо ін захта: нæ дѵн захтон нæ, кў дæ
ўрна, ўæд Хуцаўѵ кад фендзѵнæ?
41. Æмæ раістој дур, мард кæм уді ўцѵ лæгæ-
тæј. Јесо та Јæ цæстѵтæј ўоларвмæ скасті,
æмæ захта: Мæ Фѵд! бузнѵг Дæ дæн, кæј Мæм
бајqўстај, ўј тѵххæј.
42. Æз зонгæ дæр кодтон, Дѵ Мæм кæдтæрід-
тæр кæј бајqусцѵнæ ўј; фæлæ ај захтон, ам цѵ
адæм лæўѵнц, удон тѵххæј, Дѵ Мæ кæј рарвѵс-
тај, ўј сæ цæмæј баўрна ўј тѵххæј.
43. Ај кў захта, ўæд стѵр qæлæсæј сдзѵрдта:
Лазаре! æдтæмæ рацу.
44. Æмæ рацѵді мард, јæ ќухтæ æмæ јæ ќæхтæ
мæрдзæгтæј тѵхт ўовгæјæ, æмæ јæ цæском баст
уді кæлмæрзæнæј. Јесо сѵн захта: сѵхалут æј,
æмæ цæўа.
45. Ўæд Јўдетæј бірæтæ, Маріамæ чі æрцѵдѵ-
стѵ, æмæ Јесо цѵ скодта, ўј чі федта, удон
баўрнѵдта Уј.

46. Сæ іннæтæ та ацvдvстv фарісетæм, æмæ
сvн Јесо цv скодта, ўј захтој.
47. Ўæд саўдњсvнтvхістæртæ æмæ фарісетæ
æрæмбvрдкодтој адæмv, æмæ дзvрдтој: цv кæ-
нæм? ацv лæг бірæ діссæгтæ кæнv.
48. Афтæмæј Јæ кў нvўадзæм, ўæд Уј баўрн-
дзæні æппæтv, æмæ æрцæўдзvстv Ромæгтæ,
æмæ нvн бајсцvстv нæ бæстv дæр æмæ нæ
адæмv дæр.
49. Удонæј јў, Каіафа зæђгæ, ўцv аз саўдњсvнтæн
хістæрæн чі уді, ўј сvн захта: смах ніцv зонут;
50. Нæдæр æрqўдvкæндзvстут, адæм æппæтv
фесæфvнv бæстv, јў лæг кў амæла, махæн ўј
хўздæр кæј у, ўј.
51. Ај јехіцæј нæ захта, фæлæ ўцv азv саў-
дњсvнтvхістæр ўовгæјæ, раздæр захта, Јесоіл
адæмv тvххæј амæлvн кæј æмбæлv, ўј;
52. Æмæ æрмæст адæмv тvххæј нæ, фæлæ
Хуцаўv хæліўгонд фvрттv дæр цæмæј јўмæ
æрæмбvрдкæна, ўј тvххæј.
53. Ўцv бонæј фæстæмæ Іл амарvн сфæнд кодтој.
54. Ўј тvххæј Јесо æргомæј нал цvді Јўдæтv
æхсæн, фæлæ ўрдvгæј ацvді æдзæрæг ранмæ
хæстæг бæстæм, Ефраім хўнгæ сахармæ, æмæ
ўм баззаді Јæ ахургæнінæгтімæ.
55. Æрæввахсі Јўдетv Пасха, æмæ ўцv бæстæ
æппæтæј бірæтæ æрцvдvстv Јерусаліммæ, сæхі
ссvђдæгкæнvнмæ.
56. Ўæд агўрдтој Јесоі, æмæ, арђўанv лæў-
гæјæ, сæ кæрæдзіјен дзvрдтој: кўд æнqæлстут?
Нæ æрцæўдзæні Уј бæрæгбонмæ?
57. Саўдњсvнтvхістæртæ та æмæ фарісетæ
унаффæбакодтој, Уј кæм ўа, ўј ісчі кў базона,
ўæд сvн кўд феqусvнкæна, цæмæј Јæ æрцахсој.

## СÆР 12.

1. Пасхајæ æхсæз бонv раздæр æрцvді Јесо
Віфаніамæ, мард Лазар кæм уді, мæрдтæј кæј
рајгаскодта Уј.

2. Ўм Vн сцæдтæкодтој æхсæвæр, æмæ Ін
Марфа кæстæріогкодта, Лазар та Ујімæ баддısv-
тæј јў уді.
3. Маріа та æрхаста нардv сvђдæг, æмæ зvнарђ
міронv јў дısіранка, æмæ Ј е с о і ќæхтæ бајсæр-
ста, æмæ сæ јæ дзvккутæј нvссæрфта; æмæ
хæдзар бајдзадısі міронv хорз смагæј.
4. Ўæд Јæ ахургæнінæгтæј јў, Сімонv фvрт
Јўда Іскаріотаг, ўј фæстæ Јæ чі радта, ўј захта:
5. Цæј тvххæј ўојгонд нæ уді ацv мірон æртæ
фондзссæдз дінаріıл æмæ мæгўртæн лæвæрд?
6. Æмæ ўј мæгўртv мæт кæј кодта, ўј тvххæј
нæ захта, фæлæ ќæрнvх уді. Умæ уді æхцај
лађз, æмæ дзv цv æвæрдтој, ўј хаста.
7. Ј е с о та захта: нvўадзут æј! ўј ај бæвæрдта
Мæ банvгæнæн бонмæ.
8. Цæмæјдæрідтæр мæгўртæ кæдтæрідтæр ўемæ
стv, Æз та јўўлдæр ўемæ нæ удзvнæн.
9. Јўдетæј бірæтæ базvдтој, Уј ўм кæј іс ўј;
æмæ æрцvдvстv æрмæст Ј е с о і тvххæј нæ, фæ-
лæ Лазарv фенvнмæ дæр, мæрдтæј кæј рајгас-
кодта ўј.
10. Саўдısvнтvхістæртæ та сфæндкодтој ама-
рvн Лазарv дæр;
11. Умæн-æмæ ўј тvххæј Јўдетæј бірæтæ цvдv-
стv, æмæ сæ Ј е с о баўрнvдта.
12. Дvккаг бонv бæрæгбонмæ чі æрцvдvстv,
ўцv бірæ адæм кў феqўстој, Ј е с о Јерусаліммæ
кæј æрцæўv ўј,
13. Ўæд рајстој зазv ќаліўтæ, Јæ размæ рацv-
дvстv, æмæ зарvдvстv: Осанна! арфæгонд дæ
Хіјцаўv номæј æрцæўæг, Ізраілv Патцах!
14. Ј е с о та ссардта æнæсарђ æвæрд хæссæнv,
æмæ іл сбадті, фvст кўд у афтæ:
15. Ма тæрс, Сіонv чvзг! мæнæ дæ Патцах
æрцæўv дæўмæ æнæсарђ æвæрд хæссæнvл.
(Зах. 9. 9.)
16. Јæ ахўргæнінæгтæ фvтцагæј нæ бамбæр-
стој ўј; фæлæ, кў скаддısvн і Ј е с о, ўæд æрæ-

мѵсѵдѵстѵ, Уј тѵххæј афтæ фѵст кæј уді, æмæ
Ін афтæ кæј бакодтој.

17. Јемæ фѵтцаг цѵ адæм удѵстѵ, удон æвді-
сæнлæўўдѵстѵ, Уј інгæнæј кæј расідті Лазармæ,
æмæ јæ мæрдтæј кæј рајгаскодта ўўл.

18. Æмæ ўј тѵххæј рацѵдѵстѵ Умæн Јæ размæ
адæм, умæн-æмæ фэqўстој, ўцѵ діссаг кæј скод-
та ўј.

19. Фарісетæ та сæ кæрæдзіі мідæг дзѵрдтој:
унут, кæј ўн ніцѵ æнтѵсѵ? дуне јўўлдæр Јæ
фæдѵл цæўѵ.

20. Бæрæгбонѵ кувѵнмæ æрцæўдюсѵтæј јўæј-
јўтæ удѵстѵ Еллінæгтæ.

21. Удон бацѵдѵстѵ Філіппмæ, Галілеаг Віфсаі-
дајæ чі уді ўмæ, кўрдтој дзѵ æмæ ін захтој:
хіцаў! мах фæндѵ Јесоі фенѵн.

22. Філіпп ацѵді, æмæ захта ўј Андрејен;
æмæ стæј Філіпп æмæ Андреј захтој ўј тѵххæј
Јесојен.

23. Јесо та сѵн дзўаппæн захта: æрхæтцæ
і адæјмадюсѵ Фѵртѵ скаддюсѵнкæнѵнѵ сахат.

24. Æцæг, æцæг зæђѵн смахæн: мæнæўѵ нæ-
мѵг, зæххѵл æрхаўгæјæ, кў нæ амæла, ўæд јўнæ-
гæј баззајдзæні: фæлæ кў амæла, ўæд бірæ
дѵрђ æрхæсцæні.

25. Јæ удѵ чі ўарзѵ, ўј јæ фесафцæц, фæлæ
јæ удѵ чі нæ ўарзѵ ацѵ дунеі, ўј јæ бавæрдзæні
æнусон цардмæ.

26. Мæнæн чі кусѵ, ўј Мæ фæстæ рацæўæд;
æмæ Æз кæм ўон, ум Мæ кусæг дæр удзæні.
Æмæ Мæнæн чі кусѵ, ўј Мæ Фѵд сцѵтдюсѵн-
кæндзæні.

27. Нѵр мæ уд сѵўнгæдюсі; æмæ цѵ зæђон Æз?
О, Мæ Фѵд! фервæзѵн Мæ кæн ацѵ сахатæј!
Фæлæ Æз цæўгæ дæр ацѵ сахатѵ тѵххæј
æркодтон.

28. О, Мæ Фѵд! скаддюсѵнкæн Дæ ном. Ўæд
ўоларвæј æрqўсті qæр: скаддюсѵн æј кодтон,
æмæ јæ нодюсѵдæр скаддюсѵнкæндзѵнæн.

29. Ўм цv адæм лæўўдvстv, æмæ aj чі феqў-
стоj, удон дзvрдтоj: aj арвv нæррvн у. Фæлæ
іннæтæ та захтоj: Зæд Æм дзvрдта.
30. Аўл Јесо захта: ацv qæр Мæн тvххæj нæ
уді, фæлæ адæмv тvххæj.
31. Нvр ацv дунеjен тæрхон іс; нvр ацv дунеі
æлдарv æдтæмæ асvрдæўдзæні.
32. Æмæ Æз зæххæj сіст кў ўон, ўæд æппæтv
Мæхірдvгæj фæкæндзvнæн.
33. Ацv дзvрдæj сvн Уj æмбарvнкодта, цавæр
мæлæтæj амæлдзæні, ўj.
34. Адæм Vн захтоj дзўаппæн: мах феqўстам
дінæj, Чvрvсті qўамæ ўа æнусмæ; ўæд Дv
кўд дзурvс: адæjмадѩсv Фvртvл ўолæмæ сіст
ўоввvн æмбæлv? чі у адæjмадѩсv Фvрт?
35. Ўæд сvн Јесо захта: јў чvсvл афон ма іс
рухс ўјемæ; цæўгæут, цалvнмæ рухс іс, цæмæj
ўæ талvнг ма æрvјафа; талvндѩсv цæўæг та нæ
зонv, кæдæм цæўv, ўj.
36. Цалvнмæ рухс іс ўјемæ, ўалvнмæ ўæ ўрнæд
рухс, цæмæj рухсv фvрттæ ўат. Aj кў захта,
ўæд Јесо ахіцæні æмæ удонæj бамбæхсті.
37. Ўјас діссæгтæ скодта Јесо сæ разv; æмæ
сæ ўодтæр нæ ўрнvдта Уj.
38. Цæмæj сæххæст ўа пæхумпар Ісаіаі дзvрд:
Хіјцаў! кæj баўрнvдта, махæj цv феqўстоj, ўj? æмæ
кæмæ раргомі Хіјцаўv рахіс ќух? (Ісаіаі 53, 1.)
39. Ўj тvххæj сæ нæ баўрнvдта, кўд нодѩсvдæр
захта Ісаіа:
40. Ацv адæм бакўрмкодтоj сæ цæстvтæ, æмæ
нvтдуркодтоj сæ зæрдæ, цæмæj нæ уноj сæ
цæстvтæj, æмæ нæ æмбароj сæ зæрдæjæ, æмæ
ма раздæхоj, цæмæj сæ Æз сдзæбæхкæнон.
(Ісаіа 6, 10.)
41. Aj Ісаіа захта, Умæн Јæ стvрад кў федта,
æмæ Уj тvххæj кў дзvрдта, ўæд.
42. Фæлæ хіцæўдтæj дæр бірæтv баўрндта Уj,
фæлæ фарісетv тvххæj нæ æргомкодтоj ўj, цæ-
мæj сæ æмбvрдгæнæнæj ма асуроj.

43. Цæмæјдæрідтæр фvлдæр баўарстој лæдҗсv
кад Хуцаўv кадæј.
44. Јесо та сqæркодта, æмæ захта: Æз кæј
ўрнvн, ўј Æз нæ ўрнvн, фæлæ Мæн чі рарвvста,
ўј ўрнv ўј.
45. Æмæ Мæн чі унv, ўј унv Мæ рарвітæдҗсv.
46. Æз рухс æрцvдтæн дунемæ, цæмæј чідæ-
рідтæр, Æз кæј ўрнон, ўј талvндҗсv ма баззаја.
47. Æмæ Мæ дзvрдтæ чі феqуса, æмæ кæј нæ
баўрној, умæн Æз тæрхон нæ кæнvн: цæмæј-
дæрідтæр Æз дунејен тæрхонкæнvнмæ нæ æр-
цvдтæн, фæлæ дунеі фервæзvнкæнvнмæ.
48. Мæн чі ніцæмæ дара, æмæ Мæ дзvрдтæ чі
нæ кома, умæн јæхіцæн тæрхонгæнæг іс: Æз цv
дзvрд дзvрдтон, ўј јæ тæрхонкæндзæн фæстаг
бонv.
49. Цæмæјдæрідтæр Æз Мæхіцæј нæ дзvрдтон:
фæлæ Мæ рарвітæг Фvд, Уј Мvн радта амvнд-
дзінад, цv зæђон, æмæ цv дзурон.
50. Æмæ Æз зонvн, Јæ амvнддзінад æнæфæ-
ўовгæ цард кæј у, ўј. Æмæ афтæ, Æз цvдæ-
рідтæр дзурvн, Мæ Фvд Мvн кўд захта, афтæ.

## СÆР 13.

1. Пасхаі бæрæгбонv размæ, Јесо зvдта, ацv
дунеје Јæ ацæўнv сахат кæј æрхæтцæ іс, ўј,
æмæ раргомкодта qўдтагæј јехіонтv, ацv дунæі
чі стv, удон кæј баўарста, æмæ сæ фæстадҗсv
фæстæгмæ кæј баўарста, ўј.
2. Æмæ æхсæвæрv афон, хæјрæг Іскаріотаг
Јўдајен Сімонv фvртæн јæ зæрдæі, Уј радтvн
æрæфтvдта,
3. Јесо зvдта Јæ Фvд Vн јўўлдæр кæј радта
Јæ ќухv, æмæ Уј Хуцаўæј кæј æрцvді, æмæ Ху-
цаўмæ кæј цæўv, ўј,
4. Ўæд сvстаді æхсæвæрæј, раласта Јæ ўол-
лаг дарæс, æмæ ќухсæрфæн рајста, æмæ јæ
Је астæўл æрбабаста.

5. Стæј нѵккодта дон qўвђанѵ, æмæ Јæ ахур-
гæнінæгтѵ ќæхтæ æхсѵн бајдѵдта, æмæ сæ
сæрфта, Јæ астæўл цѵ ќухмæрзæн баст уді, умæј.
6. Бацѵді Сімон Петрмæ, æмæ Ін ўј захта:
Хіјцаў! Дæўæн та кўд цæхсѵнкæнон мæ ќæхтæ?
7. Ј е с о ін дзўаппæн захта: Æз цѵ кæнѵн, ўј
Дѵ нæ зонѵс нѵр, фæлæ јæ фæстæдæр бам-
бардзѵнæ.
8. Петр Ін захта: мѵккагмæ дæр мѵн нæ цæх-
сцѵнæ мæ ќæхтæ. Ј е с о ін дзўаппæн захта: кў
нæ дæ цæхсон, ўæд дѵн Мемæ хај нæј.
9. Сімон Петр Ін захта: Хіјцаў æрмæст
мæ ќæхтæ нæ, фæлæ мæ ќухтæ дæр æмæ мæ
сæр дæр.
10. Ј е с о ін захта: æхсадæн æрмæст јæ ќæхтæ
æхсѵн qæўѵ, ўј тѵххæј æмæ јўўлдæр сѵђдæг у;
смах дæр сѵђдæг стут, фæлæ ўеппæт нæ.
11. Цæмæјдæрідтæр Јæ дæдтæдҥсѵ зѵдта, æмæ
ўеппæт сѵђдæг не стут, ўј тѵххæј захта.
12. Сæ ќæхтæ сѵн кў цæхсадта, æмæ Јæ
дарæс кў скодта, ўæд та æрѵнцад, æмæ сѵн
захта: Æз ўн цѵ бакодтон, ўј зонут?
13. Смах Мæ хонут Ахургæнæг æмæ Хіјцаў;
æмæ ўј раст зæђут, цæмæјдæрідтæр Æз тæккæ
ўј дæн.
14. Æмæ афтæ, кæд Æз, Ахўргæнæг æмæ Хіј-
цаў ўовгæјæ, цæхсадтон смахæн ўæ ќæхтæ, ўæд
смах дæр qўамæ ўæ кæрæдзіі ќæхтæ æхсат.
15. Цæмæјдæрідтæр ўн Æз радтон нѵв, Æз ўн
цѵ бакодтон, афтæ цæмæј кæнат, ўј тѵххæј.
16. Æцæг, æцæг зæђѵн смахæн: цађар јæ æл-
дарæј стѵлдæр нæ у, æмæ мінæвар јæ рарвітæ-
гæј стѵлдæр нæ у.
17. Кæд ај зонут смах, æмæ јæ кæд æххæст
кæнут, ўæд тæхудіаг стут.
18. Смах ўеппæтѵ тѵххæј нæ зæђѵн: Æз зо-
нѵн, кæцѵтѵ сæвзæрстон. Фæлæ сæххæст ўæд
Фѵст: Мемæ дзул чі хордта, ўј сіста Мæнѵл јæ
ќах. (Псал. 40, 10.)

19. Нvр ўн зæђvн смахæн, цалvнмæ ўј сæххæст
ўа ўалvнмæ, цæмæј, ўј кў сўа, ўæд ўæ баўрна, ај
Æз кæј дæн, ўј.
20. Æцæг, æцæг зæђvн смахæн: Æз кæј рарві-
тон, ўј чі ајса, ўј Мæн ісv; Мæн та чі ајса, ўј
Мæ рарвітæдџсv ісv.
21. Ај кў захта, ўæд Јесо удæј сўўнгæдџсі,
æмæ бавдісæнкодта, æмæ захта: æцæг, æцæг
зæђvн смахæн; смахæј Мæ јў ратцæні.
22. Ўæд Јæ ахургæнінæгтæ сæ кæрæдзімæ
кастvстv, æмæ нæ æмбæрстој, кæј тvххæј захта Уј.
23. Æмæ Јæ ахургæнінæгтæј јў, Јесо кæј
ўарста, ўј æнцаді Јесоі ріўv раз;
24. Умæн Сімон Петр нvсанæј бамбарvнкодта,
цæмæј Јæ бафæрса, чі у ўј, кæј тvххæј захта ај?
25. Æмæ ўј Јесоі ріўvл банцаді, æмæ Ін
захта: Хіјцаў! ўј чі у?
26. Јесо ін захта: Æз ќæбæр стулгæје кæмæн
радтон ўј. Æмæ стvлдта ќæбæр, æмæ јæ радта
Іскаріотаг Јудајен, Сімонv фvртæн.
27. Æмæ дзv ўцv ќæбæрv фестæ бацvді сајтан.
Ўæд vн Јесо захта: цv кæнvс, ўј тађдтæр кæн.
28. Фæлæ Јемæ баддџсvтæј нічі бамбæрста,
цæј дvмæг мæ ін захта умæн, ўј.
29. Фæлæ Јўдамæ æхцаі лађз кæј уді, ўј тvх-
хæј сæ јўæј-јўтæ афтæ æнqæлўдvстv, кæд Јесо
захта умæн: бæрæгбонмæ цv qæўv, ўј нvн бал-
хæн, кæнæ мæгўртæн істv цæмæј радта, ўј.
30. Ўј ќæбæр рајста, æмæ ўајтађд рацvді; æмæ
уді æхсæв.
31. Ўј кў рацvді, ўæд Јесо захта: нvр скаддџсvн
і адæјмадџсv Фvрт, æмæ Хуцаў скаддџсvн і Ујімæ.
32. Кæд Хуцаў скаддџсvн і Ујімæ, ўæд Æј Ху-
цаў дæр скаддџсvнкæндзæн Јæхіцæј, æмæ Јæ
тађд скаддџсvнкæндзæні.
33. Мæ сvвæллæдтæ! Æз бірæ нал фæўдзvнæн
смахімæ. Агурдзvстут Мæ, æмæ Æз Јўдетæн
кўд захтон, Æз кæдæм цæўvн, смах ўрдæм æр-
цæўvн нæ бафæраздзvстут; афтæ смахæн дæр
зæђvн нvр.

34. Ног амѵнддзінад дæдтѵн смахæн, цæмæј ўæ кæрæдзіі ўарзат; Æз ўæ куд баўарстон, смах дæр ўæ кæрæдзіі афтæ ўарзут.
35. Умæј ўæ базондзѵстѵ јўўлдæр, смах Мæ ахургæнінæгтæ кæј стут, ўæ кæрæдзіі кў ўарзат, ўæд.
36. Сімон Петр Ін захта: Хіјцаў! Дѵ кæдæм цæўѵс? Јесо ін дзўапп радта: Æз кæдæм цæўѵн, ўрдæм цæўѵн Мæ фæдѵл дѵ нѵр нæ бафæраздзѵнæ, фæлæ стæј рацæўдзѵнæ Мæ фæдѵл.
37. Петр Ін захта: Хіјцаў! цæўлнæ фæразѵн нѵр æз Дæ фæдѵл ацæўѵн? Æз мæ сæр дæр æрхæсцѵнæн Дæў тѵххæј.
38. Јесо ін дзўап радта: дæ сæр æрхæсцѵнæ Мæн тѵххæј? Æцæг, æцæг зæӡѵн дæўæн: ўасæг нæ ма сўасцæні, афтæ Мѵл æвдісæнбакæндзѵнæ æртæ хадтѵ.

## СÆР 14.

1. Ўæ зæрдæ ўнгæг ма кæнæд; ўрнæд ўæ Хуцаў, æмæ Мæнѵл дæр ўрнут.
2. Мæ Фѵдѵ хæдзарѵ цæрæн бѵўæдтæ бірæ іс. Æмæ афтæ кў нæ удаід, ўæд ўн Æз захтаін: Æз смахæн бѵнат сцæдтæкæнѵнмæ цæўѵн.
3. Æмæ кў ацæўон æмæ ўн бѵнат кў сцæдтæкæнон, ўæд ўæм нодӈсѵ æрцæўдзѵнæн, æмæ ўæ Мæхімæ акæндзѵнæн, цæмæј Æз кæм ўон, смах дæр ум ўат.
4. Æмæ Æз кæдæм цæўѵн, смах ўј зонут, æмæ ін јæ фæндаг дæр зонут.
5. Фома Ін захта: Хіјцаў! нæ зонæм кæдæм цæўѵс; æмæ кўд базондзѵстæм ўцѵ фæндаг?
6. Јесо ін захта: Æз дæн фæндаг æмæ æцæгад æмæ цард; Мæ Фѵдмæ нічі æрцæўдзæні, æрмæст Мæ фæрцѵ једтæмæ.
7. Смах кў зонікват Мæн, ўæд Мæ Фѵдѵ дæр зонікват. Æмæ Јæ нѵрæј фæстæмæ зонут, æмæ Јæ ўнгæ дæр фæкодтат.

8. Філіпп Ін захта: Хіјцаў! фенѵн нѵн кæн Дæ
Фѵдѵ, æмæ нѵн ўј æѣѣæд удзæні.
9. Јесо ін захта: ўјас афон дæн смахімæ,
æмæ Мæ Дѵ нæ ма зонѵс, Філіпп? Мæн фенæг
Мæ Фѵдѵ дæр федта; ўодæ ма дѵ кўд зæѣѵс:
Дæ Фѵдѵ нѵн фенѵнкæн?
10. Дæў нæ ўрнѵ, Æз Мæ Фѵдімæ кæј дæн,
æмæ Мæ Фѵд Мемæ, ўј; Æз ўн цѵ дзѵрдтæ дзу-
рѵн, удон Мæхіцæј нæ дзурѵн; фæлæ Мæ Фѵд,
Мемæ чі іс, Уј qўдтæгтæ кæнѵ;
11. Ўрнæд ўæ, Æз Мæ Фѵдімæ кæј дæн, æмæ
Мæ Фѵд Мемæ, ўј; кæд афтæ нæ, ўæд та ўæ
ўрнæд Мæнæј Мæ qўдтæгтæм гæскæ.
12. Æцæг, æцæг ўн зæѣѵн: Æз кæј ўрнон, ўј,
Æз цѵ qўдтæгтæ кæнѵн, удон скæндзæні, æмæ
удонæј фѵлдæр скæндзæні; умæн-æмæ Æз Мæ
Фѵдмæ цæўѵн;
13. Æмæ цѵдæрідтæр ракурат Мæ номæј, ўј ўн
скæндзѵнæн, цæмæј скадѣсѵн ўа Фѵд Јæ Фѵртæј.
14. Іствкў ракурат Мæ номæј, ўæд ўн æј Æз
скæндзѵнæн.
15. Кæд Мæ ўарзут, ўæд Мæ амѵнддзінæдтæ
сæххæсткæнут.
16. Æмæ Æз балæхстæкæндзѵнæн Мæ Фѵдæн
æмæ ўн ратцæні æндæр Рæвдаўæдѣсѵ, æмæ Уј
смахімæ удзæні мѵккагмæ,
17. Æцæгадѵ Удѵ, дуне ајсѵн кæј нæ фæразѵ,
умæн-æмæ Јæ нæ унѵ, æмæ Је нæ зонѵ; смах
та Јæ зонут, цæмæјдæрідтæр Уј смахімæ іс,
æмæ ўемæ удзæні.
18. Сідзæрæј ўæ нæ нѵўадцѵнæн; æрцæўдзѵ-
нæн ўæм.
19. Јў чѵсѵл ма: æмæ Мæ дуне нал фендзæні;
смах та Мæ фендзѵстут; цæмæјдæрідтæр Æз
цæрѵн, æмæ смах дæр цæрдзѵстут.
20. Ўцѵ бонѵ смах базондзѵстут, Æз мæ Фѵді-
мæ кæј дæн, æмæ смах Мемæ кæј стут, Æз та
ўемæ кæј дæн, ўј.

21. Мæ амvнддзінæдтæ кæмæ іс, æмæ сæ чі
æххæсткæнv, ўј Мæ ўарзv; æмæ Мæн чі ўарзv, ўј
Мæ Фvд баўарздзæні; æмæ јæ Æз дæр баўарз-
дзvнæн, æмæ ін Мæхі раргом кæндзvнæн.
22. Јўда (Іскаріотаг нæ) захта Умæн: Хіјцаў!
цæј тvххæј Дæ фæндv Дæхі дунејен нæ, фæлæ
махæн фенvнкæнvн?
23. Јесо ін захта дзўап: чі Мæ ўарзv, ўј Мæ
дзvрд сæххæсткæндзæні; æмæ јæ мæ Фvд баўарз-
дзæні, æмæ јæм Мах æрцæўдзvстæм, æмæ јæм
æрбvнаткæндзvстæм.
24. Мæн чі нæ ўарзv, ўј Мæ дзvрдтæ нæ æх-
хæсткæнv: æмæ смах цv дзvрд qусут, ўј Мæн
нæ у, фæлæ Мæ рарвітæг Фvдv.
25. Ај захтон Æз смахæн, цалvнмæ ўемæ дæн.
26. Фæлæ Рæвдаўæг, Сvђдæг Уд, Мæ Фvд кæј
рарвітцæні Мæ номæј, Уј ўæ сахўркæндзæні æп-
пæтvл, æмæ ўн æрæмvсvнкæндзæні, Æз ўн цv
дзvрдтон, удон јўўлдæр.
27. Æнцојдзінад ўн ўадзvн; Мæ æнцојдзінад ўн
дæдтvн; дуне кўд дæдтv, Æз афтæ нæ дæдтvн.
Ўгæг ма кæнæд ўæ зæрдæ, æмæ ма тæрсут.
28. Смах феqўстат, Æз ўн цv захтон, ўј: цæўvн
смахæј, æмæ æрцæўдзvнæн смахмæ. Смах Мæ
кў ўарзіккат, ўæд сцінкæніккат, Æз афтæ кæј
захтон: цæўvн Мæ Фvдмæ; цæмæјдæрідтæр Мæ
Фvд Мæнæј стvлдæр у.
29. Æмæ ўн, мæнæ, Æз захтон ўўл раздæр,
цалvнмæ æрцvді ўј, ўалvнмæ, цæмæј, ўј кў сўа,
ўæд ўæ баўрна.
30. Бірæ дзурінаг Мvн налі смахімæ, цæмæјдæ-
рідтæр ацv дунеі æлдар æрцæўv, æмæ ін Мæммæ
ніцv іс.
31. Фæлæ дуне цæмæј зона, Æз Мæ Фvдv кæј
ўарзvн, æмæ мvн Уј кўд бафæдзæхста афтæ кæј
кæнvн, ўј: сvстут, æрдvгæј ацæўæм.

## САЕР 15.

1. Ӕз дæн æцæг сæнæфсірv бæлас, Мæ Фvд та сæндонгæнæг.
2. Мæ ќаліўтæј дvрђ кæўл нæ æрзаjі, ўj Уj алvгкæнv; фæлæ дvрђ кæўл заjі, ўj ссvђдæгкæнv, цæмæj іл фvлдæр дvрђ æрзаја.
3. Смах сvгдæггонд фестут, Ӕз ўн цv дзvрд бацамvдтон, ўj фæрцv.
4. Ут Мемæ, æмæ Ӕз ўемæ. Ќабуз јæхæдæг јæхіцæј дvрђ ўадзvн кўд нæ фæразv, бæласvл кў нæ ўа, ўæд, смах дæр афтæ, Мемæ кў нæ ўат, ўæд.
5. Ӕз дæн бæлас, смах та ќабузтæ; Мемæ чі іс, æмæ Ӕз дæр кæјімæ ўон, ўj бірæ дvрђ æрхæсцæн; цæмæјдæрідтæр æнæ Мæн кæнvн ніцv фæразут.
6. Мемæ чі нæ ўа, ўj æдтæмæ æппæрст удзæні, ќабузаў, æмæ бахусўдзæні; æмæ ахæм ќабузтv æмбvрдкæнvнц æмæ са артvл калvнц, æмæ судзvнц.
7. Смах Мемæ кў ўат, æмæ Мæ дзvрдтæ ўемæ кў ўој, ўæд ўæ цvдæрідтæр бафæнда, ўj ракурут, æмæ ўн лæвæрд удзæні;
8. Смах бірæ дvрђ кў æрхæссат æмæ Мæ ахургæнінæгтæ кў ўат, ўæд умæj скаддњсvнўдзæні Мæ Фvд.
9. Мæ Фvд Мæ кўд баўарста, Ӕз дæр ўæ афтæ баўарстон; Мæ ўарзондзінадv лæўут.
10. Мæ амvнддзінæдтæ кў сæххæсткæнат, ўæд Мæ ўарзондзінадv удзvстут, Ӕз дæр кўд сæххæсткодтон Мæ Фvдv амvнддзінæдтæ, æмæ Јæ ўарзондзінадv кўд дæн, афтæ.
11. Аj ўн Ӕз захтон, цæмæj Мæ ціндзінад ўемæ ўа, æмæ ўæ ціндзінад æххæст ўа.
12. Аj у Мæ амvнддзінад, цæмæj смах ўæ кæрæдзіі ўарзат, Ӕз ўæ кўд баўарстон афтæ.
13. Ісчі јæ сæр јæ лvмæнтv тvххæj кў æрхæсса, ўæд умæj стvлдæр ўарзондзінад нæj.

14. Æз ўн цv фæдзæхсvн, ўј кў сæххæстткæнат,
ўæд смах Мæ лvмæнтæ стут.
15. Æз ўæ цаҕартæ нал хонvн; цæмæјдæрідтæр
цаҕар јæ æлдар цv кæнv, ўј нæ зонv; фæлæ ўæ
Æз хонvн Мæ лvмæнтæ, умæн-æмæ Мæ Фvдæј
цv фæqўстон ўј ўн јўўлдæр захтон.
16. Смах Мæ нæ сæвзæрстат, фæлæ, ўæ Æз
сæвзæрстон, æмæ ўæ нvллæўнкодтон, цæмæј
смах цæўат, æмæ дvрҕ æрхæссат, æмæ ўæ дvрҕ
кæдтæрідтæр ўа, цæмæј цvдæрідтæр ракурат Мæ
Фvдæј Мæ номæј, ўј ўн радта.
17. Ај ўн амонvн смахæн, цæмæј ўæ кæрæдзіі
ўарзат.
18. Дуне ўæ кў нæ ўарза, ўæд Мæн смахæј
раздæр кæј нæ бўарста, ўј зонут.
19. Смах дунеје кў ўаіккат, ўæд дуне јехіонтv
ўарзід; смах та дунеје кæј не стут, фæлæ ўæ Æз
дунеје кæј сæвзæрстон, ўј тvххæј ўæ нæ ўарзv
дуне.
20. Æз ўн цv дзvрд захтон ўј ўæ зæрдvл дарут: цаҕар јæ æлдарæј стvлдæр нæ у. Кæд Мæн
сvрдтој, ўæд смах дæр сурдзvстv; Мæ дзvрд кæд
сæххæсткодтој, ўæд ўæ дзvрд дæр æххæст кæндзvстv.
21. Фæлæ ўн адон æппæт бакæндзvстv Мæ номv тvххæј, умæн-æмæ Мæ рарвітæдњсv нæ зонvнц.
22. Æз сæм кў нæ æрцvдаін, æмæ сvн кў нæ
дзvрдтаін; ўæд сæм тæріҕæд нæ удаід, нvр та
сvн сæ тæріҕæдæј срастгæнæн налі.
23. Мæн чі нæ ўарзv, ўј Мæ Фvдv дæр нæ ўарзv.
24. Æз сехсæнv кў нæ кодтаін, æндæр іскæј ќухv чі нæ бафтvд, ахæм qўдтæгтæ, ўæд сæм
тæріҕæд нæ удаід; фæлæ нvр ўнгæ дæр фæкодтој, æмæ схæрамстv Мæммæ дæр æмæ Мæ Фvдмæ дæр.
25. Фæлæ сæххæст ўæд сæ дінv фvст дзvрд:
хўмæтæдњсv Мæм схæрамстv. (Псал. 68, 5.)
26. Æмæ Рæвдаўæг кў æрцæўа, Æз Мæ Фvдæј
кæј рарвітцvнæн, æцæгадv Уд, Фvдæј чі цæўv;
ўæд Уј æвдісæн лæўдзæні Мæн тvххæј.

27. Æмæ смах дæр æвдісæнлæўдзvстут, смах
фvтцагæј нvрмæ дæр Мемæ кæј стут, ўј тvххæј.

## СÆР 16.

1. Ај ўн захтон, цæмæј смах ма фæрæдіат.
2. Расурдзvстv ўæ нvхæстæј; æмæ ахæм афон
дæр æрцæўv, æмæ смах чі амара, ўј, цvма умæј
Хуцаўæн кусv, æнqæл удзæні.
3. Афтæ ўн кæндзvстv, умæн-æмæ нæдæр Мæ
Фvдv базvдтој, нæдæр Мæн.
4. Фæлæ ўн Æз ај ўј тvххæј захтон, цæмæј
смах, ўцv афон кў æрцæўа ўæд æрæмvсат, Æз
ўн ај кæј дзvрдтон, ўј; фvтцаг та ўн, ўемæ кæј
удтæн, ај ўј тvххæј нæ захтон.
5. Нvр та Мæ рарвітæгмæ цæўн, æмæ Мæ сма-
хæј нічі фæрсv, кæдæм цæўvс?
6. Фæлæ ўн ај кæј захтон, умæј ўæ зæрдæ ўн-
гæгдзінадæј бајдзаднсі.
7. Фæлæ ўн Æз æцæг зæђvн: Æз цæмæј ацæ-
ўон, ўј смахæн хўздæр у; цæмæјдæрідтæр Æз кў
нæ ацæўон, ўæд ўæм Рæвдаўæг нæ æрцæў-
дзæні; фæлæ кў ацæўон, ўæд Æј рарвітцvнæн
смахмæ.
8. Æмæ Уј кў æрцæўа, ўæд дунеі базvлvнкæн-
дзæні тæріђæдv, æмæ растдзінадv, æмæ тæрхон-
дзінадv тvххæј.
9. Тæріђæдv тvххæј, Æз æј кæј нæ ўрнvн умæн;
10. Растдзінадv тvххæј, Æз Мæ Фvдмæ кæј
цæўvн, æмæ Мæ кæј нал фендзvстут умæн;
11. Тæрхонv тvххæј та, ацv дунеі æлдар фv-
дæфхæрд кæј, у, умæн.
12. Нодnсv Мæм бірæ іс смахæн зæђінаг, фæлæ
смах нvр ўј бамбарvн нæ бафæраздзvстут.
13. Æмæ Уј, æцæгадv Уд, кў æрцæўа, ўæд ўн
Уј бацамондзæн алv æцæгад: цæмæјдæрідтæр
Јæхіцæј нæ дзурдзæні, фæлæ цv феqуса, ўј дзур-
дзæн, æмæ ўн цv æрцæўдзæні, ўј бамбvрvнкæн-
дзæн.

14. Уј Мæн скадђсvнкæндзæн, умæн-æмæ Мæнонæј ајсцæн, æмæ феqусvнкæндзæн смахæн.
15. Мæ Фvдæн цv іс, ўј јўўл Мæн у; ўј тvххæј Æз захтон, Мæнонæј ајсцæні, æмæ ўн феqусvнкæндзæні.
16. Тађд Мæ нал фендзvстут, æмæ та Мæ нодђсv тађд фендзvстут; цæмæјдæрідтæр Æз Мæ Фvдмæ цæўvн.
17. Ум Јæ ахўргæнінæгтæј јўæј-јўтæ захтој сæ кæрæдзіјæн: ај нvн цv зæђv: тађд Мæ нал фендзvстут æмæ та Мæ нодђсv тађд фендзvстут: æмæ Æз цæўvн Мæ Фvдмæ?
18. Æмæ афтæ удон дзvрдтој: ај цv дзурv Уј: тађд? Нæ зонæм цv дзурv ўј.
19. Ј е с о бамбæрста, бафæрсvн Æј кæј qавvдvстv, ўј, æмæ сvн захта: смах ўæ кæрæдзіі ўј тvххæј фæрсут, Æз ўн кæј захтон: тађд Мæ нал фендзvстут, æмæ та Мæ нодђсv тађд фендзvстут?
20. Æцæг, æцæг зæђvн смахæн: смах скæўдзvстут æмæ сдзvназдзvстут, дуне та сцінкæндзæні; смах æнќард удзvстут, фæлæ ўæ æнќарддзінад ціндзінадvл аівдзvстут.
21. Ус кў арv, ўæд qіамæткæнv, цæмæјдæрідтæр јæ сахат æрхæтцæ іс; фæлæ сvвæллонv кў нvјарv, ўæд јæ qіамæт нал qўдvкæнv фvрцінæј, дунеі адæјмаг кæј рајгўрді, ўј тvххæј.
22. Смах дæр афтæ, нvр qvнцvмкæнут; фæлæ ўæ Æз нодђсvдæр фендзvнæн, æмæ сцінкæндзæні ўæ зæрдæ, æмæ смахæј ўæ цінда́інад нічі ајсцæні.
23. Æмæ Мæ ўцv бон ніцæмæј ўал бафæрсцvстут. Æцæг, æцæг зæђvн смахæн: цvдæрідтæр ракурат Фvдæј Мæ номæј, ўј ўн ратцæні.
24. Нvронг смах ніцv кўрдтат Мæ номæј; курут, æмæ рајсцvстут, цæмæј ўæ цінда́інад ўа æххæст.
25. Нvронг Æз дзvрдтон смахæн фæсномvгнvхæстæј; фæлæ ахæм афон æрцæўv, кæд ўн Æз фæсномvгнvхæстæј нал дзурдзvнæн, фæлæ ўн æргомæј сqæркæндзvнæн Мæ Фvдv тvххæј.
26. Ўцv бонv курдзvстут Мæ номæј, æмæ ўн нæ зæђvн, Æз Мæ Фvдæј курдзvнæн, зæђгæ, смах тvххæј:

27. Умæн-æмæ ўæ Мæ Фvд Јæхæдæг ўарзv,
смах Мæ кæј баўарстат, æмæ ўæ, Æз Хуцаўæј
кæј æрцvдтæн, ўј кæј баўрнvдта, ўј тvххæј.
28. Æз Мæ Фvдæј рацvдтæн, æмæ дунемæ æр-
цvдтæн, æмæ та нодђсvдæр ўадзvн дуне, æмæ
Мæ Фvдмæ цæўvн.
29. Јæ ахўргæнiнæгтæ Ін захтој: мæнæ, нvр Дv
æргомæј дзурvс, æмæ фæсмомvгнvхасæј нiцv
дзурvс.
30. Нvр мах унæм, Дv æппæт дæр кæј зонvс, ўј,
æмæ Дæ iсчi цæмæј фæрса, ўј дæр кæј нæ qæўv.
Ўј тvххæј нæ ўрнv, Дv Хуцаўæј кæј æрцvдтæ, ўј.
31. Јесо сvн захта: нvр ўæ ўрнv?
32. Мæнæ нvр æрцæўv сахат, æмæ цæўгæ дæр
æркодта, æмæ смах нvххæлiўўдзvстут алчi јæхiр-
дæм, Мæн та нvўадцvстут јўнæгæј; фæлæ јўнæг
нæ дæн, умæн-æмæ Мемæ iс Мæ Фvд.
33. Ај ўн ўј тvххæј захтон, цæмæј ўн æнцој-
дзiнад ўа Мемæ. Дунеi ўн ўнгæгдзiнад удзæнi,
фæлæ qæбæрлæўут; Æз дунеi басастон.

## САР 17.

1. Ацv дзvрдтv фæстæ Јесо скастi ўоларвмæ
æмæ захта: о Мæ Фvд! æрхæтцæ iс сахат, скад-
дђсvнкæн Дæ Фvртv, цæмæј Дæ Дæ Фvрт дæр
скаддђсvнкæна:
2. Дv Умæн алv бўарvл бар кўд радтај афтæ,
цæмæј, Дv Умæн кæј радтај, удон сеппæтæн рад-
та æнусмæ цард.
3. Æмæ æнусмæ цард та ај у, цæмæј базонοј
Дæў јўнæг æцæг Хуцаўv, æмæ Дæўæј æрвvст
Јесо Чvрvстii.
4. Æз дæ скаддђсvнкодтон зæххvл, сæххæст-
кодтон, Дv Мæнæн сæххæсткæнvнмæ цv qўдтаг
радтај, ўј.
5. Æмæ Мæ нvр скаддђсvнкæн, Дv, Мæ Фvд,
Дæўæн Дæхiмæ цv кад iс, æмæ Мvн Дæўмæ
дунеi сфæлдvстv разæј чi удi, умæј.

6. Æз сæргомкодтон Дæ ном Дѵ Мѵн, дунеје
цѵ лæгтæ радтај, удонæн; удон, Дæў удѵстѵ,
æмæ сæ Дѵ Мæнæн радтај, æмæ удон, дæ дзѵрд
бавæрдтој.
7. Нѵр бамбæрстој удон, цѵдæрідтæр, Дѵ Мѵн
цѵ радтај, удон јўўлдæр Дæўæј кæј стѵ, ўј.
8. Цæмæјдæрідтæр Дѵ Мѵн цѵ дзѵрдтај, удон
Æз удонæн радтон; æмæ сæ удон ајстој, æмæ
æцæг бамбæрстој, Æз Дæўæј кæј æрцѵдтæн,
æмæ сæ, Дѵ Мæ кæј рарвѵстај, ўј баўрнѵдта.
9. Æз удон тѵххæј кувѵн, дуне æппæтѵ тѵххæј
нæ кувѵн, фæлæ Мѵн Дѵ кæј радтај, удон тѵх-
хæј, умæн-æмæ удон Дæў стѵ.
10. Æмæ алцѵ æппæтдæр Мæнон Дæў у, æмæ
Дæўон Мæн у; æмæ Æз удон мідæг скадџѵсѵн дæн.
11. Æз дунеі нал дæн, фæлæ удон дунеі стѵ,
Æз та Дæўмæ цæўѵн. О, Мæ сѵђдæг Фѵд! баqaq-
qæн сæ Дæ номѵ тѵххæј: Дѵ Мæнæн кæј радтај
удон, цæмæј удон ўој јў, Мах дæр јў куд стæм афтæ.
12. Æз удонімæ кў удтæн дунеі, ўæд сæ Æз
qaqqæдтон Дæ номѵ тѵххæј; Дѵ Мѵн кæј радтај,
удон Æз баqqaqæдтон, æмæ удонæј нічі фесæфті,
сæфтѵ једтæмæ, цæмæј сæххæст ўа Фѵст. (Псал.
108, 17.)
13. Нѵр та Дæўмæ цæўѵн, æмæ ај дунеі дзурѵн,
цæмæј удонѵ Мæ ціндзінад æххæст ўа.
14. Æз сѵн радтон Дæ дзѵрд; æмæ сæм дуне
схæрам іс, умæн-æмæ удон дунеје не стѵ, Æз
дæр дунеје кўд нæ дæн афтæ.
15. Дѵ удон дунеје цæмæј акæнај, ўј тѵххæј
Дѵн нæ кувѵн, фæлæ сæ цæмæј баqaqqæнај
æвзæрдзінадæј, ўј тѵххæј.
16. Удон дунеје не стѵ, Æз дæр дунеје кўд нæ
дæн, афтæ.
17. Ссѵђдæг сæ кæн дæ æцæгадæј; Дæ дзѵрд
æцæг у.
18. Дѵ Мæ дунемæ кўд рарвѵстај, Æз дæр сæ
дунемæ афтæ æрвѵстон.
19. Æмæ удон тѵххæј Мæхі ўолдајкæнѵн, цæ-
мæј удон дæр æцæгадæј ссѵђдæг ўој.

20. Ӕрмæст удон тvххæј нæ кувvн, фæлæ удон
дзvрдæј Ӕз кæј ўрнvн, удон тvххæј дæр,
21. Цæмæј сеппæт јў ўој: Дv, о Мæ Фvд,
Мемæ кўд дæ, æмæ Ӕз Демæ, удон дæр афтæ
Немæ јў кўд ўој, цæмæј дунеі баўрна, Дv Мæ кæј
рарвvстај, ўј.
22. Ӕмæ Мvн Дv цv кад радтај, Ӕз ўј удонæн
радтон; цæмæј ўој јў, Мах јў кўд vстæм.
23. Ӕз удонімæ дæн, Дv та Мемæ: цæмæј
æххæст ўој јўмæ, æмæ дуне цæмæј базона, Дv
Мæ кæј рарвvстај, æмæ сæ баўарстај удонv
дæр, Мæн кўд баўарстај, афтæ.
24. О Мæ Фvд! Дv Мvн кæј радтај удон, Ӕз
кæм ўон, ум Мемæ кўд ўој, ўј Мæ фæндv, цæмæј
уној Мæ кад, Дv Мvн кæј радтај, умæн-æмæ Мæн
баўарстај дўнејен бvндур цæвæрvнv размæ.
25. О Мæ раст Фvд! дуне дæр Дæ нæ базvд-
та; Ӕз та Дæ базvдтон, æмæ адон дæр базvд-
тој, Дv Мæ кæј рарвvстај, ўј.
26. Ӕмæ адонæн Ӕз сæргомкодтон Дæ ном,
æмæ æргомдæр скæндзvнæн, цæмæј, Дv Мæ цv
ўарзондзінадæј баўарстај, удон мідæг ўа, æмæ
Ӕз дæр удон мідæг ўон.

## СӔР 18.

1. Ај кў захта Јесо, ўæд Јæ ахўргæнінæгтімæ
ацvді Кедронv донv ўцv фарсмæ, сæндон кæм
уді, æмæ јæм бацvді Јæхæдæг дæр æмæ Јæ
ахўргæнінæгтæ дæр.
2. Ўцv бvнат зvдта Јæ радтæг Јўда дæр; умæн-
æмæ Јесо ўрдæм Јæ ахўргæнінæгтімæ арæх
цvді.
3. Ӕмæ акодта Јўда æвсад, æмæ саўдҗсvнтv-
хістæртv æмæ фарісетv кусдҗсvтv, æмæ æрцvді
ўрдæм цvраҕдарæнтімæ, рухсгæнæнтімæ æмæ
æдгæрстæ.
4. Јесо та, цv Іл æрцæўдзæні ўј æппæт зон-
геје, бацvді удонмæ, æмæ сvн захта: кæј агурут?

5. Дзўап Ѵн радтој: Назаретаг Јесоі. Јесо
сѵн захта: Æз дæн, Семæ лæўўді Јæ дæдтæг
Јўда дæр.
6. Æмæ сѵн кў захта: ај Æз дæн; ўæд удон
фæстæдæр алæўўдѵстѵ, æмæ зæхмæ æрхаўдѵстѵ.
7. Нодꙑсѵдæр та сæ бафарста: кæј агурут?
Удон захтој: Назаретаг Јесоі.
8. Јесо сѵн дзўап захта: Æз ўн кў захтон:
ај Æз дæн. Æмæ афтæ кæд Мæн агурут, ўæд
удон нѵўадзут, ўадз æмæ цæўæнт:
9. Цæмæј сæххæст ўа, Ўј цѵ дзѵрд захта ўј:
Дѵ Мѵн кæј радтај, удонæј Æз нікæј фесæфтон.
10. Сімон Петрмæ æхсаргард уді, фелвæста јæ
æмæ нѵццафта саўдꙑсѵнтѵхістæрѵ цаҕарѵ, æмæ
ін јæ рахіс qус ахаўнкодта. Ўцѵ цаҕарæн јæ ном
Малх уді.
11. Фæлæ Јесо Петрæн захта: нѵтцæв дæ
æхсаргард јæ кæрдцæмѵ; Мæнæн Мæ Фѵд цѵ
нўазæн радта, ўј ма баназон міјаг?
12. Ўæд æфсæдтæдтæ, æмæ мінѵхіцаў, æмæ
Јўдетѵ кусдꙑсѵтæ æрцахстој Јесоі, æмæ Јæ
сбастој.
13. Æмæ Јæ акодтој раздæр Аннамæ; цæмæј-
дæрідтæр ўј Кајафајен, ўцѵ аз саўдꙑсѵнтѵхістæр
чі уді, умæн уді јæ усѵ фѵд.
14. Ўј ўцѵ Кајафа уді, Јўдæтæн афтæ чі баца-
мѵдта, хўздæр у јў лæгæн адæмѵ тѵххæј амæлѵн.
15. Јесоі фæдѵл цѵдѵстѵ Сімон Петр æмæ
æндæр ахўргæнінаг: ўцѵ ахўргæнінаг саўдꙑсѵн-
тѵхістæрæн зонгæ уді, æмæ Јесоімæ бацѵді
саўдꙑсѵнтѵхістæрѵ кæртмæ;
16. Петр та дорттѵ æдтіје лæўўді. Стæј,
саўдꙑсѵнтѵхістæрæн зонгæ чі уді, ўцѵ ахўргæнінаг
рацѵді, æмæ захта дўаргæс усæн, æмæ бакодта
Петрѵ.
17. Ум дўаргæс ус захта Петрæн: дѵ дæр ўцѵ
лæдꙑсѵ ахургæнінæгтæј нæ дæ нæ? Ўј захта:
нæ дæн.
18. Фæлæ цаҕартæ æмæ кусдꙑсѵтæ, іхæн кæј
уді, ўј тѵххæј арт скодтој, лæўўдѵстѵ, æмæ сæхі

тавдтој. Петр дæр лæўўді удонімæ æмæ јæхі
тавдта.
19. Саўдн҄сvнтvхістæр та бафарста Јесоі Јæ
ахургæнінæгтæ æмæ Јæ амvнддзінадv тvххæј.
20. Јесо ін дзўап радта: Æз æргомæј дзvрд-
тон дунејен; Æз кæдтæрідтæр амvдтон нvхасv
æмæ арђўанv, Јўдетæ алvхадт æмбvрд кæм кæнvнц,
æмæ сусæгæј ніцv дзvрдтон.
21. Мæн цv фæрсvс? Мæммæ чі qўстој удон
бафæрс: Æз сvн цv дзvрдтон, ўј тvххæј; мæнæ,
удон, Æз сvн цv дзvрдтон, ўј зонvнц.
22. Ўј ај кў захта, ўæд, хæстæг цv кусдн҄сvтæ
лæўўдvстv, удонæј јў нvтцафта Јесоі æхсæрv-
фарс, æмæ Ін захта: афтæ дзўап дæдтvс Дv
саўдн҄сvнтvхістæрæн?
23. Јесо ін дзўаппæн захта: кæд Æз æвзæр
захтон, ўæд кўд æвзæр захтон, ўј равдіс; фæлæ
кæд хорз захтон, ўæд Мæ цæмæн цæвvс?
24. Анна Јæ бастæј арвvста саўдн҄сvнтvхістæр
Кајафамæ.
25. Сімон Петр та лæўўді, æмæ јæхі тафдта.
Ўм vн захтој: дv дæр Ўј ахўргæнінæгтæј нæ дæ
нæ? Ўј Іл æвдісææбакодта, æмæ захта: нæ.
26. Саўдн҄сvнтvхістæртv цађартæј јў, Петр јæ
qус кæмæн ахаўнкодта, ўј хæстæг, захта умæн:
æз дæ сæндонv Ўјімæ нæ федтон нæ?
27. Петр та Іл æвдісæн бакодта; æмæ тæккæ
ўцv сахатv сўасvді ўасæг.
28. Кајафаје акодтој Јесоі преторіамæ. Сбо-
ні; æмæ удон преторіамæ нæ бацvдvстv, цæмæј
æнæсvђдæг ма сўој, фæлæ сvн Пасха бахæрvнv
фадат кўд удаід, афтæ.
29. Пілат сæм рацvді, æмæ сvн захта: цæмæј
зvлvнкæнут ацv лæдн҄сv?
30. Удон vн дзўаппæн захтој: Ўј æвзæргæнæг
кў нæ ўаід, ўæд Æј мах нæ радтаіккам дæўмæ.
31. Пілат сvн захта: ўæхўдтæг Æј акæнут,
æмæ Ін ўæ æђдаўæј стæрхонкæнут, Јўдетæ ін
захтој: махæн нæ ќухv нæј іскæј мæлæтмæ
радтvн;

32. Цæмæј сæххæст ўа Ј е с о і дзѵрд, цѵ мæ-
лæтæј амæлдзæні, ўј æмбарѵнгæнгæјæ кæј зах-
та, ўј.
33. Ўæд Пілат фæстæмæ бацѵді преторіамæ,
æмæ басідті Ј е с о м æ, æмæ Ін захта: Дѵ Јўдетѵ
патцах дæ?
34. Ј е с о ін дзўаппæн захта: дæхіцæј зæҕѵс
ај, æві дѵн ісчі мijаг захта Мæн тѵххæј?
35. Пілат Ѵн захта дзўап: æз Јўдеаг дæн цѵ?
Дæ адæм æмæ Дæ Дæ саўдҥсѵнтѵхістæртæ рад-
тој мæммæ; цѵ ракодтај Дѵ?
36. Ј е с о ін дзўап захта: Мæ патцахад ацѵ
дунеје нæ у; Мæ цатцахад ацѵ дунеје кў ўаід,
ўæд Мæ кусдҥсѵтæ Мæ фарс лæўўдаіккој, æмæ
Æз Јўдетѵ ќухтѵ нæ бафтѵдтаін; фæлæ Мæ
цатцахад ардѵгон нæ у.
37. Пілат ін захта: ўодæ Дѵ Патцах дæ?
Ј е с о ін дзўап захта: дѵ зæҕѵс, Æз Патцах кæј
дæн, ўј. Æз умæн рајгўрдтæн, æмæ умæн æрцѵд-
тæн дунемæ, цæмæј æцæгадѵ тѵххæј æвдісæн
лæўон; æмæ æцæгадæј чідæрідтæр у, ўј qусѵ
Мæ дзѵрдмæ.
38. Пілат Ѵн захта: æцæгад цѵ у? Æмæ ај
кў захта, ўæд фæстæмæ Јўдетæм рацѵді, æмæ
сѵн захта: æз Æм ніцѵ аххос арѵн.
39. Фæлæ смахæн іс æҕдаў, цæмæј ўн æз Пас-
хај тѵххæј јў ахæстѵ ўадзон; фæндѵ ўæ, цæмæј
ўн аўадзон Јўдетѵ Патцахѵ?
40. Ўæд нодҥсѵ сqæркодтој јўўлдæр æмæ зах-
тој: Уј нæ, фæлæ Вараввaі. Варавва та уді
æвзæргæнæг.

## СÆР 19.

1. Ўæд Пілат ракодта Ј е с о і, æмæ Јæ нæмѵн-
кодта.
2. Æмæ æфсæдтæдтæ сбѵдтој сѵндзѵтæј худ,
æмæ јæ нѵккодтој Умæн Јæ сæрѵл æмæ Іл
скодтој сѵрх ўолæфтаў,

3. Ӕмæ дзvрдтој: цінкæн Јўдетv Патцах
æмæ Ін надтој Јæ æхсæрфæрстæ.
4. Пілат та сæм рацvді, æмæ сvн захта: Мæ-
нæ Јæ æз кæнvн смахмæ, æз Ӕм кæј ніцv
аххос арvн, ўј кўд зонат, афтæ.
5. Ўæд рацvді Јесо сvндзæј худv æмæ сvрх
ўолæфтаўv. Ӕмæ сvн Пілат захта: мæнæ, лæг!
6. Ӕмæ Јæ саўдҥсvнтхістæртæ æмæ кусдҥсvтæ
кў федтој, ўæд сqæркодтој: бајтvндз Ӕј, бајтvндз
Ӕј! Пілат сvн захта: акæнут Ӕј ўæхўдтæг, æмæ Јæ
бајтvндзут, цæмæјдæрідтæр Ӕм æз аххос нæ арvн.
7. Јўдетæ ін дзўап захтој: махæн іс æҕдаў,
æмæ нæ æҕдаўмæ гæскæ Уўл æмбæлv мæлæт,
умæн-æмæ Јæхі Хуцаўv Фvрт скодта.
8. Пілат ацv дзvрд кў феqўста, ўæд ідтæгдæр
фæтарсті.
9. Ӕмæ та нодҥсvдæр бацvді преторіамæ, æмæ
захта Јесојен: Дv кæцæј дæ? Фæлæ ін Јесо
дзўап нæ радта.
10. Пілат Vн захта: мæнæн нæ дæдтvс дзўап?
нæ зонvс, Дæ бајтvндзvн дæр æмæ Дæ аўадзvн
дæр мæ ќухv кæј іс, ўј?
11. Јесо ін дзўап захта: дæ ќухv Мæнvл ніцv
ўдаід, ўоларвæј дvн лæвæрд кў нæ удаід, ўæд;
ај тvххæј Мæн дæўæн чі радта, ўўл фvлдæр
тæріҕæд іс.
12. Ўцv афонæј фæстæмæ Пілат зvлді Уј
аўадзvнvл, Јўдетæ та qæркодтој: Уј кў аўадзај,
ўæд дv Кесарv лvмæн нæ дæ; чідæрідтæр јæхі
патцах чі хонv, ўј Кесарv знаг у.
13. Пілат кў феqўста ацv дзvрд, ўæд Јесоі
æдтæмæ ракодта, æмæ сбадті тæрхонv бvнатvл,
Ліфостротон чі хўнді, Евреагаў та Гаввафа, ўм.
14. Ўæд уді Пасхај размæ мајрæмбон, æмæ
æхсæзæм сахат. Ӕмæ захта Пілат Јўдетæн: мæ-
нæ, ўæ Патцах!
15. Фæлæ удон сqæркодтој: мæлæт, мæлæт
Умæн! бајтvндз Ӕј! Пілат сvн захта: ўæ Патцахv
ўн бајтvндзон? Саўдҥсvнтvхістæртæ дзўап захтој:
махæн Кесарv једтæмæ патцах нæј.

16. Ўæд Æј æрæдњсіаў радта удонæн бајтvн-
дзvнмæ. Æмæ ајстој Јесоі, æмæ Јæ акодтој.
17. Æмæ Јæ дзўар хæскæје, рацvді Уј, нvхv
бvнат чі хўнді, ўцv ранмæ, Евреагаў та Голгофа.
18. Ум Æј дзўарvл бајтvхтој, æмæ ма Јемæ
æндæр дуўæі дæр, Јæ фæјнæ фарсvрдvгæј, сæ
æхсæнv та Јесо.
19. Æмæ Пілат нvффvста фvст, æмæ јæ дзўа-
рvл сæвæрдта. Фvст уді: Јесо Назаретаг Јўдетv
Патцах.
20. Ацv фvст кастvтv Јўдетæј бірæтæ, Јесоі
дзўарvл кæм бајтvхтој, ўцv бvнат сахармæ
хæстæг кæј уді, ўј тvххæј, æмæ фvст уді евреа-
гаў, бердзенагаў, æмæ ромагаў.
21. Јўдетv саўдњсvнтvхістæртæ та захтој Піла-
тæн: ма фvсс: Јўдеаг Патцах, фæлæ Јæхæдæг
кўд захта: Æз Јўдетv Патцах дæн, ўј.
22. Пілат сvн дзўаппæн захта: æз цv нvффv-
стон, ўј нvффvстон.
23. Æфсæдтæдтæ кў бајтvхтој Јесоі, ўæд Vн
рајстој Јæ дарæстæ, æмæ сæ цvппар хајі скод-
тој, алv æфсæдтонæн хај, æмæ хітон дæр (1);
хітон та хўд нæ уді, фæлæ агасæј јæ сæрæј јæ
бvнмæ ўафт.
24. Æмæ афтæ захтој сæ кæрæдзіјæн: ма јæ
адіхтæекæнæм, фæлæ іл хæлдтæ сцæђдæм, кæј
фæўа; цæмæј сæххæст ўа Чінvдњсv фvст дзvрд:
бајўæрстој Мæ дарæстæ сæ æхсæнv, æмæ Мæ
хæдонvл сцађдтој хæлдтæ. (Псал. 21, 19.) Афтæ
бакодтој æфсæдтæдтæ.
25. Јесојен Јæ дзўарv раз лæўўдvстv Јæ мад
æмæ Јæ мадv хо, Маріам Клеопај чvзг, æмæ
Магдалінаг Маріа.
26. Јесо, кў федта Јæ мадv æмæ, кæј
ўарста, ўцv ахўргæнінадњсv ўм лæўгæје, ўæд
захта Јæ мадæн: усај! мæнæ, дæ фvрт.
27. Стæј захта ўцv ахургæнінагæн: мæнæ, дæ
мад. Æмæ Јæ ўцv сахатv фæстæ ўцv ахургæ-
нінаг акодта јехімæ.

1) Хæдон.

28. Ўј фæстæ Јесо, алцѵ æппæт кæј сæх-
хæсті, ўј зонгæје, æмæ чінѵдњсѵ фѵст дæр цæмæј
сæххæст ўа, ўј тѵххæј, захта: дојнѵ Мѵн у.
29. Ум лæўўді јў мігæнæн, дзмаріје дзаг. Æф-
сæдтæдтæ бајдзагкодтој скæладсæрфæн дзма-
ріје, æмæ јæ сæвæрдтој лæдзæгўл, æмæ Ін æј
бадардтој Јæ дзѵхмæ.
30. Æмæ Јесо кў федта дзмаріі ад, ўæд захта:
сæххæсті! æмæ æркулкодта Јæ сæр, æмæ
радта Јæ уд.
31. Јўдетæ та, ўæд мајрæмбон кæј уді, æмæ
бўартæ сабатмæ цæмæј нæ баззадаіккој, (цæмæј-
дæрідтæр ўцѵ сабат стѵр бæрæгбон уді), ўј
тѵххæј кўрдтој Пілатѵ, цæмæј сѵн сæ зæнгтæ
асæдтіккој æмæ сæ рајсој.
32. Æмæ афтæ æрцѵдѵстѵ æфсæдтæдтæ, æмæ
сѵн сæ зæнгтæ асастој јўæн дæр æмæ іннæмæн
дæр Ујімæ тѵхттæн.
33. Фæлæ Јесомæ кў æрцѵдѵстѵ, æмæ Јæ
мардæј кў федтој, ўæд Ѵн Јæ зæнгтæ нæ
асастој;
34. Фæлæ Ін æфсæдтæј јў дњсебоҕæј јæ фарс
фæрæхўста, æмæ дзѵ ўајтаҕд ракалді туг æмæ дон.
35. Æма ај чі федта, ўј æвдісæннѵллæўўді,
æмæ јæ æвдісæндзінад æцæг у; ўј зонѵ æцæг
кæј зæҕѵ, цæмæј смах баўрна.
36. Цæмæјдæрідтæр ўј æрцѵді, цæмæј сæххæст
ўа Фѵст: стæг Дзѵ ма асæдтæд. (Рац. 12, 46.)
37. Афтæдæр æндæр ранѵ Фѵст зæҕѵ: кæј
фæрæхўстој, Умæ скæсцѵстѵ. (Захар. 12, 10.)
38. Ўј фæстæ Арімафејаг Јосіф, (Јесојен Јæ
сусæг ахургæнінаг чі уді Јўдетæј тæрскæје),
кўрдта Пілатæј, цæмæј рајса Јесоі бўар; æмæ
ін Пілат бар радта. Ўј ацѵді, æріста Јесоі бўар.
39. Афтæдæр æрцѵді Нікодім, (фѵтцаг æхсæ-
вѵгон Јесомæ чі æрцѵді), æмæ æрхаста смірна
æмæ алоі æмхæтцæгонд, фондзссæдз літраі јас.
40. Æмæ афтæ ўдон ахастој Јесоі бўар, æмæ
Јæ батѵхтој мæрддзæгтѵ хорзсмагдњсѵнтімæ, Јўде-
тæн нѵгæнѵн сæ æҕдаў кўд у, афтæ.

41. Уј дзўарѵл кæм бајтѵхтој, ум уді цæхæра-
дон, цæхæрæдонѵ та ног зæппадз, æвæрд кæм
нічі ма уді, ахæм.
42. Ум цæвæрдтој Јесоі, Јўдетѵ мајрæмбонѵ
тѵххæј, умæн-æмæ зæппадз хæстæг уді.

## СÆР 20.

1. Ќўріјен јæ фѵтцаг бонѵ Маріа Магдалінаг
æрцѵді інгæнмæ радюсѵ, талѵнг ма кўд уді афтæ
æмæ федта інгæнæј дур фæлдæхтæј.
2. Афтæмæј азђордта, æмæ бацѵді Сімон Петр-
мæ æмæ іннæ ахургæнінæгмæ, Јесо кæј ўарста,
æмæ сѵн захта: ахастој Хіјцаўѵ зæппадзæј, æмæ
нæ зонæм, кæм Æј цæвæрдтој.
3. Ўæд рацѵді Петр æмæ іннæ ахўргæнінаг,
æмæ ацѵдѵстѵ зæппадзмæ.
4. Удон дуўæдæр јўмæ азђордтој; фæлæ іннæ
ахўргæнінаг Петрæј тађдтæр ўаді, æмæ інгæнмæ
раздæр æрцѵді.
5. Æмæ бакасті æмæ федта æрмæст мæрддзæг-
тæ æвæрдæј, фæлæ зæппадзмæ нæ бацѵді.
6. Ўј фæдѵл æрцѵді Сімон Петр, æмæ бацѵді
зæппадзмæ, æмæ федта æрмæст мæрддзæгтæ
лæўгæјæ,
7. Æмæ Јæ сæр баст кæмæј уді, ўцу кæлмæр-
зæн мæрддзæгтімæ нæ уді, фæлæ æндæр ранѵ
хіцæнæј тѵхтæј лæўўді.
8. Ўæд раздæр чі æрцѵді інгæнмæ ўцѵ іннæ
ахургæнінæг дæр бѵцѵді зæппадзмæ, æмæ федта,
æмæ јæ баўрнѵдта.
9. Цæмæјдæрідтæр удон нæ ма зѵдтој Фѵстѵ-
тæј, Уўл мæрдтæј сѵстѵн кæј æмбæлді, ўј.
10. Æмæ афтæ ахургæнінæгтæ раздæхтѵстѵ
сæхімæ.
11. Маріа та лæўўді зæппадзѵ цур, æмæ кўдта.
Æмæ кў кўдта, ўæд бакасті зæппадзмæ,

12. Ӕмæ федта дуўæ Зæдv, ўрс дæрæстv бад-
гæ, јўv Јæ нvвæрзæнмæ, іннæі та Јæ дæлфæд-
тæм, Јесоі бўар кæм æвæрд уді, ўм.
13. Ӕмæ Ін удон захтој: цv кæўс дv? Захта
сvн: ахастој мæ Хіјцаўv, æмæ нæ зонvн, кæм
Ӕј цæвæрдтој.
14. Ај зæӡгæ фездæхті фæстæмæ, æмæ фед-
та Јесоі лæўгæје; фæлæ Јесо кæј у, ўј нæ
базvдта.
15. Јесо ін захта: усај! цv кæўс? кæј агурvс?
Ўј афтæ æнqæлдта, Уј цæхæрадонгæс у, æмæ Ін
захта: мæ æлдар! кæд Ӕј дv ахастај, ўæд мvн
зæӡ, кæм Ӕј цæвæрдтај, æмæ Јæ æз ахæссон.
16. Јесо ін захта: Маріам! Ўј Јæм раздæхті
æмæ Ін захта: Раввуні! ома: Ахўргæнæг!
17. Јесо ін захта: ма Мæм бавнал, цæмæјдæ-
рідтæр Ӕз нæ ма ссvдтæн Мæ Фvдмæ; фæлæ
цæўгæ Мæ æфсvмæртæм, æмæ сvн зæӡ: Ӕз
цæўн Мæ Фvдмæ æмæ ўæ Фvдмæ, æмæ Мæ Хў-
цаўмæ æмæ ўæ Хуцаўмæ.
18. Магдалінаг Маріам ацvді, æмæ феqусvн-
кодта ахургæнінæгтæн, Хіјцаўv кæј федта, ўј,
æмæ ін Уј ај кæј захта, ўј.
19. Ўцv бон, ома ќўріі фvтцаг бон, ізæрvгон,
Јæ ахургæнінæгтæ æмбvрд кæм удvстv ўцv хæ-
дзарv дордтæ æхкæд кў удvстv, Јўдетv тасæј,
ўæд сæм æрцvді Јесо, сæ æхсæнv нvллæўўді,
æмæ сvн захта: фарн смахæн!
20. Ај зæӡгæје сæм равдvста Јæ ќухтæ, æмæ
Јæ ќæхтæ, æмæ Јæ фарс. Ахургæнінæгтæ сцін-
кодтој, Хіјцаўv фенгæје.
21. Јесо та сvн дvккаг хадт захта: фарн сма-
хæн! Мæн Мæ Фvд кўд рарвvста, Ӕз дæр смах
афтæ æрвітvн.
22. Ај кў захта, ўæд сvл бафукодта, æмæ сvн
захта: ајсут Сvӡдæг Удv.
23. Кæмæн нvпбарат јæ тæріӡæдтæ, умæн барст
удзvстv; фæлæ сæ кæўл нvўадзат, ўўл баззајдзvстv.
24. Фома та, дуўадæсæј јў, Дідім чі хўнді, нæ
уді ўм удонімæ, Јесо сæм кў æрцvді, ўæд.

25. Іннæ ахургæнінæгтæ ін захтој: мах федтам Хіјцаўv. Фæлæ сvн ўј захта: Умæн Јæ ќухтvл зæгæлтv ностæ кў нæ фенон, æмæ Ін мæ ќух Јæ ронv кў нæ бакæнон, ўæд Мæ нæ баўрндзæні.

26. Аст бонv фæстæ та Јæ ахургæнінæгтæ хæдзарv удvстv æмæ Фома дæр семæ. Æрцvді Јесо, дордтæ æхкæд кў удvстv ўæд, нvллæўўді сæ æхсæнv, æмæ сvн звхта: фарн смахæн.

27. Стæј Фомајен захта: æрдав дæ ќух ардæм, æмæ фен Мæ ќухтæ, æрдав дæ ќух, æмæ јæ бакæн Мæ ронv, æмæ æнæўрнæг ма у, фæлæ дæ ўрнæд.

28. Фома Ін дзўаппæн захта: Дv дæ Мæ Хіјцаў æмæ Мæ Хуцаў!

29. Јесо ін захта: дæў баўрнvдта, умæн-æмæ федтај; тæхудіаг стv æнæфенгæје кæј баўрнvдта, удон.

30. Бірæ æндæр діссæгтæ дæр скодта Јесо Јæ ахургæнінæгтv раз кæцvтæ фvст не стv ацv чінvдѭсv.

31. Ај та ўј тvххæј фvст у, цæмæј смах баўрна, Јесо Чvрvсті кæј у, Хуцаўv Фvрт, æмæ ўæ цæмæј, ўўл ўрнгæје, ўа цард Је номæј.

## СÆР 21.

1. Уј фæстæ нодѭсvдæр разvнді Јесо Јæ ахургæнінæгтæм Тіверіадv дендѭсvзv бvлvл. Æмæ сæм разvнді афтæ:

2. Јўмæ удvстv Сімон Петр, æмæ Фома, Дідім чі хўнді, ўј, æмæ Нафанаіл, Галілеаг Канајæ, æмæ Зеведеі фvрттæ, æмæ æндæр дуўæ Јæ ахургæнінæгтæј.

3. Сімон Петр сvн захта: æз цæўvн кæсаг ахсvнмæ. Захтој ін: мах дæр демæ цæўæм. Ацvдvстv, æмæ ўцv сахатvл бахvстvстv бæлæђмæ, æмæ ўцv æхсæв ніцv æрцахстој.

4. Фæлæ кў сбоні, ўæд Јесо лæўўді дендж сѵ-
зѵ бѵлѵл; фæлæ Јæ ахургæнінæгтæ нæ базѵдтој,
Уј Јесо кæј у, ўј.

5. Јесо сѵн захта: сѵвæллæдтæ! істѵ хæрінаг
ўæм іс? Удон Ѵн захтој: нæј.

6. Уј та сѵн захта: баппарут ўæ хѵз бæлæгæн
јæ рахісфарсѵрдæм, æмæ æрцахсцѵстут. Удон
баппæрстој, æмæ јæ нал фæрæстој раласѵн
бірæ кæфтѵ ўозæј.

7. Ўæд, Јесо кæј ўарста, ўцѵ ахургæнінаг зах-
та Петрæн: ај Хіјцаў у. Сімон Петр кў феqуста,
ај Хіјцаў кæј у, ўј, ўæд јæ ўолæ æрбатѵхта јæ
дарæстæ, (цæмæјдæрідтæр бæӡнæг уді) æмæ
аліјўрдта денджсѵзмæ.

8. Іннæ ахургæнінæгтæ та æрбаленккодтој бæ-
лæӡѵ, (цæмæјдæрідтæр зæхмæ дард нæ удѵстѵ,
дуўæфондзссæдз æрмæрінѵ онджсѵ једтæмæ), хѵз
кæфтімæ семæ ласкæјæ.

9. Стæј зæхмæ кў рахѵстѵстѵ, ўæд федтој
судзгæ арт, æмæ ўўл æвæрд кæф æмæ дзул.

10. Јесо сѵн захта: нѵр смах цѵ кæфтæ æр-
цахстат, удонæј æрхæссут.

11. Сімон Петр аўаді æмæ раласта зæххмæ хѵз,
стѵр кæфтæј дзагæј, кæцѵтæ удѵстѵ æртѵндæс
æмæ-авдссæдзѵ; æмæ ўјас бірæ кæфтæј хѵз
нæ аскўді.

12. Јесо сѵн захта: рацæут, æмæ хæрут. Јæ
ахургæнінæгтæј Јæ нічі баўæндѵді бафæрсѵн:
чі дæ, Уј Хіјцаў кæј у, ўј зонгæјæ.

13. Јесо æрбацѵді, рајста дзул, æмæ сѵн
радта, кæф дæр æфтæ.

14. Ај æртѵккаг хадт разѵнді Јесо Јæ ахур-
гæнінæгтæм, мæрдтæј кў рајгасі ўј фæстæ.

15. Æмæ удон сіхор кў хордтој, ўæд Јесо захта Сімон Петрæн: Сімон Јонаі фѵрт! дѵ Мæ удонæј фѵлдæр ўарзѵс? Петр Ін захта: haj-haj, Хіјцаў! æз дæ кæј ўарзѵн, ўј Дѵ кў зонѵс. Јесо ін захта: хіз мæ ўæрѵччѵтѵ.

16. Нодѥсѵтæр ѵн дѵккаг хадт захта: Сімон Јонаі фѵрт! ўарзѵс Мæ дѵ? Петр ін захта: haj-haj, Хіјцаў! æз дæ кæј ўарзѵн, ўј Дѵ кў зонѵс. Јесо ін захта: хіз Мæ фѵстѵ.

17. Захта ін æртквккаг хадт: Сімон Јонаі фѵрт! ўарзѵс Мæ дѵ? Петр фенќарді æртѵккаг хадт æј кæј бафарста: ўарзѵс Мæ дѵ? æмæ Ін захта: Хіјцаў! Дѵ цѵдæрідтæр зонѵс, Дѵ зонѵс, Æз Дæ кæј ўарзѵн, ўј. Јесо ін захта: хіз мæ фѵстѵ.

18. Æцæг, æцæг зæҕѵн дæўæн: дѵ ма лæппу кў удтæ, ўæд дæ рон дæхæдæг бастај, æмæ дæ кæдæм фæндѵді, ўрдæм цѵдтæ, фæлæ кў базæронд ўај, ўæд адарҕкæндзѵнæ дæ ќухтæ, æмæ дæ æндæр æрбабæтцæні, æмæ дæ, кæдæм нæ фæнда, ўрдæм акæндзæні.

19. Ај зæҕгæје, æмбарѵнкодта цавæр мæлæтæј Петр скаддѥсѵнкæндзæні Хуцаўѵ. Æма ін ај зæҕгæје, захта: рацу Мæ фæдѵл.

20. Петр фæстæмæ аздæхті, æмæ федта јæ фæдѵл цæўгæ, Јесо кæј ўарста, ўцѵ ахургæнінæдѥсѵ, æмæ æхсæвæрѵл Јесоі ріўл чі банцаді, æмæ Ін захта: Хіјцаў! чі Дæ дæтцæні?

21. Ўј фенгæје, Петр захта Јесојен: Хіјцаў! ај та цѵ у?

22. Јесо ін захта: Мæн кў фæнда, цæмæј ўј баззаја, цалѵнмæ Æз æрцæўон, ўæд Дæў цѵ qўдтадѥсі? дѵ рацу Мæ фæдѵл.

23. Æмæ ајqўсті ўцѵ дзѵрд æфсѵмæртѵ æхсæн, ўцѵ ахургæнінаг кæј нæ амæлдзæні. Фæлæ ін Јесо нæ захта, нæ амæлдзæні зæҕгæ, фæлæ: Мæн кў фæнда, цæмæј ўј баззаја цалѵнмæ Æз æрцæўон, ўæд дæў цѵ qўдтадѥсі.

24. Ацѵ ахургæнінаг æвдісæн дæр лæўѵ ај тѵххæј, æмæ ај нѵффѵста; æмæ зонæм је æвдісæндзінад æцæг кæј у, ўј.

25. Бірæ æндæртæ дæр ма скодта Јесо; фæлæ удон æппæтѵ фѵскæје, æнqæл дæн, дунејен јехі мідæг нæ бацѵдаіккој ўцѵ фѵст чінгўтæ. Амін.

Типографія Е. А. Гутнова
Berlin SW 68
Alte Jakobstr. 144